**БАТІИ-БАТІИЯЛ ТІАХЬАЗДАСА ПОЭМАБИ**

**1944–1987**

## САГІАДУ

Январь-апрель *1944 сон.*

### БАЙБИХЬИ

Гьасул цІар рехседал цебе бачІуна
БахІарзазул хабзал, хирияб Гъуниб.
Халкъалда рагІараб борхатаб мегІер,
Бергьараб къеркьедал ахираб къоно!

Гьав гьанив куцана, гьанив цІалдана,
Жинцаго цогидал цІалдезаруна.
Гьаниб гьас Ильичил сурат тІад бугеб
БагІараб кинищка чвантиниб лъуна.

Гьанив гьав вукІана тІолгоял гІадав,
Щибго тІокІлъи гьечІев гІадатияв вас.
Дурги дирги гІадаб цо гІумруялъул,
Кивниги рагІичІев мугІрул гІолихъан.

Амма карелазул борхалъудасан
Гьасул цІар къалъана къутІпу кинигин.
Севералъул кьогІаб гІазул гохІдасан
Гьав машгьурлъун ана улкаялдаго.

Азарил верст къотІун къокъун бачІана
Гьасул къвакІиялъул хабар нилъехъе.
Рогьалил бакъ гІадин, къалъана рекІелъ
КъвекІаб мугІрул цІудул багьадураб цІар.

РакІалде кколаан, нартав ватилин
ГьадигІан тушбаби хІинкъулев чиян.
ХІисаб гьабулаан, ГІужцин гуродай
ГІадамазул мацІалъ цІалулев Герой.

Макьилъ вихьулаан кьурул гІус гІадав,
Кьурарал михъазул цо кІудияв чи;

Хиял гъабулаан гъав вугин дован,
Фашистал соролев нилъер СагIаду.

Халатаб заманалъ поэтасул ракI
Гьев багьадурасда цадахъ букIана.
Гьаниб Каспиялъул рагIаллъабазда
Дун пикрабаз рикIкIад воржинавуна.

ЩIидасан берзукье бачIана дида
ХъахIаб буртинадулъ цIорораб север,
Цересел рагъазул гIасияб гъугъай,
ГIаздал гохIда чIарав мугIрузул Герой.

Гьел ракIалдещвеяз, ракIалъул гьудул,
Дун тIамуна кодоб тIамур босизе.
ТIадмагIарулазул бахIарчиясде
Бугеб рухIалдалъун гьаб кечI ахIизе.

## ТIОЦЕБЕСЕБ БУТIА

Север, Карелия – квачалъул пача.
Гьоролги цIоролги цIар бугеб хъала,
Чангъазда ритIучI бан бетIер бахъулел
Гочарухъабазул урхъараб ВатIан.

ГIаздатIа бацIазул лъалкIал гIемераб,
ГIалхул хIайваназул хIасратаб улка;
Дагъистан кинигин гьулдуца цIураб
ЦIорол ралъадазул гIатIидаб авлахъ.

Салам дуде, салам, чIухIараб Север,
ЧIухIараб мугIрузул Дагъистаналъул,
Дур къагIал гьулдузда гъалбацI куцарал
ГъалбацIил ракIазул магIарулазул.

Салам дуде, салам, мугIрул борхалъи,
МагIарул васасул цIарул памятник,
РикIкIад Карелиялъ Дагъистаналда.
ГIарцул дангъва чIвараб гьунаразул гохI.

Дида мун, хирияб, хвезегIан гьанже
Хундерил тIалъилъун цебе тIамила;
Дур гьулдулъ тиризе рес ккечIониги,

Дирго росу гIадин рекIелъ букIина.

* * *

Гъури пулеб буго, дунял бецI буго,
Бадиб чIвалеб цIералъ чи вихьуларо.
ЦIорол гIунсул къотIун, къваридго гIадин,
ГIалхул хъумур буго, гьалмагъ, бачIунеб.

Гьаб хIалакъго буго, гьаб бакъун буго,
Гьалъий чан щвечIого чанги мех буго.
Гьаб гIадамасукьа хIинкъулеб буго,
Ункъабго рахъалде бер рехун буго.

«ХIинкъуге, хIинкъуге, гIи-боцIул тушман,
Билълъа риссуялда расги ккеларин.
ХIинкъуге, хIинкъуге, бакъараб хъумур,
Дица дуе зарар гьабизе гьечIин.

Гьанже чанахъабаз ишан лъураб бакI
Дагьабги хъантIараб хъурмил бо буго.
Нижеца гIадалъ цIа бакулел бацIал
ЦIахIилаб формадул фашистал руго.

Фашистал, кIихIатIил хIайваназул тIел,
ТIури щун рачIана нилъер ракьалде.
РакI гьечIев, инжитав жасусасул бо
Жанаварзабилъун гьетIана тIаде.

Рохьил тундраялда хъвагIур бачунеб
ХъантIараб бацI буго Берлиналдаса.
ЦIорол севералда махIал сунтIулеб
МахIцараб гьве буго Гамбургалдаса.

Кинан гьаб биччалеб чорхолъ яхI бугес
Чохьол эбел немцаз, гIазаб кьун, зури?
ХIехьолищ нилъеца, совет гIадамаз,
Нилъер гIечIел лъимал, гIужий гъун, гъури?

ГIагараб ракьалда кьвагьи бахъиндал,
Кьурун мугъ рехулев чийищ гьев вугев?
Чохьол эбелалде къо ккараб мехалъ,
Нахъе къалев вас щай къваригIун вугев?»

ЦIорораб гIаздатIа гIебедеги чIван,

СагIадуца гьедин пикру гьабуна.
ГIазу гIадаб хъахIаб халгIаталда гъорлъ
Гьав хиялаз рикIкIад воржинавуна.

Гьасда сверухъ буго севералъул ракь,
Рокьукъал фашистаз асир гьабураб.
Гьасда цебе буго мугIрул борхалъи,
Бидулазул байрахъ тIад парпадулеб.

Гьеб борхалъиялда ханлъун хьвадулев,
Хваяв тушман вуго кодоб туманкIгун.
ГохIил бетIералда тIад женжедилеб
Жонсокъаб къавм буго хьим-хьимиялда...

«Север, дир гIагараб, гIодобе биччай,
Вай, квачарал гьурал, цодагьалъ лъалхъе!
Дица, магIарулас, дур гIазуялда,
ГIодоб накуги чIван, гьа балеб бугин.

ЦIорол Карелия, гьумер кьун бусса,
Вай, кьурул борхалъи, диде гIин рехе,
Дагъистаналъул вас дуй рухI бичизе,
Хвалчен каранде къан, гьедулев вугин.

РикIкIадаб ВатIаналъ, мугIрул тIалъиялъ
Дун, божиги гьабун, гьанив витIана.
ХIанчIи чIирчIидулеб чIухIаб Гъунибалъ
ГъалбацIлъун вагъизе дида тIадкъана.

Дида би бихьана гьалмагъзабазул,
Гьаналъа къватIибе ччулун бачIунеб.
Дида хвел бихьана, магIу бихьана,
Дида цIа бихьана, чIунтел бихьана.

Йохъ, Дагъистаналъул намусалъ, Север,
Кидаго хIакъирлъи хIехьезе гьечIо.
Гьабунщинаб квешлъи гIалхул боязда
Бадисан баккизе гьабизе буго.

ГIададаго гуро тIагъур тIад лъураб.
ГIадада ретIинчIо дида гьаб шинель.
ГIадада борчинчIо дица гьаб рачел.
ГIадада бан гьечIо дица гьаб ярагъ.

Дун цIадав кIанцIила, бидулъ чвердела,

Бидул квачIикьа халкъ хвасар гьабила.
Дида хвел бихьана, магIу бихьана,
ГIанграздаса Север бацIцIад гьабила».

Гьедин рагIи кьуна югалъул васас,
ХъачIаб севералде гьумерги буссун.
Гьа бана лебалав дагъистанияс,
СогIаб Карелалде квералги ритIун.

* * *

ХъахIлъи лъаралдаса байбихьараб рагъ
Бакъанил гIужалда гIодоб сасана.
Къаси гIолохъабаз цо бер щапичIо,
Щивасул каранда унгун букIана.

Цогиги къо ана ракIал къваридаб,
Нилъер гьужумалъул пайда бахъинчIо.
Нилъее бокьараб кьурул гохIалда
КьогIав тушман вуго хIутIлъун тIад хурхун.

Щиб жодай гьабила гьаб унтиялда?
Кинандай хъамила гъачагъал нахъе?
Гьале гьаб букIана тIубараб сардилъ
СагIадул ботIрониб хIалтIулеб пикру.

Радал командирас, буюрухъги кьун,
Кьварарал бахIарзал данде гьаруна,
«Смирно!» – ян абун команда гьабун,
Киналго, кьер гьабун, чIезе гьаруна.

Гьас рагIи абичIо. ГIемераб мехалъ
ГIолохъабахъ тIад чIун хал-шал гьабуна.
Щивав солдатасул согIаб гьурмаде
Иргадал цIудулаб бер щвезабуна.

РакIалде кколаан, рагъухъабазул
РекIелъе ваккулев вугин командир.
Кьалул бахIарзазул пикруги къасдги
Бераца борцунеб бугин гьасилан:

– Гьалмагъзаби, жакъа ахирияб къо,
Хвезеги бегьула, иш захIмат буго;
Нахъа къо рохулес хех лъазе гьабе,

Хвезе хIадур ругез гали цебе лъе.

ЦохIо чи кинигин, кинабго рота,
Кьабун гали босун, цебе билълъана.
Ккараб къо хIехьезе хIадурал рукIин,
Щибго кIалъачIого, бичIчIизабуна.

Гъал, ккани гуллие керен кьелилан,
Кьабарал магIаллъун эхетун чIана.
Кьер гьабун чIун бугеб, карманалдаса
Командир ракI-ракIалъ рази вукIана.

* * *

Бувм, бувм, бувм! – бахIарзал рагъде журана,
Жибго чIер боркьараб кьвагьи бахъана,
Кьурул тохIде руссун, кьалул бахIарзал
Кьалул кIкIуйда гъорлъан цере рилълъана.

ЧчултIулеб ххарица гIаздал кьер хвана,
Кьвагьулел гулбузул пиштIи букIана.
Гьаваялда цIадул кунчIи букIана,
Рагъул майдан бецIаб кIкIуйдулъ букIана.

ГохIил бетIералда гIассияв тушман,
ГIурхъалабиги ккун, щулалъун чIана.
Кьурул сангаразда нахъасан ваккун,
Нилъее чанги къан, къачIан букIана.

Гьале фрицаца кверал риххана,
Нилъер карманалда тIад цIа бакана,
Рас багIарал гансаз гажал гъирана,
ГъалбацIазул кьералъ кьвагьи гьабуна.

КьогIаб гьава буго, кьогIаб къо буго,
Кьвагьдола пулемет ракI бахъадазул.
Балеб гIазу буго, ракь цIорон буго,
ЦIа лъола немцазул автоматаца.

Унел руго васал цере ралагьун,
БецIаб хвалил цобда галабиги чIун.
Ххарулел руго гьал кьурул гохIалде,
Кьвагьулел гулбузул цIадуда данде.

БахIарзал, бахIарзал, ралагьун рихье,
Нужое нухги ккун, цо карман бугин.
Цебехун, нахъехун бер щвезе гьабе,
Балагьалде тIаде унел ругин нуж.

Вай, дида рихьула кьурда нахъа чIун
ЧIегIерал кIалазул автомат ккурал;
Катил берал ругел, бацIил куц бугел,
Гьведул гIамал бугел гIалхулазул тIел.

Гьале доз автомат битIизабуна,
Гьале доз нужеде ишан босана,
Васал, гIодор рега, бидулал кверал
ЦIакъ квешаб бакIалда квал-квалел ругин.

Немцаз гьаракь гьабун цадахъ кьвагьана,
Амма гьазул гулбуз ганчIал рорлъана,
Нилъер гIолохъабаз, гIодорги регун,
ГIалхулазул тIухьи тIасан биччана.

Биччанте немцазда нилъер ракIазул,
РекIел гьалмагъ, гьаракь рагIунгутIизе, –
Гьал, хварал жал гIадин, гIебеде чIварал
ГIемераб мех бана, тIаде рорхичIо.

Гьанже бетIер борхи, гьеб букIана хвел,
Хадур лъугьун руго чIегIерал гулби.
Гали цебе босун букIинчIо пайда,
ПештIелеб буго тIад тIухьиялъул цIад.

«Рилълъа, гьудулзаби, хвалде бадире
Хирияб, бокьулеб ракьалъе гIоло.
Риччанте цIадуе сукIизе лугбал,
Солдатасул намус, эркенлъи цIунун.

Чанги бахIарзазул бица гIуж свараб
ГIатIидаб ракь бугин аб нилъер ВатIан.
Чанги эбелалъул магIу чвахараб
Хвалилаб бугин аб улкаялда рагъ.

РачIа, гьудулзаби, къо лъикI гьабизин,
Цоцаздаги къочун, ракьулъ къанщизин.
БахIараб гIумруги гIолохъанлъиги,
Гьаб гIассияб рагъулъ лъугIизабизин...

Йохъ, нилъее хвезе къоял щун гьечІо,
Жеги нилъ гІемерал къваригІун руго.
Нилъ къаникье ине урхъарал гьечІо,
Нилъее гІазизаб гІумру бокьула.

Эбел-инсуе нилъ гІемерлъун гьечІин,
ГІадада чучуге чармилал лугбал.
Инсул ватІаналъе нилъ тІокІлъун гьечІин,
Хвалде гІедегІуге гІашикъал санал...»

Нилъалзукь кверги лъун, нилъер командир
Кутакал пикрабалъ гъорлъ восун вуго.
Бергьенлъиги бокьун, гІумруги бокьун,
БукІинисеб рагъуй ургъулев вуго.

Нилъер СагІадуда командирасул
Каранда къан бугеб къварилъи лъана.
Къан бетІер ккун, вугев офицерасде
АскІовеги хъурщун, изну гьарана.

Командир гьесдехун кьурун вуссана,
Кьабун кверги босун, бадив къулана.
Къараб зар гІадинаб чорхохъ валагьун,
БетІер гьанкІезабун, гьадин абуна:

– СагІаду, СагІаду, гІенеккун вихье,
Командирлъун гуро кІалъалев вугев.
Дун дуда гьабсагІат, хІасратав гьалмагь,
Гьудуласда гІадин кІалъалев вуго.

Дун кидаго щвечІеб Кавказалъул вас,
Дие мун вац гІадин гІагарлъун ккана.
Киб хІинкъи кканиги, хІакъав бахІарчи,
Дур лебалаб сурат цебе тІамуна.

МацІ, миллаталъ гуро, ракІалъул гьудул,
РекІеца тІамула гІадан вокьизе.
Цоцадаса рикІкІад гІун ратаниги,
ГІишкъу бергьана дир дуде, багьадур.

Дун дуда божула, дуда ракІчІола,
РекІел вац, рагІулищ, дий мун вокьула.
Нагагь рихьичІони, щибха гьабилеб,
Гьадинаб жо дунял, дуй нух битІаги...

* * *

Минут гьоркьоб ана, камилаб гьалбацI
Командирасдаса рикIкIалъун ккана.
Лъим ххан унев гIадин, гIодосан хъурщун
Лебалав гIужихъан цеве вилълъана.

ХъахIаб халат ретIун, кьурде харулев
Кьвагьдохъан вукIана цIодорлъиялда.
ЦIорораб гIаздалъан вукъун хъурщулев
ГIолихъан вукIана кодоб туманкIгун.

Нахъехун хутIарал гьалмагъзабаца,
Гьав тIерхьинегIан, бер тIаса босичIо.
Лебалал васазул нусабго лага
Гьасухъ сородилеб дарран букIана.

Гьавилан абуни, ургъел гьечIого,
Ана битIун тIаде, тIерхьана нахъе.
ТIолго гIолохъаби, шибдай ккелаян,
Каранда кверги лъун, чIана балагьун.

Гьеле кьурда нахъа кьвагьи бахъана,
Кьалул боркьараб цIа паркъ-паркъун ана.
АнцI-анцI автоматги цохIо тумакIги
Бащад гьечIеб рагъде гъорлъе лъугьана.

Гьаб кьвагьиялъ лъала кьалалъул хIасил,
Кьалул героязул къисматалъул иш.
Гьаб тункIида бараб буго бергьенлъи,
БахIарзазул гIумру-хвелалъул суал.

Вай, дун цIумлъун анищ, цIикIкIарай эбел,
Гьаб цIадул рагъ бугеб гохIде воржине.
Куркьбал ругел анищ, вокьулев гьалмагъ,
Гьалагаб кьал бугеб байдан бихьизе.

МугIрул хъиргъуялъул гьаракь рагIула;
Гьабзазул рехьедгун дуэлалъ вахъун.
Нилъер итаркIодул кьвагьи бихьула,
Бидул малъал цIурал гъудузул болгун.

Гьоркьоб заман ана, кьвагьи сасана,
Лъица щивдай, унго, вегизавурав?

КIкIуй тIаса босана, рагъ гIодобцана,
Рагъул гъалбацI бица гIодоб лъунадай?

Огь, ваккулев гьечIо чIухIарав гьудул,
ЧIварав куц вугоха керен турадаз.
Огь, чIвалеб гьечIо сас щунгъарил тIанчIил,
Щапараб къагIида къваридаб рокъоб!

Балагье, мугIрузул васасда хадуб
ГIурус солдатазул рекIел пашманлъи!
Бихьулищ, лебалаб лачен камидал,
Командирас керен угьун тараб куц!

ГIоде, берал, гIоде, гIодорги къулун, –
Дагъистаналъул вас сукIанин цIадулъ.
Угьде, къваридаб ракI, къасиги къадги, –
РакI чармилав тайлан чучанин ракьулъ.

ГIодуге-гIодуге, гIадани берал,
ГIадада холев вас гурин СагIаду.
Угьдуге-угьдуге, ургьиб гьинал ракI,
Бигьаго чучулев чи вукIинчIин гьев.

Чанги рагъазда гъорлъ гъарачагIазул
Чорхол рухI босарав вас вукIарав гьев.
ЧIегIерал кьунсрузукь кьурдулел бераз
Балагьун чан течIев туманкIчийин гьев.

Киса нилъер жайран жагъал хутIулев,
Жирун кIалгун гьале ваккун вачIана.
ЦIорол гIунсузулъан Папанин гIадин,
Гьункьиялда вачIун тIаде гIунтIана:

– Гьалмагъ командир, дур амру тIубана,
АвтоматчагIазул къоял лъугIана.
Васал хвасарлъана, нух бацIцIалъана,
Дир бохда гьитIинаб цо ругъун щвана...

СагIадуца рапорт кьун лъугIилалде
Кьвararав командир гьесда хурхана.
КIкIвачIого мех бахъун, хуч-хучун чIараб
ЧIегIераб магжида убач гьабуна.

РакIалде кколаан, гьаб бакъанида
Бакъ къалъанин абун борхалъиялда.

ХIисаб гьабулаан, цIорораб гIазу
ЦIалъун багIаранин гIолохъабазе.

Гьанже нух къаларо къватIул гьабзаца,
КъвакIарал бахIарзал, церехун рилълъа;
Нухда хIетI лъеларо хIарамзадабаз,
Кьурул борхалъуде рахине лъугьа.

Нухда батаншинаб щущахъ балаго,
Щвана гохIде тIаде героязул тIел.
Данде чIварал немцал чIван гIодорги лъун,
ЧIвана борхалъуда багIараб байрахъ.

Байрахъалда сверухъ, цоцазда къочун,
Бергьенлъи баркана рагъухъабаца.
Рагъул командирас, цIаралги ахIун,
ХIисабалда лъуна лъукъарал, чIварал.

## КIИАБИЛЕБ БУТIА

*«Рехъада гIуж балев гIияхъан гIадин,*
*гIадалъан букIуна асул махсаро».*

(ЦIадаса ХIамзат)

ГIемераб багъиялъ сваквараб рота
ГохIил бетIералда хIалхьуда чIана.
КIкIуйдул махI бахъарал шинелазда гъорлъ
Щват битIун, бусада гIадин, регана.

ЦохIо гIадамасги хьитал рахъичIо, –
Хьолбохълъидал вугев сихIирав тушман.
Кинацаго ярагъ къаданиб лъуна,
КъваригIел ккарабго квер гIунтIулелъуб.

«Щиб лъалеб, фашистал гьаб кьогIаб сардилъ
ГIассияб рагъуе ургъулел рукIин.
ГохI ракIалда къарал къватIул тушбаби,
Къуватги тIаде цIан, къачIалел рукIин.

Амма гьанже васаз квер рекIараб бакI
Кинго ракI хъубахъе биччазе гьечIо.
ГохIил борхалъуде хиял батани,

БутIрул цIуне абе тушманзабазда».

Гьедин хIисабалда нилъер СагIаду,
Сумка къаданиб лъун, гIебеде чIвана.
Ва амма зодихъе ралагьун чIарал
Берал кинго данде унел рукIинчIо.

Зодихъ, гьудулалъул берал кинигин,
КенчIелел рукIана гвангъарал цIваби.
Берцинай ясалъул гьумер гIадинан,
Паркъелеб букIана гIолохъанаб моцI.

Гьав тIадеги ворхун, гьалмагъзабазул
Кьер сварал гьурмазде тIаде къулана.
Ракъварал кIутIбулъан тамахаб хIухьел
Танхьил кIкIуй кинигин унеб букIана.

Гьасда рагIулаан гIолохъабазул
Лъималазул гIадаб гIисинаб сванхи;
ГIассиял къоязул къайицадахъал
Макьилъ йокьулейгун кIалъалеб шуршур.

«Вай дир гьудулзаби, шуршудулел щай,
Нужеда аскIор чIун абурал гьечIо.
Нужеда аскIор чIун, гIагарал вацал,
Боркьараб кьал буго, кьогIаб хвел буго.

Кьижидал бихьулеб кинабго рохел,
Радал вахъарабго батулебани,
Дунги щибаб къойил Гъунив щвелаан,
ЧIегIераб тIоралъухъ балагьилаан.

Дагъистаналъул ракь, бокьулеб улка,
Пушкиница кочIолъ ахIарал гьулдул,
Лермонгов хIасратаб сси бугел мугIрул,
Марлинский асир гьавурал кIкIалал.

Вай дир магIаруллъи, кьурул свераби,
КьинчI гIадин гIедерго чвахулел гIорал,
Чуязул илхъаби, гIиял рехъаби,
ТIорщалил авлахъал, харил гIарахъал.

Ясазул каранда гIарац букъараб,
ГIолилазул рачлихъ месед бекьараб,
Кьурдизе, кочIое махщел бергьарал

ИхтилатчагIазул эбелаб ВатIан.

«Иццалги тIокIкIараб, тIегьги берцинаб»
ТIокIаб бер чIваладай гIураб ракьалда?!
«Рокьи басандулеб, балай кьурдулеб»,
Унго вахинадай Дагъистаналде?!

Пайда щиб, бокьулеб дир Каспи ралъад
Цо керен чучизе бихьулеб ани.
Кинандай ратила дир гьудулзаби
Гьениб карачелалъ квачI бан лъедолел.

Унго, гъунисезул сверуде вахун,
Лъарал чвахиялде гIин рехун чIезе,
Щиб хIалалъдай ругел хIасратал васал
Гьенир бакъанида къватIире рахъун.

Пайда щиб, рекIелал, ракIалдещвеяз,
РакI пашманлъи гуреб пайда кколаро,
ГьечIо аскIоб росу, гIагарал рукъзал
Метер нилъ нахъойги лъугьина рагъде...»

* * *

Доб бакъанил гIужалъ борхалъиялда
БагIараб цIва барал цIумаз квер лъедал,
Лъавудаса арав немцазул майор
Цеве эхетана полковникасда.

РакI биххун, кьер босун, сородилаго,
МацI, барав чи гIадин бабадилаго,
«ГохI советаз анин, солдатал чIванин,
Дун чIаго ворчIанин» кьуна гьас рапорт.

РакI квешав, ццидалав полковникасул
ЦинтIаго бадиса цIа пирхун ана;
ЩIан хъурулеб гIадаб хъуй-чIваркьиялда
Гьаркьахун ракьалда малал тункана.

ЧIахIиял кIутIбулъан хIацIу бурана,
БотIрол рас, заз гIадин, хуч-хучун чIана;
Харил унти ккарав чи кинигинан,
Квер хьвагIун, мал хьвагIун, гьав хьандон тана.

– Щай дуца гъажалда чинал ран ругел?
Щай дууа каранда хъанчал ран ругел?
Щай дуца немцазул къимат цIуничIеб?
ЦIукIуна! – ян абун кIалалъ кьвагьдана, –

Лъица изну кьураб дуе лъутизе?
Лъица амру кьураб дуе гохI тезе?
ГIурусакьа хIинкъун суризаризе?
Огь, хIалихьат! – илан хIапдон ахIдана.

Вай, мун гIодой виччай, гIантав полковник,
Гъасухъ приказ бугин бухъизабеян.
БагIарал лучнузул яргъил кьвагьиялъ
Кьунин гьасий амру, ахIдоге гьедин.

Мехтарав вигьа мун, гьодораб къвачIа,
Къимат бокьичIого, вукIинчIин майор,
Дур рагIабаздаса гьанже солдатал
Совет тIухьиялъе мутIигIал ругин.

* * *

Сардилъ полковникас, гьадавго майор
Жиндихъе ахIеян, амру гьабуна.
Гьоркьоб мех иналде, ургъалабалъ къан,
Къваридав дов пакъир гьасухъе щвана.

«Ма амру, метер къо кьолеб буго дуй,
Кьалбал ракъвазаре большевиказул!
Гьеле дуе къуват, анцIул цIикIкIараб,
ЩIа баке чанкIкIарал гIурусазда тIад!

ЩIараб заманалде гохI бахъичIони,
Дица цIан дудаса цIоко бахъила.
Мурад тIубачIого тIад вуссанани,
Нусабго дур логол кескал гьарила!»

* * *

Вай мун героясул чехьалъул эбел,
Гьасий гIумру кьурай гIазизай гьалмагъ.
Мун гъабсагIаталда ссиялда йиго,

Дагъистан хIасратав вас гIезавидал.

Дуца канлъийилан каранде къарав,
Дуца аххги бачун кьижизаврав,
Дурго гьанал кесек, черхалъул рухIел,
Чармилаб ракIалъул гIадан лъугьиндал.

Амма кьурул гохIде яхун доб мехалъ,
Цо кьалухъ балагьун йикIарай ани,
Дуца дур хъахIаб рас бетIун балаан,
Вас ватIалъанилан мун гIодилаан.

Къоло щуго фашист, къоло щуго хвел, –
СагIаду вагъилев вихьарав ани,
Вай, дир берзул канлъи камунин абун
Мун, бадир кверал чIван чIчIичIчIидилаан.

Вай мун героясул гIащикъав эмен,
ХIинкъи гьечIеб лочнол гIумрудал дада,
ГьабсагIат дур бадиб кьер-мухъ лъикI буго,
Кьурун михъалгун мун чан гIадин вуго.

Амма доб минуталъ мугIрул ракьанда
Дуда гуллил пештIей рагIараб ани,
Вай дир щунгъар хванин, щакърахинаго,
Дуца бальго магIу тIодой тIелаан.

* * *

Къо къалъулеб буго гохIил каранда,
Амма гохIда жеги рагъ гIодобцинчIо.
Гвангьи речIчIун буго кьурабазда тIад,
Амма кьвагьи жеги сасунеб гьечIо.

Доба мугIрул тIогьиб гьасул ракI цоял
БахIарзал захIматаб хIалалда руго.
ГохIил кереналда кверал чIва-чIван,
Немцал гьезде тIаде ххарулел руго.

ХъахIлъи рехарабго, анцI-анцI гьужумал
Гьасул гьалмагъзабаз нахъ чIвалел руго.
Амма чIей гьечIого, чIегIерал борхьал,
ЧIваралги нахъа тун, рачIинел руго.

Гьавгун цо роталда цадахъ хIалтIарал,
Цадахъ фашистазде данде рагъарал
Гьасул гьалмагъзаби бидулаздаса
Би тIун бахъараб гохI цIунулел руго.

Гьаз гали нахъехун босулеб гьечIо,
АнцI-анцIазде данде цо чIолел руго.
Гьал гьужумчагIазе чучулел гъечIо,
Чармил кьуру гIадин кьварун чIун руго.

РакIалде кколаан, немцазде данде
Жибго гохI багъилеб бугилан абун,
БахIарзалгун лъугьун, тушманзабазда
Гьаб бецIаб кьуруялъ кьабулеб бугин.

... Гьанже иш квешлъана, чIегIерал гулбуз
Героязул кьерал мигьлъизаруна.
ГохIил бетIералда къо къалъилалде
Ункъо чи хутIана, цогидал хвана.

Гьезда гьоркьов вуго нилъер вокьулев
Ругъназ цIураб гъалбацI, цIадул командир.
Бида восун вуго данде вагъилев
Ротаялъул эмен, урхъарав гьалмагъ.

Немцал борхалъуде, мех бахъанагIан,
ГIагарлъун, тIаде щун рачIунел руго.
ГIолохъабазул хIал, лахIзат анагIан,
РагIалде ккун, квешго хун инеб буго.

«Къо-мех лъикI, хIасратаб Севералъул ракь,
Салам бице нижер гьалмагълъиялда.
Паракъат хутIаги хирияб тIалъи,
Ниж хванилан абе кьерил васазда.

Къо-мех лъикI, къо-мех лъикI, вай хирияб гохI,
Нижер хабалазда занилъун букIа.
Къо-мех лъикI, къо-мех лъикI, рагъулаб шинель,
Нижее хабалъ мун бусенлъун букIа».

Гьадинал пикрабалъ СагIдул дандиял
Дунялалъулгун квер босулел руго.
Квер рекIине гьанже бакI хутIичIилан,
Хвалде къокъинилан къачIалел руго.

БахIарзал, хехлъуге, нуж хвезе гьечIо.
ГьабсагIат нужее хIал щвезе буго.
ХIал ккараб бакIалде кибго кIанцIулеб
МугIрул цIум нужехъе бачIине буго.

Гьале вакканин дов къулкъулиялда, –
Къоче, гьудулзаби, рохун цоцазда.
Лъугьанин гьанже гъов немцазде нахъе,
Рахъа, кьурде, вацал, кьалул гохIалда.

СагIадуца, наку гIазда базабун,
ГIангразул гIадалъе, ишан босана,
Нуж кире рахъарал, ракI бахъадалин,
Бидулазул кьералъ кьвагьи гьабуна.

Хьундасан риччарал гьарчал кинигин,
Фашистал гохIдасан гирун рачIана.
Мотор бухIарабго самолет гIадин,
БетIер бехе гьабун гьал гъенон ана.

АнцIго минут инчIо, анцIила ункъо
Инжитаб къаркъала къаникье ана.
Бащдаб сагIат инчIо тIолго фашистал
ТIухьидул цIадуца нуха регIана.

Гьав, метрагIанасеб галиги тIамун,
ГохIил бетIералде тIаде вахана.
Бидулъ восун вугев командирасул
Ясберазде урхъун тIаде къулана.

ГохIда рукIаразда ракIалде ккана,
БакIаб гьир гьодида тIаса анилан.
ТIаде тIун бачIунеб гIасияб кьуру
СагIадуца квер чIван чIезабунилан.

СагIаду вихьигун, лъалеб куцалда,
ЛъикIго рухI бачIана командирасде.
Берал гьимун ана, ракI щакърахана,
Амма цо щибгIаги рагIи абичIо...

* * *

Гьадин лъугIана доб кибго бицунеб,
Кицилъун машгьураб багьадураб рагъ.

Дагъистан чIухIарав Герой вижараб
ГохIий гIоло ккараб кутакаб кьвагьи...

МугIрул борхалъуде бецIлъи рехана,
Заполяриялде къодул нур свана.
Къирбалалъул цIваялъ канлъи биччана,
СагIадуца гьелде гьумер буссана.

Щибго сас букIинчIо, гIодойбиччаялъ
ГIажаибаб асар гьабулеб буго.
ГIицIго рикIкIадегIан, гьужумалъ унел
Полказул ахIи-хIур буго рагIулеб.

Гьасий бокьулаан гьадинаб мехалъ
Жиндирго халкъалъул, хиял гьабизе,
Хирияб, мугIрузул Дагъистаналъул
Живго жиндаго чIун хIисаб гьабизе.

РикIкIадегIан бугеб ракI щвараб Гъуниб,
Гьав живго гьавураб гьитIинаб кули,
Гьав живго харарал кьурул сангарал,
Гьав живго кьурдарал лъикIал бертаби.

«Севералъул гьурал, а магIарухъе,
Дир урхъараб салам босе гьенибе.
Ва, Къилбаялъул цIва, къалъе мун Гъуниб,
Дун жакъа вагъараб куц бице гьениб.

Абе дир гIагараб Дагъистаналда,
Дица гьелда дангъва чIвазе течIилан.
Бице багьадурал магIарулазда,
Багьана чIваледухъ дун вагъичIилан...»

Балагьараб мехалъ, гьанже кьурул гохI
КвачIид бахъун чIараб бартиян ккола.
ГохIда тIад СагIаду, чода рекIарав,
Чармил парталалъулъ нартавин ккола.

Кидаго гIумруялъ гьасул цIаралъул
ЦIвалъун гвангъун буго гьаб ганчIил сангар.
ГIемерал санаца Дагъистаналъе
Бицае хутIана гьаб тIуцабго гохI.

## ДУН ГЪАВУРАБ СОН

1948 – 1950

*ТIоцебесеб бетIер*

### ДУН ГЪАВУРАБ МЕХАЛЪ

БацIиб кIалдиб къараб кьагIрида релълъун,
Кьурабазда гьоркьоб буго дир росу,
Росу рагIалалда гъугъдулъ буго къан
Гъадил бусен гIадаб мискинаб дир рукъ.

Рукъалъул къадада херав инсуца
Хонжрод басун буго дун гъавураб сон.
Гьеле, гьеб рокъосан, ракъул соналда
Байбихьана дица дир таржамахIал.

Дун, Дагъистаналъул магIарулалъул
Ункъабилеб лъимер, лъабабилев вас...

Дун гьавуна бищун мискинаб соналъ,
МагIарулаз ракъун хер кунеб соналъ.
Рукъзабахъ гьороца ханлъи гьабулеб,
Хурзабахъ гарцIазул боял рещтIараб.

МугIрузда гIисинал коммуназул
Каранзул рекIел би букIинчIо бакъван.
БецIал рохьалъ рахчун жеги гъачагъаз
Хвалчаби лъалинир рукIинчIо лъолел.

Жеги накIкI букIана бацIцIадаб зодихъ,
Жеги бацI букIана рурулеб сардилъ.
Жеги кето-рузил рукIана гьаркьал,
Ва букIинчIо макьу къвекIал цIумазе...

Къохьол тIагъуралда тIад чалма хурал,
Хамил рачалида хвалчен даларал,
ДагIнил мегеж бугел, гьвел гIамал бугел,
Гьагал къадизабаз, къуръанги босун,
ТIолго бусурбаби вацал ругилан,
Бицунеб букIана жамагIатазда:

Гъазаваталдехун мугъ рехун хадуб,

Бичасги нилъеде мугъ рехулилан,
Аллагьас халкъалъе цIар чIван витIарав
ЦIияв имамасде щукруги гьабун,
ШаригIат босейин, ислам цIунейин,
Ва аварагасул къуръан босейин...

Амма бихьулаан мискинзабазда
Гьаз гIусал рикIулеб харбида гьоркьоб,
Хасалил сардазда росдал чIухIбузул
ЧIухIараб сурпадул свериялда нахъ,
ЧIагIдаца чурараб чамгIалаб кIалалъ
БатIиял рукIана рицунел харбал.

Ва мадугьалихъан чедан гIодулел
ГIисинал, бесдалал васазул угьди
Гордахъан, нуцIбухъан щолаан гьазде, –
Гьаз гьимун кьолаан гьелъие жаваб.
Амма дир росдада васазул угьди
Унтараб каранзул рекIелъ букIана.
Росу хабаразда божулеб гьечIо,
Хваразул заназда божулеб буго.
Хваралги чIваралги – чIагоял нугIзал,
ЧIвараца гьереси, йохъ, бицинаро.

Нижер буго гъоцIу, персазул шагьас
Росдал лъималаэда тIад лал тIамураб.
Нижер буго росу, гIараб сагIидас
Порода цIаги лъун, цIуллъун бухIараб.

Нижер руго васал, мегеж ккун, инсул
Турказул султанас бутIрул къотIарал.
Нижер руго ясал, гъаримал улбул,
Гъалал ккун, гъачагъаз кьурсан рехарал...

Гъазаватин абун хвалчадаги хъван,
ЧанцIул хвел свераpаб нижер ракьалда!
КвегIаб кверзухъ, къуръан, квараналъухъ цIа, –
Кида кIочон толел къватIул чабхъенал!

Гьезул къуръаналда гьукъун букIана
ГIаракъи гьекъезе, хъалиян цIазе, –
Амма гьез гьекъана халкъалъул магIу;
Гьез тIуна ва цIцIуна гIадамасул би.

Гьез нижей рицана алжанул харбал,

Хвелалдего нижей жужахIги рагъун.
Гьез гьабулаан дин, бихьана гIемер,
Бесдалазул биялъ какиги чурун.

Жеги регъон гьечIо унтарал ругънал,
Жеги чучун гьечIо чорхолъ бугеб цIа.
Хъублъиялда бугеб ццидал цIадуца
ЦIорораб мугIрул лъим буго гьалдолеб.

Биччан те цIад базе, гьури бахъине,
Пириги гъугъайги гъулдулъ букIине.
Бихьула цобда тIад меседил нур чIун,
ЛъикIалъе батила доб багIараб кьер.

Ва ана дир, кьибил, росдал гIадамал,
ГIаммаб къеркьеялъул гьитIинаб къатIра
Гьалагаб, бергьараб оксаналъул
Карачалабазде гъорлъе лъугьине...

Гьедин, дун гьавидал гьекъечIо чIагIа,
Ва тIубараб моцIалъ лъечIо дида цIар.
Дир эмен вукIана росу тун рикIкIад,
Гьев вуссинегIанин нахъ тIамуна гьеб.

Дун гьавураб мехалъ бежичIо цIигьан
Ва цIадухъ гIодор чIун кьвагьичIо ярагъ.
ГIахьвалазул рохьалъ, гьеб хабар лъайдал,
Партизан имгIалас кьвагьана наган.

Кьун расанкIабигун, веэдичIо дун,
РосичIо дахIаби дие лъицаго.
ГIицIго моцI балалде дахIададаца
Дир къаданиб лъуна гъитIинаб ханжар:

Хонжрода инсуца хъван букIана цIар
ЦIадул рагъда хварав Хунзахъа ГIалил.
Хахун дун ватана бандаз вас чIварай
Мискинай, пакъирай гьарадирихъелъ.

Гьелин ккана къисмат байбихьуда дир,
КIиго эбелалъул цохIо лъимадул.
Цоялъе баркала дун гьавуралъухъ,
Гьаб бакъги гьаб къоги дие кьуралъухъ.

Дуеги баркала, дир рахьдал эбел,

Ургъалил соназул хIасратай гъудул.
Доб ракъул соналда вакъун дун течIей,
Дир гIумру цIунарай, гIазизай гьалмагъ.

Гьедин ана сардал, сверана къоял, –
Ракьул чIабар бугеб, ганчIил къед бугеб,
Къанаца тIад бараб гьитIинаб рокъоб,
Гьороца бегулеб киниги кIикIун.

Дие гьеб кинидахъ дахIабабаца
АхIулаан кучIдул, бачунаан ахх;
Жиндирго къагIидалъ рекъезе гьабун,
Бицунаан даим цохIого маргьу.

## ГЬАЛЕ ГЬЕБ МАРГЬА...

– Мун киб ун букIараб,
Дингир-дангарчу?
– Рохьой ун букIана,
Дингир-дангарчу.
– Мун рохьой щибизе,
Дингир-дангарчу?
– Ригь базе цIул боссе,
Дингир-дангарчу.
– Дуе ригъзал щайзе,
Дингир-дангарчу?
– БахIарай ячине,
Дингир-дангарчу.
– БахIарай щай дуе,
Дингир-дангарчу?-
– БахIарзал гьаризе,
Дингир-дангарчу.
– БахIарзал щай дуе,
Дингир- дангарчу?
– РитIучIил лълъурдузда
КвачIазда чIезе,
Катил бетIералда
ДегIен чIван чIезе;
Чол кьолониб кьурдул
Наку бачине,
Кьурабалъ кучIдузул
Бакънал тIамизе;
Зурма пун, зодихъ бакъ
Къалъизабизе,

Къали чIван росаби
РорчIизаризе,
ПиштIун боржунеб хIинчI
ЧIезе гьабизе,
Гьаркьихъе бацIил ракI
КIанцIизабизе,
ТIаде пун щвараб тIор
Бакъвазабизе,
Зар кьабун, кьураби
Щущазаризе;
Векерун гIанкI кквезе,
КIанцIун цIиркъ кквезе,
ЦIудул мугъалда тIад
ТIавап гьабизе;
ТIайтгусил хIулиялъ
Назмаби хъвазе,
ХIанчIазда гIадинан
ЧIирчIизе лъазе;
ХIелкида гIадинан
ГIегIезе лъазе,
Макказда кинигин
Гъудизе лъазе;
Гъадил къагIидаялъ
Къвакъвазе лъазе,
РитIучI бахунарел
ГIалхахъан ине,
ГIицIал авлахъазда
Шагьарал разе;
Цо хIохь бан, цо бочка
Чагъир гьекъезе,
Цо хвалчен бан, нус-нус
Тушман къотIизе;
Щибаб рогьалида
Гьимун дандчIвазе,
Гьоролгун къец гьабун,
КъватIахъ свердизе;
Къол анцIул гIодизе,
АнцIул велъизе,
АнцIабго сатIаталъ
Сардилъ кьижизе;
Макьилъ рокьи ккарай
Гьудул йихьизе,
Рогьалида ахикъ
Гьейгун дандчIвазе;
ИчIго бетIер бугеб

Борхьил мацIалкьа
ЦIар бугей меседо
Хвассар гьайизе;
Халкъалда рагIараб
Бертен гьабизе,
Жиндаго релълъарал
Лъимал гьаризе...
Лъимал гьелъий руго,
Дингир-дангарчу!

Хадуб бачуна ахх, кьижа меседан,
Дур дада вачIинин дудуги бачун.
БогIологи хъамун, хъумалоги чIван,
Дациги вуссинин сайигъаталгун.
Дацица мун чода рекIинавилин.
РикIкIаде, рикIкIаде сверизе инин.
Дацица мун хвалчад ругьун гьавилин,
Хекко дур лебалав гIадан лъугьинин.

МугIруздаса гIазу
Биина, ГIали,
ГIурабазда тIугьдул
КунчIила, ГIали,
ХIанчIи бусабахъе
Руссина, ГIали,
ГанчIазда чабхил лъим
Чвахила, ГIали;

Цидул тIанчIи рорчIун,
ГIенекке, ГIали,
РитIучIал кьурдулел
Балагье, ГIали,
Гьанже сордо буго
ЧIегIераб, ГIали,
ЧIухIараб нур чIела
Хеккого, ГIали;

Мун гIурда дар-даран
Вилълъина, ГIали,
ТIарсинив чан-чанкан
Чвердела, ГIали,
Къоялъ меседил бакъ,
Къаси шагьримоцI,
Зобал цIурал цIваби
Ахх, кьижа, ГIали...

Гьеб кочIол гьаркьихъе кьижулаан дун,
Ургъел гьечIеб лъимер, лълъар гьечIеб кьегIер.
Кинидал мокъида къвал бан егарай,
Къваридал ургъелаз урхъун къвал барай,
Жиндир чорхол макьу васазе кьурай,
Дие гIоло эбел кьижулароан.

Кьалда вугев росги, кинида дунги,
Кверал ккун рилълъунел цоги лъималги...
Огь, лъала, дир эбел, бичIчIула дида
Доб мехалъ дур рекIелъ букIараб ургъел.

Амма тIасалъугьа мун тIанчIаздаса,
Гьедин гIуцIун бугин гIумру ракьалда, –
ГIагарал улбузе кидаго, даим
Налъулал хутIула хириял лъимал.

*КIиабилеб бетIер*

ДАНДЧIВАЙ

Къаси макьилъ гьалда щибго бихьичIо,
Макьилъ щиб бихьилеб кьижичIеб мехалъ?
Радакьго яхъана мискинай эбел,
Рукьаби гурана басрияб гордел.

Чирахъул канлъухъе ригьзал рохьана,
Рогьалил канлъухъе азбар лъухьана.
ТIохазда хIарщ чIвана, михир бачана.
Биххараб, бихъараб букъун къачIана.

Мадугьалихъе ун бугIа гьарана,
Гьабихъе екерун, гьеб ххун ячIана.
Гьанже Гъумекдерил хан вачIаниги,
Ургъел гьечIин абун дихъе ячIана.

– ВачIунев щив вугев, хирияй баба?
– ВачIа хех бабаде, бабал кокохвад!
Каранде дун къана, тIохде яхана,
ГьетI-гьетIараб нухде хал гьабун чIана.

Гьороде кIаз буго гьалъул парпалеб,
Гъурмаде рас буго гьалъул хьвагIолеб.

БегІерал гІункІрукьал руго тІеркІолел,
ГІанабалъан рохел буго беролеб.

БецІаб сордо гІадал чІегІерал берал,
ЧІухІараб къо гІадин руго кенчІолел.
Хъатиниб рехараб гІабаси гІадин,
ГІазизаб ракь буго берзукь паркъолеб:

Борхьил рачІ гІадинал, кІичІарал нухал,
ЦІиркъил кІал гІадинал гІалхулал нохъал,
Цинги варанидал мугъилан кколел,
МугІруздаги нахъа цойгиги мугІрул.

Хьондасан риччарал гьарчал кинигин,
Гьалаглъун рихха-чІван чІвахулел гІорал:
ГІиялъе кІанцІулеб хъумур кинигин,
ХъантІарал ццидалал карачелаби.

ЧчугІил берал гІадин беролел иццал,
ГІанкІил бетІер гІадал гьитІинал гохІал;
Цинги ритІучІалъул лълъурдул гІадинал,
ГІаркьахараб гъотІол гъаларал рохьал...

Гьеле, гьеб рохьосан нижер росулъе
Версталъ цебе буго назму бачІунеб.
Ва партизаназул кечІалъул гьаракь,
Къурабаца буго такрар гьабулеб.

### ПАРТИЗАНАЗУЛ КЕЧІ

«Ниж эркенлъиялъул
Рагъалъ рукІана.
Гуллида, харида
Ниж барахщичІо.

Вай, эбел, – эркенлъи,
Канлъи – эркенлъи!
Нижеца тушбаби
КигІан гъурарал!
Турказул боязда
Огь, рихьилаан,
Берал гъванщида нахъ
РукІаралани,
Эхеде рорхарал

Нижер хвалчаби. –
Гьел нахъ ралагьичIо,
Рахъун лъутана!

ХъахIазул полказда
Огь, рагIилаан,
ГIундул нижер гулбуз
ГъугълъичIел ани,
Нижер яргъил гьаракь,
«Гьурадул» кутак, –
Гьел гIинда кверал чIван,
ЧIана наказда!

Англичаназда
КIоченароан,
Нижер хунжруз бутIрул
КъотIичIелани.
МугIрузда букIараб
ЦIадулаб къеркьей. –
КъотIарал бутIрузда
Щибго лъаларо!

Нижехъан хвечIого
ЧIаго хутIараз,
Бице нижер хабар
Тушманзабазда.
Амма лъаян абе, –
Нижер халкъалда
Хадур рачIун хадуб
Жал рорчIунгутIи!

Ниж эркенлъиялъул
Рагъалъ рукIана.
Гуллида, харида
Ниж барахщичIо.
Вай, эбел – эркенлъи,
Канлъи – эркенлъи,
Нижеца тушбаби
КигIан гъурарал!

* * *

Боржунеб буго кечI киса-кибего,
Кверал чIвала йохун эбелалъ бадир.
– Бабула, бабула, бице, гьаб жо щиб?

– Дир гъуждузде вахун, хал гьабе, месед!

Вахуна, бихьула: гъоба кIкIалахъан
Лъабил тарих гIадаб нух чIван эхеде,
Ярагъ чвархъелаго, чу пенхъелаго,
Гьайбатал рекIарал руго рачIунел.

Гьезда тIад пашлихъал руго парпалел,
Гьороде кьер-кьерал куркьбалги риччан.
Гьезда гъоркь айгъирал руго кьурдулел,
ЦIал кьабанщинахъе квачIаздаги чIун.

Гьез тIагърал эхеде руго рехулел,
Эхере щвелалде гулбуз рорлъулел.
Ва, кинабго росу тIохазде бахун,
ТIаде щолел гьезухъ буго балагьун.

Гьуинаб рохалил тIадагьал кIкIуял
ТIалаяхъан къватIир руго беролел.
БагIарал чуязул полпил гарбазда
Ясаз гвермендаби руго жемулел.
Гвермендабазда тIад херал гIадамаз
Бал халатал хунжрул руго рухьунел...

Росу данде чIвана жакъа васазда, –
Гъасде къулун чIана гIицIго цо хъизан.
Рачел къалелщинал рахъана къватIир, –
Къан нуцIбигун чIана чIухIарай Бика.

БухIа-чIурхIиязул махIаз цIураб ригь
ЦIаго бакичIого хутIараб киндай?
ЦIоралде рагьарал гьайбатал гордал
Киназго рагьидал рахарал щайдай?

ЧахтIил рагIал сверун гIабсал рукъарай,
ГIарцул рачлида тIад месед бекьарай,
Маржаназул цIалаз керен гвангъарай,
Кие мун тIагIарай? ТIохде яха цо!

Жавгьарул кIилкIазе гIундул рорлъарай,
КIиябго рукьалда курхьаби ххурай,
Баргъичаз киналго килщал къачIарай,
Къвалакь кверал чIван щай чIухIдаруларей?

Росулъго сси бугеб дур чиллайдул шал.

Чол горбода базе щай бахъулареб?
Чилъун гIадан течIей гIорцIарай Бика,
ГIадамал рихьизе балагьуларей?

... Гьале гъол росулъе руго руссунел,
Эбел-инсул рокъор руго лъугьунел.
Гъоз васал кодоре руго рачунел,
Беричал лъудбузда буго баулеб.

Гъозул тIетIул цIурал, гIорцIарал чуял
ГIурдада тиризе руго гьарулел.

Балагье, балагье, ЖахIбарил Бика! –
Амма Бика кинго балагьуларо.
Гьалъухъе щивниги вачIунев гьечIо,
Гьал рачIунел чагIи гьалъий кIваричIо.

Бика, свараб гъасде бетIерги гьетIун,
ГъецIги босун, рохъо хъиргщулей йиго.
Гьаб жаниб цIа свараб гъансито гIадин,
Гъарималъул ракIги чIобого буго.

* * *

– Дир гIагарай баба, гIурдаде ваче,
Дун гIаларчаялда рекIине гьаве,
...Амма чохьол эбел тIохдеги яхун,
Эхетарай тIокIай кьурулей гьечIо.

Нижер кьурабахъа къо унеб буго,
КьилимегIерги тун, бакъ унеб буго.
Къарал рагьуларо нижер каваби,
Кодове вачинчIо дун лъицаниги.

– Бабула, бабула, дада кив вугев?
Гъов дудуги бачун щай вачIунарев?
– Бабула, бабула, дада кив вугев?
Гъос дие дахIаби щай рачIунарел?

– Бабула, бабула, бесдал жо гIадин,
БачIунеб гьоб чу лъил, тIад чи гьечIого?
– Бабула, бабула, гIебал гъуждузда
Гъол гIадамаз баччун унеб мали лъил?

– Бабула, бабула, мун щай гIодулей?
– Дур бадисан магIу бецIцIулеб бугин.
– ВуцIцIа, вуцIцIа, вуцIцIа, дур бабула хвад, –
БетIулеб буго гьелъ жиндирго гьумер.

Гуккана макъабаз йокъулей эбел,
Гуккана кинида кIодол кучIдуз дун.
Гуккана чIартида ичIго чIанхица,
Рогьалилъ кунчIарал бакъул чIораца.

ВуссинчIо росулъе васасул эмен,
Эбелалъул къачIай ккана гIадада. –
Дир даци, дир имгIал, мугIрузул лачен,
Гьев вачIунев вуго гIураб росулъе.

Амма сайигъатал рачIунел гьечIо, –
Гьев вачIунев вуго молодаги лъун.
Беразул бакIалда дандеги рукIкIун,
Мухъал хутIун руго, хал гьабе, унго!

Гьадинищ инсул вац вуссарав дихъе,
Гьадинищ дуда ниж дандчIвазе ккарал
Киве мун рехарав хъачIаб бартиялъ,
Кибе чвахараб дур ахирияб би?

Англичаназул хучдухъе щвечIев,
Бичераховасул топаз вухIичIев,
Турказул пасатав Нури Пашаяс
Сверун ккураб мехалъ хIилла бергьарав;

Ва хIадурал кверал, цIодорал берал,
ЦIияв чIвадарухъан киса ватарав?
Дуца эмен чIварал васал ратунищ,
Дуца васал чIварав эмен дандчIванищ? –

– Бице, партизанал, гьав чIварав лъица?
– Йохъ, чияр ракьалъул гIадамаз гуро,
Гьас гIагарлъи чIварал чагIаца гуро
Гьасде гурхIел гьечIеб ишан босараб.

Бецав ЖахIбарица, гьагав къадияс,
ГьерекIдерил кIкIалал ахалъиялда,
Нухда, ганчIида нахъ гъоркьчIелги гьабун,
Нахъасанги речIчIун чIван рехана гьев.

Бецав ЖахIбарица? – Ва, ле гIадамал!
ГIундузда кверал чIвай рагIунгутIизе.
Бецав ЖахIбарица, гьасул вацIгIалас,
Гьасулгун рукъалъул къед цояв чияс.

Щай,
Сундуе гIоло?! –
ТIолго гIумруялъ
Гьасул гIетIалдалъун гIорцIаралъухъищ?
Гьав Бикагун лъикIаб макьидаги тун,
Радакь ганчIилаб ракь бекьаралъухъищ?

ЖахIбарил магжида мохмох чвахдезе,
Рархатал мугIрузда гIи хьихьидалищ?
Яги Россиялъул хинаб гьороде
Дир инсул вац гьимун балагьидалищ?

Бандазул тIелазде тIадеги кIанцIун,
Гьезда гьес тIухьидал цIа бакидалищ?
Щай,
Сундуе гIоло?! –
Огь, гьанже лъана,
ГьоцIо-кIал, Бика, мун щай юцIцIун чIарай.

ГIонкIкIода каратIлъун, катида тIохлъун,
Кинабго дуниял къварид бихьарай,
КъватIий яхъинчIого, гIанкIу кинигин,
Мун дурго мокъиде къулун щай чIарай.
Хъвалисараб берги букIкIараб бегIги, –
Лъалаан дур ЖахIбар хIалихьат вукIин.
Амма вацIгIаласде ишан кквезегIан
Инжитав гьев вукIин лъалеб букIинчIо.

Щибилеб,
хIинкъуге,
къватIие яхъа!
Мун нижеца къварид гьайизе гьечIо,
Ва амма, бадиса гьеб хIацIу бацIцIе...
Гьерсил магIил гараз ниж гуккиларо.

* * *

Гьедин дун лъалелде, дида лъалелде,
Лъимер дун вукIаго, хвана инсул вац.
Англичаназул печать тIад чIвараб

ТIанчица гьабуна гьесие хIукму.
ХIасратаб рукъалде къокъун унаго,
КъватIул тIохьи къава гьасул каранда.

Гьале, гьев чIегIераб буртинаялда,
ЧIаго вугев гIадин, вуго балагьун.
Гьасул бералъ буго хIайранаб рокьи
Ва хIалихьатазде гурхIел гьечIеб ццим.

РакIалде кколаан, гьабсагIаталда
Гьав жиндирго чоде вахинин абун,
Жиндирго лучнузул къокъаги бачун,
КъватIул гъачагъазде инин гьужумалъ.

Ва амма рагъулал гьудулзабаца
Бичана гьасдаса чарамул ярагъ.
Рахчана чIахIиял тIелхаца берал,
Вачана чIегIераб ракьалъ гьав жанив.

Ва, хIурияталъе маян рухIги кьун,
МугIрузда камурал коммунистазул
ГIахьалаб хобалъул ТIасахабалахъ
Борхатаб зонода хъвана гьасул цIар.

Зонода сверун хер буго бижулеб,
Харда гъорлъан тIугьдул руго раккулел.
Амма гьасул чухъа, гулбуз борлъараб,
ГьабсагIатги буго нижер магIида.

Гьасул хвалчен, чанги кьалулъ букIараб,
Кьаву тIад чIвачIого буго кенчIолеб,
Гьал рукIине ккола дол сайигъатал
Дие киниялда кочIолъ ахIарал.

Щайгурелъул лъимер кIудияб гIейгун,
ГIагарай эбелалъ бицана гьесда,
Дун гьавураб соналъ бестIал хутIараб
Дур яргъил хIакъалъулъ пашманаб къиса.

Ва гьелъухъ балагьун гIела, куцила,
Гьел гIаламатаца тарбия кьела,
Дур гIамал босила хадур гIолеца
ГIасиял рагъазулъ сайигъаталъе.

Жеги басралъичIо, мун хвараб мехалъ,

Хирияй эбелалъ гьабураб магIу.
Жеги кIоченчIо дур гIумруги хвелги,
Хвел дуе кьуразда биччай гьеб лъазе.

*Лъабабилеб бетIер*

ДИР ЭМЕН

Гьедин, эркенлъидул кутакаб рагъда
КIийиде бикьана дир инсул кьибил.

АнцI-анцI соназ цадахъ цолъун хьвадарал,
АнцI-анцI соназ цадахъ цолъун хIалтIарал.
Чорхолъ гьалдолеб би цо букIаниги,
Чорхолъа би тIолел къоял рачIингун,
Вацаца цоцазде бахъана ханжар
Ва хвалил тушманлъи гьабуна лъазе.

Кьалул гьури пулел балагьал къояз
Гьез бандазул болъе рехана ЖахIбар.
Бергьараб гучалъул цIадул классалъ
БагIараб цIва бана инсул тIогърода.

Лучнуз бусен лъураб нижер гьотIода
Гъудул тIад рещтIараб гIаркьел батана.
ГIуру берцинлъараб нижер тIогьоца
ГьоцIоги загьруги – КIиябго кьуна.

Ва кьолбол гьветIалъул аслияб хIуби –
Дир хIасратав эмен, урхъарав эмен,
Авар Койсуялъул карачелаллъун,
Кинавго чи цоцалъ гьалделев вугеб,
Щибасул ияхIти бахIарчилъиги
БакIал цIадирабаз цIалеб, борцунеб,
Бищунго гъеж гIебал, бищун лебалал,
Ракьалда къвалги бан, даим къанщулел,
Къисматалъе хучдуз назмаби хъвалел,
Хвалчадул чапиялъ бакънал рачунел, –

Гьел хIинкъарал къояз, риххарал къояз
Дуда сухъмахъалъан нух къосинчIолъи,
Дуда бакъ баккулеб кисанали лъай,
Мун большевиказул окопахъ вукIин,
Мун гьужумалъ унеб классагун вукIин,

Мун партизаназул командир вукIин,
КигIанха кIудияб талихI васазул!

Амма нилъедаго гьоркьоб абуни,
Дир вокьулев эмен, квеш букIун буго,
РекIун айгъиралгун, кьурун михъалгун,
Кьалул васал нахъе руссунеб мехалъ,
Гьел гIураб росулъе лъугьунеб мехалъ,
Данде рахъарал ниж нахъ руссине ккей
Цо квер боссениги мун вачIинчIолъи,
о бер чIвазениги мун вихьичIолъи.

РачIана росулъе хабар бачIинчIел,
РачIана чIванилан магIу бахъарал.
РачIана чIартида ичIго чIинхица
РачIине нух гьечIин хIукму къотIарал.

Мун щайзе вачIинчIев, даим чIагояв,
Данде кинаб щайтIан-гьури речIчIараб?
Щиб бегIукъаб сурат нуха батараб,
Яги нухги къотIун борохьищ араб?

ЧIегIераб гIурулъан квачI бан лъедолев,
Мун кколеб карачел кинаб букIараб?
Квер хъвачIого кьурсан тIаде харулев,
Вахине кIолареб кIкIал, мегIерго щиб?

Дирни бицинарин, дунни кIваричIин,
ЛъималаздагIаги гурхIуларевищ?
Эмен хвелалдего бестIал рукIине
Гьол васазда бугеб багьанаго щиб?

Васални кIваричIин, эмен къаникь лъун,
КъватIахъ хутIаралги ругелъул лъимал.
Би цояв вацасде квер биххулелъул,
Цебе керен ккквезе кин гьов вачIинчIев?
Гъосул карандаса бецIцIараб бидухъ
РецIел боссегIаги щайзе вуссинчIев?


Гьелъийни рес ккечIин, гIилла батилин, –
ГIагарав вац хабалъ вукъулеб мехалъ,
Ниль магIарулазул гIадатги цIунун,
Мали ккквезегIаги кин гьов вачIинчIев?

Ялъуни вацасул къисматти босун,
Ракьалда къвалги бан къанщунцинищ гъов?
Гьадинаб къварилъи бачIараб мехалъ,
Къаникь вукIаниги вахъине ккела...
Чан къварилъи бугеб бащад бикьизе,
Чан балагь букIараб гIахьал гьабизе...

ГIодула, гIодула мискинай эбел,
Эбелалда цадахъ цо-цо жо дунги.

Дир хIасратав дада, чIухIарав дада
ЧIалгIунарищ дуда чIегIерал рохьал?
ЧIунтараб рукъалъул, къайи-цIаялъул
РагIуларищ дуда къваридаб гьаракь?

РагIуларищ дуда васазул ахIи,
Эбелалъул гьинал рекIел зигара?
Радал-бакъанида бакъалда кIусун,
Мун араб къо малълъун чIумалги рикIкIун,
Гьелъ рачунел ругел панаял бакънал,
Пашманлъиялъ цIурал кочIол рагIаби?!

## КЕЧI

БецIаб сардилъ нуцIил горда
ЦIад кIетIола,
Мун гьечIо.

ЦIер, гьуриялъ каву рагьун,
Ригь сверула,
Мун гьечIо.

Ригь-ригьалда гьоболлъухъе,
Квач бачIуна,
Мун гьечIо.

Куркьбал хъахIал тIанчIазухъе
ХIинчI боржуна,
Мун гьечIо.

Къоял уна, мацIал уна,
Сонал уна,
Мун гьечIо.

БукIана их, букIана бакъ,

Берзул магІу
Бакъвачіо.

БукІана цІад, букІана цІер,
РекІел бухІи
ЧучичІо.

Мун рокъове вуссинчІого,
Бакъалъ ниж
Хинлъиларо.

Дуца кверал рачинчІого,
Кинго черх
Чучиларо.

* * *

Лъабго сордо-къоялъ вилълъана чапар,
Чанил бер бихxулел рукІана нухал.
Досул лъалкІда хадур гьел нухаздасан,
Гьудул, мун доб мехалъ вилълъарав ани,
Дуда ратилаан гІицІал патронал,
ГІодобе рехараб хвалчен ва туманкІ;
Гъачагъаца чІвараб чІегІераб барти,
ЧІегІерал гъудуца берал рикІулеб:
Салуде, чабхиде гъосул чорхолъан
Чвахараб биялъул багІарал тІанкІал.

Дуда ратилаан ругъназул лъалкІал, –
БукІана захІматаб чапарасул нух.
Чорхолъа къуват хун, вакъун, къечарав
Къаси сардилъ щвана гьев отрядалде.

Ва партизанаца,
киса,
щивилан,
Щай
вачІаравилан,
цІехараб мехалъ,

Гьес жиндир каранде килищ битІана
Ва тІокІаб щибгІаги рагІи абичІо.

Гьеб каранда гьесул ругъун бугин ккун,

Рагъухъабаз гвердел къвалал рихъана.
Ва амма, каранда ругъун букӀинчӀо,
Ревкомалъ бачӀараб пакет букӀана.

* * *

Рохьил рацӀалъуда цӀа буго бакун,
ЦӀадул канлъухъе ккун, гьале инсуца,
Пакеталда жаниб бачӀараб хабар,
ТӀолго отрядалъе буго цӀалулеб.

Гьасул берал цӀалъун руго кенчӀолел,
Каранда ракӀ буго бохун тӀеркӀолеб, –
ТӀолалго рагъулал соназ гьасухъе
Гьадинаб кӀудияб ругьел бачӀинчӀо.

Гьаб хабар букӀана инсуе рохел,
Вас гьавунин чанар вачӀараб гӀадаб.
Гьаб хабар букӀана рагъухъабазе
Тушбабахъа хъала босараб гӀадаб.

Гьаб хабар букӀана...
ГьабсагӀаталда
Гьал рохьазда рагъал рукӀарал ани,
ТӀолго партизанал, гьураги ахӀун,
Инаан гьужумалъ тушманзабазде.
Инаан гьужумалъ, амру гьечӀого,
АнцӀул цӀикӀкӀун бандал рукӀананиги.

Амма гьанир рагъал лъугӀун рукӀана,
Гьаниса хъачагъал хъамун рукӀана.
РекӀаразул отряд хъахӀлъи баледе
БатӀиял бакӀазде унеб букӀана.

Инсул росу нухда букӀиналда бан,
Рукъ-къайи бихьизе, хӀалхьи босизе,
Цо-кӀиго къоялъе рагъухъабазе
Рокъо-рокъор ине изну букӀана.

Ракун руго цӀаял, тӀерхьана цӀваби,
ЦӀияб бакъул къоялъ рехана хинлъи.
Унел руго васал, риччан чуялгун,
РакӀал руго гьазул жеги хехлъулел.

Хеккого гьал гьале дандчIвазе руго
Жидерго лъудбузда, лъимал-чагIазда,
Амма, дир инсул нух батIияб буго,
Гьев росулъе жеги вачIунев гьечIо.

Чапарас бачIараб хехаб кагъаталъ
Хисизе гьабуна кинабго сапар.
Унев вуго эмен Темир-Хан-Шурай,
ТалихIаб ругьелалъ гьениве ахIун,

МугIрузул халкъазул тIолго гIумруялъ
ТIоцебе рагьулеб мажлисалда гъорлъ
ГIахьаллъи гьабизе партизанаца
Гьав вакил гьавуна жидерго рахъалъ.

Гьасул рекIел чIухIи, черхалъул талихI,
Беразул балагьи ва гьурмал кунчIи!..
Гьасда гъоркь кьурдула лебалаб айгъир,
Аман, нух битIаги дуе, дир эмен!

* * *

Чвахун унеб буго хехаб мугIрул тIор,
ГIурул хехлъиялда дагIба-къецги бан,
Дир эмен къваридал къокъид нухалъан,
Нахъ балагьичIого, вуго вортулев.

Нахъасахун мугIрул, цересан мугIрул,
Кваранисан мугIрул, квегIисан мугIрул,
Кисанго тушбабаз сверухъе ккурал,
Солдат гIадин вуго гьав нух бахъулев.

Кида мун нахъеги гьаниве щвелев,
Щайзе дуца барти чIезабулареб?
Амма хъахIаб зани хадуб балагьун,
ХутIана чIей гьечIев гьав нухлуласухъ.

Я нуха росабалъ гьалбадерилъув,
Я гьудулзабазул хабал заназухъ
Дир хирияв эмен гьечIо лъалхъулев,
Гьури гIадин вуго гIедегIун унев.

Гьале гьасда цебе гьитIинабго гохI,
ГохIил кваранида – лъала инсуда:

ИчIго версталъ цояб рахъалда буго
Дир гIагараб росу, дир мискинаб рукъ.

Гьав гохIихъе щвана.
                    Щайха гьас барти
КвегIаб рахъалдехун буссинабураб?
Кин гьав вуссунарев тIолго гIумруялъ
ТIоцебесеб нухалъ дихъ балагьизе?

Кин гьав вачIунарев ахираб нухалъ,
Урхъарав вацасда къо лъикI гьабизе?
Киве мун, нухлулав?
                    Аман, нахъ вусса,
Нижер унтараб ракI лъикIлъизабизе.

Мун росу кьаллъунищ, кьибил рихунищ,
Нижеде мугъ рехун, къокъунев вугев?
Мун нижей бакъ гIадин къваригIун вуго,
Бакъалдасаги цIакъ къваригIун вуго.

Мун нижей хIухьелгIан хIажатав вуго,
Мун гьечIого гьаниб гьава дагь буго.
Дир хирияв эмен, рагIуларебищ,
МагIу бугин цокъроб, щай вачIунарев?..

Инсуда кинабго буго рагIулеб,
Инсуда кинабго буго бихьулеб,
Ва рагIад кинигин киса-кибего
Гьасда берзукь буго бокьулеб росу.

Амма рогьалида Темир-Хан-Шурай
ЩвечIого гьасие кинго рес гьечIо.
Гьасул ракI гьенибе буго гIедегIун,
Пикраби гьенире руго роржунел.

Огь, сардил халалъи, нухлул чIамучIлъи, –
ЧанцIуса гьаб нух гьас бохдуз борцараб?!
Жеги киданиги, гьадин халалъун,
Гьасда гьаб гIумруялъ букIинчIо бихьун.

Амма щибаб сордо къоялъ хисула,
Киналго нухазул ахир букIуна,
Гьале бакъ баккана, дунял борчIана,
ЧIикIасезул мегIер гьасда бихьана.

*Ункъабилеб бетIер*

ЭРКЕНЛЪИ

«Вай, эбел – эркенлъи,
Канлъи – эркенлъи».

*(Дагъистаналъул партизаназул кечIалдасан).*

Зодисан къалиялъ лъим тIе гьанибе,
Цо къатIра гIодобе тIинкIизе гьечIо.
ГIадамаз цIун буго гьаб къоялъ вокзал,
Къадако рещтIине гьечIо гьаниб бакI.

ЧIегIерал буртаби, чIегIерал чуял,
ЧIегIераб ралъадлъун гьелчола авлахъ.
Авлахъазда ругел рукIкелабазулъ,
Бакараб цIа гIадин, кенчIола байрахъ.

Шагьар авлахъалде бахъараб гIадин,
Нахъахун дуниял буго сас къотIун,
Инсан жанив гьечIеб чIинкIиллъи гIадин,
ЧIороголъун руго ригьзал, базар, къватI.

Бицуна, гьадинаб дандечIвай Шураб
Шагьар баралдаса букIинчIин, лъачIин.

Лъеберго батIиял халкъазул берал
Цо нухде балагьун руго панаго.
Лъеберго батIиял халкъазул ракIал
Цо хинаб рокьиялъ руго гьалделел.
Лъеберго батIиял мацIазул васаз
Цо инсанасул цIар буго ахIулеб.

Сардилъ мугIрул гIадин гIодой риччарал,
МугIрузул гIадамал цоцалъ дагIба бан,
Къацандулел руго гьасул хIакъалъулъ,
Жеги цо кIигояс бала гьоркьоб жо:

Гьав Дагъистаналда гьавун рагIулин,
ГьитIинаб мех гьасул магIарухъ анин,
Гьесул эмен нилъер хьиндаллъиялда
Хьитазул устарлъун вукIун рагIулин.
Эбелги магIарухъ йихьанин абун,
Бихьараз бицунеб жинда рагIанин.

Авараз абула, гьав мугIруздаса
МугIрузе эркенлъи боссе анилан.
ЛъарагIаз абула, гьав алахъазе
Ихдалил рохалил тIехь боссе анин.

Киназго абула... Ленинил гьудул,
Лениница витIун вугин Сталин,
Гьаб Дагъистаналъе, мискинлъиялъе,
Эркенаб чIаголъи даим гьабизе...

Огь, гьав щвелалдего гьасул хIакъалъулъ,
Гьаниб бачIун бугеб гIемераб хабар:
Гьасул багьадураб гIумрудул нухлул,
Гьасул гIадатияб тIабигIаталъул.

Гьал харбал къойида лъугIиларoан,
Гьал къецал анкьица халалъилаан,
Нухлул рагIалазда кьурабалъ лъураб,
Кьода гъоркьан поезд баккичIеб ани.

Кьурабиги рорлъун бачIунеб гIадин,
Баккана,
        баккана,
                бачIана,
                        чIана.
Гьакал къиркъидана, рагъарахъдана,
Нахъеги лъалхъана, нахъеги чIана,
Ва гьаказул чвархъи гьале къотIана.

КъотIана,
                къотIана...
                        Ва ле гIадамал,
Нуж гIодоре риччай, нуж гIедегIуге!
Ва амма, гIадамал гIодор риччалищ, –
ГIагарав Сталин вихьана гьезда.

Вихьана гьимулев, гьоркьохъеб чорхол,
Гьезде кверги борхун салам гьабулев.
Вихьана лебалав ва гIолохъанав,
Михъида цониги хъахIаб рас гьечIев.

Вихьана сабурав, гIодой виччарав,
КIикъого соналъул гIумрудулъ вугев,
Вихьана Сталин, гьумер дандбитIун,

ТIоцебесеб нухалъ магIарулазда:

МугIрузде гьас ритIун рачIун рукIарал
ГIисин коммунараз ретIарал гIадал,
ГIадатал чакмабалъ, гIадатаб тIагърилъ,
ГIицIго шинель дагьаб цIияб букIана.
Бицуна, доб цояб, Царицыналъул
Окопахъ басралъун, хисун бугин гьас.

Гьав вагоналдаса гъоркье лъугьана
Ва партизаназда гьоркьов тIерхьана,
ТIохазде рахарал лъимал-чагIазда
ГIицIго тIагъур буго гьасул бихьулеб.

ТIогьиса багIараб, бакьулъ цIва бараб,
ЦIадулал гьужумалъ гьасда букIараб.
Гьеб магIарулазул тIагъразда гьоркьоб
Сверун бакьулъ буго бихьулеб гьанже.

* * *

Унеб буго пайтон вокзалалдасан,
Пайтоналда вуго гьалмагъ Сталин.
Гьесда сверухъ руго, чIухIун гIодор чIун,
ЧIахIиял михъазул мугIрул гIадамал.

Миллатазул нарком, гьезда гъорлъ восун,
Живго гьудул гIадин, гара-чIварула.
РакI щвараб гIагарлъи бихьараб гIадин,
Бихьа-тараб цIехон хабар гьабула.

Хадуб трубкаги тамахьодул цIун,
Гьезухъан цIа босун цо-цо бухIула.
Ва гьасул тамахаб тамахьодул кIкIуй
РикIкIаде, рикIкIаде накIкIалъе уна...

Унеб буго пайтон гьеб шагьар къотIун,
Вокзалги базарги нахъехунги тун.
Ва Шура халкъалъул рохалил гьаркьал
Пайтоналда хадур руго роржунел.

РещтIараб рукъалъул кавудахъе щун,
Кинавго чияс гьев нуха регIана.
Киназдаго гьесул бадиб бихьана

Жидерго божиги, анищги, хьулги.

Гьале шагьаралда сордо рещтIана. –
Свакарав нухлулав, цо макьил гьабе!
Амма гьав сордоялъ, цо лъалхъичIого,
Столалда нахъа хIалтIулев вуго.

Гьесухъе гIадамал рачIунел руго,
ГIарзал, зигараби хьвадулел руго.
ГIадатал чагIазул жаваб гьарарал
Жеги ричIчIун гьечIел суалал руго.

Аза-азар соназ каранда къарал
Къварилъаби руго гьасда рицине.
ГIасрабаз унтараб рекIелъ цIунарал
Ургъалаби руго гьасде рикьизе.

КватIараб сардил ригь, свана чирахъал,
Паракъат, макьу щун кьижана шагьар.
Амма Сталинил чирахъул канлъи
Кинабго сордоялъ свинчIо лахIзаталъ.

Эркенаб цо кверги михъида бахъун,
Гьав вахъун свердана тIансаялда тIад.
Цингиги. гIадатаб къаламги босун,
Къаси сардилъ нахъа хъвалел руго гьас:

ХъахIаб кагъаталда хIарпал, рагIаби,
Бищунго халкъалъе хириял мухъал,
(МугIрузул халкъазул тIолго мацIазда
Меседалъ хъван руго гьел чIахIа хIарпаз).

Хъвалеб буго гьалмагъ Сталиница
(Гьеб лъида кIоченеб, кида кIоченеб!)
Дир Дагъистаналъе эркенлъи кьураб
Совет улкаялъул декларация –
Хъвалеб буго гьалмагъ Сталиница
Жиндирго ругьунаб гIадатаб хатIалъ.

* * *

МугIрузде, гIалхазде канлъи рехана,
Сталинил рокъой бакъул чIор щвана.
ЧIахъаги цIияб къо, цIияб бакъул къо,

ЦІияб шагьра нухде халкъ лъугьунеб къо!

КІиго гІумруялъул гІурхъуда бугеб,
ГІумру хвелалдаса батІа гьабулеб,
Барка, дир улкадул календаралда
Кидаго багІаралъ хъвазе бугеб къо!

РакІалде кколаан, халкъалда цадахъ
Хириял мугІрулги ругин рохалилъ;
Гьезие рохизе ихтияр буго,
Азарил соназул нугІзал руго гьал:

Гьаб Дагъистаналъул язихълъиялъул,
Гьелъул лъималазул янгъизлъиялъул,
Гьелъул тушбабазул ягъзинлъиялъул,
ТалавурчагІазул гьечІеб ничалъул.

Нижер буго гьоцІу, персазул шагьас
Росдал лъималазда тІад лал тІамураб.
Нижер буго росу, гІараб сагІидас,
ГІорода цІаги лъун, цІуллъун бухІараб.

Нижер руго васал, мегеж ккун, инсул.
Турказул султІаназ бутІрул къотІарал.
Нижер руго ясал, абурал васал
Англичанаца гІужие гъурал.

ГІагараб Дагъистан, дурго васазухъ
Мун букІараб заман ракІалда гьечІо.
Цояз-цоял хисун, нус-нус тушбабаз
Мадиро гьабуна гьаб дур ракьалъул.

Щиб жо гьезие мун? – Гьакълил стакан,
Гьагал гІолохъабаз чІагІдал лълъар гІадин,
ГІамираз, пачаяз, шагьаз, султІаназ
Иргадал гьекъола гьикъичІого мун.

Ва амма, эркенлъи дур лъималазул
Азарил соназул анищ букІана.
Гьелъие рухІги кьун къанщарал гурел,
КъанатІат бусада дур васал хвечІо.

Эркенлъи – гьеб рагІи кинида лъураб
Лъимада эбелалъ малълъун толаан.
Ва гьелъие гІоло чабхъад ун васал,

Михъилъ хIур чIвалелде бахIарлъулаан.

Эркенлъи – гьеб рагIи магIарулаца
Хунжрузда басана нус-нус накъищаз;
Ва нус-нус сонаца гьезул балада
Би бакъвазе течIо гьелъие гIоло.

Эркенлъи, гIасрабаз гIалхул кIкIалабахъ
ГIодана духъ урхъун магIарул щвантIих,
Ва цIорораб гIурул полпилъ чучичIо
Духъ къечон чапулеб черхалъул бухIи.

Мун лъугIиго гьечIеб кечIлъун букIана,
Киналго соназул анищ букIана.
Ва холез васаэде, васият гьабун,
Сундасаго цебе толеб букIана.

Амма дур гьуинлъи азарил соназ
Макьилъгицин лъачIо магIарулазда.
Хабал лахIтуялда жанир лъезегIан,
Макьу щварал сатIтал дагьал рукIана.

Зобазде балагьун берал бецлъана,
Амма бакъ бихьичIо, лугбал хинлъичIо,
ГIасияб къисматалъ кирго рехана,
Амма квер чIвазе бакI кибго дандчIвачIо.

РакIалде кколаан, гьедин эркенлъи
Миркалъ туснахъалде кканилан абун.
Гьениса къватIибе гьеб борчIиларин,
Гьанже хутIараб жо гIицIго хвел бугин.

Амма дир халкъалъул ракъварал гьурмал
Бакъбаккул рахъалде руссун рукIана.
Ва лъалеб букIана рукIинел рагъалъ
Лъилгун магIарулаз гьудуллъи ккелеб.

Гьедин тIун рачIана чармил кьурабалъ
Жалго чаран гIадал къвакIарал васал.
Ва хутIун батана умумуздасан
Гьезие ирсалъе цIиркъил хасият.

Ва инкъилабалъул къуватаб магъущ
«Авроралъ» зобал гвангъараб мехалъ,
Гьелъул кьвагьи нижер мугIрул кIкIалабахъ

КIудияб гъираялъ гъабуна такрар.

Революциялъул къалул бахIарзаз
Къолона росабалъ багIарал чуял;
БегIерал хучдузул коммунараца
Квер босана гъазул гъудуллъиялъе.

Гучал лъедохъаби Каспи ралъдахъан,
Рачлихъ наганалгун, гIунтIана тIаде.
ХIатIикь ракь гъалдана чIухIухъабазда,
ЧIегIераб къо чIана зулмучагIазда.

МугIрузда нахъасан цIияб Россия,
Коммунистазул Русь бачIана хIалай.
ХъахIав пачаясул амругун гуро,
Губернагорасул цIалалгун гуро.

БачIана вацалгун, гъудулзабигун,
Бищунго гъайбатал жиндир васалгун,
Къокъал пиджаказул коммунисталгун,
Шинелал ретIарал ragъухъабигун.
БачIана хIалас Ленинил цIаргун,
Сталинил цIаргун цIияб Россия! –

Азарил сонаца жиндие гIоло
МугIрузул гIадамаз чорхол би тIураб,
Азарил сонаца жиндихъ балагьун,
АнцI-анцI наслабазул канлъи босараб...

Азарил соназул божиги хьулги –
БачIана,
        бачIана...
                Гъоболлъухъ гуро,
БачIана думалъго Дагъистаналъе.
Гъаб эбел – эркенлъи, канлъи – эркенлъи!

Йохъ, маргъу гуро гъаб, макъу гуро гъаб
Яги пикрабазулъ гуро гъаб бугеб.
Гъале гъаб зркенлъи даим гъабураб
Рагъун буго мажлис мугIрул халкъазул.

* * *

Рагъун буго съезд мугIрул халкъазул, –

Къварилъи лъаразул, мискинзабазул.
Ва хаслихълъиялъул ахирал тIугъдул
РачIун руго гьанир рохел баркизе.

Кколаан, гьаб рокъор данделъун ругин
Гьаб Дагъистаналъул киналго лъимал,
Кколаан, гьаб бугин Каспи ралъадан,
МугIрузул киналго гIорал цолъараб.

Гьанир рачIун руго, тIолго гIумруялъ
ТIилатIеги гьетIун, вехьлъи гьабурал.
Гьанир рачIун руго, бахIарал соназ,
Пурцица согIаб ракь бекьун, хIалтIарал.

ТIоцебесеб кьерда руго, гIодор чIун,
ГIумруялъ ботIрол рас хисизабурал.
ЧIезе бакI гьечIого, руго эхетун
Ахирияб кьерда гIолилазул тIел.

Гьаб рукъ вацлъиялъул иццлъун лъугьана, –
Гьаниб тIоцебехъе тIолго миллатал,
Кьунсрул рукIкIинчIого, ракI сукIичIого,
Цоцахъ балагьана гьудуллъиялда.

Гьаб рукъ талихIалъул тахлъун лъугьана,
Гьаб рукъ эркенлъидул ирслъун лъугьана, –
Гьаниб тIоцебехъе тIадмагIарулай
Бихьиназда цадахъ цо кьерда чIана.

Бегьулеб жо буго, гьаниб гIандиселъ
ТIоцебе бичараб жиндирго чохтIо.
Бегьулеб жо буго, гьелдаса нахъе
Гьелъ къавул гьабичIеб къабихIаб гIумру.

Гьедин бицинегIан кIудияб гьечIеб
Гьаб рокъобе жакъа данделъун буго:
Мискиназул рокьи, пакъиразул къасд,
Партизаназул гьа, тушбабазул ццин.

Жалго цIваби гIадин руго кенчIолел
ЧIахIиял кьунсрузукь кьер-кьерал берал.
Цоцазул гъуждузда, бутIрузда тIасан
Балагьун руго гьал сценаялде.

Гьеб сценаялда бан буго тIанса,

Ихдал тIадмагIарул гIуру гIадинаб.
ТIансаялда бакьулъ – Ленинил сурат,
Щибасухъ разиго буго балагьун.

Бергьарал рагъазулъ, тIолго гьужумалъ
Гьалмагъ Ленинида цадахъ вукIарав,
Гьесул бищун лъикIав, ракI чIарав гьудул,
Гьесда аскIов вуго жакъа гьанивги.

Амма сураталда гуро Сталин
Гьанив магIарулахъ балагьун вугев.
Живго вуго гьанив трибуналда,
ТалихIаб эркенлъи баркун кIалъалев.

Гьес квер борхарабго, ккана ракIалде
Кинавго чиясда, Сталиница
Жиндирго гъажалда квер лъолеб бугин,
Гьев жидер бадиве балагьун вугин.

...Гьас бицунеб буго бакIаб гIумрудал,
ГIасрабаз халкъалъе гIакъуба кьураб.
Гьас бицунеб буго цIияб бакъалъул,
ЩIер гIадин дуниял гвангъулеб бугеб;

ЦIияб Советазул Россия бугин
ТIолго улкабазе бакараб фонарь,
Гьелъ эркен гьабилин гьаб, дир Дагъистан
Азарил соназул бецIаб хьуцIилъа.

Гьав кIалъалев вуго гIедегIичIого,
Кидаго гIадинан гIодове виччан.
Амма щибаб рагIи магIарулазул
РекIелъе гьуинго буго лъугьунеб.

Ва киналго мацIаз, гьа кинигинан,
Гьасул кIалъай буго такрар гьабулеб.
Киналго мацIазда гьасул рагIаби
МагIарулаз чIухIун руго ахIулел:

«ЧIахъа Автономный Совет Дагъистан!»...
Гьал рагIабазе зал къварилъун буго.
Гьал къватIахъе уна, мугIрузде щола,
Щибаб рукъ-рукъалъуй рачIун свердула.

Вождас дир ракьалъе кьураб цIияб цIар,

ЦӀумалги нахъа тун, боржуна кибго.

Гьал рагӀаби мугӀруз такрар гьарула,
Гьороца гӀоразда гьезул бицуна.
Ва гьалдолеб Койсу Каспи ралъдалъе,
Гьеб ругьелги босун, гӀедегӀун уна.

Гьеб хабар хаслихъе дир эбелалъе
Унтараб каранзуй дарманлъун щола.
Ва киниде гьетӀун, дида абула,
Дагъистаналъулгун сон цояв васан.

«ЧӀахъа Автономный Совет Дагъистан!»...
Гьел рагӀаби щола тушбабахъеги,
Гьезул гӀужиллъиги ва бегӀерлъиги
БегӀерал хучдуца бицуна гьезда.

Бицуна, гьеб къоялъ партизанасул
Лебалаб гуллица керенги борлъун,
Дир инсул вац чӀварав, бидулав ЖахӀбар,
Жиндир мех лъугӀанин, гӀодов кканилан.

* * *

БукӀуна цо асар гьаб нилъер рекӀел,
Цин бихьараб, тӀокӀаб тӀад буссунареб,
Гьединан нилъехъе тӀад буссунаро
ТӀоцебесеб рокьи, тӀоцебесеб кьал.

БукӀуна цо лахӀзат нилъер гӀумрудул,
ГӀемерал цогидал сонахъ кьелареб.
Гьеб лахӀзаталъ дуда, кинабго гӀумру,
Киноялда гӀадин, цебе тӀамула.

Дир хӀасратав эмен... ГьабсагӀаталда
Гьасда щиб ракӀалда бугеб бачӀунеб?
Щай берал цин гьасул гӀодор руссунел,
Цингиги разиго рохун гьимулел?

СогӀал макьабазул гӀазаб гӀадинаб,
ГӀумрудул щиб гьасда цебе тӀамураб:
ХӀатӀид гӀицӀго араб гьитӀинаб мехищ?
Рохалил их лъачӀеб гӀолохъанлъийищ?
ЦӀалалъ мугъ бухараб бидулаб къойищ,

Бадиб зар кьабулел кьогIал сардалищ?

Гьасда цеве чIана чIварав тIулил вац,
Гьаб къо бихьичIого, къаникье арав.
РакIалде вачIана бидулав ЖахIбар,
Доб къоялъ би боссе гьасухъе щвечIев.

Гьасул берзукь буго рукъ, къайи, хъизан,
Ва гьавуралдаса кодов кквечIев дун.
Амма гьав рокъове гIедегIун гьечIо,
ГIедегIун вуго гьав бецIал рохьазде, –
БацIаздаса цIоко цIоб тун бахъизе,
Ахирал борхьазул бутIрул мерхьине.

Гьав гIедегIун вуго, съезд лъугIигун,
Жиндирго лучнузул отрядги бачун,
Бандазул тIелалде тIарамагъасеб,
Бергьенлъи босараб гьужум гьабизе.

Ва амма гьужумалъ цогиял ана,
Дир инсул хIисабал бесдал хутIана,
Гьав, съезд лъугIигун, Сталиница
АхIулев вугилан чапар вачIана.

* * *

Жеги гьал рукъзабахъ музей букIинчIо,
Гьаб букIана бищун гIадатияб рукъ.
Гьале гьел рукъзабахъ къаси сардида
КъотIносан унезда буго бихьулеб:

Цоцазде дандруссун, хабар-кIалалда
КIиго гьалмагъ вуго гьитIинаб гордухъ;
Цояв – гIурусазул солдат шинельгун,
Цояв – тIадмагIарул чергес ретIелгун.

Цоцазе чай тIола, тамахьо къола,
Трубкагун цадахъ буго хъалиян.

Лъаларел чагIазда ккезе бегьула
Гьал кидаго гьадин рукIун ратилин.
Ялъуни некIсиял гъудулзаби, гьал
Гьанир тIоцерехъе дандчIван ратилин.

Амма щив ватилев, валагьаниги,
ГьабсатIат Сталин лъаларев инсан?
ЛъачIони, лъачIого хутIун ватила
Гьевгун хабаралда вугев дир эмен.

Гьаз бицунеб буго арал рагъазул,
Росарал чIахIиял бергьенлъабазул.
РачIунел ракълилал лъикIал къоязул,
Къалъизехъин бугеб чIухIараб бакъул.

ГIорда цере разе ругел сангразул,
Сверун кунчI-кунчIизе ругел цIаязул,
ГъутIбуца тIегьазе ругел ракьазул,
ТIорщелалъ рацизе ругел магъазул...

Хехал хъулухъаца хIалхьи бихьичIев,
ХIалтIабаца цIурав цевехъанасда,
Аман, кисан, унго, дир инсул къиса
Ахиралде гIунтIун батана лъалеб!

Къо бакьулъ гъачагъаз чIварав тIулил вац,
ТIалаб гьабичIото хутIараб хъизан,
Ва эмен гьечIого, гьадин гIолев дун, –
Киналго гIузраби ратана лъалел.

Гьас инсул пашманлъи гIахьал гьабуна,
Гьасул рекIелъ къараб рукIкIен бахъана.
Ва амма, бичIчIаян, лъаян абуна,
Эркенлъи къали чIван бачIунареблъи.

«Гьелъие гIадамал гIонсокь цIоролел,
Гьелъие гIадамал цIадукь рухIулел,
Гьелъие гIадамаз чорхол би тIолеб,
Чарамул хучдузул гьужум гьабулеб.

Хъизангун, лъималгун нилъги гIодор чIун,
ГIурдада бижичIо нилъер инкъилаб,
Ялъуни зодисан, воре кквейилан,
Кидаго ихтияр бачIинчIо рехун.

ГьитIинго эбел тун, ана дун къватIив,
АнцIила щуго сон барав гIолихъан.
Цеего, цеего йихьичIо дида
Дие гIумру кьурай, гIазизай гьалмагъ.

ГьабсагӀат гьаниса къватӀив вахъани,
Метер къасиялде щвелаан дове,
Дол мугӀрузда нахъе Гуржистаналда
Дихъ балагьун йигей эбелалъухъе.

Амма заман кинго батулеб гьечӀо,
БичӀчӀилеб батила гьаб дир хӀал гьелда.
Ишал руго жеги цӀикӀкӀун кӀвар бугел,
ЦӀикӀкӀарай эбелгун хадув дандчӀвала...»

Ва Сталиница гьав дир инсуда
Гьанже цӀияб хӀалтӀи буго тӀадкъалеб:
Гьаб Дагъистаналъул республикадул
РикӀкӀадехун бугеб ЦӀумада район,

Рагъаца чӀунтараб, цӀаяз бухӀараб,
Тушбаби сихӀираб, гӀадамал бецӀаб.
Айила гьенивe предревкомлъун,
Баркейила гьезда даим эркенлъи.

Гьезул нус-нус сонил ургъел чучейин,
Азарил соназул магӀу бацӀцӀейин.
Биххараб, чӀунтӀараб чӀаго гьабейин,
ЧӀаголъи роцӀунел нухал рагейин.

Бищунго рорхатал дозул мугӀрузда
БагӀарал байрахъал парпазарейин,
Гьаб Совет хӀукумат, цӀияб хӀукумат
ЦӀва гӀадин халкъалда бихьизабейин...

Ва ана дир эмен, ана дир эмен,
Хехаб айгъиралда ункъцӀул цӀалги бан.
Ургьиб гьинал ракӀалъ босулеб буго
Сталинил кӀалъай, щибаб рагӀи ккун.

Нахъехун хутӀана Темир-Хан-Шура,
Нахъехун хутӀана хирияб росу.
Рорхатал мугӀрузул гӀазул нухазда
Рохалил лъалкӀ тана кисанго чода.

Щвана мурадалде гӀазизав эмен,
Щвана мурадалде гӀазизаб улка.
ГӀумру – байбихьана цӀияб нухдасан,
Эркенго ахӀтӀолел рукӀана хӀанчӀи.

* * *

Дида гьеб кинабго кисанха лъалеб?
Лъимадул дуниял – рагъи, тIох, бусен.
Рохелго лъачIого, велъулаан дун,
Ва, гIилла гьечIого, гIодулаан дун.

Рукъалъул къварилъи, ургъел лъаларев,
Эбелалъул рекIел унти бичIчIичIев,
Ахх бачанщинахъе кьижулаан дун,
Ва ворчIараб мехалъ хахулаан дун.

Амма гIумруялъул сонал аралго,
Инсуца кодов ккун, хасалил сардаз
Гьаб кинабго хабар бицараб мехалъ,
Дир, бусен гьоркьоб тун, свердана макьу.

Ва сардил пикрабалъ цебе тIамуна,
Гьаб тIадехун дица хъван щинаб къиса.
РакIалъулъ цIикIкIана инсуде рокьи,
Эбелалде хIурмат, тушманасде ццин.

Дир хIасратав эмен, гьавураб соналъ
Цониги кодов ккун дуца баичIев
Дур васас гьабсагIат гьелъие гIоло
Дуда баркалаян буго абулеб.

Ургьиб ракI чIухIула дудаса, эмен! –
Доб соналъ кигIан цIакъ ниж ахIданиги,
Дулъ къуват батидал, къайи-рукъ рехун,
Къо ккараб бакIалда вукIине даим.

Дур къуват батидал, цебесеб кьерда,
Кьалулъги хIалтIулъги вукIине кивго,
Мун вукIун ватидал лъикIав большевик
Кутакал риххарал рагъул нухазда.

Ва дудасаги дун чIухIула, эбел! –
Эмен рокъов гьечIел къваридал соназ
Кинабго къварилъи ракIалъ баччарай,
Бергьараб, кIудияб дур сабру лъайдал.

ГIодулел лъималги кодоре рачун,
Каранлъан бухIараб хIухьелги угьун,

Якъун, къечон, къаси сардил макьу тун,
Мун инсухъ лебалго балагьун чIедал.

Нилъер умумузул цIарги гьунарги,
Ва нилъер улбузул яхIги жигарги,
ГIадада гуро гьеб хадусеб гIелалъ,
Хазина кинигин, цадахъ босулеб.

Умумузул мисал, улбузул намус
Нилъ, гIолохъабазе букIана дарслъун,
Карачел гьулчигун, гьури бахъингун,
Рохъо хъирщун гъасда рукIинчIо васал.

БахIарал лъудбиги, тIинчIал лъималги
ЛъикIго рукIаян тун, ана нилъ кирго:

Ана гIалахазда шагьарал разе,
ГIурул чвахиязде данде къеркьезе.
Ана кьурабалъан нухал рахъизе,
Рохелги талихIги даим гьабизе.

Ана хъачIаб ракьул гIицIаб гьурмада
ГIурччинаб михъ-мегеж бижизабизе.

Ана нилъ ахирги кIочон толареб
КIудияб хвалилаб халатаб рагъде.

Ва нилъер басриял тушманзабазда
Бадиса-бадире нилъгун дандчIвайгун,
РакIалде рачIана нилъер умумул,
Лъана васал гьезда релълъарал рукIин.

## ДИР РОКЬИ

1953

ГЬАБ ПОЭМАЛЪУЛ ХIАКЪАЛЪУЛЪ

Чанго соналъ цебе хъван букIана хъвалаго хутIараб гьаб поэма дица. Гьеб букIана 1953 абилеб сон. Дица хъвана хъвазе ракIалда букIаралъул щугоялдасан цойил бутIа. Цогияб хадуб хъвалин абун, дун цо хехаб сапаралъ ине ккана. Сапаралдаса анцIул рокъове вуссана. Амма поэмаялде вуссине цIиял асараз дун виччачIо. Гьедин букIуна, кIудиял тIаде рачIаралго, тIаде рахъун

нахъе ине ккедал, гIолилазулги къисмат. Ялъуни цо лъикIав гъудул-гьалмагъ унтараб мехалъ, гьесухъе цо дагьаб мехалъ ваккизе щвечIого хутIани, нечон, кидаго ваккичIого хутIула. Гьедин ккана дирги дир поэмаялъулги.

Дир хирияб, рикIкIадисеб, кIочонареб ихдалил, гIурччинаб ихдалил сарин!

Гьанже мугIрузде гIазу балеб буго. Соналги ана, ургъелалги цIикIкIана, ишалги гIемерлъана. Жиндир заманалда бекьичIеб хур бекьизе гьанже я заманаялъ, я чорхол сахлъиялъ санагIалъи дие биччалеб гьечIо. Хъвалеб къагIидаги дир дагьаб хисун буго. Гьанже гьаб хъвани, дицаги цогияаги цадахъ хъвараб гIадин бихьизе буго. Цадахъ хъвазени щай, хъварабги бакьу-ларо дие. Бокьуларо цого гурде кIиго батIияб куналъ букъизе, цо чухъил кIйго батIияб, рельлъинчIеб къвал букIине. Цебесеб тIагъур дир бетIералъе гьитIинлъун буго. Амма букIаниги букIараб заманалъул гIаламатлъун, гIанчIаб рокьиялъе нугIлъун, кIочонарел къоял, сардазул ракIалде щвеялллъун, щибго хиси гьабичIого, дица гьаб поэмалъул кескал цIалдахъабазухъе кьолел руго. Щай гьеб бахчун, гьаниб рогьояб жо щибго гьечIо. Дир рокьул бицине дида хIал кIвечIо. Дица гьаниб дихъе тIоцебесеб рокьи бачIараб куцалъул бицунеб буго.

Жибго рокьул киданиги бицине щвелищали лъаларо. Щвани дицаго бицана. ЩвечIони, щиб лъалеб, киданиги хадуб, рачIунел цогияз бицинебги. Гьедин цогиязе сайгъат гьабула гьаб поэмаялъул байбихьи. Гьезде дир гьари буго: кидаго унтарахъе жиндир заманаялъ ракке; раккичIони, кидаго раккичIого хутIула. Кидаго хъвалеб поэма гьоркьоб къотIизе тоге; тани, гьаб дираб гIадин, гIемерисеб мехалъ, хъвачIого хутIула.

I

Рокьуца гьитIинго кIодо гьавуна,
КIудияв гIуравго гьитIин гьавуна.
Ракьуща чан нухалъ мехтизавурав,
Мехтараб мехалда вигьинавурав.

БукIана дир рокьи, буго дир рокьи,
Кьурабалъ бакараб цIалъун кенчIолеб,
Яги гъунисезул гъугъдулъан кIанцIун
КIкIалабахъ гьелчолеб иццул лъим гIадаб.

Дир гIанчIал ихазул хиялалги гьеб,
Хасалил сардазул дир ургъелалги;
ЦIад балеб мехалда буртинаялъулъ
Рогьалил макьугIан гьуинабги гьеб.

Бищунго гIадалав командирасул
ПирказгIан хIинкъараб букIуна рокьи;
Гьеб пирказ тIубалев рагъухъанасул
ГьунаргIан лебалаб букIуна рокьи.

БукIана дир рокьи, буго дир рокьи,
Бергьараб, кIудияб, кьерал гIемераб:
Нилъ къураб рагъ гIадаб рекIей захIматаб,
Нилъ бергьараб рагъгIан рекIей рахIатаб.
МугIрузул гIор гIадин гIедегIун унеб,
Авлахъазул гIоргIан гIодой биччараб.
Цин дица баччулеб гъамас кинигин,
Цинги, гъамас гIадин, дунго ваччулеб...
ГIумруялъ бицана дица гьеб рокьул,
Бицун бажаричIо, жеги бицинин.

II

Гьаб нилъер векалда кочIохъабаца
Жидер ккараб рокьул дагьаб бицуна.
РекIелъ бугеб бухIи, бертадул къоялъ
БахIаралъул гьумер гIадин, бахчула.
Бокьараб кечI цIале, дида лъаларо,
Дир кочIохъанасул каранлъ щий йигей?
Кинан кIолеб гIищкъу рокъоб цIунизе, –
ЩIогьорас бикъараб къайи кинигин?
Цебе рокьи балъго букIараб мехалъ,
МагIарул кучIдуз гьеб рагьун ахIана.
Гьанже рокьи рагьун гьабулеб мехалъ,
Гьал нилъер асараз бахчулеб буго.
НакIкIилъ бакъ букIаго, бакъанги ахIдон,
Бакъ аскIой щварабго щай руцIцIун чIолел?
ГIаздакь хер букIаго тIегьинги рукIун,
ТIугьдул раккаралго кире нуж арал?
КъватIазда бикьизе гIищкъу ккеларо,
Ва гIакIа ахIизе гьелъул ккеларо,
Амма рекIел гьали ва гьелъул бухIи
Гьеб рогьо, нич гуро бахчун цIунизе.
Жакъад матIуялъув балагьарасда
БетIералда дагьаб щуб ккун батана;
РакI, гьаб гIищкъуялде гIазу балалде,
Гьелъул бицейилан дунгун кIалъана.
КIочонгейин сардал къотIнор рогьарал,
КIочонгейин къоял къваридго арал,
КIочонгейин Шагьрил гьимулел берал,
КIочонгейин Шагьрил гIодулел берал.
Жиб хIинкъун букIунин, гьеб бицинчIого,
Гьаб дунялалдаса мун иневилан.
Дур каранда жаниб кин дун хIалтIараб,–
Кинабго хъвай, поэт, гьоркьоб течIого.

III

Хъвалеб буго, къалам соролеб буго,
Щибаб рагIи хIинкъун щурулеб буго,
Рекъон цонигияб бачIунеб гьечIо,
Бихъун цIадай кагъат рехулеб буго...
Гьадинан букIана дица Шагьрихъе
ТIоцебесеб сарин хъвалеб мехальги:
КигIан дун хIинкъарав, чан нухалъ дица
Адрес хъвараб кагъат бихъун рехараб.
Дир рисалатазул рохъо лъугьана,
РекIелъ бакараб цIа багIаранагIан.
Дир хъварал кучIдузул кескал цIикIкIана,
Каранзулъ Шагьрида щулалъанагIан.
Дир хасалил маргьа, ихдалил сарин, –
Сонал гIемер ана долдаса нахъе.
Гьанжеги буго ракI хIинкъун тIеркIелеб,
ТIоцебесеб кагъат хъвалелъул гIадин,
ТIоцебесеб рокьи гьабулеб гIадин,
ТIоцебехъе кьалде лъугьунев гIадин.
Ва гьанжеги вуго багIарлъулев дун
Дов гIолихъан – васлъун вугев кинигин.
Нилъалзукь квер буго, каранлъ цIа буго,
Берзукь Шагьри йиго... щиб жодай хъвалеб?..
Хъвалеб буго, къалам соролеб буго...
Салам, салам дуде, рикIкIад тараб их,
АнцIила анлъго сон тIубараб мехалъ,
МугIрул гIадраялда гIурччинлъараб хер,
Хундерил базаркъо, ГIахьвалазул ракь,
Микьабилеб класс лъугIараб рии.
...Киссан байбихьилеб гIащикъас къиса,
Щиб къоялъ рекIараб рекIеда гьеб цIа?..
Байбихьулеб буго гьород кIикIараб
Дир гьулакалдасан дица поэма.

IV

«Вай гьитIинав, цIакъав вас
ЦIар рагIарав вукIина,
ЦIалги чуги васасул
Меседилаб букIина,
Васа-вакун тIагъур лъун,
ТIаргъинив хъивихъила,
ТIолазего хирияв

Хъатинив кIивикIила.
КIигоязгин щурщуде,
Щугоявгин векере,
Векерун куй босила,
Керен чIван оц босила.
Булбулалъул мугъалда
Рагъуе хъала бала.
ХъахIилаб ралъадалда
БагIараб цIа бакила.
ЦIудул кваркьабазда чIун,
НакIкIазда хъат кьабила,
Кьурда ругел цIавазе
ХIортIе рачун цIан кьела.
ЦIоро ругел ритIучIал,
ЩвантIихалъ бакъналги пун,
Цин гIодизе гьарила,
Цин кьурдизе гьарила.
Кьурабазда, мугIрузда,
ГIалхазда, чабхеназда
Чвахун унел дур кучIдуз
Чвахун унеб гIор чIела.
ГIамал, бахьи рекъарай,
Къо-асс бугей гIолилалъ
Цо радал дур гордухъе
БагIараб бакъ биччала;
Цо къаси дур гордухъе
Гургинаб моцI биччала,
Зодил киналго цIваби
Нужер мокърокь кенчIела».

V

Гьединан, рагъида гьулакги кIикIун,
Гьимизе лъалареб тIинчIаб лъимадуй
Гьев вуссинавизе тIолго сариналъ
БукIуна ясазул рехсей гьабулеб.
Гьединан диеги ахIана кучIдул
Цо кинаялиго меседол рахъалъ,
Росаби гвангъарай, шагьар урхъарай,
Дие щвезе кколей Шагьрил рахъалъан.
Жеги бабайилан дица абичIо,
Ва амма бабаца пикру гьабула,
Гьулак-жиниялда тIад рущун ругел
ТIолго росдал ясалъ йищилей щиян.
Дида лъала чанги пашманаб хабар,

ГьитIинго умумуз къотIи гьабурал
Вас, яс гIураб мехалъ, гIадатги биххун,
ГIадамазда гьоркьоб ккараб кьалалъул.
Амма дица гьелъул гуро бицунеб,
Дица дирго рокьул буго бицунеб...

VI

Хадуб щуго-анлъго сон дица байгун,
(Дида гьеб замана цебетIамула,
ГьитIинго букIараб ракIалда жаниб
ГанчIида бикIараб гIадин хутIула) –
Нижехъе рачIарал гьалбадерица,
Ялъуни гьадинго мадугьалзабаз,
Гьанже-гьанже гIурал ясал кодор ккун,
Кинигун магъилъе унел руччабаз,
Жидер яс ячеян, хъалим къачIаян,
Къойил махсараби дий гьарулаан.
Дида махсараби киса ричIчIулел, –
Киназего дица рагIи кьолаан:
– Расул, оцал рацIе – дуйго яс кьелин,
– Чу свердизе гьабе – дуйго яс кьелин,
– Гул бачче, тIор бище – дуйго яс кьелин,
– КьагIи хьихьизе а – дуйго яс кьелин.
– Расул, тIалаб гьабе гьай дир ясалъул,
ГIураб мехалъ дица дуего кьелин.
– Расул, векере мун Басиргун цадахъ,
Бергьарасе дица яс кьезе йигин.
Махсаро гIемерай гIадан кIалъана:
Расул, вачIайила жиндир ясалъе.
БукIунаан къватIахъ гIурал руччабаз
Жий ячеян абун нечезавулев.
– Нуж херал кIудаби дие щай? – илан
КIудияб бакъаналъ хьвадулаан дун.
Гьел киназдаго гъорлъ кIочон толаро
Гиничукьа гIадан гIурччиваб магъилъ,
Бахъун дир тIагъургин тIирун чIолаан,
Жий ячинчIонани, нахъе кьеларин...
Гьеб букIана тIолго рокьул махсаро,
Рокьи кибалиго букIана рикIкIад.
Ва гьел ясаздаса доб мехалъ дие
Хирияб рукIана гIанкIудал тIанчIи.
Ва гьел ясаздаса доб мехалъ дие
Хирияб букIана бурдиги тIилги,
ЦIерда гIандаракги, гIазда чангъалги,

Чахъдал къвакероги, къадкил хоноги;
Хирияб букIана ихдал рицIцI къотIун,
Инсуца гьабураб гьитIинаб щвантIих,
Щобда басандулеб гIеч гIадаб торгIо,
ГIатIахъ хисун кьолеб торгIо гIадаб гIеч.
Тихтироялъулгун ккуна гьудуллъи,
ГьетIараб газаргъо букIана гьалмагъ;
ХIатIул ясикIабахъ гьабуна рокьи,
Анкьаз рукIунаан гьезул бертаби.
Бокьулаан къойил къватIахъ кIанцIезе,
Къацандун лъималгин гьоркьоб жо лъезе,
Лъица халат хIацIу цIунулеяли,
Лъица гьеб рикIкIаде чIинкьулеяли;
Лъица нус тIамун къун гIери хIанчIилеб,
ГIадатIа нахъасан кIалалъ рехилеб;
Лъида халат хIухьел лъелълъ кквезе кIолеб,
Кинав хIобода мацI хъвазе хех щолев.
Рокьулаан дие кьер-кьерал къалмал,
Къалмица жанисел хъатал релъине,
Яги матIуялда цевегIанги къан,
Къалазда гъоркьехун михъал гьаризе.
ГIанчIал ясаздаса доб мехалъ дие
Хириял рукIана херал кIудаби.
Ясазул хIасратал сариназдаса
Рокьулел рукIана кIодол маргьаби...
Ясал рокьулаан гъалал цIацIазе,
Гъванщида зарги бан гIодизаризе.
Гьезул гIодул бакъан рагIараб мехалъ,
Вохун дун бокIнилъан балагьулаан.

VII

Хадуб школалда Маршакил тIахьал,
ТIахьазда гьоркьоб лъун Нинахъе кагъат,
Керен-ракI бухIулеб бугилан абун,
БичIчIулареб мацIалъ гьелъухъе хъвараб.
«Йокьулин» абизе гIурус мацIалда
Кин абулебилан гьикъараб мехалъ,
ХIалихьатав васас гIаксалда бицун,
Дир кагъат сабаблъун ккараб ракIсукIи.
Учителалъул яс, гьитIинай Нина
Гьанже Москваялда йиго хIалтIулей.
Рихьидал кIиялго релъанхъула ниж,
КIиабилеб класс ракIалдеги щун.
РакI гьалделеб бугин хъвалаан дица,

РакI кинаб рахъалда бугеб лъачIого.
Нина елъанхъула гьеб ракIалде щун,
Дур поэт гьавунин тIоцебе дица....
Гьеб букIана тIолго рокьул махсаро,
Йокьулей йикIана цIва гIадин рикIкIад...

……………………………………………..
……………………………………………..

X

Жеги гIолилаца, ясазда хадур
Жалго рахъунелъул, дун нахъе гъола.
Рокьул бицен ккани кьерил васаца –
Расул, мун рокъове а, – ян витIула.
Цоялъ цояб хисун, тирула сонал:
Сентябралъ бищун цебесеб цIумур,
Июналда бищун ахираб цIумур,
Иргадал хисулел учительзаби,
Иргадал хисулел директорзаби,
Испытаниялъул комиссияби,
Билетазда хъварал хъачIал суалал,
Доскаялде вахъун кьолел жавабал;
Жеги рикIкIад руго дир рекIел кучIдул,
Киялиго гIолей йиго дир Шагьри.
Жеги дида щибго бичIчIулеб гьечIо,
Щай гIолохъабазе МахIмуд вокьулев?
Кинаб кечI ахIилеб абун гьикъидал,
Рокьуца чIваразул ахIе абулел,
Дица ракIалдасан годекIабазда
РикIкIунел рукIана Пушкинил кучIдул,
Ва божулароан киданиги дун
Камалил Баширил къиса бицингун.
Дун вукIана жеги гьитIинав лъимер,
ТIахьазда цIалулел рукIана дица
ЦIияб закон баркун хъварал асарал,
Испания, Мадрид, рагъул хабарал;
ЦIалулел рукIана шавкъалда дица
Щибго магIна гьечIел гьодорал кучIдул,
Ва кколеб букIана дида меседин,
Расги къимат гьечIеб гьадингояб тIехь.

XI

Дуниял кьерхана, дунял роцIана, –

Дир хъахIаб тайидал барти лъугьана.
Лъабго рачелги къан, гьелъул черхалда
Кьили лъезе гIурав чи дунги гIуна.
Анкьабилеб класс, ахирияб сон,
Школа лъугIулел къоял рачIана.
Дида къварилъизе лъана гьеб мехалъ,
Пикраби гьаруна дица гIумрудул.
Дида цо-цо ясал берцин рихьана,
Берщин вихьизеян дунго хьвадана.
Ва школалдаса рокъой щвезегIан
Бакъул къоялъ ясал нуха регIана.
Гьезда рагIи абун вукIинарилан,
Цо гIелалъул васгин нусцIул вагъана.
Цоцазе абурал васал-ясазе
Гьел намуслъизеян гIакъуба кьуна:
ХIажи долейилан Супаде ахIун,
Супа долейилан ХIажиде ахIун.
ГIолилаца гIищкъул кечI ахIулельул
«ГIию» ахIулезда гьоркьов вукIана,
ЦIалулел тIахьазул тIанчазда жаниб
Рокьи бугел бакIал ралагьулаан...
Гьеб букIана тIолго рокьул махсара,
Йокьулей йикIана дидаса рикIкIад.

XII

Жидерго ясахъе гIолохъабаща
Почталионлъун дун хьвадизавуна.
Гьоркьо-гьоркьоб хъвараб кагъатги босун,
Росулъ цо-цо рокъой дун витIулаан.
Дун витIулеб мехалъ кIутIбиги цIутIун,
ЦIутIарал кIутIбузда тIад килищги лъун,
Лъидаго чиясда цIар бахъугеян,
ЦIан битIун айилан, гьез тIадкъалаан.
КIиго хIарп тIад бугел тIугьдуз къачIарал
Марка чIварал къучIби ракIалда руго, –
ХIанчIил кваркьиялъул сукIи гьабурал
РукIана гьел седон синуялъ васаз.
Седараб бакIалъул бокIнилъ кибниги
Спичкаги кьурун ричIана дица.
Бальго гьарейилан гьарарал кагътал,
Бальго дирго рокьоб рагьана дица.
Цин гьел ясазухъе кьелалде цере,
Цензорас кинигин, цIалана дица.

Ва цензорас гIадин гьудулзабазда
Гьениб цIаланщинаб щурана дица.
Кагътазда букIана бицунеб рокьул,
Макьу гьечIеб сардил, кьогIал къоязул.
Кагътазда букIана гIекколеб рекIел,
ГIодулел беразул, сороле҆б чорхол.
Кагътазда букIана цIалеб замана,
ЦIваби тIерхьаралго ищцухъ рихьилин,
Яги лъабго чIимих жинца речIчIигун,
РичIун гордугин мун къачIан йикIайин.
Дица букIахъего седола кагъат...
Киданиги дида кIочон теларо:
Кагъат кьолеб мехалъ васазул хIинкъи,
Кагъат босулелъул ясазул нечей.
Бищунго лебалал сородулаан,
Бищунго сси бугел багIарлъулаан.
Рокьул почталион, гьавадул чапар,
Гьеб мехалъ дир рекIел букIараб чIухIи, –
Чияр гIищкъул къисмат дихъ буIгеб гIадин,
Дунялалъул рохел дий щвараб гIадин.
Дун кьижулароан, къаси гIурабахъ
ГIищкъу ккарал данде чIвалел рихьизе,
Гьезул рагIабиги, гьезул щур-щурги,
Гьуинаб баиги гIинда рагIизе.
Гьезда рихьуларел къватIазухъан дун
Къаси нахъа мехалъ щолаан рокъой,
Къадахъан харун ун, гордухъан лъугьун, –
Лъурлъудун ватулев вукIана кивго.
Вохун вегула дун, хадув вахъуна,
ХъахIлъи лъараб мехалъ къватIив унаан.
Къочун хадур чагIи хисулищали,
Хал гьабизе бокьун валагьулаан.
Дун кIалъачIониги, дир кIал жиригун,
Дида рихьараллъи лъалаан дозда.
Дол релъанхъулаан дихъги балагьун,
Балагье чиясул цо квешлъийилан.

XIII

Дир ракI бохулаан гIищкъу ккаразул
Камилал ракIазул мурад тIубайгун.
Амма цо-цо мехалъ пашманлъулаан,
Гьезул эаман кида дихъе щвелаян.
Кида гьезго гIадин, кагъатги босун,

Ясазухъе чапар дица витIилев?
Кида гьезго гIадин, гIурччинаб харда,
ГIолохъанай ясгин сордо рогьинеб?
МоцIалъухъ балагьун, цIвабзазухъ угьдун,
Цо буртинаялда гIодор рукIинел?..
Ва хадуб поч босун витIулеб мехалъ
Дица инкар ккуна инарин абун,
Ургъелал рачIана цоги батIиял...
ГьитIинго дун кучIдул хъвазе лъугьана.
Гьезул цояб хадуб бахъун бачIингун,
Нахъеяб щибго жо дида кIочана.
Ва рокьул махсара чIалгIана дида,
ЧIужу ячарайго къватIал кинигин.

XIV

ЧIужу ячине мех гIемер букIана,
ГIагарай йокьулей рикIкIад йикIана...
ГIабашиловасул цIаралда бугеб
Буйнакскиялъул педучилище...
Гьениб газеталъул ответредактор,
Ана дир замана дарсалъ, сариналъ.
РакIалде кколаан, батIияб гIумру
Ва гIищкъу цогияб хIажат гьечIилан.
РакIалде кколаан кинабго заман
КучIдуща анилан... Амма цо нухалъ...

XV

Гьеб букIана рии, бухIараб рии,
МугIрузул тIогьирцин тIугьдул раккараб.
Бакъ букIана гвангъун халатал къояз,
Харида гъорлъ хухал рихьулароан.
Харида гъорлъ буртIал, бутIрулги рорхун,
Балагьун гурони, рукIинчIо лъалел,
БукIана рагIулеб хIанчIазул чIичIи,
Амма жалго хIанчIи рихьулароан.
Гьел тIанхалъ рещтIарал ахил гъутIбузул
ГьетIарал рагIадаз рукIана рахчун.
ТIогьазда рукIана гьетIун кьураби,
Кьер багIарал сиял, кIал квешал парсал.
Дуца гьаракь гьабе, гьеб лахIзаталде,
Гьабулаан такрар дур щибаб калам,

Трибуналдасан абураб рагIи
Авлахъалде кьолеб рупоралъ гIадин.
Бихьулаан, кIиго матIу кинигин,
КIиябго рагIалда росулъ цоцо хIор.
Цо хIоринир васал руго чверделел,
Цо хIоринир ясал руго чверделел.
БукIана, надалда кIиго бер гIадин,
КIиябго роххада цо-цо гIарцул иццц.
Цо иццухъ вас вуго чое лъим кьолев,
Цо иццухъ яс йиго лъелъ хъаба цIолей...
... Дида тIасалъугьа, гьудул цIалдохъан,
Гьеб къоялъул хабар халат бицунин.
Дица хехги къокъги кинан бицинеб –
Гьеб къоялъ тIоцее дандчIвана Шагьри.
БукIана базар къо... доб заманаялъ,
Дица бан букIана анцIила анлъго.
Ва микьабго соналъ цIализе тIадал
ТIахьазул гьумерал рукIана рихьун.
Роол каникул щун, шагьаралдаса
ГIагараб росулъе вукIана вуссун.
Ва шагьаралъул вас, гIолихъан-поэт
ГIолилалъ вукIана гIамал кIодолъун,
Жинда гуреб тIокIаб щутIалаяб ригь
Щивниги чиясда бихьичIеб гIадин.
Дица инкар ккуна хIама гьекъезе
ХIорихъе инсуца аян абигун,
Гьединаб инжитаб жо малълъугейин
Гьадин гIелму босун вуссарав дида.
Цинги базаралде, изну гьечIого,
Унаан дун чода... бегьилищ лъелго, –
КIиго верст бугелъул росулъа добе,
Ва дунги вугелъул паспорт щварав чи.
Базар... рикIкIадасан цIунцIрабазул гохI,
АскIой гIагарлъигун гIадамазул гохI.
Районалъул тIолго бечелъи буго
Бичизе, хисизе гьенибе бачIун.
АхIулел гIакIаби хIамузул гьаркьаз
Гьоркьоса къотIизе руго гьарулел.
Гьикъардигун даран, дагIбагин гаргар,
Гучаб ралъад гIадин, буго хъудулеб.
Хьиндалазул пихъил гьагьал сверун ккун,
Гьеб босулел руго магIарул чагIи.
МагIарул гIиязул къулагIи босун,
КъотIеян абулеб буго гьоцIалъес.
ГIачиязул чехь ккун, чахъдал мугъ лъухьун,

Чол кIалдире раккун руго дармида,
Дур гьалда гьангIаги батиладаян,
Хьалбал къакъан гIанкIу къвакъвазабула.
Бархъалисел руго щагIил хъубигун,
Ансал рачIун руго гIуноби-тIилалгун,
ГIаламго урхъараб кверазул махщел
Кубачияз буго цебе тIибитIун.
ГIандисезул босун буртина цояс
Гурун чодул кьолокь буго бухьунеб.
ГIаркьелал гIемераб, тIамах гъурараб
ГъотIода ран тIаргъал руго ричулел...
Бухари кIваричIо, хъурайсинги щай,
ЩурунтIагъур гIелин вукIана дунго;
Гьеб къайи гIемераб базаралдаса,
БосичIо щибго жо, щай гьеб дий абун...
... Дида тIасалъугьа гьаб базаралъул
Бизара гьабунин, гьудул цIалдохъан;
Амма кин бицинеб дица гьалъул дагь? –
Гьаний бищун цебе йихьана Шагьри...
Гьаниб бищун цебе лъана гьелъул цIар,
РагIана цIурмилаб, бацIцIадаб гьаракь.
Гьелъ ракI макьидаса борчIизабуна,
Ва лъалареб асар лъазе гьабуна.
Багьулеб жо буго, гьеб базаркъоялъ
КъватIиве инчIого вукIаравани,
БукIинароан гьаб панаяб рокьи,
БукIине букIинчIо гьаб поэмаги.

## XVI

Доба базаралда дандчIвараб гIадин,
ДандчIвай мун Шагьрида гьанже, дир сарин.
Дуда ракIалде щва: Хъаладул кIалтIа,
Нухлул рагIалалда гIурччинаб харда,
Бакъалда релълъараб саргъасги бухун,
Сарин ахIараб куц мугIрул гIаданалъ
Саргъас бухулаан, бетIерти хьвагIун,
Басандулеб мацIалъ кIутIбиги лъухьун;
Бералги надалда кьурдизе гьарун,
Гьайбатал гъуждулги кIечIезе гьарун.
Сарин ахIулаан зодихъе юссун,
Зодихъ аллагьасе ахIулеб гIадин;
Гьаб жиндир гьаркьица гьаб дунялалъул
Гьава-бакъ рекъезе гьабулеб гIадин.

Дунялалъул гъава... дида лъаларо,
Дир рекIелъ гъава гьелъ рекъезабуна.
Ва Хъалаялъуса нуха унев дун,
Гьеб мугIрул кочIоца чIезе гьавуна.
Огь, кечIалъул къуват, гIурччинаб харде
Гьалъ гIадамал хехго ракIарарал куц! –
Кибниги чабхъаде ахIулел гIадин,
АхIуд рахъун ине кколел кинигин.
Гьалъ биччан унеб чу чIезе гьабуна,
Райкомалъул машин лъалхъизабуна.
ТукенчагIи къватIир рахъинаруна,
Ва бащадаб базар биххизабуна.
 Гьалъ гогьал гIолилал мехтизаруна,
Мехтарал, ригь арал ригьинаруна.
Гьумеразул кьерал, эрмениязул
Коньякалъул гIадин, хисизаруна.
Хал гьабе, гьабсагIат гьимарал берал,
Гьоркьоб мех иналде, гIодизаруна.
ГIенекке, пашманго рукIарал чагIи,
Гьанже, чахьалги ккун, релъулел руго.
МугIрузул гIаданалъ кечI ахIулелъул,
Каранда къадирай къерщелел руго,
Горбода маржанал жваргъелел руго,
Дир жаниб гьинал ракI гьалдолеб буго.
Дида чIезе кIвечIо гьедин гIенеккун,
ГIию, ма, босеян ахIана дица.
КочIохъаналъ дие, маян кьеги дуй
Микьир гIадай ясин, гьабуна жаваб.
Дица гьеб мехалда тIасаги бахъун,
ТIагъур, микки гIадин, зодоб рехана.
Эхей бачIунелъул хъахIаб гьин бараб
Цо бетIералда гьеб хIинчI гIадин чIана.
«Вай дур хIалчIахъаяй, тIадмагIарул яс,
ГIантаб тIагъуралда тIасалъугьа мун.
Дида гьикъичIого гьал дур гьалазде
Боржун батанин гьаб, гьабуге гIайиб» –
Дун гьедин кIалъайгун, гьумерги борхун,
Гьай дихъ балагьана, гьимун кIалъана,
Дир ботIрода рещтIин тIаргъил гIантлъиян
Толеб батани, мун гIантав вугилан.
Жинда ккун букIанин киназдаго гьорлъ
Жий ятараб гIакълу гIелин гьалъийин, –
Гьединги абун гьай гIодой юссана,
ГIундузде нахъе щун дун багIарлъана.
МагIарзул къалалги гIодоре далун,

Дун халкъалда гъорлъа ине лъугьана.
Ва амма нахъаса ккурав кинигин,
Дун цIияб кочIоца чIезе гъавуна:
Щай, магIарул васин, мун нахъе унев,
Махсара гьабунин щай намуслъулев?..
КочIохъанги хисун, тIагъур рещтIарай,
ТIегь гIадинай ясалъ ахIана сарин.
Дун цин ццидахана, цинги гьимулеб
Гьелъул гьумер бихьун гIодой вуссана.
Ва амма гIадамал гIемер релъидал,
АхIулеб кечIги тун, дун нахъе ана.
Руккалилъ вукIарав цо лейтенантас,
Цодагьальги чIайин гIад-хочI гьавуна,
Щай гIедегIулевин, гIивуги ахIун,
«Накъил-тIагъур цоги рехе!» – абуна.
Дица гьеб рагIичIеб ххвелалги гьарун,
Хехлъизе гьабуна тIамулеб гали.
ТIурулев вукIана дун руккалилъа,
Дагъистан хIасратал кочIол бакънакьа.
КечI гIемераб мехалъ кадуб бачIана,
Амма дир хиялал гьелда рукIинчIо.
Дун, рикIкIада бугеб хъирдеги вахун,
ГIодовеги къулун, къварилъахьдана.
Кьо бащалъуде щун мех ун букIана,
Базаралда чагIи дагьлъун рукIана.
ЧIорогоял гьагьал мугъаздаги лъун,
МагIарухъан хIамул унел рукIана.
Дица дир каранда, гьале, квер лъуна,
Киб бугеб гьинал ракI... гьечIо, билана.
Балагьизе вахъа гьеб базаралде,
Бугеб къуваталда я гIакIа ахIе.
БоцIи билунилан ахIулеб гIакIа
Щибизе гIадамаз гьеб ахIилареб, –
ГIолиласул керен бухIараб мехалъ,
Каранда жаниб ракI билараб мехалъ?

XVII

Дун тIаде вахъана, гIурччинаб харда
ГIадамал риххана, кучIдул къотIана.
ГIуруснухде лъугьун, гьежда хулжалгин,
Лъалей кIиго гIадан уней йихьана:
Цояй – кочIол бакънал тIамурай чIужу,
Цояйги – дир тIагъур тIад рещтIараб хIинчI.
Гьол щалии гьикъидал, дида гIадамаз

ГІахьвахъа эбел-яс йигин абуна;
Эбел Кусунилан, яс Шагърийилан,
Росабалъ рагІарал гІадамал ругин.
Дун нухде лъугьана ва гьезда хадув
Гьебсагlат вортана лъимер кинигин.
Дий бокьун букІана чІайин ахІизе,
Гьезулгин цодагьаб кІалъай гьабизе.
Амма дун, гьезухъе гІагарлъаравго,
ГІодовеги къулун вилълъана хІинцго.
Гьел нахъе руссани, нахъ вуссунаан,
Гьел лъалхъараб мехалъ, дун лъалхъулаан.
Белалъ бачун унеб чабхил лъим гІадин,
Гьедин халат ана дун гьезда хадув.
Амма хадув гьечІо кин вилълъаниги,
Керен-ракІ бухІулев тана Шагърица:
Щобде нахъе ана багІарбакъ тІерхьун,
МугІрузул нух бахун ана дир Шагъри.
Гьеб нухлухъ хал гьабун, кІкІалал аххада
ХутІана кІудиял ургъелалгун дун.
Дун гьелдаса нахъе гІемерал соназ
Шагъри унеб нухда хадув лъугьана;
Амма киданиги дун хадув гьечІо, –
Керен-ракІ бухІулев дунго хутІана.

XVIII

Шагъри цее ана, дун нахъ вуссана,
Чед гІодой бортараб таргьида релълъун.
Добеги нахъеги нух цо абула, –
Дий нахъеялъул нух халат букІана.
Халатаб къоялъул канлъи босана,
Базар бацІцІалъана лъухьараб гІадин.
Дида кІочон тараб дир чу батана,
ХІобода бухьараб, дихъ балагьун чІун.
ХІихІидараб мехалъ гурони лъачІо,
Бакъун буго пакъир гьацин балагьун.
Дица вачІун гьелъул нодо лъухьана,
Гьайбатаб горбода урхъун къвал бана:
«Дида тІасалъугьа, къиматаб тайлан,
КъваригІел букІанин цІакъ кІудияб дир.
Мунги кІочон тараб, квенги кІочараб
Кканин тІоцебехъе жакъа дир рокьи».
Чуги хадуб цІан дун, гІодойги къулун,
Къваридал ургъелалъ вуссана рокъой.

Каву рагьизеян балагьаравго,
Гьабго жинаб хIалтIи... хIикмалъана дун:
Хадуб цIан бачIунеб буго чIолорхъо, –
Бихьуда-тIерхьуда гьечIо кибго чу.
Дун цIакъ пашманлъана гьелда ццин бахъун,
Гьеб гIадин дунгоги вукIана вакъун...
Къаси колхозалъул бригадир вачIун,
Босун ана гIакIа эбелалъухъа.
Элъий гIайибияб букIана дир чу,
Ва чодасаги цIакъ гIахьвалазул яс.
Амма дой цIидасан йихьизе щвани,
Дица щибаб къойил кьелаан гIакIа.
Кий йигей мун, Шагьри, щиб нухдасан дун
Дуда хадув гъолев, бице, хирияй!

## XIX

Рокьул махсараби, къо лъикI нужее, –
Къоял щвана гьанже керен бухIарал;
Квачараб хасало хинаб их гIадин,
РакIалда гьечIого, бачIана рокьи,
ГIисинлъималазул гIучIазулгун хочI,
ГIари бухIун цо-цо лъугIулеб гIадин,
Релъараб, рохараб махсара-хабар
Буссана цIадуде, ургьимес цIураб.
Ургъел гьечIеб сапар, тохаб махсара
Тамаша ккараб иш... щиб жо гьабулеб?!.
Ва дир щурунтIагъур, дир щурунтIагъур,
Шагьри кин ятарай дуда руккалилъ?
ЧIалгIун буго, гьудул, гIагараб росулъ,
ГIахьвахъехун ине цо гIилла анищ...
Ургъана, ургъана, батичIо гIилла,
Ургъана, ургъана, батана гIилла.

## XX

ГIумар вугогури дир гьудул дова,
ЦохIо партаялда цIаларав гьалмагъ:
Общежитиялда кигIан гIемер дос дие
ГIахьвалазул бицун букIараб?
КигIан дун дос дове ахIун вукIарав,
Исана вацасул бертин бугилан.
Гьеб багьана батун щвезе ккола дун

Шагьрил тIалъиялде, гьелъул ракьалде.
Бегьулеб жо буго цо рогьалида
Гьей тохлъукье дида данде чIвазеги.
Жийго йихьичIони, гьей сверулеб бакI,
Гьей йикIунеб росу бихьиги талихI...
Гьелъул тIохал, къватIал, гьей хьвадулеб ицц,
Эниса лъин гьекъен – гьебги цо роххел...
ЛъикIаб гIилла щвана ГIахьвахъе ине –
Ургъараб мехалда щибго батула.
Ва амма гьеб гIилла батичIебани,
ГIиллаго гьечIого инаан дове,
Ханасул колоде ГIабдула гIадин,
Цо тира-сверизе вилълъанин абун.
ГIабдулаца гьедин абун рагIула,
Охцерал рикъизе ун вукIарав чи
Ханасул нукараз ккураб мехалда,
Кив мун вукIаравин, гьез цIехарабго.

## XXI

Вугодай ракьалда дида гIадин цIакъ
ЦIадаса ГIахьвахъе нухал лъалев чи?..
Вугодай ракьалда дунгIан гIемерав
Къокъид нухаздасан гьенив арав чи?..
Гьел къокъид нухалгIан халатал нухал
ГIумруялъ кидаго рихьичIо дида.
Кколаан борхатаб мегIерилан гохI,
Кколаан кIудияб гIорин абун лъар.
Гьедин букIаниги мугIрул кIкIалал тун,
КIикъого версталъул сапар гьабизе
Свакайгин кIухIаллъи букIинчIо чорхол,
КIудияб гъира-шавкъ букIана даим.
Дида щибаб сапар кIочон толаро,
Нухлул щибаб свери ракIалда буго.
БеркIал чурулеб ицц, гьудгьудалъул гохI,
Партизанал чIвараб мугIрул аххалъи...
Дида рекIелъ буго ГIумарихъеян
ГIиллаги батун дун тIоцебе сардилъ,
Сородулеб черхгун кинан вачIарав
Кидаго цевехун щвечIеб ГIахьвахъе...

## XXII

КIудиял сапараз ине кканиги,
Кидаго къачIачIо доб мехалъ гIадин;
ГIурав, кIудияв чи вугилан ккезе,
КIкIвана тIоцебесеб нухалда мегеж.
ХIанчIаца бусадуй росе абе гьел,
Нусалъ хъвагIана дир хъахIал хIетрасал;
Цингиги къунцI-къунцIун къачIана бетIер,
ТIоцебесеб нухалъ тана катIари;
Гьеб кьурул рагIалда богIол гулалда
БукIана релълъунеб дир бетIералда.
МатIуялда цеве цин велъана дун,
Цин пашманго гIадин чIана балагьун,
Цинги Шагьрил сурат цебечIезабун,
Гьейгун гаргадулеб хIисаб гьабуна.
Цинги габуралда катан жемана,
Унгун хъегIдолеб ххвел гьабизейилан;
Гьелдалъун, кIвар бугев, кIудияв чилъун
Дун лъугьунев гIадин, кколеб букIана.
КIудияв вацасул гургинаб сагIат
Гвердеялда тIасан бана рукьалда.
Кивниги кватIулев дун вугев гIадин,
Даим лахIзаталде къулана гьелде.
Лъабавго вацасул парталалъулъа
Бищун сахаб ретIел батIа гьабуна;
Цояб лъуна дица чемоданалъуб,
Цояб тIад ретIана батIа-батIаго.
БукIана цогиги кIиго жо бокьун,
Ва амма букIинчIо гьеб тIубазе рес.
Бокьун букIана дий кIудиял къалал
Дагьал гьитIинлъизе гьенив иналде,
Цогиги рачлида таманча базе,
Гьелъул кIал чвантиде дализабизе.
Сордо рогьиналде къватIив вилълъана,
Къодул канлъи щвана мугIрул каранде.
МугIрузул ботIроде тIаде вахингун,
ТIогьолаб гIатIидаб дунял бихьана.
Дида гьеб мехалда Лермонтовасул
Кавказалъул назму ракIалде щвана,
Кверги зодой битIун, гьаракьги биччан,
Гьебги рикIкIунаго цеве вилълъана.
Зодихъ хъахIал накIкIал, накIкIазулъ цIум
Гъора гIагIадилел гIиял рехъаби...
ГIахьвалал кир ругел?» – гьикъана дица
ПештIелаго унев лъабго вехьасда;
Ва дида бицана гьениб унеб нух,

Огь, гьелъул халалъи!.. лъугIиго гьечIо.
КIиго сагIат ингун, ахирги дида
Борхалъуда бугеб росу бихьана.
Росдал рагIалалда лъаралъе лъугьун,
Дица лъикIаб куцалъ гьумер чурана.
Чемоданалъуса къватIибе бахъун.
РетIелги хисана, тIагъурги лъуна.
ТIад кигIанго къарал рукIананиги,
Къваридал чакмаби, чIухIдай ретIана.
КъватIибеги босун, дир кечI бахъараб
Казият, хъатикь ккун, цадахъ босана.
Каранзул чвантиниб гьаркьида аскIоб
Авторучка лъуна, перо бекараб.
Ва гьелда аскIоб цун дализабуна
Значок ГТО, цинти ПВО.
ГIумруялъ кидаго кибгIаги цIачIеб
«Казбек» бухIулаго росулъе ана.
Иццухъе щваравго, цо гIаданалда
ГIумарил рукъ цIехон, гьенив вилълъана.

## XXIII

– Асалам гIалайкум, ГIумарил мина,
Гьобол вокьиларищ, нужгойищ гIелел?
– ВагIалайкум салам, гIагарав гьалмагъ,
Гьалбал рокьичIезул рукьбал рекаги...
Дида данде ячIун, чIужугIаданалъ
Босун дир чемодан бокIнида лъуна;
БакIги цебегIан цун, квачазе гурин, –
МагIидаса дихъе буртина кьуна.
Рокъоб жанисахун къватIибе чIвалел
БухIулел, чIурхIулел махIал рукIана.
ХIобода далараб ункъо къулагIи
КъотIулел чагIазухъ хал ккун букIана.
Каву рагьун жанив вачIана ГIумар:
ГIемер лъикI, лъикI щварав, гьанже бичIчIанин,
Мун унго-унгояв гьудул дир вукIин.
Метер къаси вацас бертин гьабулин;
Инцуса къасиго биччан тун бугин,
Ва чIагIдал рагIалги рагьулел ругин,
Мун хисун вугев куц росулъе щвейгун,
Щуго лъагIел гьоркьоб бараб гIадинан.
– ГIабдулвахIидица дие бицана
Дурги, дой Шагьрилги, базаралъулги.

Дун велъаравщинав мун ракIалде щун,
Щиб хIал бугеяли бицеха, Расул.
– Дир квешаб хIал гьечIо, ГIабдулвахIид щив?
– Гьаб нижер ГIахьвахъа лейтенант вуго,
Гьанже отпускаялъ гьев росулъ вуго,
Гьес дурги Шагьрилги бицана дие.
– Шагьри щий? – ян абун цIехана дица,
Щибго жо лъаларев чияс кинигин.
– Шагьриги гьаниса гIадан йиго гьей,
Гьаниб избаялда йиго хIалтIулей.
Гьелъул аргъан дида чIалгIун бугеб куц,
Кин дур тIагъур ккараб гьолъул гIадатIе? –
ГIумар велъанхъана... Дун гIенеккана,
ГIекколеб дир керен гьасда щиб лъалеб?
Шагьрил «шагьаралде» бецIлъи рехана,
Дун, бетIерги къулун, къварид вукIана;
Ва къаси рагIана ГIумарил эмен
Гьесдехун кIалъалев, бадибчIвай гьабун,
ЧIалгIине тогеян гьоболасдаян,
Гьабе кепин абун... Дий кеп букIинчIо...
Гьекъана, кванана – дий кеп букIинчIо,
КIанцIана, кьурдана – дий кеп букIинчIо...
Ва, дир ракIалъул кеп, кий йигей Шагьри?!
Ва, дир кеп чIварай яс, кий йигей Шагьри?!

## XXIV

Нужеда бихьанищ хъахIлъи рехулеб? –
Дунни хъаравуллъун вукIана сардил...
Дир берда бихьана ГIахьвахъ росулъе
Сордо рещтIунебги, рогьел щолебги.
ГIадан вахъиналде, хъахIлъи лъалалде,
Дун лъалареб росулъ свера-тирана.
Сверана къватIазда, кинаб рокъобдай
Дир бакъан берцинаб хIинчI жаниб бугеб?..
ХIеренаб макьида, ургъел гьечIого,
Унго, щиб бокIнилъдай гьай егун йигей?
ВачIана иццухъе, гъежда гIеретIгун
ГIамал берцин киндай гьаний ячIуна?
ГIачи гьолеб заман щолеб букIана,
Щвана избаялде, эбги цIехон дун.
НуцIида ран руго рахарал кIулал,
КIулазул бетIергьан гьечIо йихьуда.
Гордухъан балагьун рихьана дида

СокIкIарал газетал, кьижараб аргъан.
Киндай Шагьрил кверзукь къиркъидулеб гьаб?
Киндай гьелъул килщакь басандулеб гьаб?
Мусал габур гIадин букIкIун бачIунеб,
Мусал габур гIадин цIан унеб аргъан.
Къадада кIетIелеб букIана сагIат:
ГьабсагIаталъ Шагьри щвезе йигилан.
КIалтIа къватI лъухьулей йикIана чIужу:
Гьей ячIунеб заман гIагарлъун бугин.
Къадада портретал гьалъухъ балагьун,
КъачIан чIун рукIана йорчIами кьезе.
Ва хъахIил зодил бакъ гьалъул рагъиде,
Гьалде данде бачIун, букIана гвангъун.
Дун нахъ балагьана, гьетIараб къотIноб
Шагьрил гьин бихьана паркъун тIерхьунеб...
Гьадин гьай йихьизе хIасрат бугев дун
ХIинкъун нахъе ана гьей ячIиналде.
Гьеб ничалъ, хIинкъиялъ дир хIасраталъе
Гьабунщинаб квешлъи кида кIоченеб?
Дун цо кавудахъе жанивги лъугьун,
Каранда кверги лъун чIана балагьун.
Унго, Шагьри щвезе барабщинаб мех,
Щвана Шагьри, унго кигIан хех щварай!
Жеги нусгоялде, щвезегIан дица
ЩуцIуса гурони рикIкIун букIинчIин,
КIулазул ричIулеб гьаракь бахъана,
Цинги гьитIинабго горду рагъана;
Вилълъа избаялде, авар кочIохъан, –
Казиятал цIале тIубараб къоялъ...
Киса гьеб лебаллъи доб мехалъ дие,
Дун хIинкъун вукIана долда вихьизе,
Кодой чан щвезегIан мугIрул чанахъан
Чанида вихьизе хIинкъулев гIадин.
Дий бокьун букIана цо гьей йихьулеб,
Гьелда вихьулареб бакIалда чIезе.
Дий бокьун букIана гьелда дандчIвазе
Гьелда рагIулареб къагIида лъазе.
Дий бокьун букIана гьезда дандчIвазе
Гьадинго тохлъукье, лъачIого гIадин,
Гьелъул щибго ургъел гьечIев чи гIадин,
ГIахьвахъе цогиги ишалъ щваравлъун.
Шагьрил цIаргин росу рагIичIев чилъун,
Гьанже избаялде, йохъ, унаро дун.
Дой тIад елъанхъила, долда хIал лъала,
Щибилан абизе инев дун дове?

ЧагӀи избаялде унел рихьигун,
Эзул талихӀилан вукӀунаан дун.
ГьелгӀан бахӀарчиял гӀадамал гьечӀин,
Гьаб ракьалдайилан кколаан дида.
Амма букӀаниги, цо рикӀкӀадасан
Гьелда бер чӀвайдал дун чӀухӀун вукӀана.
КӀудияб шавкъалда къватӀал чӀван гӀодой
ГӀумарихъе щвезе гӀедегӀана дун.
«Дуда къаси макьилъ щиб бихьарабин
Канлъи бачӀиналде ворчӀун вахъине...
Кив вукӀарав?» – абун кӀалъана ГӀумар, –
Дур росулъ сверанин абуна дица.

## XXV

Бахъ тӀерхьараб гӀужалъ тӀолабго росу
Щибаб рукъалъусан, щибаб къотӀносан
Зурмил къвакъваялъги, къолол хъуялъги
ГӀумарил бакӀалде ана ракӀарун.
Шалазда гъоркь рахчун гъудрул, гӀертӀалгун,
ГӀунсбуздеги къулун щвана хараби.
ГӀарцул рачелал къан, къадираби ран,
Къиркщи-миршиялда рачӀана ясал.
ГӀундузде кӀичӀизе тӀаргъалги гьарун,
ТӀох цӀуна росдалго гӀолохъабаца.
ГӀисинал лъималги накабазда лъун,
ЧӀана гӀодор херал – хал гьабилин цо.
Халат бицинаро дица бертадул,
Дун гӀедегӀун вуго Шагьри йихьизе.
РачӀунел ясазулъ, чӀарал ясазулъ
Берал чӀегӀер йиго дандчӀвазе бокьун.
ГӀадамал киналго балагьун руго
БахӀарайгин къайи тӀаде щвеялъухъ;
Дунни бахӀаралъухъ бахӀарав гӀадин,
Шагьри ячӀиналъухъ вуго балагьун.
Щиб гьабулей йитей, гьайбатаб микки,
Гьаб дир рохалиде рехараб гамачӀ?
Мун гьечӀого бертин бертин гуро гьаб,
Мун гьечӀого росу росу гуро гьаб;
Мун гьечӀого кучӀдул кучӀдул гуро гьал,
Мун гьечӀого кьурди кьурди гуро гьаб.
Огь, гьаб берталъ дида чӀагӀун бугеб куц,
Кида мун ячӀуней, кидал мун щолей?
Огь Шагьри!..

XXVI

Дир бухIулеб рекIел ахIи рагIуниц,
РагIана кавудахъ гIагараб релъи.
Кодоб ккун аргъангун, эбелгин цадахъ
ЦабихъахI ясазул бокIнилъе щвана.
Командир вачIингун солдат кинигин,
Дун цо лахIзаталда тIаде вахъана.
Цессан Шагьри ун яхъинагIан, дун,
Гьелъухъ балагьарав, гIодов вукIинчIо.
Дун гIажаиблъана, гьай тIаде щвейгун,
ТIаде щай бахъинчIеб кинабго халкъин;
Беццалги гьечIелъул гьазда кин кIвараб,
Гьалда бер чIварабго, гьадинан чIезе?..
Дун гIажаиблъана, гьал гIахьвалаца
Щайзе тIиритIичIел тIансаби нухда? –
Миккидал хIатIазда хIур хъвангутIизе,
Дир хIасратай пача тIасан йилълъине.
Дун гIажаиблъана, цогиял гIадин,
БатIалъи гьечIого, гьалда дандчIвайдал:
Пахьулъ месед лъачIел, харилъ тIегь лъачIел,
Харбазулъ кечI лъачIел, кинал чагIи гьал?...
...Хадур киналгIаги тIаде рахъана,
Дида ккана гьанже кантIанин гьалин; –
Гьединги гьакида кавудал кIалтIе,
Катан-дараялъулъ бахIарай щвана.
Гьумер бахчарай гьей кIодоги гьаюн,
КIудиял гьитIиназ ахIана «гьурра».
АхIмакъзабийилан абуна дица,
БахIарай щай нужей, Шагьри йикIаго?
Рахъун дир бералищ нужехъе кьелел
Берцинлъи, сверухълъи ракьалда лъазе?
БахIаралъул бокIон... гьениб буссана
Нус-нус чIваркьараб бер, нуснус берзул чIор.
Дие бахIарай щай «бухIаяб» росдал, –
Дир беразул ишан Шагьриде буго.
Ва дида бихьичIо, дихъги валагьун,
Нахъасан лейтенант велъулев вукIин.
КIиго килищ дида бихьичIо гьесул,
Дие лълъар гьабулеб... пайда щиб Шагьри...
Гьеб бищана дида хадуб цо чияс,
ХвезегIан захIмалъун букIине дие.
Сверухъ балагьигун, дида рихьана:

Дихъ балагьун руго релъулел чагІи.
ГІолилаз цоцазде ишан гьабула,
Руччаби цоцада тункун гьимула.
Гьазда бихьулеб жо щибдайин абун,
Щибго жо лъаларев дунги вукІана.
Хадуб дида лъана, дир ракІ унтана,
Гьал дир рокьиялда руго релъулел.
Дун гІодой къулана... дирго хІатІазде,
Вацасул чакмабалъ, чияр жал гІадин,
Рихьулел рукІана дида дир бохдул,
(Гьел сабаблъун хадуб дий ккараб зарал)
Гьеб ккана гьадинан... гІодойги къулун,
ГІенеккун ургъалилъ дун вугеб мехалъ,
Гьанжеги унтула, гьаб дир гъажалда
Гьале цойидасан бан бачІана тІил.
ТІуркІун ворхана дун, дагьаб ццин бахъун –
Дида цее йиго эхетун Шагьри,
Гьей гьимулей йиго, гьимигун гьелъул
Гьумералда гундби лъугьунел руго:
«Щай гІодой вуссарав, балагьуларев,
Босе тІил, нахъ чІваге, вахъа кьурдизе!»
Боржунеб цІудуца куркьбал кинигин,
Квералги рорхун гьей ана тиризе.
Керен цебе цІутІун, цин нахъе гьабун,
Ахикь хІанчІилгІан хех гьабуна свери.
Цо-цо чІун, кІечІезе гьаруна гъуждул,
Гьал рукьалда жемун гьабуна чІухІи.
ЧІегІерал кьунсрузукь, чІегІерал тІелхакь
Рохун расандизе гьаруна берал.
Цин уна, гьороца хъамурай гІадин,
Цинги нахъ юссуна, босе, майилан,
Цин квералги риччан бахъула свери,
Цинги цІа бакарай гІадин ячІуна, –
Гьеб цІаялъ дир керен бухІизабизе,
Дида рухІги, яхІги, жигарги гьезе...
Дида гъаргъар бана, бакъ ккараб гІадин,
Бадиб цІа бахана, черх сородана, –
Чанил тІинчІ кинигин, кодойги ячун
Цо гьей яс хъамизе рес бугебани...
Дун кьурдизе ана... гьеб къоялъ гІадин,
ГІумруялъ кидаго дир чара хвечІо.
Къарал чакмабиги, тамахаб черхги,
Тамаша... лъалареб цониги кьурди...
КьурдичІого чІани, Шагьри елъила, –
Щиб дица гьабилеб гьаб рокьиялда?!.

Судалъ хIукму къотIун унев кинигин,
Ана бокьичIого, гьарсан абун, дун.
Гьанже лъидаго хIал лъангутIизеян,
ХIукму ккана рекIел, хIал кIвараб куцалъ
КIанцIезе, ахIдезе, кверал хьвагIизе,
Зурма-къолол гьаракь къине гьабизе.
Гьедин дун довехун вилълъун кIанцIана,
Гьанивехун вачIун накаби чIвана...
Зурмил бакъаналде рекъон кколареб
Дир кьурдиялъ ГIахьвахъ ГIумар вохана.
Гьев гIемер велъиялъ, дихъги балагьун,
БакIидаса вортун ракьда вукIана...

## АХИР

Гьале гьаб бакIалде поэма щварабго, дун ине ккана кивеялиго рикIкIаде сапаралъ. Цадахъ поэма босичIо. Гьелъул хIакъалъулъ ругел дирго пикраби росана. Амма пикраби цоги цIиял пикрабаз хисана. Дунялалдаги дир рекIелъги кIудиял хиса-басиял ккана. Сапаразги соназги дир гIумру хисизабуна, цIиял ургъелаз цIиял асарал рижана, хъвана.

Щибха тIаде хъвазе ракIалда букIараб дида? КIочон батичIони, къокъго бицинин. КIочонаро...

Поэма гьоркьоса къотIана битIун берталъ дун кьурдулеб бакIалда. КъотIарабго лъикI, цIакъ рохел гьечIеб кьурди букIана гьеб. Доб сордоялъ гIемерав кьурдиялъ жеги хIатIаздаса хIур тIагIун гьечIилан ккола цо-цо мехалъ ракIалде. Яс гIодой чIечIого, гIолихъан нахъе ине бегьуларелъул, дица жигар бахъулеб букIана, ияхI гьабун, ахиралде щвезегIан кIанцIур бачине. Вацасул чакмабаз, гьадингоги дида тIад къарал, хIатIал, гъуцIдуз гIадин, данде къалел ругин букIана кколеб. Каранда чвархъолел медалалъан чорхолъан гIетI бецIцIулеб гIадин букIана. Цо талихI зурмихъанасда релъи речIчIана. Гьелдаса пайдаги босун, дун хантIан гIодов чIана. ГIагIаялда киналго релъулел рукIана. Хадуб бицана, жийго бахIаралъцин дихъ балагьизе пардав борханилан. Киназдасаго цIакъ велъанхъилев вукIана лейтенант...

ЦIидасан зурмаги пун, цогиял кьурдизе рахъаралго, дун нахъе ана. Ана дун лъидаго абичIого, лъачIого, къваридго. Сонал аниги, унтизабулеб букIана ракI, дихъ ралагьун гIахьвалаз гьадаб сордоялъ гьабураб релъиялъ. Хасго доб сордоялъ дица хиял гьабуна гьаб ракьги тун, гьаб рокьиги тун, дирго росулъе вуссине. Амма кIвечIо. ГанчIилал къватIазда, бецIаб чияраб росулъ дунго цохIо вуго талихI къосарав свердилев. Къварилъараб мехалъ кидаго балеб гIадин, базе лъугьана цIад. Дун цо рукъзабазул къадал ракьанда лъураб чIалуялда гIодов чIана. Дица дирго медалал рахъун чвантинир лъуна. Гьанже хIажат гьечIо. Чвантиниб гIисин гIарцуда цадахъ зигарде, чвархъе абе. Азарго хIисаб, нусго хиял... Дир хирияй Шагьри, къо-мех лъикI дуе!

Доб мехалъ дихъе бачIана тIоцебесеб рокьи; тIоцебесеб рокьул

къварилъиги, тIоцебесеб къваридаб кечIги. Дида гьанжеги ракIалда руго гьеб кочIол мухъал:

Дун вачIун вукIана бакъалда хадув –
Бакъ дидаса ана, къо-мех лъикI, Шагьри.
Дир каранлъ тIегьараб билбагIараб тIегь
ТIелалде бечIана, къо-мех лъикI, Шагьри.

Дур цIар дида цадахъ дур дунялалъги
Щурулеб букIана, къо-мех лъикI, Шагьри.
ЦIадал сордо ина, цIияб къо щвела,
КъолъикI дуе, ГIахьвахъ, къо-мех лъикI, Шагьри.

Къаси дун лъагIелаз кIудияв гIуна,
Лъана дидаго дун, къо-мех лъикI, Шагьри.
Дур кьурди бихьана, дур кечI рагIана,
Кепалда йикIа мун, къо-мех лънкI, Шагьри!..

Шагьри!.. Дицаго щурулеб гьаб рагIи гурони, пулеб зурмилги ахIулеб кочIолги цIураб ГIахьвалазул бертадул сордоялъ, щибго дида рагIулеб букIинчIо. Дун ГIахьвахъе щваниги, ГIахьвахъ йигей Шагьри дидаса йикIун йигей рикIкIада... Дол гIадамазул гIагIай, дов лейтенант, дир пашманлъиялъ вохарав! Мунги лъикIай йикIун йиго, лъикIаб кеп гьабуна гьезие дуца, ГIахьвахъа Шагьри!

Щиб гьабилеб, гIайиб дирги ккана, тIасалъугьа. Къо мех лъикI, Шагьри. Лъаларо цIадал горойищ, магIил горойищали, кIиябго жубанищ дир гьурмада бугеб? Беразда гъоркьан гирун унел цо рухIарал гарал руго. Гьел гаразги дида цадахъ къваридго къо-мех лъикI, дир хирияй Шагьриян абулеб буго.

Цо заманаялдасан бертадул иш тIеренлъун, гIадамал цин цо-цо ккун, цинги кIи-кIи, лъаб-лъаб ккун, руккалаби гьарун, рокъоре руссине лъугьана. Хадув дида, дове вортун, гьаниве вортун, гьобол виларав ГIумарги вихьана. Дие бокьун букIинчIо гьесда ватизе. Дица гьесул ахIиялъе рагIаниги жаваб гьабичIо. Гьале цо заманалдасан Шагьриги эбелги раккана. Данде ккарав ГIумарида Шагьрица ватичIищан гьикъулеб рагIана дида.

ВатичIилан, кивго тиранилан жаваб гьабуна ГIумарица.

«Кивдай дир «дурц» гьадигIан хехго виларав?» – илан абуна эбелалъ.

– Эбел, те гьеб махсара, вас цIакъ пашманлъун ватила, – ян абуна Шагьрица.

«Пашман вуго, Шагьри, цIакъ пашман вуго», – ян абуна дир ракIалъ.

Чан миллион вугев дуниялалда –
Дидаса пашманав щивго вугодай!
КигIаи сонал рараб дуца, Дагъистан, –
ДунгIан талихI къарав щивго вижанищ?

Гьал рагIабиги доб мехалъ хъварал рукIана. Жакъа хIисаб гьабураб мехалъ, гьедигIан кIудияб букIинчIониги, доб мехалъ дида, гIолиласда, кколеб букIана гьадин керен унтараб къо живго Мажнунилги, машгьурав МахIмудилги букIун батиларин. Амма халалъичIо дир къварилъи. Хеккого доб цололъан рокъоре унел эбелги яаги дида цере щвана. Шагьрида дун вихьана. Дица кьижараб ххвел гьабуна.

Расулин ахIана гьелъ. Дун вуцIцIун чIана.

Ва Расулин абуна эбелалъ, дун вуцIцIун чIана.

– Гьав Расул ватиларин рилълъа, – ян гьел ине лъугьараб мехалъ, бокьараб букIаян дун кьур-кьудизе лъугьана, вагъардана, цIавуцIана. Эбелги ясги аскIоре рачIана.

– Расул! Ва Расул!

– Гьа... – ян берал кIвекIулаго тIаде ворхана дун.

– Мун щибулев гьанив, щай арав берталъа?..

Вилълъа, гьоболасухъе щвезавилин.

– Дун гьанив чIела.

– Щай?.. Рекъон гьечIо.

– Дун гьанивго чIела.

– Вилълъа нижеде, къаси нижелъувги вукIун, метер инин гьоболасулъе.

– КIваричIо, те дун.

– КъватIахъ, цIадакь! Мекълъуге.

– Те дун.

Шагьри, щибго абичIого, чIахIиял хIорилал бераз балагьана дихъ, цинги босун гьелъ дир рукь ккуна.

– Расул, рагIи абуге, вилълъа!

Дие бокьун букIана рукь бахъулеб ххвел гьабизе, амма, рукьалда бидурихьалъан тсцк речIчIараб гIадин, дида кIвечIо. Дие божьун букIана вилълъинарин абизе, амма, цоцада кIутIби седарал гIадин, кIал рагьун бажаричIо.

Вилълъа, дир васин, цояб рахъалъ эбелалъги ккураб мехалъ, дун гьезда цадахъ цо рагIи абичIого вилълъана. Вилълъана цо къотIносан цояб болъодахъе вахунаго. Эбелалъ щулаго, Шагьрица бигьаго ккун букIана дир рукь. Амма сородулеб букIана Шагьрица ккураб рукь. ГIетIги гьелъул рахъалдехун бугеб кIаркьеналдасан чвахулеб букIана.

– Квачалев вугищ?

– ГьечIо.

– Сваквалев вугищ?

– ГьечIо.

– Ниж рикIкIада гьечIо. Гьугъуб лъарал рагIалда бугеб рукъ буго.

– Киб бугеб лъар?

– Гьоле, гьаракь рагIуларищ хъудулеб?..

Дун гIенеккана, дида дирго рекIел гьаракь гурони рагIулеб букIинчIо. Амма букIаниги, рагIулеб бугилин абуна дица. Щвана ниж лъарал рагIалде.

– Гьанисан нилъ цоцо ккун рилълъине ккела, цIакъ мукъсанаб, тIеренаб, божигьечIеб кьо буго...

Ана эбел, ана. Шагьри. Ахирги дунги вилълъана, тIоцеве кваридасан унев палугьан гIадин. Шагьри доб цояб рахъалда йигониги, дида Ккун букIана, жеги Шагьрица щула ккун бугин дир рукьан. Кьодул бащалъиги тун, доб цояб рахъалде щолаго, дир хIатIакь цо тIил бекана, цо къоно бортана, цинги дун хIабургъараб лъаралъе вортана. Вортун хутIичIо, кIалагъоркье гIодовги речIчIана. Гьир гIечIелъубе къвачIа кинигин, гьеб къварилъиги баччизе ккана. Дун, хIоринибе ккараб бече гIадин, хIалалъ эбелалъги ясалъги квералги цIан къватIиве вахъана. Дида ккун букIана киналго ГIахьвалал цIалгун виччарав, лъел чунтби цIурав, тIадежоялъеги цо ганчIилъ тункун наку ччукIарав, дида рельанхъулел ругин. Амма гьаб нухалъ щивго велъулев вукIинчIо. Шагьриги эбелги, жидер гIайибалдалъун гьеб ккараб гIадин, пашманго рукIана дихъ балагьун.

Огь, квешаб, санагIат бахъараб бакI бугин жидер гьабан абуна эбелалъ, машина хIарщулъе ккарабго, шоферас нух какулеб гIадин.

– Дунги щуцIулниги йортана гьание, – ян вуссинавулев вукIана дун Шагьрица...

Огь, рокьул мурад, духъе щолел нухал бигьаял гьечIо! Цо нухалъ гуро дун дуца тIохIдасан рехарав, гIоралъ восарав, хIинкъарал кьурабазул мицIраздасан вачарав, виччарав, ччухIарав, вухIарав. БукIаниги, тIоцебесеб букIиндал, ракIалдаса унаро ГIахьвалазул росдал лъаралъ дунго лъалъарав куц.

Гьанже цIад дидеги дидасанги чвахулеб букIана. Щвана дун вецIцIулаго Шагьрил рокъове. Гьелъ кверги ккун, бече гIадин, хадув цIан вачана дун болъодухъа тIаде. Эбелалъ, нуцIаги рагьун, чирахъ бакана. Шагьрил гьумер цIидасан бихьана. Дун сородулев вукIана. ГIахьвахъе вачIунаго, росдал рагIалда нух чIван цебесан араб чIегIераб кету ракIалде щвана.

Шагьрица дие цояб рокъоб бусен тIамуна. «ТIаса парталги бахъун, хех бусалъе лъугьа!», – ян абуна эбелалъ дида.

Дица дове-гьанивеги валагьун, хIинкъадго, хIалалъ рахъана чакмаби, партал. Дун бусалъе лъугьана:

– Веганищ?

– Вегана.

ЯчIун эбелалъ ана босун дир кинабго ретIел цояб рокъобе. Босун иналде цебе, чвантинир ругел дир значокал, риччарал кучIдузул кагътал къватIире рахъулаго, эбелалъул хIинкъараб гьаракь борчIана. Гьеб хIинкъи халалъичIо, гьей хеккого кIарун елъана... Чвантиниса къватIибе къверкъ бачIана кIанцIун. Гьеб, киб бакIалде жиб ккарабали лъаларого, хIикматго букIана балагьун...

Гьелдасаги хIикматал хIисабазда гъорлъ восун дунги вукIана. Шагьрил юргъаналъулъ жемун, вагъаризе кIоларого гIицIтолохIочго вегун вукIана дун. Доб цояб рокъоб къирун хутIараб нуцIида гьоркьосан дида бихьулаан, гъасда ракги лъун, бакулеб цIадул кунчIи, рагIулаан гIертIинисан тIарсинибе тIолеб лъадал гьаракь; цIадухъ кIиго квачараб лъимер гIадин, гIодоб чIун буго дир кIиябго биччараб чакма.

Чурун бачIана Шагьрица дир тIажу. Гьанже гьеб, бакъвазе кварида даларaб, – палугьанасда релълъун бихьула дида. Дунгоги кваридасан унаго, гьебги тIун, гIодове вортарав гIадин вуго. БукIаниги дир рекIелъ цо рохел буго,

кинабго оскаралдаса дир рекІекълъи гьечІо. Дун Шагьрил рокъов, Шагьрица тІамураб бусада вуго, дида Шагьрил кверaз бакулеб цІа бихьулеб буго, Шагьрица дир партал чурулеб, бацІцІунеб буго. Дир Шагьриде хьул цІикІкІунеб буго. Дида гьей дидаго цадахъ кинабго гІумруялъ гІемерал росабалъ, шагьаразда йихьулей йиго. Дун ккараб къварилъиялъ гуребги талихІал къасдазги кьижизе толев гьечІо. Шагьри ячІуна...

– КъваритІараб жо бугищ?

– ГьечІо, Шагьри, щибго гьечІо.

– ЦІад кьотІун буго. Горду рагьун телищ?

– Те, балагье, дие батІалъи гьечІо.

– Нагагь квачани?

– Дун «ЦІадаса» вуго.

– Агьа, дида кІочене дагьаб хутІана, – ян абуна, гордуги рагьулаго.

– Кьижун буго росу...

– БахІаралгиийищ?

– Лъаларо... Сордо лъикІ, дун ана.

– Кидаго лъикІ бихьаги, Шагьри... Къваридабги талихІабги сордо. КІиябго гьеб асар цоцада цолъараб цо гІорхъуда, гІемераб мех иналде щаяли дун гъапуллъулев вукІана. Гьеле гьеб мехагъ дир гордухъ цин чарухъазул хъварщи, цин чакмабазул къирщи, хадуб гаргар, щурщур бахъана. Гьеб гІемерлъана. Гьеб гаргар, щурщур Шагьридаги рагІун батила. Гьай бигьа гьабун дир рокъое ячІана. Дица кьнжараб ххвел гьабуна... Гьелъул горда ичІго чІимих речІчІана... Щибдай гьанже букІинеб?..

Дица цо кочІольги хъван букІана ГІахьвалазул гьеб гІадаталъул рахъалъ. Доба цо-цо росабалъ, жиндиего яс тІаса йищизе, ялъуни ясалъ живго вищизе, къаси гІолохъабаз гордухъан тІаргъал рехула. Ясалъ жиндиего вокьарав васасул тІагъур жанибги тун, хутІарал тІаргъал гордухъан хьуризарула. Чанги хьуризабураб тІаргъидаса хІур кІутІизе ккана дицаги цересел соназ. Дица гьеб ГІахьвалазул гІадат гІаламалъего кьелаан. Амма гьанже гьеб некІсияб гІадат ГІахьвахъги лъугІулеб буго. ГІищкъуялъул цІияб форма баккун буго. Гьеб батІияб хабар буго. Хадуб киданиги цоги нухалъ бицина...

Доб мехалъ, бертин лъугІун хадуб кеплъарал, гІащикълъарал гІолохъаби Шагьрил гордухъе ракІарана ва жидер чІухІарал тІаргъал гьез гьелъул гордухъе: тІаса вище, Шагьри, бокьарав васан, къотІе нижер дагІбайин, хьуризаруна.

БатІи-батІиял рукІана гьел тІаргъал, заманаялъ росдал гІолохъабазул формаби хисизарун рукІана. Гьенир рукІана азарго сон барал гІарал гІадал гІухьбузул тІаргъалги, хъахІал чадирал гІадал буртина тІаргъалги, росулъ доб мехалъ цо фельдшерасул гІадаб шляпаги. Багьа хирияб бухари тІаргъида цадахъ гьенибе боржун бачІана лейтенантасул цІва бараб шапка тІагъурги.

Огь, сородулеб сагІат... Дида ккана, дица бахъун тІубараб росдал васазда цебе дирго буртина тІибитІун бугилан ва дун гьелда тІад вагъулев вугин. Вагъулев вуго, дир гІетІ бецІцІулеб буго, дир би гьалдолеб буго. Гьабго щиб? Бажарилищ дихъан, мискинав гьоболасухъан гьаздаса бергьине? Гьазулалла аскІоб дир щурун бекараб шапкатІагъур цІумазда гъорлъ кваркьи бекараб

гъедуялда релълъуна. Гъарим, гІолихъан – поэт, вахъа къватІиве, бухъизабе вачІарабго нухалъ. Дуе гьаниб бакI гьечIо. Амма гьаб щиб, бачил рачIчIалъ чаргъедойищ кколеб бугеб? Бархъалисезул чол ккарабцин кколеб гьечIищ дир?...

ГьитIинго дир росулъе щегI бичизе, чода гьагьалги лъун, вачIун вукIана бархъалисев. Доб мехалъ росулъ чуял риччазе къачIадилел рукIана. КъачIарал чIухIарал айгъиралгун авлахъалде ракIарун рукIана тIалъиялъул бицунел рекIарал. Цо лъицаялиго абуна бархъалиседа, гьев махсара-хочI гьавун, дуцаги биччалариш дурго чуян. Квеш букIана бархъалиседа махсара. Биччалин абуна гьес, киналго релъизарун.

– ЛъикI буго.

– ЛъикI буго.

Чуял риччалеб сагIат, ,цо свери, кIиго свери – нахъа вуго бархъалисев. Лъабго свери, ункъо свери – цеве унев вуго бархъалисев, щуго свери – бищун цеве чIалде вачIунев вуго бархъалисев ва балеб буго гьесул чол горбода гор...

Дир чу, жакъа дун бархъалисев гIадин вуго. Шагьрица цо-цо ккун тIаргъал хьуризаруна. ЧIухIарал бухари тIаргъаз къотIноб хIур бахъинабулеб буго. Бокьоса къватIире гъолел чахъабазда релълъуна нахъе рехулел гIухьбузул тIаргъал, гIинги ккун хьуризабуна фельдшерасул шляпа. Цо хъахIаб хъурайсин тIагъур, дида лъана гъоб. ГIумарил кIудияв вацасул тIагъур, щаяли Шагьрица жаниб чохтIоги лъун, цIакъго ццидахъ рехана къватIиб. Дун хIинкъараб лейтенантасул цIваги кенчIолаго бачIарабго нухалъ ана. Амма лейтенантас божичIого, тIагъур нахъеги жанибе рехана, гьеб нахъеги къватIибе боржана. КъватIиб хъуй, гьалмагъар! Шагьрица, нуж кватIанин, нуж тIубараб гIумруялъто кватIанин, гордухъанги яккун, дир шурун бекараб шапка бихьизабуна. Хъатица кIал чIварал лъимал гIадин ана гIолохъаби нахъе. Дир рекIел кIутIи хутIун, кинабго гьаракь къотIана.

– Шагьри, – ян щурун гIадин абуна дир ракъварал кIутIбуз.

– Кьижа, сордо лъикI, – ан ана гъой, амма я дун, я гъой кьижичIо. Дун гъолъул пикрабалъ вукIана, гъой лъил пикрабалъдай йикIарай?

Рогьалида цо гIеч хъвалхьараб гIадаб хъахIлъи рехана рокъобе. Шагьрил рокъосан дир рокъобе нуцIа къирана, цинги цо гIицIаб хIетIе баккун бачIана. Дир черхалда гьури-цIерги, цIадги, цIаги – кинабго цадахъ базе лъугьана. Хадуб баккун бачIана гьумер. Дун гIодове виччана. Шагьрил эбел ячIана, дун ворчIунгутIизеян бигьа гьабун дир чурараб, иту тIамураб тIажуги, цинги рацIцIадал, нах бахун, лъухьарал чакмабиги росун. Гьелги нуцIида нахъа лъун, гьей ана. Дица гьелъул магIна гьабуна, гьанже дун вахъине замана щванин. Вахъана дун, ретIана жеги тIубан бакъвачIеб тIажу. Гьелъул галифабаз, кутакалда иту тIамиялъ, бокьараб оц хъвезе бегьилин ккелаан ракIалде. Чакмаби! Гьанжени кьурданиги бегьилаан, кьабе цо – ракь хъвалхьина гьаз. ЗинкI-звакI, къирщ-къварщ – музыка буго бачунеб, вилълъунеб мехалъ.

Бачунаго гьеб музыкагун вилълъана дун рогьалилъ бидулъ ччурал гIадал бакъул чIоразде данде. ЧIахъаги гьеб къо, чIахъаги хIасрат! ЧIахъаги дир хирияй Шагьри, гьей кавудухъ гIака бечIчIулей йигсан.

– ЙорчIами!

– ВорчIами!

Гьеб букIана бищун ракI бохараб гьогьен. Дун, киве уневали дидаго лъачIого, унев вукIана росу чIван... Дир рахъалъ хабар, щур-щур гьеб къоялъ дун ворчIилалдего борчIун батана. Яги гьеб кьижунцин батиларо. Гьале гIачи гъезе уней кIиго чIужуялъ, цоцазда тункун, гьадале дован дун вихьизавулев вуго. Гьелгун къадада рак чIвалей йикIарай цоги чIужу, цинги лъадас унел кIигоял цолъана. Киназго дирги Шагьрилги бицунеб буго.

– Йо, мун лъеца йосаяй, щай юссунарей?! – ян лъадуде ахIтIезе лъугьана тIохде вахарав цо бихьинаб хIара, дун вихьарабго лъадуде бугеб ццинги чучун.

– ВорчIами, гьобол, гьуинаб макьу бихьун батила, дуда? – ян дидаги кIалъана...

РакIалде кколаан киналго гIахьвалазда сонисеб бертин кIочон тезабунин дицаян. Диего гьеб бертин, букIараб-букIинчIеб макьилъ бихьараб гIадин, букIана пикрабазул макьида гьоркьоб...

## МАГIАРУЛАЙ

1953-1956

*«ЙорчIа, магIарулай, гIелин кьижарай»...*
*З .ХIажиев*

### БАЙБИХЬИ

Щибаб март бачIингун, магIарул чIужу,
МахIмудил хабада лъе ихдалил тIегь, –
ТIубараб гIумруялъ гIащикъаб ракIалъ
Мун кIодо гьаюраб кечI ахIанин дос.
Дос дуда абуна ихдалил тIегьин,
Дос дуда абуна багIараб бакъин, –
РагIанищ магIарухъ досдаса цеве
Дов гIадин берцинго дуда кIалъарав?!
Досул мугъалла тIад тIилид бахъараб
Нусго мухъ букIана дуде кечI хъванин, –
Амма тушбабазул тIилазда кIвечIо
Дуде бугеб асар хисизабизе.
МугIрул тун витIана гIолохъанав дов
РикIкIад Карпаталъул рагъул коронив, –
Ва амма киналго цIаязулъан ун,
ЦIунана дос дуде хIеренаб рокьи.
Духъ ракI унтарав дов дур тушбабаца
ЧIвана, Хочбар гIадин, гьоболлъухъ ахIун,
Ва хвалил лахIзаталъ досул беразукь

БукIана дур сурат, магIарул чIужу.
Дуца рекIелъ цIуне, дир ракIалъул яц,
Духъ керен унтарав цоги кочIохъан.
Дида лъала, досий макьу букIинчIо,
РакIалде щолаан щибаб сагIаталъ:
ГIандадерил ясал гIарцухъ ричулел,
ГIандадерил ясал хIалалъ рахъарал...
Эменги, гъудулги, вацги кIалъачIо
Дудехун гьуинго, поэт кинигин.
Дос Октябралъул залпазул магIна
МугIрул руччабазе ахIана кочIолъ,
Ва щибаб рагьараб нужер гьумералъ
Дов вохизавуна ихалъ кинигин.
Хадуб гIумруялъул ахирал соназ,
Махсароде гIадин, хъван букIана дос,
ХъахIаб мегежалъул херав чиясе
Нуж рокьулел рукIин кIочон тогеян...
Дудехун букIараб рокьул асар дос,
Васиятги гьабун, кьун буго дие.
Дур тушманзабигун вагъизе ине
Ярагъ дос ирсалъе тун буго дие.
МугIрул чIужугIадан, гIемерал веказ
ГIодана поэтал, нужехъ хал гьабун;
Нужер къварилъиги нужер къисматги
Къалмикье бачана угьдулаго гьез.
МугIрул чIужугIадан, чIегIерал соназ
Бищун лъикIал васаз би гIодаб тIуна:
Нужер бадиб бугеб магIу бакъвазе,
Нужер рукъзабазул гордал рагьизе..
Лъала, дунялалда тIунщинаб магIил
Лъарал бихьиназул ратун хадуса,
ГIоралги, хIоралги, оксаналги
Нужер магIил рукIин, гIазизал яцал.
Лъала, гьаб ракьалда кканщинаб гIазаб
ГIадамазда гьоркьоб бикьун хадуса,
АнцIилаб бутIа тун, хутIарабщинаб
Нужер бетIералде тIаде ккараблъи.
Гьелъин нуж векаца хекко херлъарал,
Гьелъин нуж векаца хекко къуларал;
Гьелъин нужер гIумру къокъаб букIараб,
Къварилъи халатаб букIананиги.
Гьелъин нужер кучIдулъ, бальго ахIулел,
БухIиги рухIелги гIемераб бугеб.
Гьелъин нужер макьу дагьаб букIараб,
Дагьаб макьу нужер кьогIаб букIараб.

Гьелъин гьитIинабго къоялъул рохел
ТIолго гIумруялъе тIолеб нужее.
Гьелъин гIолохъанлъи, хех тIаса унеб,
Херлъидал биценалъ букIунеб нужер.
МугIрул чIужугIадан,.. жеги гьитIинго
Дида гьулакалда рагIана дур кечI.
Гьеб кочIолъ букIана даимаб божи, –
Вас кIудияв гIелин, гIадан лъугьинин.
Жеги гIумруялъул байбихьиялда
Дида бищун цебе лъана пашманлъи, –
Улбузул сабурал берахъ балагьун,
Сардилъ гьез рицунел харбахъ гIенеккун.
Ва макьил ригьалда гъастIеги къулун,
Къваридаб зигарди рагIана дида...
Огь, руччабазул ракI хех хIалтIулеб куц!
Гьез хIухьелги бальго буго босулеб.
МугIрул чIужугIадан, киналго соназ
Дур сурат букIана дир берда цебе.
Дур къварилъи лъарав дур васасул ракI
БухIана кIвекIулеб кIудияб ничалъ.
Нечана чвахулеб гIурухъ балагьун –
Чан гIолилай хварай гьелъул сверабалъ:
ТIад лъалкI хутIулареб лъелъеги кIанцIун,
Лъидасаго гIищкъул къисаги бахчун?
Нечана борхатаб кьурухъ балагьун –
Чан кьерилай арай гьенисан кIанцIун:
Гьороде хIанилаб керенги рагьун,
ХIикмалъизе мугIрул чундулги гьарун?
Берцинлъи нужее рохел букIинчIо,
РакIазе угьдизе кьураб букIана –
Кьурарал гъалазул кваралги гьарун,
Гьезда ран гъанкъана магIарул ясал.
ЦохIо, гьумер рагьун, гьиме мун къватIий –
Къаси мун юссизе нус батулаан.
Берзул тIелхал рорхун, хал гьабе чияхъ –
Черхалде нартги тIун мун юхIулаан.
Векаца нагIана рагIарал гIундул!
Дица гIемер соназ, тIолго сапараз
Ургъана рагIаби бищун тамахал
Нужей рохелалъе ва хинлъиялъе.
Ургъана рагIаби, магIарул лугъат
Хъирщун балагьана, гьечIо рагIаби, –
Гьарула, дилъ бугеб дудехун адаб
Дуе кьезе кIвечIин, тIасалъугьаян.
Дун налъулав вуго гIумруялъ дуе:

Дур лебаллъиялъе, гъайбатлъиялъе,
Гъурмада рикIарал рукIкIалабазе,
РекIелъ жаниб бугеб пашманлъиялъе.
Дун налъулав вуго дур ияхIалъе,
Дур къохIехьеялъе, дур гурхIелалъе,
Дур макъу лъаларел берazда цеве,
Дур рахIат лъаларел кверазда цеве.
Дур ботIрода бугеб ургъалил гъамас
Гъежда лъун баччизе хIал кIолеб ани!..
ХIалимай, сабурай, магIарул чIужу,
Босе гъаб дир асар сайигъаталъе.
Мун гьалъ дагьайниги кантIизаюни,
Канлъуде цодагьалъ гIагар гьаюни,
Гьеб букIине буго дуниялалда
Дир бищун кIудияб гIумрудул талихI!

## ТIОЦЕБЕСЕБ БЕТIЕР

*«Дир кечI, дур тIулил яц йиго юхулей».*

*Некрасов*

АнцIабилеб класс, ахирияб дарс,
Ахирияб суал, ахираб жаваб,
Жиб-жиб рокъоб щвараб щобил багIарбакъ –
Школа лъугIана магIарул ясалъ.
Жеги бацIцIун гьечIо доскаялдаса
Гьалъ хIараб масъала,.. хIарпал, тарихал...
Херай учителалъ отметка лъуна
Ва, ине багьилин, бетIер гьанкIана.
Мелалъ хъахI гьарурал кверал рацIцIана,
КверIбацIцIалъ гургинаб гьумер бацIцIана,
АнцIабго соналъул свакги ургъелги
ТIаса араб гIадин, хIухьел угьана.
АнцIабго соналъул кIкIалал нухги тун,
КIудияб магIарде яханин ккана.
Чвахулеб гIоралъул лъадада квачI бан,
ЦIияб рагIаллъуде щванилан ккана.
Гьай ана. ХутIарал хадур ахIдана,
Ася, дуда тIахьал кIочон танилан.
Гьанже гьалъий тIокIал тIахьал щибизе? –
Школа лъугIана Асиятица.
Гьай борхатаб мугIрул тIогьий яхана,

Чвахулеб гIор бахун рагIалде щвана.
Гьанже щиб гьабилеб, кие иней, яс? –
Ине бегьилилан, йитIун йигин мун.
Ине бегьилилан, а мун гьанжеян,
Абуна гьабсагIат дуда школалъ.
Дунялалда нухал гIемерал руго,
Мун кинаб нухдасан иней, хирияй?
Хинал ракьал цIехон, роржуна хIанчIи,
Кибе боржинеб мун, дир мугIрул гIанса?
ТIогьол гIидраялде уна гIаларча,
Щиб гIидраялде мун инеб, тайгIала?
ГIужде щвараб микки, мугь цIубараб тIор,
АнцIила анкьида кьурарал гъалал,
Мун гIорал цолъулеб, нухал рикьулеб
Маххул кьодухъ йиго, мугIрул росдал яс.
ГIорал ралъадахъе руго чвахулел,
Нухаз шагьараздe руго рачунел.
Шагьарал, ралъадал дуда рихьана
ГIицIго тIахьаздаги картабаздаги.
Гьел кучIдулъ рукIана дуца ахIулел,
Гьел дарсалъ рукIана дуе цIалулел.
Рогьалил макьаби, сардил пикраби –
Гьезулъ рукIана гьел, ракIалда гьечIищ?
Гьел рукIана ихдал росулъе щолей,
Шагьаралца йигей Парил кагътазулъ!
РукIана рииялъ росулъа уней
Учительницаялъ рицунел харбалъ...
Хирияй Асият, ине бегьилин,
Жакъа дур улкаялъ абуна дуда.
Мурадалде щваяй, анищ тIубаяй,
Азарго нух буго дур берда цебе.
Абе, щиб нухалде дур хиял бугеб,
Бице дур хирияб мурадалъул цIва?
Яги эбелалъул цIалкIил гьаркьихъе
ЦIадухъгойищ чIелей гIагараб росулъ?

* * *

Нужеда бихьанищ, мугIрул тайгIала,
ГIурдаде тIоцебе биччараб мехалъ? –
Добе бекерула, гьаниб кIанцIула,
Зодихъе балагьун гьеб хIихIидула.
ХIанчIи жинде аскIор ахIулел гIадин,
Я накIкIазе низам гьабулеб гIадин,
Гьабизе жо тIагIун, бохун букIуна,

Бохдузе лахIзаталъ хIалхьи толаро.
Хадуб, мех арабго, чIалгIуна гьелда
Аваданаб гIидра, гIанчIлъи ва авлахъ.
Гьеб, бетIерги кIичIун, чIола гIенеккун,
ГIакIа ахIулелъул росу кинигин;
Ва русснаде буссун къварилъахъдула,
Эбел ятIалъараб лъимер кинигин.

Нужеда бихьанищ, милъиршодул тIинчI,
ТIоцебе боржине лъугьараб мехалъ? –
Гьелъул рохалилал кочIол бакъназе
ТIолго авал къоно къварид букIуна.
Росулъ хутIуларо гьеб рещтIинчIеб тIох,
ТIад гьеб гIодоб чIечIеб телалъул хIуби.
Хадуб гьелъул кочIол чIичIи къотIула,
Квешаб къо ракIалде бачIараб гIадин.
Пашманго жиндирго рокъобе буссун,
Бусада свакараб паракъалъула...

Ася, классги къан, къватIий лъугьингун,
Къвалакье ячана гIелалъул ясаз;
ГIазугIан хъахIаб шал, гъалаздаса ун,
Гъуждузде бортана, буртина гIадин.
Гъалазул расаца тIаде риччани,
Рахчилаан дунги гьудулги цадахъ.
Амма гьел гъалазда тIасан къвалги бан,
Къайи цадахъаз гьай йиго ячуней,
«БатIияв чиясда» – алда кIалъазе
Ихтияр лъилниги гьечIеб кинигин.
Гьел ургъел лъаларел ясазул гьаркьаз,
Гордахъан, нуцIбухъан классазде ун,
Испытаниялъул комиссиялъул
Киналго членал рохизаруна;
Жегиги гIумруялъ дагьав кIалъалев
Директорасецин кеп щвезабуна.
Гьас гьезда абичIо: ЧIа! Хъазал гIадин,
Хъудуге ясалин, гIелин нужеян...

Ясазул букIана кIудияб рохел,
Нухал рикьун рокъо-рокъор ана гьел...
Асяда рукъ чIвана чIобого данде:
Эбел магъилъ йиго, эмен – магIарда.
МугIрул вехьасул яс, къандалъоялда
Къвал бан, дагьаб мехалъ гIодой егана.
ГIемераб мех инчIо, чIезе кIвечIого,

ЧIар тIад тIибитIараб тIохде яхана.
ТIубан сагIаталде кинабго росу,
Нусабго цIараки тирун юссана.
Роржунел хIанчIазе кьуна гьалъ салам,
КьагIрил бетIералда тIад бахъана квер,
Каранзул ракI буго рикIкIада зодихъ,
КвачI бачIого къасдал руго лъедолел,
Лъедолел руго гьел полпил гIурулъан,
Гьенире ротарал тIанхал кинигин...
МугIрузул гьуразе гьимун елъана,
КIкIалабахъ иццазе бицана рохел.
ГIурабазул тIугьдул лъаралъе рехун,
Яхун магIардегун бакъгун кIалъана.
Бищунго борхатаб кьурдеги яхун,
Кьурдизе букIана гьалъие бокьун.
Кьурдасан роржунел цIумазда релълъун,
Йоржине букIана гьалъие бокьун...

Гьедин гьай сверана ссан гьечIеб магъилъ,
Гъуждузде гIунтIулеб гIурччинлъиялъулъ,
ТIанхазда гьоркьосан гьумерги баккун,
Гьалъухъ балагьараб гIечул гъутIбузукь,
Гьалъ рокъор киналго гъансал ричIана,
Нусго нухалъ партал къватIиб бахъана, –
ГьитIинлъун букIана рекIее керен,
РекIел рохелалъе мугIрул борхалъи.
Кколаан Асяда, кинабго росу
ГьабсагIаталъ жиндихъ урхъун бугилан,
ХIанчIаз ахIулеб кечI жиндие бугин,
Бакъги жиндий гIоло къалъ-къалъун бугин.

* * *

Цо чиясул рохел кинабго халкъалъ
Кидадай гьабилеб, дир гьудул, гIахьал? –
ГIолилалде талихI гьоболлъухъ щвейгун,
Гьелъий гIакса магIна кьола гIолилаз.
Асял гIанчIлъи бихьун, гIолохъабаца
Цоцазде ишанал руго гьарулел.
Гьай цеесан ингун, херал гIадамал,
ГIор гIадин щун йигин, руго гаргалел.
Гъолъул гванзлъийила, гъолъул гогьлъийин,
Цо хъуй гьабичIого чIеларин росулъ,
Рокьул хIал бергьиналъ кьурдулей йигин, –
ХIорихъ кIиго чIужу йиго щурщулей.

Нич гьечIей гьай айгъур, росги къваригIун,
Нус-гIучIгун ягъулей рагIула рокъой, –
Росас гурони гьой квегъизе гьечIин,
Ккун чIолареб чуян руго харбазда.
БетIизе гIун бугин камилаб тIегьин,
Кваназе гIун бугин багIараб гIечин,
ГIемер кватIиларин, юргъа квеш гьечIин, –
Мадугьалзабаца гьабула накъит.
Ва иццухъ Асяда кIиго гьудулалъ,
Цоцаздаги гьимун, гьадин абула,
– ЦохIо гьари бугин, росасе ингун,
ГIусманида михъал кIкIваян абеян.
– Кинаб росасе ин, щиб цIияб хабар?!
– Хамиз къоялде нуж къачIан рагIула!
– РагIараб жо гуро, лъица абураб?!
– Гьеб абуларев чи росулъ щив вугев? –
Шума, Фазу, Узу, ГьетIарай ГIаща,
ГIумарил ПатIимат, Калил Жавгьарат...
Живго ГIусман вуго росулъ сверулев,
– Ясал, къачIайила жиндир берталъе.

Огь, ниж къачIан руго, ниж къачIан руго,
Къоялги сардалги рикIкIунел руго,
Мун абуралдаса дуе къачIараб
Къайи босун ине хIадурун руго.
Мун гьаюралдаса дуе рессарал
ТIансабаца мина хисизе буго.
Кьижарал жирапал гIадинал ургал
Гъуждузда нижеца раччизе руго.
ГIела туснахъалъур гъудрул, налбикал! –
Гъамас рагьун къватIир рахъизе руго,
Дагъистанги сверун росарал гIертIал
ГIусманил хъорщода сокIкIине руго...

Дуе гIоло, Ася, росу кьурдила,
Кьерилаца цIияб ретIел ретIина.
Дуе гIоло, Ася, ГIусманил рокъоб
ГIиялъа кьариял чахъаби хъвела.
Михъида квер бахъун, кодоб нус-гIучIгун
ГIабасги СултIанги хьагихъ кIусила.
Дуе чед бежизе Жавгьаратица
Чанги роол сордо корохъ рогьина.
Дуе гIоло, Ася, Мусал зурмица
Зобал хIикмалъулел бакънал рачина.
Рукъ бакьулъе вахъун, тIамурги кIутIун,

ТIалхIатица дуе кучIдул ахIила.
ДагIнил бакьаздаса рахъарал гIатIал,
ГIемер тIамур бачун, чанцIулдай тIела!
Щекъер бакъвазегIан бакънал тIамизе,
Сивухъа Хадиги ячIун рагIула.
Дуда тIил кьабигун, гIолохъабаца
ГIарац-конфет хьала дур бетIералде.
Дуе гIоло, Ася, гьекъезе буго
Мун гьайилалдаго гьабураб чагъир.
Хамиз сордоялда нужер кавудахъ
Колхозалъ машина рещтIинабила.
Дурго росуцояв ГIусманилъуй мун,
РикIкIаде сапаралъ кинигин, ина.
Мун досул къавулъе щвараб мехалда,
КъотIун рехила гIин гIакдал я ганщил, –
ГIумру гьуинлъаги гьанже нужейян,
ГьоцIо кIалдиб хъвала дуда якьадалъ.
Ва гьелдаса хадуб ГIалил ясалда
«ГIусманил Асият» абун цIар лъела...

Ясал нахъе ана релъанхъилаго,
Асият хутIана хаган пашманго:
«Хирияб школа, ине бегьилин,
Росасе кьезейищ, дуца йитIарай?»
КIудияб ургъелалъ Асяда лъачIо –
Лъим, тIеретI цIун, тIасан чвахулеб буго.
ГIертIида жанибе гьалда лъачIого,
Цо-цо магIил тIири тIинкIулеб буго.
Гьай гIеретIги босун, гIодойги къулун,
Къваридал пикрабалъ рокъой юссана;
Къулизе гIертIица гьаюн йикIинчIо –
БакIлъана ясаца бицунеб хабар.
Ихдалил къо буго гIолилалъул ракI,
Пашманлъигун рохел хисун рещтIунеб,
Ва амма магIарухъ гьанжелъизегIан
Гьелъул щибго пикру гьабулеб гьечIо.
Асяца бачIараб гIертIиниса лъим
ГIадамаз гьекъела, ургъел гьечIего, –
ЦIорораб лъеда гьорлъ бухIараб магIу
Гьазда бихьуларо, гьел гурхIуларо.

* * *

Вай июналъул бакъ, щай хекко араб,

Асиятил рохел кигIан хех свараб? –
Зодихъе чIегIерал накIкIал рахана,
РекIелъе кIудияб ургъел рещтIана,
Бечедаб гIурччинлъи цIадалъ чурана,
Биччараб магь босун эбел юссана:
– Асият, тIохдаса хех чIар бакIаре,
Хал гьабун бихье рукъ гIекколеб бугищ?
– ЧIар данде бакIари – бигьаяб хIалтIи
Кинан ракIарилел рекIел хиялал?
Рукъ гIеккон батани, батила сабаб –
РакI гIекколеб мехалъ, щиб жо гьабилеб?.
Бице, гухIай эбел, уяб жойищ гьаб,
Гьабихъги корохъги чIамулеб хабар?
Хамиз сордойилан, сухIмат, бертинан
Сайгъат гьебищ дие цIали лъугIигун?
БатIияб жо щибго щвечIищ ракIалде,
БакI къваридищ дица гьабулеб бугеб?
ГьанжелъагIан дида лъачIо, баркала,
ГьадигIан нужеда дун чIалгIун йикIин...
– Дир гIантаб катил тIинчI, дир гIадалай яс,
ГIодуге, кинида гурин мун йигей, –
ГIужде щвараб мехалъ, ясалъе дару
Росасе кьей гуреб батIияб гьечIо.
– Рии бачIарабго йохун йикIуна,
ЦIалул сон анилан дуда абизе, –
Июнь бачIарабго пашманлъула ракI,
Гьаб дуца тIамулеб гIантаб кициялъ.
Кида гьаб лъугIилеб, лъазе мех щвечIищ
Дур лъимадул гIамал, гIагарай эбел?
ГIодой ккун хваниги, дий бокьичIони,
Ракьалда гьеб хIалтIи букIине гьечIо.
Гъов гIас-гIас ГIусманги, гъосул эбелги,
Къаси-къаси гъастIа нужер щур-щурги,
Къад-къад нужер цIекIал махсарабиги,
Ясилан, нусилан цого хабарги,
Цадахъ хурий инги, тIанса бессиги –
ТIолабго букIинчIо дир ракIалъе гIун...
РукIун руго цадахъ киналго лъугьун,
Боржине къачIараб хIанчIий гьин гъолел...
– Вай йихха-йикаяй, кисан ячIарай,
Бичас биччанани, кие къачIарай?
Куркьбал рижичIого кие йоржуней,
Мун, кьижунти йикIун, гьанже йорчIунищ?
РагIи абичIого чIеларилаиищ,
Яги бокьулареб ххвел гьабулейищ?

Яги мун, лъимада лъанищ букIинчIеб
Абурав чиясе ине кколеблъи?
Баркала ГIусманий: гIемер кIудияб
Сабру гьабуна дос, духъ балагьун чIун,
АнцIила анкьго сон дуца базегIан,
АнцIго сонил цIали дур лъугIизвгIан:
– Эбел, щиб бицуней, унго, мун йигей? –
Унтараб ругънаде тIаде цIам щваге.
РакIалдейищ кколеб, школалъ ясал
Россабазе кьезе ругин къачIалел?
РакIалдейищ кколеб, анцIабго соналъ
Элъие цIалулей йикIанин дунан? –
Гуро, гуро, эбел, нуж гIедегIана
Гьаб дир гIумруялъе диван гьабизе!
– Гьуя, рагIарабищ, гIадамал-чагIи,
ГIантай яс гьаюрай, гурхIа нуж дида!..
Гаргадуге дида гIемер, Асият,
Дун унгунги йиго, сваканги йиго.
Гаргадун гьабизе жоги хутIичIо,
Халкъалдаго лъала – хамизалъ бертин.
БачIун буго хъалим: гьал хъахIал шалал,
ХъахIаб миккилъун мун ккела гьал чIвани;
Рагье ххамил тупал, хал гьабе, гIабдал,
ГIарцул лъар чвахулеб, чверде гьалда гъорлъ.
Гьабигьан ХIасанил хIама-кIерталда
КIвеларо раччизе гьал богIол гьирал.
Бакъда къанал гIадал кIилкIахъ хал гьабе, –
КIиго хъахIаб ордек тIамула цебе.
ТIегьилан кколарищ меседил баргъич? –
Къаси гьалъ дуе нух гвангъизабила!
Хьитазул угъдузул, унго борхалъи, –
Гъоркьан лъар биччани риччизе гьечIо.
Гаргадуге дида гIемер, Асият,
Гаргадун гьабизе жо хутIун гьечIо.
КигIан борцаниги царал рачIалда
Цого натI букIуна – хамизалъ бертин.
КигIан рикIкIаниги кIицIуса кIиго
Щуго букIинаро – хамизалъ бертин.
– Гаргадиларо дун гIемерай, эбел,
Гаргадун гьабизе жо хутIун гьечIо.
Ххамихъти, богIохъги, чахъу кинигин,
Чияй яс йичарай гIела нужее.
Аммаха лъан букIа, ракIалда цIуне,
Ва кIочонгутIизе мацIалда хъван те:
Дир ракIги, дир черхги, чорхол намусги

Бичун ГІусманица боссе гьечІолъи.
Гьес жиндирго ияхІ бичун батани,
Чияраб босизе хиял гьабуге.
Ххамил натІахъ дица рокьияли щай,
ЦохІо балагьараб берцин кьоларо.
– Гаргадуге дида гІемер, Асият,
Гаргадун гьабизе жо хутІун гьечІо. –
Хал гьабе, ГІусманил тІалаялъусан
НакІкІазухъе унеб кІкІуйдул берцинлъи!
КІудияб азбар-рукъ, рекъараб сухІмат –
ЛъикІаб босичІони, квешаб бачІунин.
Ккве, яс, кьураб талихІ – нахда чІечІеб гъуд,
Гъарим ахиралде родолъе кколин.
Нахъе тараб квенги катица унин,
МегІер тун, гІанкІ араб бакІги рагІичІин.
Рохьгин къацандулеб къватІул чан гІадин,
ГІумру араб рукъгин къец гьабуге, яс.
Инсуда рагІани, дос щиб абилеб? –
Унти ккела досда, кІал гьацІуе те!
Росдада рагІани, щиб жо гьабилеб? –
Росдада сурулин, тІокІай кІалъаге!
–ТІокІай кІалъаларо дуда дун, эбел,
Ахирияб нухалъ гІенеккун йихье:
Дунял рагІалалде рагІеян абе –
Исана дир берталъ чи кьурдиларо...

Гьай кьурун юссана, къватІие ана,
Къваридго балагьун эбел хутІана, –
ТІоцебесеб нухалъ хирияй ясалъ
Хадижатил малълъи гІадахъ босичІо...
Гьаб къо бихьизе жий щай гьаюрали,
Пашманго ургъелалъ йикІана Ася.
Гьаб къо бихьизегІан щай хвечІейилан,
Хадижатги ана рокъоса къватІий.
Къаси гьанив щвезе вачІана ГІусман,
ГІадан гьечІо рокъов, кире гьал арал? –
Эбел ана сардилъ гьеб хабар босун,
Росасда кинабго лъазе гьабизе;
Яс ана жиндирго гьудулалъухъе,
Гьаб ккараб щинаб жо гьелда бицине.
БукІана цІакъ бецІаб цІадалаб сордо,
ЦІакъ хІикматги гьабун вуссана ГІусман, –
Жив гьанив кваназе ахІунги вукІун,
Киналго къватІире арал кинигин.

* * *

Ургъел кIудиясе – сордо кIудияб,
КIудияб букIана гьитIинаб сордо:
КIудияб букIана гьеб Асиятий,
Гьелъуе эбелалъе, эмен ГIалие.
РакI гIедегIарасе нух халалъула –
Халатаб букIана рикIкIад гьечIеб нух:
МагIарде яхуней Хадижатие,
МагIардаса нахъе вуссунев ГIалий.
Щибаб байданалъе букIуна рагIал...
ЛъугIана сордоги, лъугIана нухги.
Вехьасул чу буго кавудухъ бухьун,
Буртина бихьула магIида далун...
Живго гьас, кивго щун, ригьзал сверана,
Щибаб сасалъул махI сунтIулеб гIадин.
Цингиги, ахIеян жиндихъе ясан,
ГъастIаса цIа босун, хъалиян цIана...

ЦIа кенчIелеб буго хъалияналда;
ЦIа кенчIелеб буго беразда жаниб, –
Кинан мун, Асият, гьав судиясда
Цее чIелей жакъа? Балагьилин цо!
НакIкIал тIад тIупараб кьурул гIус гIадин,
ГIодов чIун вуго гьав тахбакIида тIад.
Гьав вуго мугIрул вехь, дунял бихьарав, –
Ццидал къвачIа хекко чIехьоларо гьас.
Гьас, цин умумузул хабарги бицун,
Хадуб байбихьула Асялгун кIалъай.
– Дир яс, дур эбелалъ бицана дида:
Дур яс гьадин йигин, додин йигилан;
Дур ясалъ хIарщулъ тIил кьабулеб бугин,
ТIираби рахъине гьарулел ругин;
Дур ясалъ гьацIулъе цIам балеб бугин,
БацIил кIалдиб гIанса бегьулеб бугин;
Дур ясалда кисан ячIараяли,
Кий гьаюраяли кIочон тун бугин.
Дун гьелда божичIо, дица абуна:
Гьединай яс гьечIин дир Асиятин;
Эбел-инсул хъатир гьелъ рехуларин,
Борхалъуде яхун гьей кIалъаларин.
Дун гьелда божичIо, дица абуна:
Асият хIинчI йигин, борохь гурилан,
Асият тIегь йигин, гьей заз гурилан –

БитIун абун гьечIнщ, Асият, дица?
– Эмен, хIинчI ятани, йоржине йиччай –
Ячун дун хIалица чияе кьоге.
Эмен, тIегь ятани, тIегьазе йиччай –
ТIун гIодое рехун, хвезе гьаюге.
Вай кIал бегIерилан, вай богIолойин,
Гъванщилъ зар балареб гъолдайин абун,
Гъулгъудулей эбел чIезеги гьаюн,
КIалъана ясалда цIидасан эмен:
– Роржунел хIанчIиги чIола мех-мехалъ,
ЧIей гьечIеб дур, роржен кинаб, Асият?
ТIогьол гIамал буго гIолеб, бечIалеб,
ЦIидасан баккулеб лъалищ, Асият?
– Роржун унел хIанчIи ахакь рещтIуна –
Дун щибизе, эмен, щалайдулъ чIелей?
Хаслихълъи бачIингун речIала тIугьдул –
ТIогьолаб ихалда дун щай ечIалей?
Инсуца хъалиян гIодоб рехана:
– ГIамалкIодо, бика, балагьун йихье,
Дир ботIрода ругел батIиял расахъ –
Гьал, дур хIисаб гьабун, раккарал руго.
Дица бащдаб гIумру гIияда хадуб
Мун гIезе гьайизе тIамураб буго;
ТIилада носоца, Асият, дица
Дур гуреб, батIияб цIар бикIун гьечIо.
Мун гьаюраб мехалъ, гьале дур эбел,
Гьиматица гIадин, дица абичIо, –
Къадалъ лъезе гамачI щай гьабичIебан,
Яс гьайизегIанин гьаб дунялалда.
Анкьавго вацасул яц ятагиян,
Дица дегIенги хъун, хъазан кьолона.
(Долъул лъlъурдул руго кавуялда ран,
Квешлъабаздаса мун цIунизе абун).
Дуй цIар кьолеб къоялъ, гьадале мокърукь
Дир танчил гуллица гьабураб бусен.
Гьеб мокърукье ана зузудилаго,
Зодосан бачIана бубудилаго.
ГIадамазда аскIоб яс кодой кквезе
Инсуе рогьолъун рикIкIананиги,
Дица мун тIегьилан каранде къана,
Канлъийилан абун гIодой йиччана.
ГIагараб улкадул кучIдузда гъорлъа
Кинидахъ бищунго лъикIал ахIана.
Борхатаб магIарда, дир кьегIер абун,
Кьижизе гьаюна мун буртинадулъ.

ГIатIидал кIкIалабахъ, дир бурутIилан,
Дица мун чурана чабхазул лъаралъ.
ГьитIинаб мехалда рохел йикIана, –
КIудияй гIурайго, ургъалий ккана.
Мун гIуна, Асият, дир чол кьолода,
Чанги, мунги ячун, дунял сверана.
Мун гьитIин йикIана, дуда лъаларо...
– Лъала, лъала, эмен, кинабго лъала.
– Хадуб анкьабго сон дуца барабго, –
Квер ккун, школалде щвезе гьаюна.
Доб мехалъ чан чияс дида абураб:
Асият цIализе йиччагейилан,
Ясал гьаби ругин, рухьине кколин,
Гьел тIад речIчIулилан, риччан танани;
Ургъел-балагьалъе гIолел ругин гьел,
Лъилъулареб ругъун гьез дуда лъолин.
Чан нухалъ гьесарав нахъе ячине –
Учителаз течIо щиб гьабуниги.
Гьедин, гьумер бухIун, данде кIалъазе? –
Дица анцIго соналъ цIализаюна.
ЗахIматал рагъазул щуго хаселалъ
Хунзахъ школалде хьвадизаюна.
Дица дуда, Ася, жеги кьабичIо,
Кьижарай жеги мун йорчIизайичIо.
МугIрузул ганчIазда гендерил парсахъ
Дур пикрабалъ ана дир тIолго заман.
Дица дур кIазица гьумер бахчичIо,
Беричал гъалазда тIад чохтIо къачIо.
Жеги ГIусман, Салман данде чIаниги,
Дица мун йиччана комсомолалде...
Дида лъан букIинчIо, лъай босанагIан,
Ясал гIадаллъулеб, гьанже бихьана.
Дида ккун букIинчIо, кидаго дуца
Дир адаб телилан, гьанже бичIчIана.
– Эмен, дида лъала дуниялалда
Дур кинабго лъикIлъи, дур рекIел хинлъи.
Дида кIочонаро дур мугIрул кучIдул,
Квер ккун, дун ячарал чабхазул нухал.
Гьанже щайха, эмен, къадалъ рекъечIеб
ГамачI кинигин дун нахъе рехулей?
Гьанже щайха, эмен, тIолго гIумруялъ
ГIуцIараб дир рохел дуца биххулеб?
Борхатаб магIарде дун щолеб мехалъ,
Щибизе йитIулей бецIаб кIкIалахъе? –
Гьаб къочIол бакIалда чIвараб магI гIадин,

Дир гIумрудул нухда ГIусман щибулев?
Дий гъов вокьуларо!..
– Щиб, жо рокьи, яс? –
Дур эбел дун вокьун гуро ячIарай;
Рокьи росасе ун хадуб бачIуна, –
БачIинчIого чIани, дагьабги лъикIаб.
Рокьи гьечIеб гIумру бигьа букIуна,
Макьу гьеб мехалда хекко речIчIула.
Рокъи ахIмакъзабаз ургъун бахъана,
Гьел ахIмакъзабазул хIалтIи те дуца!
Инсуца малълъараб босе, дир кьегIер,
Кьурул рагIалдасан йилълъунге гьедин.
Гьалагаб ралъдалъе йортизе гурин, –
Гама бачунев чи кьаллъизавуге.
Кьурдасан кIкIалахъе рехизе гурин, –
Рорхатал парсахъан гьедин харуге.
ГIиялъ нахъ хутIараб чахъу кинигин,
Чияр рагIабазе гIужлъун йикIунге, –
ГIедал инчIел ясал сурукъ рихьулин,
Семечка чIучIунел бихьинал гIадин.
– Семечка чIучIунев, сакъис чIамулев,
Сордойил мехтулев бухгалтер ГIусман,
ГIадамазда гьоркьов, гьедин батани,
Щайдай, эмен, дуда сурукъ вихьичIев?
Берцинищ бихьараб мугIрул вехьасда,
Борохьги гагути цолъизабизе?
Берцинищ бихьараб кьер берцинаб тIегь
Кьужнайида, цIоб тун, цIвизе гьабизе?
Берцинищ бихьараб, бице, дир эмен,
ИяхI, рогьо гьечIев!..
– ЮцIцIа, Асият!
Инсул сабрудайги бугебин гIурхъи, –
ГIатI ххине гьабихъе гьанже дун виччай!
ГIамал мекъаб гIорцIен, айигъураб бацI,
ИяхI щиб кIкIалахъе рехараб дуца?!
КIал гIемераб гъеду, хIапаро гIадин,
ХIамил гIинзунийищ гIун йикIарай мун?!
ТIолго хурул хIалтIи цадахъги гьабун,
Гьанже лал батIаго тIамизе къасдищ?!
Дуе бокьун буго гьаб ракьалдаго
Ниж суризаризе, инжит гьаризе.
Дуе эмен гьечIо! Амма, лъан букIа;
Бекулеб магI гуро дир рагIи дуе.
Дица, кверги бачун, къотIи гьабуна,
Къо щвейгун, Ася, мун ГIусманий кьезе,

Дун кIиго гьаялъул бетIергьан гуро,
БетIер къотIаниги хисизе гьечIо!
Дида рекъечIони, нусабго соналъ
Ясин абун дуда кIалъазе гьечIо.
Дида рекъечIони, гьаб рокъоса мун,
Хадуб рохъоги бан, хъамизе йиго.
Мун кие аниги, дур лъалкIда хадуб
Дур инсул нагIана свердизе буго,
Мун кие щваниги, щибаб цололъан
Дир ццин дуда аскIоб рещтIиие буго!..
Вехьас малълъаралъуб букIани, чахъу
БацIица кидаго квине рес гьечIо.
Инсуца абураб гьабун хадуб, яс,
Гьаб дуниялалда квеш хутIиларо.
Карщид кIал бухIани холей жоялъул
Харбахъ гIенеккизе дун регIун гьечIин.
ТIокIай нахъ юссунге!.. Къаси я радал,
Разилъи босизе щвелин гIадамал.
ГIемер хвара-хвараб мацI бицинчIого,
Хекко мурад тIубан, нахъе ритIе гьел!..

Гьеб мехалъ дидаса намуслъичIони,
ГьадасдасагIаги намуслъе, дир яс, –
Инсуца квер битIун, къадада бараб
Рамаялъуб сурат бихьизабуна.
Сураталда вуго Асиятил вац –
Старший лейтенант ГIалиев МахIач...
Берлиналде щвезе верстал хутIигун,
Гьев хванилан бачIун букIана кагъат. –
Гьес къоло лъабго сон сверун букIана –
Цого-цо вугев вас, тIокIав гьечIев вас...
Инсуца гьеле гьав вихьизавуна,
Гьасдаса нечеян, Асиятида...
Эбелалъул магIу гIодоб гирана,
Эмен, чIезе кIвечIо, къватIиве ана...
Барщарал рекъола, къварилъи щвейгун,
Щиб дуца гьабилеб гьанже, Асият?
ГIодуге, дур магIу бихьулеб гьечIо,
КIалъаге, дур рагIи рагIулеб гьечIо.
Пикрабазул сордо, ургъелазул къо! –
Ургъел щиб жояли лъалищ, Асият?
Ургъел тIаде биччай – тIубан гьир гIола,
ТIаса биччан тани, чванта цIоларо.
Ургъелалъ сумалъул чIалу гьабула,
Цо-цо мехалъ чIалул сумги гьабула.

Дуца баччун буго ургъалил раччи,
Дуца борчун буго къасдазул рачел...
Исана лъугIана щуго сонил рагъ,
Дуе рагъ лъугIичIо жеги, Асият.
Басрияб гIадатги Совет гIумруги
Цоцалъ речIчIун руго гьанже дур рокъор,
Ццидалаб гIоралъул карачалаби
Чармил кьуруялда речIчIулел гIадин.

* * *

*«ЧIахъаги багIар бакъ,*
*ТIагIаги бецIлъи».*

*Пушкин*

Гьоролги бакъулги къиса бицинищ? –
Цо магIарул росулъ рагIун букIана:
ГIолихъан ясалде, намус тун, гьури,
Гверде бахъейилан, тIаделъун буго.
ТIагIа цебесаян ясалъ абигун,
Инарилан абун, гьеб хурхун буго.
Горбода, каранда – кибго речIчIана,
Амма квер базе бакI биччачIо ясалъ.
Кибехун гьороца къасд гьабуниги.
Къан рахан ратага гIарцул бекIичIал.
Ццидахана гьури, амма пайда щиб? –
ПештIерухъаналъе щоларо рокьи...
Гьеб, хIал цолъичIого, хIацIуги къулчIун,
Къваридго мугIрузде нахъе буссана.
ГIиял рехъен гIадин, хъамун накIкIалгун,
РикIкIаде къватIисел ракьазде ана...
Къо гьоркьоб арабго, щвана багIар бакъ,
Щиб гьабулей йигей, берцинай ясин.
Гьелъ ясалъе кьуна гвангъигун хинлъи,
Хирияй чIоразул чIухIараб бухIи.
Ясалъе бицана гьелъ берцинаб мацI,
Баана гьуинго гьелъул кверазда.
Ясалъ гьебмехалда, ма, босейилан,
Бакъуе кьуна черх, гурдеги бахъун.
Бакъалъ гьай хинлъизе, лъикIлъизаюна..
Лъаларищ нужеда, васал, гьаб къиса?
Лъалареб батани, цIале дарс гIадин, –
ЦIорорал гьураллъун унге ясахъе!

Ясазе бокьула нур меседил бакъ –
Росуге къуваталъ, росе гьунаралъ!

Гьедин букӀаниги, улка тиригун,
Азарго батӀияб гӀумру дандчӀвана, –
ГӀасияб гьороца хӀалалъ бахъараб,
ХӀайранаб бакъалъул канлъи бихьичӀеб.
Рихьана бацӀаца «цӀунулел» кьагӀи,
Рихьана борхьаца «хьихьулел» хӀанчӀи.
ХӀалихьатаб релъи, унтараб кӀалъай,
КӀиябго цо рокъоб рагӀана дида.
Ццидалаб ахӀдейгун, хӀинкъараб гьардей,
Гьеб цоги бокӀнида дандчӀвана дида.
ЧӀегӀерал хьухьаца бахчун багӀарбакъ
БецӀаб туснахъалъуб бихьана дида.
...Дида гьеб бихьана, керен унтизе,
Урхъараб дир ватӀан Дагъистаналда –
РекӀун цеве унев векаца Хирач,
Хаду-хадуй лъелго ячӀуней ГӀашат.
Дида гьел рихьана, пардавал жемун,
Азарго сон бараб Самаркандалда.
Сон къаси вуссана Бакуялдаса.
Азербайджан, дурги руго гьединал:
Квасквас бакӀарулел руго дур ясал, –
АскӀор харда регун, руго бихьинал.
Хурзал лъилъулел дур руго руччаби, –
Рорча-къан свердулел руго гӀоркьилал.
Узбеказул чӀухӀи, хӀасратаб Ташкент,
Дур хӀебтица бахчун чан микки бугеб?!
ХӀамида тӀад рекӀун, чадраялда гъоркь
Чан Тамара-ханум дуца тун йигей?!

Гьал дир сапаразул кинабго рохел,
Кинабго бахиллъи, кинабго чӀухӀи
Гьеб бацӀцӀун лъугӀичӀеб чӀегӀераб тӀанкӀалъ
ТӀубан чӀван рехула; цо лахӀзаталда.
Гьединан бужӀуна, гӀодорги рукӀун,
ЛъикӀаб тӀагӀамалда кваналеб мехалъ,
Кисан бачӀарабан дуда лъачӀого,
Лъамияб, цӀекӀаб жо кӀалдиб ккарабго.
КӀудияб пашманлъи!
                                        МугӀрул руччаби,
Гьаб нужер эркенлъи докладалъ буго.
Рохел, аваданлъи бикьулеб мехалъ,
Гьоркьор хутӀун нужер гӀемерал руго.

Нужее инкъилаб къватIахъ букIана, –
Нужер щибаб рокъоб щвечIо инкъилаб;
Инсуца биччачIо, росас гъукъана,
осабазул гIадат данде бахъана.
Нужер гIемеразе бакъул бицуна,
Рокъор нуж рачине гьури бачIуна.
ГьацIул бицунилан кIал гьуинлъилищ,
КIалдиб лъезе кьотIлъи кьолеб бугони? –
Кьижидал бихьулеб гьайбатаб макьу
Нужер чангиялъе гIаксалда ккана...
Чвахулеб буго гIор, цIакъ кIудияб гIор,
ГIумруги ракIалги рикьизе гьарун.
Чвахулеб буго гъоб гIадал нахулъан,
ГIадамазул нус-нус къасдазда гъорлъан.

Чвахулеб буго гIор, цIакъ кIудияб гIор,
ГIумру, ракь кинигин, бикьизе гьабун.
ГIурул цояб рагIал буго чIегIераб,
Цогияб рагIалда буго багIарбакъ.
Чваххулеб буго гIор... гIемерал ясал,
ГIор бахун, бакъуде данде роржана.
Чвахулеб буго гIор... гIемерал ясал,
ГIор бахун унаго, гъорлъе ртортана.
Чвахулеб буго гIор... гIемерал ясал
ГIоралъул чIегIераб рагIдукь хутIана.

Асият, дир микки, гьел дур куркьбазда
Бахине кIвеладай гьаб кIудияб гIор,
Я гьеб бахунаго, куркьбалги рекун,
Карачалабаца инадай ячун?
Я гьеб бахинчIого, гIадатги цIунун,
ГIусманил квачIазищ мун кквезе чIелей?
Кинан мун ургъарай?... Огь, дуде данде
Эбелги, эменги, Аллагьги ругин!
Мун хIалалъ ячинин, нич гьечIеб гьури
Гьаб дур азбаралда женжелеб буго,
Жеги гьаз хIалае дуе вокьулев
Дур вацасул сурат ахIулеб буго.
Метер рогьалида, мун кьезе изну
Инсухъе кьунищан, рачIина чагIи...
Щиб жаваб гьабилеб гьезие дуца? –
Гьелда бараб буго дур бащдаб гIумру.
ГьебгIан квешаб суал анцIабго соналъ
Цоніги дарсида, йохъ, кьечIо дуе
Дуде тIаде щванин... щиб, къачIан йигищ

Бищунго къуватаб экзаменалде?!
Къимат щибдай дуца, унго, босилеб?!
КъвакIиги, гIакълуги огь, гIеладай дур?!
МагьаричагIаца, ине бегьилин,
Учителалъ гIадин, йиччаларо мун...

Рагье поэтасе дур пикрабазде
ГьитIинабго горду, къиризе гьабун.
Къасдазул гъансинив те дун ваккизе,
Изну кье дур рекIел тасдикъ гьабизе,
Дун дур гьудул вуго, хирияй Ася,
Дур хиялазул тIехь бихье цIализе,
Лъазе рокьун ругин рекIел хIисабал,
Гьезул лъалкIазухъ дун те балагьизе.
Поэтаз гIезегIан кумек гьабуна,
Канлъиги гIелмуги гIемер беццана,
Амма гIайиб буго, гьудул, нижеда,
МугIрул улкаялъул кочIохъабазда.
Дур рохалидеги рокьиялдеги
БокьанагIан гIемер хъвана асарал.
Дур къвакIиялъулги гьунаралъулги
Печаталда чанги рахъана тIахьал.
Амма дур къварилъи бихьараб мехалъ,
БихьичIеб ххвел гьабун чIана поэтал.
Амма дур зигарди рагIараб мехалъ,
РагIичIеб ххвел гьабун ана поэтал.
Дур инсул рорхарал щцидалал кверал
Ккун чIезе гьаричIо кочIол асараз.
Росабаз лъудбузда кьабулеб мехалъ,
Кьварун данде чIечIо нижер рагIаби.
Ниж киналго цолъун хIалтIаралани,
Нужер хIисаб гьабун къадги къасиги,
Жеги нус-нус ясал кIудияб гIурул
ГIарцул рагIаллъуде щвезе рукIана...

...Бегьулеб жо буго, гьайбатай Ася,
ГьабсагIаталъ дуца тIураб магIие
Дур поэтасдати батила гIайиб, –
ГIумруялъ гьелъие мукIурав вуго.
Дида рагIана дур релъиги кечIги,
Кибго беццана дур берцинлъи, гьунар.
Дун вукIана поэт дур гьимиялъул,
Гъоркьан балагьулеб кIиго бералъул.
Амма гьанжелъагIан, лъан букIаниги,
Лъалиниса ханжар бахъун букIинчIо,

Дур лъайгун цIаралъул бацIцIалъиялъул
БецIал тушбабазде данде вагъизе.
ЧIвалел хъатацаги, гъураяцаги
Пашманаб зигарди рагIизе течIо.
Рорхарал байрахъаз, хъварал лозунгаз
Дуе бугеб балагь бихьизе течIо.
Москва шагьаралъул рорхатал гьундуз
Рахчана дидаса бецIал минаби.
Ленинил мугIрузда эркенал ясаз
Росулъ йигей дуде течIо регIизе.
Бадиб чIвалеб бакъалъ бецлъизе гьавун,
Дун гьаваялдасан унев ватана.
Эхеде вахингун, борхалъи лъайгун,
Ахада хутIарай яц кIочон тана.
РекIарас гьабичIо лъелалъул ургъел,..
Ва амма лъан букIа, гьанжеялдаса
Мун хIакъир гьаюни, къварид гьаюни,
ГьебсагIат хIалае дун вахъуневлъи!
Дун бецIаб гIадатгун, гIантаб намусгун,
ГIалхулаб ияхIгун вагъизе вукIин!
Улкаялъ дуй кьураб ихтияр цIунун,
Кинабго къуват кьун къеркьезе вукIин!
РагIабаз, кучIдуца кумек гьабила,
Ккахани майилан чорхол рухI кьела,
КIудиял кьалазулъ ВатIан цIунарал
ЦIадулал кьерилаз кьураб кинигин, –
Гьаб кьаву бацIцIине тIадмагIарухъа,
Гьаб хъублъи лъухьизе Востокалдаса,
Гьаб инжитаб рогьо, цIикIкIараб квешлъи
НекIсияб мехалда хадуб рехизе.

* * *

Гьа, бице, Асият, дида дур къасдал, –
Къаламти кодоб ккун, хIадур вугин дун...
ХIинкъунищ лъугьарай, щай юцIцIун чIарай? –
КьечIо дие жаваб Асиятица.
ХIинкъичIо Асият, къачIо Асият,
Ва амма ясалъе захIмат букIана
ГIумру кьурал чагIи кьаллъизаризе,
Кьолбол амруялде данде яхъине.
Щиб жо кьолбол амру? – Гьеб буго кьуру,
Квер чIвазе бакI гьечIеб, гьагаб, борхатаб;
Кьуруда тIад буго кутакаб хъала,

Кавуялъул кIалтIа хвалчаби рараб.
Щиб жо ясалъул ракI? – Бусада жаниб
Басандилеб бугеб гьитIинабго хIинчI.
Гьанже гьеб хIанчIида цIа бакун буго, –
Бортани цIорораб ицц бухIила гьелъ.
ХIинкъичIо Асият, къачIо Асият,
Къориниб ккараб чан йиго Асият,
КъотIун руго куркьбал, щиб жо гьабилеб? –
Гьалатаб цIадуца биуна чаран.
Биун унеб буго гьайбатаб месед
НекIсияб мехалъул хутIараб цIаялъ.
Ва буго гьурмада гьелъул гIаламат,
Гьиналъ щула ккураб миккидул гIадаб.
Гъалал рахчун руго чIегIераб кIазалъ,
Гьумер буссун буго цIа свараб гъасде.
Гьанже гьай ясалда релълъуней гьечIо,
Вас хварай эбелин ккезе йикIана.
Нус-нус сонал рараб хераб къварилъи
Гьалъухъе къвал базе бачIун букIана.
Гьале руччабазул пашманлъиялъе
Памятник балезе чIагояб сурат.
Гьале магIарулай, балагье гьалъухъ,
Жиндирго бертадул къоял щолелъул...
Гьанже балагьуге, гьумерги бахчун,
Гьай гIодулей йигин,.. гIадамал, гурхIа.
Воре, балагьуге, нуж балагьани,
Бахчизе буго гьалъ жиндир пашманлъи –
МугIрул гIаданалъул гIадат буго гьеб
ГIодизе чи гьечIеб бакI балагьулеб

* * *

*«РакI сукIараб къоялъ судалде кьезе*
*Сайигъатал уна эбел-лъималаз».*

*ЦIадаса ХIамзат*

Уна къваридаб къо, щола къаси мех,
Къададасан вуго велъулев МахIач...
Нахъехун юссани – щцидалав эмен,
Цеехун юссани – гIодулей эбел.
Инсул цциналъ амру гьабулеб буго,
Эбелалъул магIу гьарделеб буго.

Гьезул ахIи-хIурги, хIиллаги, ццинги
Цолъун, рекъон гьалде тIаделъун руго.
Бугьтанги, рогьоги, гьереси-рекIкIги
Гьалда тIад речIчIизе къачIан чIун руго.
АнцIила микьго сон гьалъ банин абун,
Гьересияб кагъат хъван бачIун буго.
Цояб рокъоб, бертин тIаде щвелалде,
Партал бахIаралъе буго букъулеб –
БегIерал рукIкIбуца Асиятил ракI,
МагIаца гIеч гIадин, буго борлъулеб.
ДандбитIараб рокъоб – руччабазул тIел,
ТIанса бессун лъутIун буго къотIулеб –
РекIараб кIукьмаххалъ, тIанса гуро гьеб,
Асиятил гIумру буго къотIулеб.
Гьале бахъун тIанса тIибитIана гьаз,
ГIусманил кинабго каву цIелин гьалъ, –
Васал-ясал гьарун, гьайт-вайтин абун,
Гьел тIад расандаги гьалда даимин...
БачIуна гIагарлъи гIусманилазул,
Жидер ясин абун, бала гьалда къвал –
Асиятида гьеб бихьулеб буго,
Борохь черхалда тIад жемулеб гIадин.
Къайи бачIарабго тукаде гIадин,
РачIуна гIадамал, уна гIадамал...
БачIуна гIагарлъи сайигъаталгун,
Цадахъ баркат гьарIн, гьуинаб мацIгун:
РагIиги дагIбаги къокълъагийилан,
Къисматги гIумруги халалъагиян,
ГIузрабазда рокъой нух къосагиян,
Нахгин гьоцIо гIадин гьуин тагиян...
ГIемераца бохдуз бухула каву,
Кверал цIун рачIунел ругеллъи лъазе.
УнкъгIал Халуница бачIуна матIу,
Гьалда жаниб гвангъе нужер гIумруйин.
ГIумарил ПатIица абулеб буго,
Жиндир ганщил бече бачейин абун;
Амма гьари бугин, гьеб бече дуца
Малачил кIалтIасан биччагейилан, –
Малачил берги ккун, хванила бече,
Хирияб къоялде дуе къачIараб.
Ниж ракIалде щвайин, кIочон тогеян,
КIодоца бачIана гIазу хъахIаб шал, –
Гьалъул симис рикIкIун сонал кьегийин,
ГьабгIан хъахIлъизегIан цадахъ тагийин.
Гьале ГIащахъатун, гIагарай гIадан,

ГIунтIун тIилгун щвана, хъатикь буго хьаг:
Гьалда гъоркь бакараб цIа ссунгейила,
ЦIигьан гьалда жаниб камугейила;
Ниж рачIараб мехалъ, барахщичIого,
Бахъун хIарччинибгун, цебе лъегийин.
ХинкIал чIахIалъаги, чед гьуинлъаги,
Чакар-чай гьабулел кепалда таги...
РачIуна налбикал, стакан, гъудрул,
Гъудал, гIучIал, нусал – гIисинал боял:
Гьал киналго кверда ругьунлъагийин,
Гьазда рихьанщинал хадур щвагийин...
ХIанчIида рекъараб би букIунилан,
Дир мискинлъиялда тIасалъугьаян,
Херлъарай Ханзаца хварай ясалъул
ХъахIаб курхьин кьуна, квербацIцIги жемун, –
Дур гIелалъул гIадан йикIанин гъойин,
РакIалдеги ячIун рукьалда ххейин...
...Мокъида кIусарал гIанкIуял гIадин,
ГIодор чIун руччабаз беццула къайи:
Вай гьайбатлъийила, вай лъикIлъийила,
Лъил босарабила, киса щварабин...
Цингиги гьороса къудкул кинигин
КъватIирги рачIун, гьаз какула къайи:
Цо йигей ясалъе, росу белъизе,
МатахIилан абун гьабун бугеб жо.
Гьагъаб чIилгъийила ГIусманил рокъой
Цо хIамикIартида кIвела баччизе;
ХIий, мадад, Хадижал барахщийилан
Бицунаго уна къватI чIван руччаби...
Гьезул ракIал руго кIудиял цIалкIал,
Харбал данде ххалел, хадур цIалкIулел...
РукIуна дагIбаял, гIайибал гьанир, –
ГIагараз малълъиял кьола Асяе:
Кьуркьуди, кIичIарди гIодобги рехун,
ГIамал рекъезабун, берцин йикIайин,
Гьеб дурго гIадатги, гIантаб хабарги,
Гьаб рукъ тун унаго, гьаниб тейилан.
Цо лъицаялиго бачIуна хабар,
Халил вухьун вугин хIободайилан.
Лъар бихьилалдего, хьитал рахъуге, –
Нахъе виччан теян битIана хабар.
...Гьагал махсараби, гIантал малълъиял,
ГIадалал гIайибал, гIисинаб жахIда –
Кинабго букIуна магIарул росулъ,
Яс росасе кьолеб заманаялда.

Кьерилаз гьанжего ахIулеб буго,
БахIарайин абун, Асиятиде...

Гьел цIекIал гаргараз, сайигъатаца
Свакарай «бахIарай» рагьтIе яхъана.
Азбаралде гонгал руго чвахулел,
ТIохал, магIуги тIун, руго гIодилел.
Рорхатал тIулбузда накIкI буго тIупун,
НакIкIикьан кьураби руго ралагьун.
Жидерго бусабахъ сородилаго,
Мокърукь хIанчIи руго хIинкъарал гIадин.
Жиндирго русснибе бетIерги къулун,
Къваридго чу буго гIодобе далун.
Гьудулалъухъ гIадин, Асяхъ хал гьабун,
Гьелда гурхIун гIадин буго гIечугъветI.
ГIицIго ургъел гьечIел чIахIиял кIкIуял
ГIусманил тIалаялъ руго рехулел...
ЦIад чIана... Гьанже ракь, гIодун яхъарай
ГIолихъан ясалда буго релълъунеб.
БецIаб накIкIил юргъан, кьурул къандалъо,
Кьижун буго росу мугIрул каранда.
Цо-цо гьеб релълъуна сапаралъ вукIун,
Свак чучизе чIарав гIалимчиясда.

...Ася балагьула, гьелда бихьула
Цо гьитIинабго цIа гьаб бецIаб росулъ.
Гьеб жиндир ясбералъ бакараб гIадин,
Гьеб жиндир рекIеда рекIараб гIадин.
Ася балагьула, гьелъухъ гIемерай,
ГIумруялъул иххал щола ракIалде.
Улбуца ясазда сабабал рала, –
Гьалъие сабаблъун букIана гьеб цIа.
Огь, сабаб къваригIун буго Асяе,
Унгун буго керен, канлъи, мун гвангъе!
ЦIадаца чурарал росдал къватIахъан
Къаси гьеб канлъухъе ана Асият.
Ана гьай гьитIинаб мехалъ кинигин,
Гьелъул хабар, вацал, бицинин нужей.

* * *

Гьаб дица бицунеб иш ккун букIана,
Анкьго сон «бахIаралъ» бараб риидал...
Цо нухалъ магIарде унеб мехалда,

Инсуца Асият цадахъ ячана.
Чодул кьолониса яккуларей яс,
Чода тIадги рекIун, гIияде ана.
ГIисинал кьагIазул кьералъе ячIун,
ГIухьбуца хъат кьабун, кьурдулаан гьай.
ГIурччинал гIидрабахъ буртиналда тIад,
ТIугьдулги хьолбохъ лъун, егулаан гьай.
Зобазда гIагарлъухъ, лъарал гъуялъухъ
Гъапуллъун, гьуинго кьижулаан гьай.
Щубда лъалкIги гьабун, хъахIлъи лъарабго,
Иццде йортулаан хIатIида гIицIго.
Рогьалилъ гьелъие пулаан щвантIих,
Къалъуда гьалъие хъвалаан пандур
Къаси-къаси хъощнир гIодорги рукIун,
ГIухьбуз бицунаан гьалъие маргьу.
ЩIумал, гьалда цебе свериги гьабун,
Гьава къотIун уна къул-къулиялда,
Цин эхеде роржун, цин эхере ун,
Руссуна гьалъухъе гьаркьагъунаго...
Амма гьитIинай яс, эбел гьечIони,
Гьелда бищун кепаб берталъ чIалгIуна;
Ва Асиятида, гьоркьоб мех ингун,
Рохелги, мегIерги, гIиги чIалгIана.
ГIагараб росуги, урхъараб ригьги,
Эбелалъул квенги ракIалде щвана.
Гьалъ хIисаб гьабула, гIелалъул ясал
ГIурда расандилел ратизе ругин,
Росдада цебесан чвахун унеб лъар,
Гьеб жийги гьечIого, чIун батилилан;
ЧIегIераб ракуда гьоркьоб канги лъун,
Гьелда цIа бакулей ятилин эбел...
ЦIадухъ гьелъ ахIулел пашманал кучIдул,
Кидаго рагIичIел рохалил кучIдул...
...Цо нухалъ, гIухьбуца гIиял къавуда
Жидерго гIи-боцIи рикIкIунеб мехалъ,
«ГIадалай» Асяца хиял гьабула,
Хирияб росулъе нахъе юссине.
РикIкIана гIи-боцIи ГIалил килщаца –
Камун, билун, бикъун цо чахъу гьечIо.
Гьав рази-ракиго рокъове щвана,
– Щибжо гьаб? Кий арай?... ГьечIо Асият.

...МугIрузул тIогьисан, тIинчIаб чан гIадин,
Чабхазул кIкIалахъе уней йиго гьай
ГанчIихьа ганчIихъе, хIинчI гIадин, кIанцIун,

КIичIарал сухъмахъал толел руго гьалъ.
Цо-цо гIодой йикIун хIалхьи босула,
ХIатIазда къараб заз къватIиб бахъула.
Къвалги ракьалда бан, кьурда гъоркь бугеб,
Беролеб иццул лъим, кIал чIван, гьекъола...
Амма цойидасан, гьалда лъачIого,
Гьале бакъ тIерхьана мугIрул тIогъазде.
Магъилъе уней яс, авлахъ нахъа тун,
Ссанда гъоркье тIерхьун уней кинигин,
Ана гьеб. Цингиги Асиятихъе,
ХъантIараб бацI гIадин, бачIана бецIлъи.
ГIурччинаб мегIерги, хъахIал сиялги,
ХъахIилал зобалги чIегIерлъун ана.
Асяца жий хIинкъун гьечIилан ккезе
КечI ахIана дагьалъ, цинги гьай чIана.
Цинги гьай гIодана, гIайиб щиб гьалда? –
ГIатIидаб дуниял, квер гIанасей яс.

...Чвахулеб буго лълъим, лъарчIван эхее
Уней йиго Ася, свакараб лъимер.
Гьалда нахъа-нахъа хъваши рагIула,
Гьай лъалхъараб мехалъ, хъваши къотIула.
Жиндирго хIатIаца гьабураб хъваши,
Гьеб чиярлъун бихьун бала бохьун гIетI.
ЯчIуней йиго яс сородилаГIо,
Сверухъ ругел мугIруз данде-данде къан.
Нахъ юссине мегIер борхатаб буго,
Нух кIиго батани, киналъ гьай иней?
Бице, зодил цIваби, гьай ясалда нух,
ГьечIин кумекалъе кивго аскIов чи.
Кваранисанищ гьай росулъе кколей,
КвегIаб рахъалъанищ гьай ине ккелей?
ХIинкъарай, якъарай, къваридай Ася,
МагIу къулчIулаго, ячIуней йиго...

...Гьале цойидасан гьалда бихьула
ГьитIинаб, гвангъараб цIаялъул кунчIи.
Гьеб гьалъул ясбералълъ буго кенчIелеб,
Гьеб каранзул рекIелъ буго гвангъулеб.
Киналго зобазда ракарал цIвабзахъ
Гьеб цIаялъул канлъи кьелароан гьалъ.
Гьеб цIадул кунчIиялъ, ракIалде ккана,
ТIун бачIунеб кьуру чIезе гьабунин.
Ва бихьана хехго хирияб росу,
Росдал рагIалалда гIадатияб ригь.

КватIарай, гьоболалъ, Асиятица,
Сородилел квераз бухана нуцIа...
Гьеб рагьун бачIана, гьелда дандчIвана
Вера Васильевна – гIурус учитель.
Гьалъ гIодулеб лъимер, эбелалъ гIадин,
Дир канлъиийин абун, каранде къана,
КъотIун, нахги бахун, чед цебе лъуна,
Чаялъул стакан гьекъезе кьуна.
Печалъухъе ячун кверал хинлъана,
КвербацIцIалъ ясалъул магIу бацIцIана.
Росу кинабниги кьижун букIана, , –
КьижичIо учитель ясалъул бусахъ.
Рогьараб мехалда гьоркьоги босун,
Бикьана кIийиде Асиятил рас,
Жегиги гьитIинаб гьалъул кIиго гъал
БагIарал лентаца цолъизабуна...

Вера Васильевна, хIасратай гьалмагъ,
Дуцагин дур яцаз бакараб цIаялъ
МагIарул росабалъ чан гIолилалъул
ГIумруялъул нухал гвангъизарурал!
Чан дагъистанияй къаси сардида,
Ася гIадин, дуца хвасар гьаюрай!
Чамаца халатаб сапар бухьараб,
Дур хирияб канлъи цадахъги босун!
Огь, дица нахъ тарал таманал нухал! –
Гьезул киназулго квар гьабунани,
Гьеб гIезе букIана, гьедулев вуго,
Гьаб дуниял гIанаб гIомо гьабизе.
Киналго нухазда дида дандчIвана
Дур тIанчIазул лъалкIал, дур цIадул кунчIи,
БецIал накIкIазукьан бакъул чIор гIадин,
БачIун щолеб буго гьеб кибехунго:
Ленинил мугIрузда, МГУ-ялда
Аваразул хIанчIи рихьана дида.
Азербайжаналъул операялда
Исбатил рокьул кечI рагIана дида.
МагIарул Жульетта, Таня, Золушка,
Гьел театразда рихьана дида.
Трибуналдасан гIахьвалазул яс
ГIаламгун кIалъалей рагIана дида!
Дица чан цIаларал шагьараздаса
Ясаца улбухъе рачIарал кагътал.
Кинаб гьуинлъиги, кинаб рокьиги,
Йокьулей, гьез дуе битIулеб бугеб!

Жаниса тIегь гIадаб, тIаса хер гIадаб
Хъарпуз рагьарабго, гьелда жанибги
Жив гьанив вугилан, здравствуйилан
Лакав вачIунилан букIана кици, –
Москваялъул метро рагьараб мехалъ,
Цо рогьалилъ дида лакай дандчIвана...

ГанчIазул къвачIиниб рехараб улка,
Ункъо Гъойсуялъул халкъазул ясал,
ГIатIидаб ралъдахъе хъахIил зодихъе,
Дида лъала, гьалмагъ, лъица рачарал.
Гучаб Россиялъул институт лъугIун,
МугIрузде рачIарал дир гIурус яцал,
Нуж рукIинчIелани, магIарул ясал
Москва шагьаралде щвезе рукIинчIо.
Нужеца квер кьуна, кумек гьабуна,
Нужер канлъиялъ гьел нуха регIана.
Дида лъала нужер захIматаб хIалтIи,
БахIарчияб къеркьей, къвакIи, лебаллъи.
Дир ихтияралда букIарабани,
Дица нуж орден кьун рукIинчIо тезе,
«Совет Союзалъул БахIарзал» – абун
Бищун хIурматиял цIарал кьелаан.
Рагъ лъугIараб мехалъ «Бергьенлъи» орден,
Огь, базе кколаан нужер каранда, –
Нужеца куцарал гIадамаз гурищ
ГIалхулаб фашизма щущазабураб!
Рагъульги хIалтIульги цIар, рецц босарал
Васззул, ясазул бищунеб мехалъ,
Дица бищун цебе рецц гьабилаан
ТIоцебе гьезие дарс кьурал нужей,
ЦIикIкIун васал, ясал гьарурал улбул
Гьаб нилъер улкаялъ кIодо гьарула –
ГьечIо нужгIан лъимал гIемерал чагIи,
ГIагараб ватIан цIун руго гьел нужер.
Дунги гьезул цояв, магIарул поэт,
Гьаб дуниялалда киве щваниги,
Кидаго дир рекIелъ даим йикIуна
Вера Васильевна, гIурус учитель.
Дур рахъалъан дица хъван букIана кечI,
Дир каранзул рекIелъ руго дур дарсал.
Дур рокъоб бакараб гьитIинаб канлъи
Кидаго гIумруялъ гвангъун буго дилъ.
Дицани магIарухъ дуе памятник
Гьабилаан бищун борхатаб кьурда:

Дур лебаллльиялъухъ, дур гьунаралъухъ,
Дир гIумру гвангъараб гIагараб ЦIадухъ!

* * *

Асият рокъоса къватIий яхъана,
Къирулеб кавудал гьаракь бахъана,
Жалго болъал гIадал къватIал чIван, гIодой
ГIагараб цIадухъе нух босун ана.
Ва цебе, гьитIинаб мехалъ кинигин, .
Гьай сородел кверазквалана нуцIилъ.
Гьеб рагьун бачIана, гьелда дандчIвана
Вера Васильевна, гIурус учитель.
Гьелъ лъимер гIадинан гIолохъанай яс,
Дир канлъийин абун, каранде къана,
КъотIун нахги бахун, чед цебе лъуна,
Чаялъул стакан гьекъезе къуна.
Ва цебего гIадин, щиб ккарабилан,
КвербацIцIалъ ясалъул магIу бацIцIана.
МагIу къулчIулаго, къаси Асяца
Жиндирго къваридаб къиса бицана.
Гьединаб магIарухъ гIемераб ккола,
Цо-цо квеш лъугIула...
Гьале гьеб къиса:

* * *

Гьеб культштурмалъул заман букIана,
Колхозал гIуцIулеб рии букIана,
ДагIбаял гIемерал, щур-щур гIемерал,
Щаклъиял гIемерал моцIал рукIана.
Районалъул вакил ваккараб мехалъ,
Каваби рахалеб заман букIана.
Канлъи къотIарабго, къаси сардида,
Къан нуцIбигун, боцIи хъолеб букIана.
Рек-рекун гьакалгун, гьелда цIаги лъун,
Гьан бежа-белъунеб балъго букIана.
КIалъаял, малълъиял – божи гьечIого,
Гьезухъ гIенеккулеб заман букIана.
Къад ккараб кIалъайдахъ, кIал гьикъун, къаси
ЛъикIал активистал чIвалел рукIана.
Кулаказул хунжруз керенги борлъун,
Койсуялъ росарал васал лъаларищ?!.

Гьерсилаб гъоркьчIелалъ чIухIарал бутIрул
Чамасул гирарал гохIдаса гъоркье!
ГодекIабахъ росдал собранияби,
Гъасда хъизаналъул собранияби –
Пикраби хисулеб, къасдал хисулеб,
КъватIул харбаз цIураб заман букIана...

...ТIоцебе жвине хинкI кьолаго, бече
Кьурун нахъ буссуна, тIагIам лъачIого.
ТIоцебе колхозин абигун ГIали,
ГIенеккана гьелъухъ, щибин гьебилан.
Хадуб ругьунлъана, хадуб бичIчIана,
Хурул чIедераб ссан кутназ бекьана;
Хекко, мех иналде, гьев «ЦIияб канлъи»
Колхозалъул вехьлъун магIарде ана.
Цо нухалъ гIурдада гIигун вукIадго,
ГIалихъе росулъан хабар .бачIана, –
Колхозалде цIияй гIадан ячIанин...
ГIалица гьикъана гьей гIадан щийин? –
Щияли лъаларо, амма сон къаси
Дур рокъоб ясалъул чIчIичIчIи рагIана.
Жакъа рогьалида, карщил гъудрулгун,
Киналго руччаби гьенир рихьана.
Гьеб хабарги босун вачIана ГIусман,
ГIалил къайицадахъ, вехь Салманил вас.
ГIалица ясалъе «Асият» – абун,
Хварай эбелалъул цIар битIун ана
Ва ГIусманида гьес махсародего,
Яс гIурайго, дуе кьелин абуна.
Амма ГIусманица, яс дуйго тейин,
Дие бурутI, кьегIер кьейин гьарана.
Ася гьаюраб их,.. гьеб мехалъ гьесул
АнцIила ункъо сон тIубан букIана...

Квачаралго мугIрул гIаздаеги тун,
ЛъарагI авлахъазде уна рехъаби;
Ихдалил махI чIвайгун, тIогьол майдан тун,
ТIад руссун рачIуна гIиял рехъаби.
Гьелъин Хадижаца хасел, рииялъ,
Хирияй ясалъул гьулакги кIикIун,
Гьелъий кечI ахIулеб букIараб даим
РекIел анищазул, пашманлъиялъул:

МагIарде гIазу бай
– ГIали вачIине!

ГӀурдаде их щваги
– ГӀали вачӀине!
ГъутӀбузде гӀазу бай
– Гъудузе рохел,
Гьелгун йохула дун,
ГӀалиги вачӀун.
ГъутӀбузде тӀегь бани –
ХӀанчӀазе рохел,
Гьелгун йохула дун,
ГӀалиги вачӀун.
Гьаб роол халалъи
ГӀагараб росулъ –
Риият мугӀрузда
ВукӀуна ГӀали.
Халалъи хасалил
Хирияб росулъ, –
Хасел гъутабазда
Бала ГӀалица.
МагӀарде гӀазу бай –
ГӀали вачӀине!
ГӀурдаде их щваги, –
ГӀали вачӀине!

Гьедин ана сонал, векалгӀан хӀинцго,
Гьедин ана сонал, сагӀталгӀан хехго.
ГьитӀинал бачазул гӀачи лъугьана,
ГӀисинал таязул чуял лъугьана;
ГӀалил Асиятил анкьго сон тӀубан,
Школалде унеб замана щвана.
Салманил ГӀусманил кього сон тӀубан,
КъватӀахъ женжедулеб заман бухӀана.
Салманги ГӀалиги, гӀиялги рачун,
ЛъарагӀ авлахъалде унел рукӀана...
Гендерил къварилъухъ къаси сардилъ гьез
Свак чучизе дагьаб рещтӀен гьабула.
Цо кьурул ракьанде цӀул-заз бакӀарун,
Гьелда цӀаги бакун, квен-тӀех гьабула.
Холеб батанилан, актаги гьабун,
Мугъ лъухьун, лълъарал ккун, цо чахъу хъола.
ГӀемер рагӀудаса, рагӀ цӀун, гьаб лъикӀан,
Хъабида кӀалги чӀагӀа, чӀагӀа гьекъола;
Гьелъ хинлъизаригун, харбиде рала,
Хъалиянги кьурун, Салман кӀалъала:
– РакӀалда бугеб жо бицинчӀогойин,
Гъеду чӀегӀерлъараб, дир гъудул ГӀали, –

Пикру букIана дир рекIелъ цIунараб,
Мун рекъеларевин хIинкъун бахчараб:
Нилъер кIиясулго цо гIумру буго,
ГIиял рехъабазда хадуб ана гьеб.
Цоцазул бицине дица ккеларо,
Киназдаго лъала нилъер гьудуллъи.
ЦохIо хIарччинисан кванан гIуна нилъ,
КучIдулги ахIана кIиясго цого.
Рорхатал мугIрузда, хехал гIоразда
ГIумруялъ кIиялго рихьана цадахъ...

Нижер ГIусманиде къасд ккарал чанги
ЧагIи росулъ рукIин дудаги лъала, –
ТIаде-гъоркье рачIун абичIониги,
БичIчIизе гьабулел гIадамал руго.
ГIарипгин Пайзулагь, Гьиматгин Чупан,
Гьез чанцIулго дие бакки гьабуна,
Ва амма кинго кин букIананиги,
РекIел цIай дудехун гурони ккечIо.
Бокьун буго, ГIали, гIайиб гьабуге,
Мунгун гIагарлъизе гIумруялъ даим.
Бокьун буго, ГIали, къотIи гьабизе,
Къо щвейгун, ГIусманий дур яс ячине...

МагIарде некIого цIцIани рахарав,
Мехтиялъ некIого гIию бачунев
ГIалица гьеб мехалъ хIисаб гьабуна,
Живго росулъ берталъ вугеб кинигин.
ГIалица абуна, хириян Салман,
Дида гьикъизейищ гьеб иш кколебан,
Месед йикIаниги, нужой кьечIей яс
КьилимагIардасан рехуларищан:
«Асиятги – нилъер, ГIусманги – нилъер
Гьел цохIого кверзул килщал гIадал жал...»

Кьуна цоцахъе квер, гьабуна къотIи
ГьитIинай ясалъе тIолго соназе.
Гьуинаб рагIухъги, чIагIдал лълъарахъги
ГIалица йичана Ася гьеб сардилъ.
Цинги Салманилгун, вахъунелъул гьес,
Бахъун тIад борчараб ханжар хисана.
Хисана буртаби, хисана тIаргъал –
Огь, хисизе бетIер лъикIан, ГIали, дур:
ГIаданиб «сельсовет» хIинцго хIалтIулеб,
РитIарал пикраби кватIун рачIунеб...

БетIер бигьарабго, рогьалилъ гьесда
Жинца гьабураб иш... гьаб щибан ккана...

Огь, магIаруласул кватIараб гIакълу, –
Каву рахала гьес боцIи бикъигун,
Буртина ретIуна, цIад кватIарабго,
Къварилъухъ нух лъола, гьоко бегигун.
«Вореялъ» рехараб гьорчо кквеларо, –
КватIана мун, ГIали, кIветIги хIанчIун чIа!
Бицун хадуб рагIи магIарул чияс,
Живго хвананиги, хвезе толарин...
Ва хеккого росулъ лъимал ахIдана,
ГIусмание Ася абун йигилан.
Гьеб бачIчIуларей яс, Ася йикIана,
ГIусман-дацийилан кIалъалей гьесда.
«Даци» щив чияли бичIчIун хадуса,
БачIараб къварилъи чучичIо гьалъул.
«Дацица» гьалъие кьолел конфетал
КьогIаб загьру букIин бичIчIана гьалда.
Ва хеккого «даци» вихьараб мехалъ,
Гьай батIияб нухалъ ине лъугьана.
Гьалда гьев, гьесул цIар, гIамал-куц, кIалъай –
Кинабго рихана мех бахъанагIан.
Рихана, гьитIинго жий абизе гьев, –
Гьаб нилъер заманалъ щай нечечIевин.
Рихана, балагье бахIарайилан,
Гьев сабаблъун, ясал жинде ахIдонин.
Рихана къунцIарал михъазе гIоло,
КъотIараб гьоркьияб кIветIалъе гIоло,
КIичIараб гьитIинаб бетIералда тIад,
Базе гьабун, лъураб тIаргъие гIоло.
Рихана, би тIурал кьалул соназда
Къалда лъимал ругел улбузда цебе:
«Эбелги къоролай, ясги къоролай
Къад данде чIваги», – ян гьес кечI ахIиялъ.
Рихана цогиял хIалтIулеб мехалъ,
Жиндие чанги къан, къватIазда вихьун.
Рихана, цогидал кьижараб мехалъ,
Вахун тIохаздегун, свердулев вихьун.
Рихана мехтелалъ, мехтичIеб мехалъ,
Мехтараб ххвел гьабун, гьагаб хьвадиялъ.
Рихана гьев, даим школалдаса
Жий нахъе ячеян, нич тун, кIалъаялъ, –
Гьев бухгалтер вукIун ватизе вуго,
Математикалъе нахъе кколаан.

Рихана, щибниги гІилла щвечІони,
ГІиллаго гьечІого, гьадинго ГІусман:
Гьесул хІатІил роси, хъваласун вуссин,
Гьересияб гІумру, гІадалаб релъи.
Рихана... Гьеб буго халатаб къиса,
Халкъалда рагІичІеб, къватІиб лъалареб.
Лъала гьеб цо гьалда, цо гьудулалда,
Гьалдехун хьул бугев цо гьудуласда;
Дагьаб эбелалда, дагьаб инсуда,
Ва дагьа-макъаб жо мадугьалалда.
Гьеб лъазе букІана ГІусманидаги,
ГІамал кІодолъиялъ течІо бичІчІизе.
Гьанже гьеб кинабго къваридаб къиса
Къаси гьалъ бицана учителалда:
– Дун нух гьечІеб кьурда цее чІун йиго,
Дун кьо гьечІеб гІурул рагІалда йиго.
Вера Васильевна, анцІабго соналъ
Дуца аза-азар дарс кьуна дие.
Дарсал лъугІаралго, отметкаги лъун,
Ине бегьилилан йитІана дуца.
Вера Васильевна, гьарула дуда,
Гьанже цогиги дарс малълъе дидаян.
Киехун дун иней? Щиб жо гьабилеб?
Гьаб бецІаб рохьалъул рагІал киб бугеб?
– Асият, гІодуге... къварилъиялде
КъвакІун данде чІезе куцун йигин мун, –
Кинабго гьаб хІалтІи дида гьикъун щай?...
Дурго гІакълу, намус, рекІеда гьикъе,
Ва дурго намусалъ малълъараб гьабе.
– Дир намус мун йиго, малълъе учитель!
– Асият, Асенка, ракІалда буго
РикІкІадасеб цІадал гІемераб рии;
ГІодулей эбел тун Арбатил къотІной,
Дун Москваялдаса мугІрузде щвана.
Унге, дир ясилан, Дагъистаналде,
Долъул хунжруздаса жий хІинкъулилан,
Долъул росабазул цІакъ гІажаибал
ГІадатазул тІахьал жинца цІаланин –
Гьединан йикІана гьарделей эбел,
Гьеб мехалъ чанцІулго дир хІал хисана;
Амма рокъой чІезе къасд дир бихьидал,
БетІер хьвагІулаго, кІалъана намус:
«Вера, щиб тамахаб, хинаб гІумруйищ,
ХІалтІухъанасул яс, дуца бищараб?
ЗахІмалъи рагІигун, ракІ хІинкъарай мун,

Рокъой гьеб бачIингун, киндай йикIина?
Вера, щай гьабулеб гьерсилаб гIумру? –
Гьелъие куцичIин мун коммунистаз.
Щибизе институт дуе рагьараб?
Щай рогьалилъ яхъун дарсал цIаларал? –
Вера, – ян кIалъана дида институт, –
Дир соназул божи цо къоялъ чIваге!
Вера, – ян кIалъана дида комсомол, –
Дир яслъун мун йикIин кIочон тоге! – ян.
Гьебмехалда дица чемоданалъуб
Сардилъ къаси яхъун къайи сокIкIана,
Къо лъикI эбелилан, къо лъикI Москваян,
Дица дир къисматлъун къеркьей гьабуна.
ДагIнил бетIергIанаб гьитIинаб росулъ
Дица къоябго сон тIамуна, Ася;
Ва къоябго соналъ, къо гьоркьоб течIо,
Къеркьана рахIму тун дун квешлъабигун.
Къеркьана бецIлъигун, къеркьана мацIгун,
Къеркьана гьерсилаб, гьагаб гIадатгун.
Къеркьана магIарул ясазе гIоло,
Къеркьей – гьеб букIана кIудияб захIмат,
Къеркьей – гьеб батана кIудияб талихI,
Дун талихIай йиго, Ася, ракьалда.
Ва дие ракI-ракIалъ рихарал руго
Дора шагьаразда диплом босарал
Министрзабазул секретарьшаби,
Начальникзабазул машинисткаби, –
Гьел росасе уна щив дандчIваниги,
Жалго шагьаразда хутIизе гIоло.
Рагъдаса вахчарав Чупанил гIадин,
Гьезул цIар рагIигун, цIунцIрахуна черх...
АнцIго соналъ цебе цIумурги кьабун,
Улкаялъ ахIана мун школалде;
Ва анцIабго соналъ, дур квералги ккун,
Мун яхинаюна борхатаб гохIде.
Улкаялъ малълъана дуда, Асият,
Дунялалда бищун пасихIал кучIдул.
Улкаялъ дуй кьуна анцIабго соналъ
Аза-азар дарсал. Дуда кIочонге:
Улкаялъул тарих, халатал нухал,
Хучдузул мухъалъа, хвалил цIадулъа,
Мун хвассар гьайизе, тIадмагIарул яс,
Чанги коммунистас керен кьураблъи!
РагIал гьечIеб Сибирь, гIаздалаб дунял,
ГIасияб замана, рахараб туснахъ...

Мун тархъан гьайизе хъахIаб гIаздада
КигIан багIараб би гIодой чвахараб!
Мунги йорчIизейин, аваразул яс,
«Аврора» кIалъараб Октябралда;
КIочонге солдатал гьужумалъ унел,
Партизаназул бо бецIал рохьазда!
Умумуз цо рагъулъ бахъана талихI,
Вацаз цIияб рагъулъ цIунана талихI.
Йохъ, МахIач, дуй бецIлъи цIунизе гуро,
Дуй рохел цIунизе ана цIадулъе!
Дуе гIоло, Ася, эоел – ВатIаналъ
Институтал рана, фабрикал рана.
Дуе печаталда тIахьал рахъана,
Гьел авар мацIалде руссинаруна.
Дуе Маршакица маргьаби хъвана,
МагIарул шагIираз шигIраби хъвана.
Дуй кагъат къотIана, къалмал гьаруна,
Наборщиказ дуе хIарпал рищана.
Улкаялъ цIакъ цIикIкIун жигар бахъана:
ЦIияй, гьунар тIокIай, гьайбатай, лъикIай,
Лъай бугей, цIодорай, эркенай гIадан
Дур – магIарулалъул лъугьинайизе.
Мун гIезе гьаюна гIурда тIегь гIадин,
Дуе куркьбал кьуна хъиргъу урхъарал;
Ва абуна дуда: «Йоржа, Асият!
Эбелаб ракьалда кий бокьаниги».

Амма мун гьабсагIат нахъе кIанцIани,
БецIал гIадатазде гIин кьун юссани;
Мун йичун йосизе чияй танани,
Чахъабазухъ дуца дур рокьи кьуни;
НоцIал рукIунилан, цIул бичIичIого,
ЦIорораб ригьнаде мун юссанани;
Сусур батунилан хурги рехун тун,
Нухдаса гьабсагIат мун таранани;
Дие гьеб рекIеда букIина унгун,
Рагъулъ тушман бергьун дунго къурангIан.
Мун, дирго цIалдохъан, дир божи, хIасрат,
ХIиллаялъ, макруялъ гуккизе чIани;
ЧIухIараб мехалъухъ урхъарай гIадин,
ГIадалав росасул лагълъун ятани;
Мун гьесул бокIнида, бадиб жоги цIан,
Бакъвараб чIарбиде къулун йихьани;
Росас йиччаларин, собраниязде
Султанат кинигин, мун ячIинчIони;

Сапун гьумералда бахунин абун,
Баху кинигин, мун юхун ятани, –
Дие гьеб букIина ракIалъе захIмат,
Дица гIезаюрай яс хварай гIадин...
Гьебмехалда дица абизе буго:
Ася, дур анцIго сон гIадада анин;
Аза-азар дарсаз дуда малълъараб
Дуда цо къатIрацин бичIчIун гьечIилан;
Дица дуе лъурал лъикIал къиматал,
КиналгIаги мекъи рухIун ругилан;
ГIадада, гьадинго, пайда гьечIого,
Дуца школалда бакI ккун букIанин;
Дуца рекIкIги гьабун, цIогьоралъ гIадин,
ЦIалул мех бикъанин, дунги тох гьаюн;
Комсомоллъун йикIун взнос кьей гуреб,
Кьваризе ккарайго мун чучанилан...
Цоги щиб абилеб, Асият, дуда? –
Намусалъул хабар халат букIунин.
– Вера Васильевна, цо хIинчI сабаблъун,
Азарго хIинчIалъе лъим щун рагIула;
РикIкIадал мугIрузда, дир улкаялда,
Чанги яс къалъана дур чирахъалъги!..
Вера Васильевна, баркала дарсихъ! –
Асият цинтIаго тIаде яхъана.
Нахъехун кIаз биччан гъалалги рагьуи,
Рагьараб гордуде гьумер буссана,
Горда цебе буIго гIагараб росу,
ГIумру арал рукъзал, хирияб бусен...
– Вера Васильевна, сордо лъикI дуе.
– Къаси гьаний йикIа!
– КIоларо чIезе.
– ГIодулел лъималищ рокьор дур ругел?
– ГIодулей хутIана хирияй эбел;
Элъ ургъел гьабила – харбал рахъина,
Халат гьабизе щай?.. Дун нахъе ина...

КIичIарал, къваридал росдал къватIал чIван,
Къаси сардилъ Ася ячIуней йиго,
ЧIухIун хIетIе босун, хIинкъи нахъа тун.
ХIанчIилаб бетIерги эхеде борхун.
ЯчIуней йиго яс, школалдаса
Дарсал лъугIун рокъой ячIуней гIадин,
Ва учителалъул малълъидал хинлъи
ХисичIого буго рекIеда жаниб.
КIиябго бер буго гьалъул кенчIелеб,

Карандасан далун буго цояб гъал;
Бокьараб бахъаян, кьалде лъугьуней
Кьвагьдохъан кинигин, унеи йиго гьай.
Данде къан руго гьалъ тIеренал кIутIби,
КIиябго гьитIинаб зар буго букъун, –
Гьезул килщал лъица ричIизарилел,
Карандаса хIасрат лъица бахъилеб?
БачIана гьалъухъе гьанже лебаллъи,
Поэтасухъе шавкъ бачIунеб гIадин...
Рагъда гулла, патрон лъугIараб мехалъ,
Жиндир полк бихьарав рагъухъан гIадин,
Школалъул ригьзал,.. гьений щварайго,
Гьай дагьалъ лъалхъана, нахъеги ана.
Гьеб дагьаб лахIзаталъ гьалда школалъ
Гьарана, жиндида тIанкI лъогейилан:
Жинца дуй цIаларал киналго тIахьал,
Жинца дуе кьурал киналго дарсал,
«ГIалиева Ася!.. доскаялде, – ян
Дуда хъвазарурал киналго хIарпал,
АнцI-анцI журналазда, жиб-жиб къоялда,
Жинца дуе лъурал тIолго къиматал –
Гьезда киназдаго хIучги тIасан цIан,
Кванараб хIарччиниб туге!», – ян абун.
Унеи йиго Ася росдал къватIахъан,
Нус-нус сонал рарал ганчIазда тIасан,
Жиндир гIумруялда цебе сокIкIараб
НекIсияб мехалъул сангарги бахун.
Ва сардилъ гьалдехун Пушкин кIалъана,
Гьайбатай мугIрул яс, мун шула чIайин;
Рейналъул кочIохъан, Койсу гIурухъе,
Гейне вачIун чIана, къвакIе, Асяйин.
ВачIана чIухIарав, Маяковский,
КIиязулго паспорт цого бугилан.
КIалъана гьалдехун гIащикъав МахIмуд, –
Лълъар бекараб оцой унге мунилан...

Унеи йиго Ася, къаси гьалъухъе
Корчагин вачIана, чодаги рекIун;
Ва Чапаевасул пулеметчIужу
Анял гьаракь буго гьалда рагIулеб.
Асият, балагье, хIинкъугейилан.
Гьанкъилалде цеве Фучик кIалъана,
Дий мун йокьулилан, цIодор йикIаян.
Испаниялдасан Ибаррурица,
Эбелалъ кинигин, гьай данде къана,

Ва Крупскаялъ, цIале, дир ясин,
ЦIорберазде пун, гьалда гьарана.
КIкIуйдулъан, цIа гIадин, унеб буго чу –
Чода тIад йихьула Жанна Дарк гьалда.
Гьава къотIун руго роржунел хIанчIи –
ЧIана Осипенко Асяда цее.
ГIагарал яцазул гIадин рагIана
Краснодоналъул ясазул гьаракь, –
Уля Громовалъ Лермонтовасул
«Илбис» хвалда цебе буго цIалулеб...

Уней йиго Ася, гьай жийго гьечIо,
Гьалда цадахъ вуго хъегIдолев Горький.
Гьалъие хIалае мугIрул росулъе
Къаси живго Ленин вукIана вачIун...
Гьединан унаго, хIобода бараб
ДагIнил кIиябго лълъар бихьана гьалда;
Каву рагьилалде, каранда квер лъун,
Лъана гьалда жиндир комсомол билет.
Гьелъ гьалда абуна цеехун аян,
Цо гали нахъехун босугейилан.
Гьалъ ракьанде тункун рагьана каву
Ва хадуб яхана борхатаб тIохде.
ТIаде къулун руго рорхатал мугIрул,
РагIа-ракьан гьечIо гIурччинаб магъил;
Асяда гIагараб ВатIан кIалъана,
Жиб дуда бржулин, сордо лъикIилан.
Гьай рокъой лъугьана, чирахъ гвангъана,
Хадуб чирахъ свана... сордо лъикI гьалъий...
Сардилъ яхъун эбел балагьарайго,
Гьелда жиндирго яс кьижун йихьана.
Гъалазул расуца бусен цIун буго,
БилбагIарал кIутIби данде къан руго.
Къоялъ данде къачIел чIагIерал берал
ЧIегIерал тIелхаца рахчун рихьула;
ЧIегIерал тIелхаца рахчарал гьезда
ГIажаибаб макьу буго бихьулеб.
ГIемерал рихьулел, хех кIочон толел,
ЦIакъ тамашаял жал руго макьаби.
Дида кIочон тана Асял гьеб – макьу,
РокьигIан гьуинаб, рокьигIан кьогIаб.

* * *

Рогьана... Бусаде, Асял къаданир
КьотІносан бакъалъул чІорал рещтІана,
Гьалъ, кІухІалго гІадин, кверал ритІана,
Канлъиялде данде бетІер борхана.
«Дуйго къо халатаб букІине, Ася,
Хекко яхъа», – йилан эбел кІалъана.
...Гьай яхъана, цІияб гурде ретІана,
ЦІорораб лъимги тІун, гьумер чурана;
ПещтІелаго жаний-къватІий сверана,
МатІуялда цебе гъалал хьухьана;
Гурдил кереналда, байрахъ гІадинаб,
Комсомол значок рекъезабуна...
Ася пашман гьечІин, гьай юссун йигин,
Инсуда эбелалъ гІинда щурана.
Гьай гІадалай гьечІин, гьей хисулейлъи
Жинда лъан букІанин эмен кІалъана.
Асяца, чемодан къватІибе бахъун,
Гьениб иргаялда къайи сокІкІана,
Ва бищунго цебе гьелъул тІиналда
Жиндирго тІахьазул кьерал гьаруна.
«Росасе унелъул Фазу гІадинан,
Гьалъухъ хал гьабея тІахьал къачІалей!» –
Хадижат балъгого елъулей йиго,
Асият «уйилан» гІенеккун йиго...

Азбаралда чадул хІи-хІи бахъана,
Гьелъул хІинкъи щибан балагьарабго,
Каву рагьун жанир лъугьун рачІана
Лъабго хъахІаб мегеж, лъабго сагула;
Салам кьун рокъоре гьел ,раккилалде,
Лъабабго къандалъб къачІан букІана.
Къандалъазда цебе лъабго билигъуд
Ва, гъудрул цІун, гьанал чурпа букІана.
Гьеб ххун бахъиналде, Хадижатица
Хадур гъезаруна хинал пурщаби;
Ва хеккого лъабго хъахІаб магжилъан,
Хъабхъилъан лъим гІадин, чвахана урба.
АлхІамдулилагьин квандаги абун,
Бисмила лъуна гьаз магьариялъе.
Лъабго херлъиялда цее яхъана
ЦохІо гІолохъанлъи – нилъер Асият.
Канлъи сунеб анлъго бер балагьана,
Ва бищун кІудияв кІалъана гьалда;
КІалъана зодихъе квералги ритІун,
Жинца лъабго нухалъ гьикъизе бугин:

Гьадав аллагьасул амруялдалъун
Ва аварагасул хIукмуялдалъун,
ХIурматал гьал чагIаз нугIлъиги гьабун,
Салманил васасе, ГIусмание мун
Анлъго тумен хъахIаб гIарцуде кьезе
Дур эмен ГIалихъе пурман кьунищан...

Асият, чIегIерал бералги рорхун,
Балагьана сверухъ киса-киего.
Ункъо бакIон буго, ункъо къед буго,
Къададасан МахIач валагьун вуго.
Гьесда аскIоб буго Ильичил сурат,
СихIирго магьаричагIахъ хал гьабун.
Рагьараб гордухъан Асиятида
Бихьана мугIрул нух, чвахун унеб гIор,
ГIумруялъул сонал араб школа,
Гьелъул тIохда рещтIун харбида маккал.
Херал – жаваб щайдай кватIулеб бугеб?
КиналгIаги гьалъухъ ралагьун руго.
Гьалъ гIодойги йиччан, каранда бараб
Комсомол значок битIизабуна,
Цингиги эхеде борхун гьумергун,
МагьаричагIазе жаваб гьабуна:
– БотIрода кинабго рас бетIаниги,
Нусабго лага-гIучI щущан аниги,
Дица дирго намус, дица дирго цIар;,
Дица дирго гIищкъу гIарцухъ кьоларо,
ГIусманай хваниги дун ине гьечIо!
Гьале нужой жаваб, рагIанищ? – илан.

Гьедин жавабги кьун, кьурунги юссун,
Асият жиндирго рокъое ана.
«РагIанищ?» – ан абун лъабавго херав,
Хъатица кIал чIварал гIадин хутIана.
Къададасан Ленин гьезухъ валагьун,
Гьимулев вукIана, ма, босейилан.
«Цо магIарулалъул гIамал, гьай!» – абун,
Гьел къулкъулиялда къватIире ана.
КъватIисан гьенибе бачIун хIанчIица
ХIур бахъараб рокъоб чIи-чIи бачана.
Огь, магьаричагIи, мугIрул ясалъул
Хасият нужеда гьанже лъаларо!
Гьеб мугIрул ботIроде нуж рахинаро,
Гьеб кIкIалал ахаде нуж раккиларо!

* * *

ЦохIо къапараб бер балагьилалде,
БитIахъе гIарада кьвагьараб гIадин,
ГIурччинаб магъида, мугIрул росдада
РагIана гьеб хабар жиб-жиб тIиналда.
Цоял щурщудана, цоял релъана,
Цоял ццидаххана, цоял рохана.
Эхеде унесги эхей унесги,
Гьеб хабарги бицун, нух къокъ гьабуна.
Цоязда гьеб къана щокъраб ракьалъун,
Цоязул рекIеда рекIана цIалъун.
Цояхъе бачIана гьеб борохь гIадин,
Цояхъе бачIана чIухIарлб цIумлъун.
Вай кIал цIородила, цIаялъ юхIадин,
Гьай къосарай ясалъ суризаюнин, –
Къавулъ бищун сахав чи хварав гIадин,
Чвахун магIуги тIун гIодана эбел.
Нилъ сури щиб жо гьеб, росу суранин,
Гьаб кинабго гIайиб дуда бугилан,
Дуца нечезаюн яс хвезаюнин, –
Росас лъадиялъе бухъана питна.
Гьан махIцараб мехалъ, тIаде цIам щвала, –
ЦIам махIцараб мехалъ, щиб жо гьабилеб?
Гьанже яс дир гурин, дуниял тун ад,
Дир ханжар багеян тиртидана гьев.
Асият ячIана, чIвай, эмен, дунан,

«Дуца гIезеюна, дуца хвезае.
Дудасан бачIараб хвелго бокьила,
Дуца боцIухъ йичун чидай кьезегIан...
...Гьале, эмен, ханжар, къотIе дир бетIер,
Ва рехе гIурулъе, гIайиб чIваларо;
ГIумруялъул къоял араб мехалда,
КъотIила гIадамаз хIукму нилъее».
КIал цIураб хIацIуги нахъехун къулчIун,
Ханал гIадал берал кверазги рахчун,
Керен-ракI унтарав ахIдана эмен:
«Кин мун нечоларей, йилълъа росу те,
Инсуда йихьулеб бакIалда чIоге!
Йилълъа нижер рогьо, нижер инжитлъи,
Дида рагIулареб бакIалда йикIа!
ХъачIай гвангвадиро, мун щай гьаюрай,
Гьадин питнаялъе, инжитлъиялъе?!

Дица щиб гьабилеб гьаб дунялалда?! –
Гьумер гьечIо чияхъ балагьизе дир.
Гьале дун чIагояв чIван лъуна ясалъ,
Росулъ вукIине бакI дий киса гьанже»...

Ясги къватIие гьун къаси сардида
Къокъана мугIрузде пашманав ГIали,
ГIияда бицинин бачIараб балагь,
ГIадан гьечIин жиндир гьанже ракьалда.
Бертаде къачIараб къайиялда гъорлъ,
ТIаде нуцIбиги къан, къварилъиялъ цIун,
РахIму бугев аллагь, гурхIа жиндайин,
ГIодулей, угьдулей тана Хадижат.
ГIицIаб цохIо гурдилъ, хIатIида гIицIго,
БетIералда чIвазе кIаз-жо течIого,
Рокъоса къватIие гъурай Асият
Къасиялде ана райцентралде.
Найил тIала гIадаб росдал гIадамал,
Жалго наял гIадин, хъудана хадур.
Херал, чIахIиязул мацIазул хучдул,
Киналго Асяда руго хIенселел.
ХIорихъан раккарал къуркъби кинигин,
Къоролзаби руго гьалде гаргалел.
КъвачIинир рехарал цIулакьби гIадин,
Ракьа гьечIел мацIал руго хьанделел.
ХIалихьатаб хьими, ццидалаб бугьтан,
Цоцалъ рекъон руго хадур рачIунел.
Жеги цо гIаданалъ, гIамалкIодоца,
Гьай араб къотIносан лъим буго тIолеб.
ТIаса ва хадусан гьалъул рахъалъан,
Гьабилан абичIеб щибго жо течIо;
Гьелда хIикмалъуге, магIарул росулъ
ТIад инсан кIалъачIей цо чIужу гьечIо, –
ТIад чагIи рекIинчIел чуял ратила,
Чияца какичIей яс ятизегIан.
Кин букIананиги гIери хIанчIизе
ГIадатал цIунулел чагIазде ккана –
Гордухъан рехараб ханжар букIана,
Халатаб хIоболъ къан, къватIиб рагьида;
Жиндир къоял гьанже лъугIулел ругин,
Къунин жиб къецалъулъ жакъа гьанибин…

Гьеб кинабго лъана парторг Мусада –
Яс къватIие гъурав коммунист ГIали
ГIадлуялде цIазе ккелин абидал,

Гьес абураб рагIухъ, гIенеккун рихье:
Дун гьеб ишалъулъе жувазе гьечIии,
Жиндие гьелъие ихтияр гьечIин,
Ясалъулгин инсул дагIбаги къецги –
Гьеб бугин жидерго жанисеб ишан;
Гьелъул жаваб жинца кьезе кколарин,
Ва жинда гьеб щибго лъазе кколарин;
БатIияб иш бугин, хIалтIуда нахъа
ХIарам гьабунани, гIайиб кканани,
ЦохIониги бетIер гIиял камуни,
ГIалидасан хабар дида рагIани;
Ва аммаха ГIали, нужода лъала,
ЛъикIав мисалияв хIалтIухъан вуго.
КьегIерги кодоб ккун «Дагъправдаялъ»
Досул сурат чанги нухалъ бахъана...

– Гьеб букIана, Муса, вехьасул сурат,
Гьеб коммунистасул сурат букIинчIо, –
Варани кодоб ккун бахъананиги,
Коммунистлъун ГIали вукIине гьечIо.
Гьев кинав коммунист – кодоб ханжаргун,
Хвараб бецIаб гIадат цIунулев вугев?
Анкьго сон барай яс росасе кьелин,
Расги нечечIого къотIи гьабурав?
Къайи гIадинан гьей гIарцухъ йичарав
Ва гьелда магьари лъезе биччарав?!
ГIияда нахъа гьев вуго коммунист,
Инсул рокъоб гьесда чIвачIо гьелъул махI...
Огь!.. ракI унтиялъе мугIрул росабалъ
Руго «коммунистал» ГIали гIадинал;
Росабалъали щай, шагьараздаги
Ратула гьадинал кIигьумерчагIи.
ТIоцеве цIализе дун лъугьаравго,
Дида рекIелъ вуго цо дир учитель,
Ниж коммунизмалде кечI ахIулел тун,
Как базе унаан дарсил бакьулъ гьев.
Дун жеги гьитIинав лъимер вукIаго,
Лъала нижер росулъ вукIарав комсорг,
ТIанусиб абуни жамагIаталъ гьев
Жидейго дибирлъун вищун вукIана.
Цо нухалда гьекъон, гъалмагъир гьабун,
Цо гьалмагъ вачана милициялде,
Чвантиниб батана гьесул лекция,
Гьакълил заралалъул хIакъалъулъ хъвараб.
...Руго коммунистал, собраниязда

Гьез лъикIал кIалъаял гьарила нужей;
Микьабилеб марталъ гьез руччабазда
Праздник баркула, кверлагли росун,
Къаси гьезул рахъалъ, сах тагийилан,
ТалихI-рохел гьарун, лълъарал рорхула...
Рокъове вуссингун, намуслъичIого,
Росас семун, ахIдон лъади юхула.
Рокъоб руччабигун рагъ гьабулеб тIел,
Рагъде ккараб мехалъ, гьел лъикIал гьечIо...
Руго, партбилети каранда тIад лъун,
Щибаб лъагIалие лъудби хисулел;
Руго хисичIого цого заманалъ,
Цо гIечIого, кIиго-лъабго ячарал.
КIиго гьумер бугел гьел коммунистал
Килщаца рихьизе гьарураб мехалъ,
КIалъала парторгал, Муса гIадинал,
Гьеб бугин жидерго жанисеб ишан.
Ва ,амма партия гьел рагIабазда
Разияб кидаго букIине гьечIо.
Партиялъ киналго членаздаса
Кибго дуй ритIухълъи тIалаб гьабула.
Партия бецIлъигун цIоб тун багъула, –
БецIаб гIадат кколев, гьелъул васищ гьев?! –
Партиялъ руччаби эркен гьаруна, .–
Эл туснахъ гьарулев, гьелъул васищ гьев?!
Жанисан чIегIерал, тIасан гвангъарал, –
КIиябго рахъалъан руго гьел хъубал;
КъватIисан коммунист, рокъов гIадатчи, –
ГIумруялъ вукIинчIо коммунистлъун гьев.
Партиялъул член,.. гьесул рокъосан
Къваридаб зигарди рагIараб мехалъ,
Партиялъ кидаго абизе гьечIо
Гьеб бугин жидерго жанисеб ишан.
Рокъобти къватIибги кибго партия
МеседгIан вацIцIадав вукIине ккола, –
Рокъобги къватIибги жибго партия
Гьединаб бацIцIадаб букIана даим.
Бакьани, мугIрул вехь, ГIали вукIа гьев,
Я вукIа министр Александров гьев –
Партиялъе жив-жив жиндирго член
Жавабияв вуго рокъовгин къватIив.
Ва гучаб партия гьабсагIаталда
Асиятии хIалай бачIунеб буго.
ХIилла-рекIкI, цциналда, гьерсал-мацIазда,
Гьагал гIадатазда тIад хIетIеги чIун,

Цее уней гьалда, битIун гьабунин,
Нух битIагиййилан абулеб буго
Уней йиго Ася росу тун къватIий,
Гьалъ босулеб хIатIил буго, берцинлъи
ХIалихьатал чагIаз бокьараб абе
Гьорчо гирунилан гохI биххиларо

* * *

*ХIатIазда хIарщ хъвазе теларин,*
*малъалда вилълъарав магIарулас*
*хIарщулъ дегIен чIезе ккарабила.*

*Халкъалъул биценалдасан*

Огь, магIаруласул гIадалаб чIухIи,
ГIанхрида ццин бахъун хурзал рухIулеб!
Огь, магIаруласул гIадалаб чIухIи,
ГIакълу гьечIеб, къойил къватIиб гьурщулеб!
Гьеб чIухIи бухIуна цоясул рагIулъ,
Цогияаул гьетIун борчараб хонжролъ,
ЦIвакарал чакмабалъ, бекараб тIогъролъ,
ГIад рекIингун юргъа бачунеб чодулъ.
Гьеб букIуна цIияб сагула тIингъилъ,
Цоясул бихьана кIичIарал михъалъ.
Дида лъана чIухIи мадугьаласул,
ЖиндиргIан багъулеб гьве гьечIин абун.
Огь, магIаруласул гIадалаб чIухIи,
Чан гIайиб гьечIев чи чIван лъурав дуца!
Огь, магIаруласул гIадалаб чIухIи,
Мун чIван лъугIараб мех кида бачIинеб?!

МугIрузул вехь ГIали цохIо хутIарай
Хирияй яс рихун гуро вукIарав.
МугIрузул вехь ГIали ГIусман гьечIого,
ЧIезе кIолараго гуро вукIарав.
Асиятил лъикIлъи, ГIусманил квешлъи –
Кинабниги гьесда лъалеб букIана.
Ясалъул ритIухълъи, жиндирго тIекълъи
ТIубан рагIалде щун бичIчIун букIана.
Лъицаха тIамурав тIадмагIарулав
Жийго тIегь гIадай яс хIакъир гьайизе?
Сунцаха малълъараб мугIрул вехьасда
Бахьинай Асият къватIие гьезе?

Огь, магIаруласул гIадалаб чIухIи!..
ГIакълуялда цебе бачIана ГIалил.
Жинца кьураб рагIи ясалъ хвезаби –
Гьеле гьеб букIана ракIалда хIунсун.
ГIадамазул хабар – тIохде балеб цIад, –
Гьеб цIадалдаса гьев вукIана хIинкъун;
Басрияб хIурматги некIсияб ссиги,
Сурун биххун инин, вукIана виххун.
Гьев хIадур вукIана ясалъул талихI,
Тохаб гIадат цIунун, цIадаб бухIизе.
Жинцаго цебехун цо рагIи кьунин,
КьегIер бацIил кIалдиб, маян рехизе.
КигIанго цIорораб лъим батаниги,
ЦIину бихьанилан, чвердезе ине.
Жинцаго хIацIу тун гьороде данде,
Цогияс гьеб бацIцIун, вуцIцIухIун чIезе.
Амма мекъса ккана, кватIун ватана,
Квердаса борчIана мугIрузул гIанса...
ГIусман, хисе гьанже гьинал гьолеб бакI, –
Гьенир рарал мугьаз микки гуккичIин,
ГудратIе руссарал тIатIул кескаца
Меседил чанил тIинчI асир гьабичIин.
Унти ккечIищ дуда, гьеб хабар щведал,
Бертаде къачIараб нужер къавулъе?
Огь, магIаруласул ссиги, чIухIиги!..
Цогияв захIмалъун гIодов ккелаан,
Рокъое ячине кIиго къо бугей
БахIаралъ рехун тун хутIарав ани...

Амма ГIусманихъе гьаб хабар щведал,
ГIибго хIал лъараб жо лъугьинчIо гьесий.
РакI балъго соролеб букIананиги,
Ссиялда вуго гьев пулев, кIалъалев:
Инсуца гьаридал, ячин гурони,
Дица йиччан толей лъан батитилан,
Бертадул цIа свине биччагейилан,
СултIан, цоги чахъу хъун рехейилан;
Хъазан рахсидаса нахъе босуге,
Асият анани, Супа ятилин;
Гьеб ражи бухулеб жо унин абун,
Жив чIужу щоларев чи гурин абун.
Жинца цо пиштIани, гьурал гIадин хех,
Роржун рачIунин гьел дир азбаралде...
Дица ГIалилазул ракI унтиялъе
Метерго бахIарай ячине йигин.

АхIе кочIохъаби, ваче зурмихъан,
Бухе тIилаз къали къасиги къадги!
Дун мискинав гьечIо, гIела дир боцIи,
МоцIги, цIваги, бакъги цадахъ босизе!

ГIалил ясалдехун дир дагIба гьечIо,
Дица жеги гьелъий баркала кьола,
Алмасил гIанкIулъун, росу тун аян,
Ургъел гьечIин абун, гьас михъ кьурана;
Цониги гIурусав вокьун ватилин,
ГIуруца йосадин тIохда свердана.
Бухари тIаргъида тIад рекъечIей гьей
Ахир къвакъвадила, шапка щвечIого.
Гьал дир чакмабаада разилъичIей гьей
ЯчIина ахирги, чарухъазги тун.
Гьан бокьичIей гьелъий, ракьа щвеларин,
Щуйихъе базабун лъуна хъурайсен.
Чирмакъалиялда къараб махх гIадин,
Къана гIебаб рачел хъахIаб гурдида.
Махорка кIваричIин, «казбек» кьейилан.
Кьариял кIутIбуца цIана хъалиян.
ЧIахIиял къалаца къватIиб кIкIуй реххун.
КIудияв багъадур гIадин тирана...

Бакъани мехалда гIагарлъи битIун,
ГIусманица хъалим нахъе босана.
Хъарпуз квине лъачIин хIамуздайилан,
ХIацIу къулчIейилан къайи баччана.
Ничгин гIадат гьечIей ГIалил ясалъул
Квер хъвараб гьеб къайи рокъоб телищан,
Росда цебе бугеб гохIил ботIрода
БухIизе лъейилан лъазе гьабуна.
Ва росдада цебе, халкъги балагьун,
Гьас хъалималда цIа лъуна, нартги тIун.
Гьеб чIегIераб цIаялъ цоял рохана,
Цоял ццидахана хал гьабейилан;
Гьеб цIаялъ рухIана шалалги, ххамги,
Хъалималъе кьураб цоги къайиги.
Гьеб цIаялъ бухIана кIиго вехьасул
КIудияб гьудуллъи, гьуинаб вацлъи.
Гьеб цIаялъ бухIана кIиго ригьалда
Гьоркьоб бан букIараб гIагарлъидул кьо.
Гьеб цIаялъул квешлъи щвана рикIкIаде
Ва чанги ракIазе гьабуна асар.
ЩIа сун хадусала, гохIил тIарада

ТIилалгун гIисинал лъимал рукIана;
Магъкьал гьечIодайин ясикIабазе
Гьез нахъалъизегIан рохъо хъирщана...

Гьеб цIа свана, амма гьанжелъизегIан
Гьелъул кунчIи чанги ясбералъ буго.
Гьеб цIа свана, амма гьанжелъизегIан.
Гьелъул бухIи чанги каранда буго.
Гьединаб цIа цебе букIараб мехалъ,
Би гIодоб тIечIого тIубалароан.

* * *

ТIоцебесеб класс... анцIго йиго яс,
АнцIабилеб класс,.. лъабго хутIана.
Щибаб классалде, щибаб соналде
Цо-цо ккун тIагIана, кIалдир цабилъун.
Школа – ралъадин, гьениб лъедезе
Лъаларин, кIоларин цIуял жалазда,
ТIаде рахъунаго, гIодоб бортулеб
ГIакълу бугин гьезул квенчIелдайилан...
Гьединан улбуца жидерго ясал
Росулъ хур-хералде руссинаруна.
Жегиги гIисинал гьел гIолилазда
ЖалгогIанал гIертIал раччизаруна.
Цоял, анкьго-микьго класс лъугIигун,
Россабазе кьуна жеги гIелалде.
(ГIужде щвелалдего, бащдалгIан ясал
Руссуна ригьнаде Дагъистаналда.)
ГьитIинай бахIарай, хъахIав бахIарав, –
Бертаби рихьана дида гIемерал.
СухIматалда гьоркьоб гьезухъ балагьун,
Пашманлъана дир ракI рикIкIада росулъ.
Анкьго соналъ цIалун Супайнатица
Ункъабилеб класс лъугIун букIана.
Мун тIукъби рищулей щай чIолейилан,
Гьай школалдаса нахъе ячана.
Къалам-кагъат ккурал гьелъул кверахъе
Кварги магьги кьуна, ма, баччейилан.
ЧчугIигIундул рорлъун горбодаги ран,
Гургинаб дад кьуна, ма, щар чIвайилан.
Щар чIван, гIачи речIчIун, гIурда хер бецун,
Хурзабахъ чIар гьабун, гьабихъ бутIа ххун,
Хаселал сверана, санал тирана, –

Супайнат гIер гIадай гIадан лъугьана.
КIудиял квералин,.. кирго хIалтIизе,
ЧIахIиял хIатIалин,.. хIаpщ мерхьиналъе,
ХIамида кIолареб гьир баччулилан,
Руччабаз гьелъие гьабулаан рецц.
Гьединай намусай гIадан йигин яс,
Гьай росасе кьезе бакьарай эбел
Гъоркьа рахадагин тIаса рохада
Васазул улбузда гаргадулаан.
Асялгин ГIусманил хабар рагIигун,
Хал гьабе гьеб катихъ, унгоян абун,
Гьедин ГIусманида чIухIизе ккани,
ЧIвазе жеги лъикIан кIалъа-ялъана.
Гьеб хераб мокъокъалъ, жибго къвакъвадун,
Жиндир тIанчIил бусен тIатинабуна;
ЛъикI юргъа бачунеб чу гIадинан, яс
ГIусманил кIалтIасан свердизаюна.
ГIертIал цIун рокъоб лъим букIананиги,
Лъадае-нахъее хьвадизаюна.
Жибго СалихIилас жергъен кинигин,
Кинабго гаргар жо рекъезабуна.
Гьегьал чагIи тIамун, тIаде-гъоркье ун,
ТIатIул гургаялда мохмох бахана.
Гьелъул бакъан рагIун, ГIусманицаги
ГIалил кьибилалъе квешезе алун,
Ячине ракIалда йикIинчIей Супа
Сардиде абизе чагIи ритIана.
ХIамица заз куна, чара бухIани –
Чаргъадил гIинзуниб гIишкъул лъим тIуна.
Лъана гьеб гIанкIил лъалкI чанахъанасда,
Щвана гьелъул рокъой магьаричагIи.
Лъабго хъахIаб мегеж, лъабго сагула,
СуркIабиги чIикIун, кIалъана гьелда...
Унго, гьедигIанго хеккойищилан,
Ххвелал жалги гьарун, разилъи кьуна.
Гьай хун яхъадгIаги ГIусманий щайин,
ГIашура йикIана кIалъа-ралъалей.
Нахъияб къоялда гьакида Супа,
ГIодулеб ххвел гьабун, нуха регIана.
Гьей унеб мехалда гIисинлъималаз,
«Воре, гIию!» – абун, гIери речIчIана.
ГIергун къайиялде дандеги рахъун,
ГIолохъабаз чIагIдал хъаба гьекъана.
ГIусманил рохьарал гIицIал рукъзаба.хъ
ГIертIал, къандалъаби, ургал сокIана...

* * *

Лъабго сордо-къоялъ рорхатал мугIруз
Бертадул хъабщуда такрар гьабуна.
Зурма-къолол гьаракь, кьурдулезул гьарс
Кьурабахъ, зобазда багъун букIана.
БахIарав вукIана, бохги базабун,
БакIида гIодов чIун, михъал кьурулев.
БахIарай йикIана, бадиб жоги бан,
БокIнидати кIусун, чIарбиде къулун.
Цо-цо гьоркьо-гьоркьоб гIагарай ясалъ
Гьелъуул гIетI бацIцIунеб букIана балъго.
ГIусман генералаз сверухъе ккурав
Командующийлъун вукIана ворхун.
Гьел гьедин гIумруялъ рукIине руго:
БакIида бахIарав, бокIнида Супа;
Амма берталъ гIадин гIагарай ясалъ
ГIетIгун магIу гьелъул бацIцIине гьечIо.
Анлъго маххул рачел черхалда къараб
Чирма къали цIураб чIагIа гьекъана.
ХъахIаб шал тIад чIварай Шура гIадинал
Шампаналъул шушби кIалалда чIвана:
БахIарасул улка-ракьалъул рахъалъ,
БахIаралъ санайил васал гьаризе...

Кьурди-хъваш гьабизе рагьтIе рахъана,
Рагъиде наккуги лъимги щущана.
Хадур нахъе гъезе гIисинал лъимал
Бищун цере тIохда гIодор рукIана.
Живго бет1ергьанчи мехтичIонани,
Бертин лъугьунарин кьурдана Салман;
Кьабараб тIилихъе, гъеж лъухьулаго,
Гъеду гIадин, гьевгун тирана чIужу.
Анкь-анкь яс унаан кьурдизе роргун;
Жидер кьибилалъул чи вахъаравго.
Бицунеб букIана, къокъав ГIумаргун
ГIайищат ургъунго мекъи сверанин...
Мугъги гIодой кIичIун, кIартил къагIидалъ
КIанцIана махсара гIемерав ГIиса.
МахсутIил кьурдулел килщал рукIана, –
Гьезул ишан бихьун свердана ПатIи.
СултIан, кигIан гIемер тIил кьабаниги,
Кьурдизе вахъинчIо, хьагихъ кIусарав, –

Чурпадулъе ралел гьанал кесказул
Гьес тIаса хIанчIичIеб цониги течIо.
Пурщаби кваналев ГIабдурахIимги,
ГIинкъал ххвелал гьарун, къватIив вахъинчIо.
Гьезие гIологи Дибир-ХIажияс
ХIетI малъалда чIана, накаби чIвана.
Гьанжеги абула, гьев гIемер кьурдун,
Жеги хIатIаздаса хIур тIагIун гьечIин;
ХIавал кечI ахIиялъ бакъвараб щекъер,
Щуго анкь сверанин, сахлъун букIинчIин...
СагIитица щибав гьекъа-гьекъарав
ГIакълу кьезе нахъаракъой ахIула:
«Я, вац, кигIан дуда абизе кколеб?!» –
КвегIаб кверги хьвагIун тIаде ахIдола.
Цо лъидаялиго данде кIалъанин,
КIал чIвана МочIохъес жиндирго лъадул.
Илъаса ХIажияв кIачон вугилан,
КIодаца гьабуна Салманий питна.
Семизе магIарул рагIи гIечIого,
ГIурусалъ кIалъана Мансургин Басир.
«ГIин тIаме! – ян абун ахIдана ТIалхIат, -
БахIарал кьурдизе ругин гьабсагIат».
Лъабго зурма пуна ГIусман вахъингун,
ГIарац-конфет бана Супал ботIроде.
Гьеб бищизейилан рортарал лъимал
РачIун бацIитIагъраз тIуризаруна.
ТIагърал гIодор речIчIун гьел расандана,
Ясазул бокIниде дегIен чIун ана...
ДагIбаги, рагIиги, рохелги, кепги –
Кинабго букIуна магIарул берталъ!

Гьедин аваданго, ихтилаталда
Абулел-ахIулел рукIаго, къаси
БахIарасул гьудул, хIелкил къагIидалъ,
ГIегIедула тIохил рагIалдаги чIун.
Гьелъул магIна кола кватIанин, гIелин,
Киналго регизе замана щванин;
ТIоцебе дандчIвалеб гьаб кIиябго жан
Жалго жидедаго тезе ккун ругин.
КиналгIаги уна, мехтарав ГIусман
Бусен бугеб рокъов жанив лъугьуна.
Гьаниб гьеб бацIие цIцIе буго къачIан, –
Къан нуцIбигун цIекIаб кIалъай гьабула:
«Здрасти, лъикI щварай, гьа, свакарайищ,
Садись, гIодо йикIа, ма, хьитал рахъе!

Вот, гьеле гьединан, цоги нухалъ цIай,
ЦIакъ къарал чакмаби ккана дие гьал.
Баркала, коп савул, спасибо, йо,
Босе, хъабиниб тIун, гIертIиниса лъим;
Лъазе ккела тIолго тIадал хIалтIаби, –
Ма, дир хIатIал чуре тIарсида жанир.
Абизейищ кколеб, кий балагьарай, –
Бусен къачIан гьечIо жегиги дуца.
Къокъаб сордо бугин, свинабе чирахъ!» –
Байбихьана яшав рос-лъадиялъул...
Байбихьана цIияб «талихIаб» гIумру,
Аман тушбабазе лъикIан гьеб, Супа.
Гьанже мун, Супайнат, йохъ, Супа гуро,
Гьас хисун, «йо» абун, лъуна дуда цIар.
Лъимал рукIунаан тIохазде рахун,
ТIингъалъ-гIодор рукIун, хъаравуллъи ккун,
Ва гьезда бихьана гьитIинаб гордухъ
Чирахъ бакулебги чирахъ сунебги.
Лъабго сордо-къоялъ гьедин гелдана,
Ункъабилеб къоялъ, йо, нус, йилълъаян,
Якьадалъ Супайнат гъасде ячана –
ХIерчги хьаГIи гьалда бихьизабуна.
БахIаралъул партал тIаса бахъана,
ТIокIаб киданиги ретIунгутIизе.
Гьеб ретIине буго яс гьаюнани,
Гьелъ жийго росасе унеб мехалда.
Хадуб гьезул ккараб дица хъваларо,
Дун вуссине ккола дирго Асяхъе.
Дун вачIун вукIана Супал берталъе,
ЦохIо гIицIаб гурдилъ дойги нуха тун.
...Ва амма иналде абизе дие
Ункъо-щуго рагIи буго къваригIун:
Къварилъана дир ракI Супахъ балагьун,
Гьелъ раччулел ругел раччаби рихьун;
Гьелъул кьватI-кьватIарал кверахъ балагьун,
КьижичIел свакарал берахъ хал гьабун.
Къварилъана дир ракI, гьелъ рогьалида
Росасул махIаби чурулел рихьун;
Чакмаби рахъулел, рацIцIунел рихьун,
Рохьосан цIул босун юссуней йихьун;
Жинца гьабураб квен, рос гIорцIун хадуб
ХутIараб гурони, кIалдиб лъечIого.
Гьеб кинабго хIалтIу.хъ хъапасалги ран,
Гьес хIакъир гьабулеб гьурмахъ балагьун.
Дир ракI пашманлъана, гьеб тIолабго лъан,

Амма тIадеги цIакъ къварилъана дун,
Гьеб кинабго квешлъи, кинабго зулму,
Калам тун, Супаца баччулеб бихьун;
Руччабазул гIумру гьеб букIунилан,
Гьей гьеб кsvg киналдаго разилъун йихьун;
Жинцаго гьабулеб некIсияб лагълъи,
Росасул гьабулеб хIурматин гьелъ тун;
ХIамица гIадинан раччулел магьал,
Гьездаса чIухIарай гьей «ахIмакъ» йихьун;
Бихьинчияс рокъоб хIалтIи гьабизе
Рекъараб гьечIилан, гьалъ хIисаб гьабун;
Унтарай лъадуе лъим баччунилан,
Учитель Набида тIад гьай елъанхъун;
Квешав артистасда рецц кинигинан,
Беццлъиги бецIлъиги лъикIлъун бихьиялъ...

МугIрул руччабазде гIайиб буго дир –
ГIемерал ругелъул Супа гIадинал!
Щай канлъиялъулгун кьал ахIулеб гьаз,
Щай кьураб ихтияр босулареб гьаз?
Щай нужер эркенлъи кквейин абигун,
Катий михъ кIваричIин, данде чIолел гьал?
Щай рекIине лъикIаб чуги букIаго,
Чабхил нухалдасан лъелго унел гьал?
Щай рорживе куркьбал кьун рукIаниги,
КартIиниса къватIир раккуларел гьал?
Щай унгун, тату хун ругеб мехалъги,
Тохтурзабазухъе рачIунарел гьал? –
Азарил векаца канлъи лъачIого,
Канлъи бихьиялда божичIогодай?!

Дир вуго цо гьудул, цадахъ цIаларав,
ЦIикIкIараб хIалтIуда вуго гьанже гьев.
Гьоболлъухъ дун щвани, щибаб нухалда,
Шишагин квине жо цебе лъола гьес.
Ва амма цониги нухалда дида
Гьудуласул лъади лъачIо, йихьичIо.
Лъабабилеб нухалъ гьесухъе щвейгун
Гьикъана дур лъади кий йигейилан.
Канлъи гьечIеб нахъа рокъой йигилан,
КигIан гьараниги ячIунарилан,
Кухня гьелъ толарин, гьеб рахъалдасан
Жиндие нич бугин, гьабуна жаваб.
Гьеб битIараб буго, чан магIарулалъ
ГIумру нахъа рокъоб бугеб тIамулеб.

Лъади цIехарайго, кигIан гIадамаз,
Кухниялда йигин, жаваб гьабулеб.
Цоял гьел россабаз риччаларого,
Нич кун, чед квинчIого, руго рахчун чIун.
Цоял гьел, россабав риччананиги,
ГIадаталъ риччачIин, руго цIадакъ чIун...
Тамашаяб яшав, гIадалаб ияхI,
МагIарул руччабаз жеги цIунулеб...
ГIумруялъ гурхIана, йохъ урхъиларо
Рохел лъачIеб гьезул гьеб къисматалда.
Гьедин нахъарокъой тезагIан дир яс,
Ася гIадин, къватIий ине бокьила.

* * *

Хирияй Асият, азарго нухалъ
Дудаса вохарав вуго дур поэт,
Гьагал гIадатазул гIантаб зурмихъе,
ГIусманил кавудахъ мун кьурдичIелъул;
Дурго рокьиялъе, дурго къасдалъе,
Дурго намусалъе мун хисичIелъул;
Кьаву чIвараб квартIа тIад кьабунилан,
КьвагIун унеб гамачI мун ятичIелъул.
Бокьараб мацI бице гьерсихъабаца, –
Гьел кверал хIанчIулел хутIана нахъа.
Хирияй Асият, эбелалъ тани,
Эбелаб ВатIаналъ ячина кодой.
Инсуца ракъоса къватIий гъуниги,
Рукъзал гIемер руго дур улкаялда...
Уней йиго Ася, Мусал ПатIица
Гьалъухъе жиндирго хьитал рачIана.

Уней йиго Ася, гьале райцентр...
Гьоболалъ квер босун, гьелда баана.
Щвана райкомалде, исполкомалде
ОНОгин кIалъана кIиго сагIаталъ...
Къаси рокъой щведал, гьалъ гIарза хъвана
Мах1ач1хъалаялъул институталде,
Жиндир бугеб гьира гIадахъги босун,
Гьарулин йосе жий цIализейилан.
Хадуб бащдабгIанаб тIанчида хъвана
Жиндир тIолго гIумру, биография.
Дицайин абуни, гьалъул анкьго къо,
Гьале гьабгощинаб кагътида хъвана.

Дица хъварабщинаб гьалъ гьоркьоб тана...
Гьаюраб замана, цIалараб школ,
ЛъугIарал классал, цоги батIияб,
ТIаде хъвазесеб жо гьалда батичIо.

Гьанже кIиго сурат къваригIун буго,..
Сергейин вукIана лъикIав фотограф.
Радал йорчIарайго, нилъер Асият
Гьесухъе ячIана, ворчIами абун.
Сергейица жиндир кинабго махщел,
Бокьараб бищеян, цебе щущана, –
Щиб къагIидаялъул дуй къваригIараб? –
КъвачIа цIун суратал цере чIехьана:
Цояй, гьакIкIан кIалгун, гьимулей йиго,
Цоялъ гьеб кIовухъе данде къан буго;
Цояв квачIид чIараб чода тIад вуго,
Цояв чабхил лъадахъ балагьун вуго.
Лъабго кьер хисараб кьолбол бетIергун,
ТIубараб полк буго цо хъизаналъул.
Нусиялда къого сон барав чийин,
КъартIалда гIодов чIун вуго цо херав.
БакIида гIодов чIун гIолихъан вуго,
Гьесул гъежда квер лъун лъади йихьула.
ЛъикI манзил гьоркьоб тун эхетун чIарай,
ЧIваркьун бералгин гьей балагьун йиго.
Гьанир руго: гIачи речIчIулей чIужу,
ЧIохъдерил депутат, бекьечIдерил вехь,
Гьаб ихдал гьабураб моцI бараб лъимер,
АнцIго пуд тIад бугев Илъаса Къура...

Асият кIалъана гьел кIваричIилан,
Документазе цо сурат бахъеян.
Бигьаяб ишилан, гьабсагIатилан,
Гьес ячун гьай гIодой чIезе гьаюна.
АнцIабго рахъалъан нахъе-нахъе къан,
Гьелъухъги балагьун, бетIер хьвагIана;
БатIа-батIайиса юссине гьаюн,
НусцIул хисун гIодой чIезе гьаюна.
БотIрода кверги лъун къулизаюна,
Нилъалзукь кверги лъун йорхизаюна.
Ахирги – гьединан, пожалустаян,
Суратги бахъун, гьай нахъе йиччана.
Жеги риччилаго, Асиятица
Росана гьел гьоркьоб къо араб мехалъ.
ЦIакъ лъикIал суратал лъугьанин абун –

Сергей, гьел кьолелъул, вохун вукIана.
ЛъикIал ругин абун, Асиятица
Гьел документалгун цадахъ ритIана.
ЦохIо анкьидасан институталда
Эзухъ ралагьизе руго гIадамал...
Амма гьабсагIаталъ фотографгунги
Бокьун буго дие дагьав кIалъазе.
Гьесулгун дагIба бан, дий бокьун буго
Дирго Асиятил сурат бахъизе:
Цо тIубараб росдал лъикIайщинай яс,
Цо тIубараб росдал камилал ясал, –
Киналго данде къан цо яс гьаюни,
Гьанже Ася гIадай гIадан лъугьина.
ГьечIо гьумералда, гьечIо черхалда
Гьабилан багьана, тIад чIвазе гIайиб.
ЦохIо гIайиб буго гIолохъабазул, –
Кинабго гьайбатлъи гьалъ босунилан.
Намусаб багIарлъи гIанабазда тIад,
Сардилаб чIегIерлъи гIанабазда тIад,
Ва гIаздалаб хъахIлъи гIанабазда тIад –
ТIолго кьерал руго кьун гьумералъе.
Гьединал гIемерал кьерал рукIуна
ГIечулги, чогъролги, цIибилалъулги;
ЩIад балеб мехалда чIараб нуралъул,
Бакъ къалъарал сагIтаз Севан хIоралъул.
Кореял, китаял, япониязда
Дагьаб пархен бугел кьунсрузул свери;
Гьиндустаналдаса ясазул гIадин,
Нилъалда тIадехун гьитIинабго тIанкI.
Черхалъухъ хал гьабун, гьай магIарулай
Цо испаниялда релълъун йихьула;
Гъалазул нилъеца бицен гьабуни,
Гьинкатнида гъоркьан раккун рукIуна, –
БакIида йикIани, гIодор хъвала гьел,
ГIодой йикIунелъул, ракIарула гьел.
Гьелъ гъалал ричигун, гордухъ ралагье, –
Горду бацула гьез, пардавалъ гIадин.
Берал гьалъул ккола кIиго гурилан,
КIинусго батIиял ругел кинигин:
Пашманлъиги гьезулъ, гьимиги гьезулъ,
Гьезулъ цIаги лъимги буго данделъун.
Гьел, чIегIерал тIелхал рорханщинахъе,
Щаяли, кидаго цIилъун рихьула.
Гьел балагьулелъул, ракIалде ккола,
Кинабго сверухълъи гвангъун лъугьунин.

Габурги, шекъерги, гьелъул гъуждлги,
Гьимиги гӀодиги, хӀатӀил росиги, –
Гуро, фотограф, гьечӀо дур махщел,
Гьаб гӀаламалъулго сурат бахъизе;
Суратилан абун дуца гьабуна
Гьалъул рагӀадалъул рагӀад гӀадаб жо...
Гьай берцинай йиго, берцинлъиялъе
КъанагӀатаб буго талихӀ магӀарухъ.
Берцинал гьечӀезул – гьалдехун жахӀда,
Гьинал ракӀ квешазул – гьалда тӀасан мацӀ.
Надалда хурзалищ рекьилилилан,
Кьунсрузда ахалищ гьарилелилан,
Гьурмал гӀанабазда гӀи хьихьуларин
Абула гӀадамаз къимат гьечӀого.
Берцинлъи букӀана аслияб гӀилла
Гьай Асиятида хадур хьандезе.

* * *

Хунзахъ гьоболалъул гьитӀинаб рокъоб
Ана пашманаб моцӀ тӀахьазде къулун.
Щибаб къоялъ нухде хал гьабулаан,..
Ва, гьаракьги гьабун, машина ани,
Гьелъ жийго ахӀулей йигин кколаан,
Урхъун гьелда хадуй ялагьулаан.
Гьале, къо бачӀана, институталде
Экзаменал кьезе къватӀие ине.
Гьалъ эбел-инсухъе, къолъикӀги гьабун,
Къокъаб кагъат хъвана унеб мехалда:
Нуж пашман гьаризе бокьун букӀинчӀин,
Амма батӀайиса гьабизе кӀвечӀин...

Гьайбатаб берцинлъи магӀарулазул,
БагӀараб бакъ щвараб август моцӀалда,
Колхозалда хурзал лъилъулеб мехалъ,
Колхозалда хурзал рецулеб мехалъ,
Колхозалъ гъуждузда гьегьги базабун,
Ахикьа пихъ босун руссунеб мехалъ,
Росу рагӀалалде нухдеги яхъун,
Хъатикь чемодангун эхетун чӀана
Цо машина ана гьалда цебесан,
Жибго гьури гӀадин, хӀур бахъинабун.
КӀиабилеб ана, гӀанкӀу кӀусизе
БакӀ гӀолареб куцалъ, гӀадамаца цӀун.

Лъабабилеб машин, гьалъ квер борхигун,
Гьалда цебе бачIун, цинтIаго чIана.
Яс, щиб бокьарабин шофер кIалъана,
Асяца жиндирго мурад бицана;
МахIачхъалаялда унев ватани,
Гьение ячеян гьесда гьарана.
Шофер валагьана, цинги гьимана,
Хадуб махсароде гьадин абуна:
«РекIа, мугIрул гIадан, гIун бугин дуе
ГIемерал векаца лъелго йилълъараб».
КIиго-лъабго нухалъ гьаракьги гьабун,
ТIерхьана машина мугIрузде нахъе.
Ана, эбел-инсул квер босичIого,
Асият тIоцее район тун къватIий.
Гьелда хадуб ана харил гIурччинлъи,
Хехаб кIкIалазул гIор, зобазул хинлъи.
Гьелда хадур ана риххарал гьурал,
Рорхатал мугIрузул гIиял рехъаби.
Гьелда хадуб ана бахараб тIорщел,
ТIарамагъадисел мугIрузул тIугьдул,
МахIмудил панаял гIищкъул саринал,
Ракъван тIогьиллъулел гьутIбузул тIанхал.
Гьалда хадур ана Хадижал мокърукь
Бусен лъурал хIанчIи тIанчIигун цадахъ,
Цингиги, пашманаб къвакъвайги гьабун,
Зобал къотIун унел къункърабазул тIел.
Гьелда хадуб ана инсул рекIекълъи,
Эбелалъул магIу, ГIусманил анищги,
ГIемерал, гIемерал гьалмагъзабазул,
Гьаб нилъер улкадул божигун рокьи.
Гьалъухъе нух щвечIо, хадуб аниги,
Хинаб риилялъе,.. щвана хаслихълъи –
ХинкIал кIодолъана магIарул росулъ,
Хисун тIогьиллъана тIанхалгун хурдул...

Хирияв цIалдохъан, вилълъа росулъан
Асият йихьизе дида цадахъ мун.
Дунги гьелда хадув, гьаб дир асаргун,
Каспи ралъдал лъехъе вугин вуссунев.
ВачIунев гIагарде, унев рикIкIаде,
ЛъикIго букIа росу, Асиятил ракь,
Дун гьалъул къасдалгун, рисалаталгун,
Бегьулеб жо буго ва жийго гьайгун,
Мех-мехалъ нужехъе вуссине вуго, –
Инсул тIалъи дида кIочон теларо!

## КIИАБИЛЕБ БЕТIЕР

Боржине къачIараб цIудуда релълъун,
Лъедезе къачIараб гамида релълъун,
Ралъдал рагIалалда, мугIрул каранда.
МугIрул улкаялъул буго тахшагьар.
Ралъдалъ данделъула гIемерал лъинал:
ГIатIидаб Волгаги хехаб Койсуги;
МахIачхъалаялда цолъула нухал
Нусабго рахъалъан Дагъистаналъул.
Дир гIагараб шагьар, гIумрудул бакьулъ
МурIрузул нухдасан щвана дун духъе.
Дида рекIелъ буго, цо рогьалида,
Рагьун гьумергун, мун данде чIвараб куц:
КIудияб тIагъургун тIадагьаб ратIлилъ,
ТIогьиса тIадехун арал чарухъалъ,
Цо бакIалда вегун, цоги бакIалда
ВорчIарав гIадин, дун валагьана духъ.
Дир сверухъ бикI-бикIун накъищ бахъараб,
БакIал кIулал рараб цIулал чемодан,
БоцIи гьечIониги, гьве кIалтIа тараб,
КIудияб чIчIвадалда релълъун букIана.
ЧIахIиял хиялал, халатал хьулал,
ТIоцебесеб рокьи, тIоцебесео кечI, –
Гьале дир кIодолъи, дур каву рагьун,
Рагьдухъе лъугьингун, рекIелъ букIараб.
Мун бихьигун, дица хIисаб гьабуна,
ХIорихъа ралъдахъе лъугьарав гIадин;
Ва хIинкъана дир ракI даб мехалъ дагьалъ,
Дун кинандай гьанив лъеделев абун;
Нусго гIечIеб рагIи гIурус мацIалъул,
ГIемерисел гьелги килщаца рицун,
Кинан вукIинев дун – гьитIинабго гъуд,
ГьадигIан гIатIидаб хIарччида жанив?
БугIа бищулелъул гьоркьоб батараб
ГьецIо-чIимих гIадин рехилин нахъе.
ГIадамал рихьидал, дида кколаан,
Диде регIарав чи гьечIин гьаниван...

Дун мекъи ватана, МахIачил шагьар,
Дирго рукъ гIадинан гIагарлъана мун.
Дир гIолохъанлъиги, гIищкъул ихалги,
Рохалил сонал гьи ана дур бакъукь.

Дун росулъ гьавурав поэтасул вас,
Гьанже сапаразда, кив вукIаниги,
Кисайин гьикъани, дур цIар абула,
Кивейин цIехани, дур цIар абула.
Дир берзукь гIуна мун гIемерал соназ,
Дида лъала жиб-жиб дур гъветIти къватIги.
Гьале гьаб саринги сардида дица
ТIоцебе ургъана дур бульваразда.
Ва гьелдаса нахъе, киве аниги,
Асял сурат дица щадахъ босана,
Гьелъухъ гIищкъу ккарав гIолилас гIадин,
ГIагарай яцалъул вацас кинигин.
Дида Балтикалъул рагIаллъиялда
МугIрул итаркIодал кIалъай рагIана,
Рахьдалаб Ангара – гIурул сверабахъ
ГIагараб гьеб сурат цебетIамуна.
Гьал дир пикрабазул блокнотазда
Дица гьай рехсана, Севан бихьигун;
Баку, Тбилисалде - киве щваниги,
Киналго ясазулъ ялагьана гьай.
РакIалде ячIана Кремлиялда,
ГIолохъабазул бал бихьараб мехалъ.
Балагьана кино гьабулеб мехалъ,
Фестивалалда гьай гьечIодайилан.
ТIолго поездазда, самолетазда
Поэтасул сапар гьайгун букIана.
Гьелъ батизе буго дир поэмаги,
Щвараб нух кинигин халалъул ккараб.
Хирияб дир шагьар, киве аниги,
ИнчIо дир гьинал ракI мун тун рикIкIаде;
Кидаго кколаан дур ахакь вугин,
Дур гумузул гьаркьал рагIулел ругин.
Чан нухалъ дур къватIал къаси сардида
Свердулаго, дица анищ гьабураб:
Дуй жиндир цIарги тун, чорхол рухI кьурав
МахIач гьанже чIаго вугев анищан.
Бидулъги кIкIуйдулъги Анжи бихьарал,
Киндай гьимилаан цIудулал берал,
Жинцаго цIунараб Петровский порт
Гьанже цо цIидасан бихьараб ани!..
Киндай вахилаан ансадерил вас –
Нухазул инженер, хIакъалъул герой,
Ралъдахъе руссарал хъахIал гьундуца,
Гьал нефтяниказул паркалъул тIугьдуз!
Киндай вохилаан, радал вахъингун,

ЧчугӀихъабазул кечӀ рагӀараб мехалъ,
МугӀрузул кӀикъого халкъалъул лъимал
Лъалеб майданалда дандчӀвараб мехалъ!
Киндай вохилаан, театразда
МагӀарул гӀухьбузул данделъабазда,
ГӀалиги Салманги гьенир данде чӀван,
Жиндирго чӀухӀарал партизанал лъан!
Амма бищунго цӀакъ чӀухӀилаан гъов,
Шагьар чӀван унелъул,.. институтазда,
Академияздa – киса-кирего
МугӀрул росабазул ясал рихьигун.

МагӀарул Чапаев, чармил военком,
Чоде тӀаде ваха цӀидасан, МахӀач!
ЦӀадуца бухӀараб дур хъалаялда
ЦӀваби щибгб рокъор гвангъун рихьизе,
МугӀрузул халкъалъул тахшагьаралде
Щолел поездазде дандчӀвай гьабизе.
Огь, Дагъистаналъул сурат гьабуни,
Дица гьабилаан дур гӀадин, МахӀач, –
Гьайбатаб чуялъул жалалъе къулун,
КъвекӀаб цӀум кинигин, цебе боржунеб!

* * *

...БукӀана шамат къо, къалъараб заман,
Бакараб печь гӀадин бухӀараб дунял;
МахӀачхъалаялда, почалъул кӀалтӀа
КӀудияб машина чӀезе гьабуна.
Гьале, нилъ щванилан, шофер кӀалъана,
ГьитӀинаб чемодан кодоб босана;
ГӀатӀидаб, гьайбатаб площадалде
Гьай нилъер Асият гъоркье рещтӀана.
Шофер ана, гьале, лъалев чи гьечӀеб
Гьаб шагьар бакьулъ гьай жийго хутӀана.
Халкъ хьвадулеб байдан, гӀадамал гьечӀеб
ЧӀинкӀиллъи кинигин, гьалда бихьана.
Гьалда ккана, машин нахъе тӀерхьингун,
ТӀунилан гьанже квар, жий ккун йикӀараб,
Киялиго йортун унеи йигилан,
Яги хехаб тӀоралъ йосулей йигин.
Жиндир бухӀи дуда хӀехьезе кӀвелищ,
ХӀал бихьилин гьанже, магӀарул ясин,
Чангиял руссанин гьаниса нахъе, –

Гьалделеб букӀана, кӀал гьикъун, шагьар.
Асяца чемодан кодоб босана,
Комсомбл бульвар чӀван гӀодой йилълъана,
Дир гӀагарав инсул, дир поэтасул
Памятник бараб бакӀ нахъехун тана.
Гьале цойидасан гьалда вихьана
ГьитӀинаб мехалъго жинда лъалев чи;
Гьалда ккана, вохун, борхун квергун гьев
Гьанже жинда данде вачӀунев вугин.
Гьай гьесухъе ана, ва Ильичица
Гьалда хинабго бакӀ бихьизабуна.
РекӀелъа киналго ургъелал ана.
Гьай институталъул рагьдухъе щвана;
ЩӀидасан жиндихъго хал-шал гьабуна,
Шал рекъезабуна, нахъ балагьана;
Бергьараб, бацӀцӀадаб рекӀел асаргун,
НуцӀа сородилел квераз рагьана.

* * *

Бакуялъул къоло анлъго комиссар
Красноводалъул салуда хвана;
Бакуялъул къоло анлъго комиссар
Англичаназул тӀухьиялъ чӀвана.
Гьезул хӀурматалъе, гьезул цӀар тараб,
ГӀадатияб къотӀноб, дир шагьаралда,
Халкъалъе захӀматал рагъул соназда,
Рагьана партиялъ гьаниб институт.
Гьанив дун цӀаличӀо, гьанив хӀалтӀичӀо,
Гьаниб журналазда дир цӀар букӀинчӀо.
Гьаб институталъул гӀаммал рукъзабахъ
Дица цохӀониги сордо рогьинчӀо.
Гьанир тӀагъур лъурал тӀадмагӀарулал
КӀалтӀа женжедана, жанир раккичӀо.
Гьаниб кассираща стипендия
Цониги васасе гӀумруялъ кьечӀо.
Гьаниб завхозаца тӀад печать чӀвазе
Паспорт бихьинахъа жеги босичӀо...

Гьалдаса чӀахӀиял, чӀухӀарал, лъикӀал
Нус-нус институтал руго ракьалда;
Амма дир рокьиги дир гӀагарлъиги
ГӀумруялъ гьалдехун буго бухьараб.
Жеги рагъул кьвагьи къотӀун букӀинчӀо,

Гьалдаса бахIарзал руссун рукIинчIо.
МугIрузул росабалъ гъасда сардида,
АнцIго соналъ цIалун рахъарал ясал,
Гьаб институталде ритIеян, дица
Улбузда гьарулеб мех цебе чIола.
Дида гьабсагIатги ракIалда руго
Гьезул щаклъиялги гьезул хIинкъиги,
ГIемераб къо бихьун хъвазе тIамурал
ТIоцересел гIарзал мугIрул ясазул;
ГIемераб къварилъи нахъехунги тун,
ТIоцере кин щварал гьел шагьаралде;
Нечараб рахъалде хъахIаб шалги цIан,
Щурун, рагIилареб куцалда кIалъан,
Кинан гьал лъугьарал институталъул
Аудиториялде цебе бачIуна.
Сонал гьоркьор ингун, жидерго ясал
Инсуда лъалареб куцалъ лъугьуна.
Нус-нус мугIрул гIадан, щибаб риидал
Руссуна гьаниса, хисун цIилъарал,
ЦIумаллъун роржине кирго хIадурал,
ХIалтIулъ жидер мисал, лебаллъи бугел;
Ва цебе гьел рекIелъ рукIинчIел васал
Хадур гьезда аскIор свера-тирула.
МагIарул ясазул институталъул
ЦIумур кьабиялъухъ хъаравуллъи ккун,
КигIан дун свердарав, нус-нусазда гъорлъ
Мискинжа росулъа цо яс йихьизе!
Дир тIегьачIеб рокьи – тIоцебесеб кечI,
Кий йигей мун, Шагьри, гьабсагIаталда?!..
РагIана, исана аспирантура
Дур росасгин дуца цадахъ лъугIанин.
МугIрул тIалъиялъул тIанчIазул бусен,
Дир Дагъистаналъул тIугьдузул квацIи,
Гьаниб, щибаб тIогьол къисматги босун,
Писателас роман хъвазе бегьила.
Гьаниб щибаб хIанчIил тIанчIил гIумрудул
ГIажаибаб назму-маргьу лъугьина.
ГIенекке гьал ясахъ, къаси сардида
Общежитиязда хутIарал мехалъ:
Гьаний йиго цояй, цо соналъ цебе
Гьай ГIандий йикIана кIудияб чахтIилъ,
Ва гьанже гьимулеб гьайбатаб гьумер,
Гьалъул гIемер соназ букIана бахчун.
Гьаний йиго ЧIикIаб росулъа гIадан,
«Туснахъалда» жаний тIамун йикIарай –

ТӀолго гӀолохъанлъи... гьайбатал соназ
Гьай, нуцӀбиги рахан, тана умумуз;
Росасе абурай гӀадан йигилан,
ГӀеретӀ босун иццде инецин течӀей,
Гьалъие бакъ кьезе барахщулаан,
Гьалда зоб бихьизе биччалароан.
Гьале цо къелеселъ бицунеб буго,
Елъулаго, жиндир къваридаб заман:
Маххул рачел, чохтӀо сверухъ бухьараб,
Пахьазул бахӀбакӀал гьелда тӀад къараб...
Росасе яс кьолей рагӀула гьениб,
БацӀцӀадго бетӀер кӀкӀван, тӀад нахги бахун, –
Зобазда ботӀрол рас бихьун хадуса,
ЦӀад баларин абун, абула гьениб.
Росасе кьолелъул, кьун кодоб нилъгун,
ЙитӀула цин цее хур лъилъизе гьей.
Ва данделъабазда гӀодор чӀола гьел,
КӀалъалев чиясде кьурун мугь рехун.
Гьале, Хелекьури росулъа гӀадан,
ГӀемер пашманлъи лъан щвана гьание.
БатӀияб росулъа вас вокьунилан,
Росулъез гьалъул рукъ бикъун букӀана.
Цогияб кьолбоде данделъунилан,
Кьибилгун барщарай йиго гьаний яс.
Цин къотӀарал гъалал, матӀуги босун,
ЦӀидасан хьухьана цо занатӀиселъ.
Гьел «рахинегӀанин» гӀагарал чагӀаз
Чанго моцӀаз жаний тӀамун йикӀана.
БецӀал гӀадатазул тахшагьаралъул
Гьидерил мусудуз буго бицунеб, –
Кий, лъий унеяли лъазе течӀого,
Тохлъукье чидае ясал кьолеб куц...

...Гьанир руго ясал, Ася кинигин,
Росасе-хӀалица кьолел рукӀарал.
Гьанир руго ясал, гьагал гӀоркьилахъ
ГӀисинал лъудбилъун рукӀун тӀурарал:
Сардилъ чол кьолода кьагӀи кинигин,
Кьурул нухаздасан бацӀаз хъамурал.
Рекъараб, тӀадагьаб, гьайбатаб ратӀлилъ
Гьанир руго анцӀ-анцӀ батӀиял ясал:
Цебе таргьа гӀадаб гурде тӀад ххурал,
Халатал, гӀатӀидал тӀаждалъ хьвадарал...
Гьал ПатӀиматазул, ПарсихӀатазул
Гьал ХӀабибатазул, гьал Загьратазул, –

АнцI-анцI миллатазул, мугIрул ясазул
Щибалъул батIиял къисматал руго.
Гьел къисматал тIолго руго дандельун,
ХIамзатил цIар лъураб институталда.
Дир гьинал ракIалда мех-мехалда гьеб
Гьайбатал цIвабзазул зобилан ккола.
Гьале, гьел цIвабзазул цIалкIазда гъоркьоб
ЩIияб цIва кунчIана – камилай Ася...
Кивего унге мун, мугIрул кочIохъан,
Гьалъул харбал гIела гIумруялъ дуе!
ГIагараб Дагъистан!.. Дуниялалъе
МацIалгин гIадатал рикьулеб мехалъ,
Щиб гIайиб букIараб? – Кинабго хутIел
Хулжал цIун, абула, духъе реханин.
Нухал гьечIел, хехал гIоразул улка,
Рахине захIматал мугIрузул улка,
Миллион гьечIеб халкъ, кIикъогогIан мацI
Щибаб кIкIалал, росдал хасал гIадатал...
Гьезда гъорлъ ратула дунял урхъулел,
Азарил векаца цIунизе кколел,
Амма букIаниги кIудияб цIалкIу
КъваригIараб буго гьал гIадатазе.

* * *

ТIоцебесеб сордо... нилъер Асият
Столалда бусен тIамун егана.
ЩIияб, ругьунлъичIеб бакIалда гьалда
(Гьединан букIуна) кIвечIо кьижизе.
КIиабилеб сордо ургъалилъ ана,
«Унго, щибдай ккела? – метер экзамен» –
МугIрул ясалъул ракI хIинкъун букIана,
ХIисабалъ суалал, белтал рукIана.
Цо экзамен кьуна, кIиабилебги
Ункъилабги босун тIубазабуна.
Ахираб экзамен кьелалде, дагьалъ
Гьай ральдал рагIалде тиризе ана.
Гьание щварайго лъай-хъвай гьабурай
ЛъарагIай Ажайгун къватIий яхъана.
Цо авлахъалъулги, цо кIкIалалъулги
КIиго гьайбатаб тIегь тира-сверана.
Ясазул гьудуллъи, гьелъие гьалмагъ,
Цо гьимиги гIола, цо сагIат гIола.
Хекко ракI жубалеб, хекко барщулеб,

БитIун рокьи кколеб гIужда руго гьал.
Шагьаралъул тIугьдул гьимула гьазде,
Паркалъул гъутIбуца гьабула салам.
Гьал хадур ралагьун, гьаркьагъунаго,
... Москваялде уна гьанисан поезд,
Бакуялде уна гьанисан гама,
Гьава къотIун унеб буго самолет.
Тирана музеяхъ культураялъул,
Бихьана выставка магIишаталъул,
МугIрузул халкъалъул гьунаргин гIакълу,
Гьайбатаб тарих лъан, ракIал чIухIана.
Ралъдал гъварилъигун мугIрул борхалъи
Миллатал гIемерал васалъ бихьана.
Ралъад… Гьал сагIтаца гьелъухъ балагьун,
Цоцада кIалъачIо, гIенеккун чIана.
КIияздаго гIумру, гIурччинал ихал,
Эбелалъул кучIдул ракIалде щвана.
Ралъдалъ ругел щинал гIемерал кьерал! –
Цин ккола гIурччинаб гIидраян абун,
Цин ккола хъахIилаб зоб бугин абун,
Цин хъахIаб гIаздал накIкI щола ракIалде;
Цинги бихьула гьеб, багIарал тIугьдуз
ТIолго ракь бацараб майдан кинигин.
Гьазда тIоцебехъе бихьана Каспий,
Ва Карачалабалъ ччуна гьаз хIатIал.
Чурана гвангъараб габур, гьумер, бер,
Ва гъалазда хъвана лъадал къатIраби.
Къасиялде кIиго билет босана
«Берлин босиялъул» кино бихьизе.
Гьал киноялдаса кватIир рахъана...
Гьеб къоялда жаниб, ракIалде ккана,
Жал кIудиял гIунин кIиго лъагIелалъ,
КIодолъун жидерго улкаги бихьун...
Унел руго ясал цоцазул квер ккун,
Гвангъарал кьватIахъан къаси мехалда.
Гьале цойидасан цо гIолохъанчи
Гьал рачIунеб нухда эхетун чIана.
Цо дагьаб багIарлъи бадибги рехун,
«Здравствуй, Асият!» – абун кIалъана.
Йиххун балагьарай Асиятица,
Здравствуй, Юсупан, жаваб гьабуна.
Юсуп гьикъарана, рокъосанищан,
Кида щварайилан, щиб ккарабилан;
Эмен магIардаса вуссинчIищилан,
Эбелалъул сахлъи кин бугебилан;

Жив гIемераб мехалъ хал ккун вукIанин,
Мундай, гуродаян щаклъун вукIанин.

– « РакIалдаса анищ, лъарал рагIалда
БагIараб тIегь дица тIун дуе кьураб?
Мун хисун йигеб кущ!
– Хисана мехги...

Гьадин хабаралда унел рукIадго,
Общежитиялъул кIалтIире щвана:
Цо кIиго минуталъ гьенир лъалхъана,
ЛахIзаталъ цоцазухъ ралагьун чIана.
Юсупица, къолъикI гьабулеб мехалъ,
Хадур рихьиладай нилъан гьикъана.
Рихьизе бегьулин, балагьилилан,
Цо дагьай намусго Асяги ана.

* * *

Гьуинаб абизе гьуинаб гуреб,
Пашманаб абизе пашманаб гуреб,
Цо цIакъ тамашаяб рекIел асаргун,
Юссана Асият институталде.
Къоялъ рукIанщинал къасдал, хIисабал
Юсупил кIалъаялъ кIоченаруна.
Гьев дандчIваялъ гьелъий рохел букIинчIо,
Гьелъулъ къварилъиги лъалеб букIинчIо.
Амма букIаниги рекIел хасият
Хисана цо цIияб хабаралъ гIадин;
Квешабищ, лъикIабищ гьеб хабарали,
УргъичIо гьелда тIад, гьабичIо пикру.
Мун жинда лъалев чи гьечIин йикIанин,
Гьагъав щиван абун кIалъана Ажай.
Нижер районалъул вас вугин абун,
Асяца бицана гьадинаб хабар:
(Дица поэмалда гьанжелъизегIан
Гьоркьов тун вукIарав Юсупил рахъалъ,
Хирияв цIалдохъан, гьалъ бицинегIан,
Гьев щиван дидаги лъалеб вукIинчIо).

* * *

«...Мадугьалихъ росулъ вукIана Юсуп,

Мадугъалихъ класс букIана гьесул.
Дица щуго класс лъугIараб мехалъ,
АнцIго класс лъугIун ана мадугьал.
Ана гьев рикIкIаде, ракIалда буго,
Дос рекIараб чуги, босараб кверги, –
Дарсги тун унаан ниж, тIолго ясал,
Васал армиялде нуха регIизе.
Хадур сонал ана, пашманал сонал,
Хадур сонал ана, рохарал сонал.
Росулъе руссунел рукIана харбал
МугIрул рахун арал гIолохъабазул.
Юсупил рахъалъан рукIана харбал:
Цин хун вугин, цинги герой вугилан;
Цин пленлъун кканин Германиялде,
Цингиги командир – капитан вугин...

Цо нухалъ рагъалъул ахираб ихдал,
Классалда дарсда ниж рукIаралго,
Школалда цебе бугеб ахикьан
Унев вихьана чи гордухъан дида.
Дица гьалмагъалда, гьалъ цогиялда,
Иргаялда бицун, цо лахIзаталда
Лъана классалда киназдагIаги
Юсуп вуссаравлъи армиялдаса.
Перерыв ккурабго, кинабго класс
Гьесухъе бортана, лъикI вуссаравин,
КIиго медаль бугев гIадатав сержант,
ГIажаибго, гьимун валагьана дихъ.
Дун нахъе йилълъана, гьес «чIа» абуна,
Дун чIечIо, цинги гьев хадув вачIана.
Дун хехлъун йилълъана, дун екерана,
Гьев нахъа хутIана, гьев хадув гъечIо.
Ва гьанжелъагIанги дир хиялазда
Гьев хадув вачIунев вугин кколаан.
Амма хадув гъечIо жегиги дида –
Жакъа данде чIвана, вихьана дуда.
Цогиги нухалда, нижер росулъе
Досухъан кагъатгун вачIана цо вас.
Дица гьеб босичIо, нахъе битIана,
Нечонищ, хIинкъунищ, щаян лъаларо.
Цо нухалъ ватана дида, гьев иццухъ:
Асият, хIинкъуге дидасайилан,
Дун восун вугилан институталде,
Ине вугин, жинда тIаса лъугьаян;
Дие дуй кIудияб талихI бокьилин, –

ТалихI къарал къоял нагагь рачIани,
МахIачхъалаялде сельхозинститут...
Дихъе хабар битIе, хех дун вачIинин.

Хадув ана, чода лъабго цIалги бан,
ЛъагIелалъ вихьичIо жакъалъизегIан.
Амма чанги нухалъ, чорхол хиялаз
Хъамуниги, дида ракIалде щвана, –
Жеги цо нухалда ГIусман абизе,
Юсупилан абун борчIун батана.
Амма букIаниги, гIенеккун чIана,
Нечонищ, хIинкъунищ, дида лъаларо.
Гъов рикIкIад вукIана, амма дир къисмат
Гъосда кинабниги батана лъалеб..
Гьагъалеха, Ажай, нижер ккараб жо,
КинабгIаги дица бицун лъугIана»...

Гьай гордухъе юссун чIана балагьун,
Ва бакъан тIамуна панаяб ракIалъ,
Гьанже жий жийгого хутIарай гIадин,
Жиндир хиялалгун, жиндир къасдалгун:

ГIодоб биччан буго сардида ралъад,
ГIодоб биччан буго сардида шагьар.
Мун щай сасунареб ургьиб гьинал ракI? –
Сардилъ дежурналъун мунги гьечIелъул.

Кьижун макьид руго кьералъул яцал,
Кьижун руго мугIрул, минаби, къватIал,
Нуж щай кьижуларел къваридал берал? –
КьватIахъ милицаби нужги гурелъул.

Кьурул сиязулъе хъиргъу кинигин,
Каранзул бусалъе гIищкъу рещтIундай?
ГIарцул иццазухъе чундул гIадинан,
ГIадани берахъе балай рачIундай?

КIваричIин, дир берал, балай тун, кьижа:
Балагье, кисанго чирахъал сванин, –
Свине гьабе гьаналъ гьаб рекIараб цIа...
Огь, гьеб кIолеб ани...

* * *

Рогьун, тIаде яхъун балагьарайго,
Ажайица Ася аскIой ахIана:
«Хал гьабе, дур гьудул вихьулин вачIун», –
Гьалъ горда гъоркь Юсуп вихьизавуна.
Гьадинал, додинал махсарабигун,
Асядехун руссун, цацада тенкон,
Общежитиялда аскIоре ккарал
АнцIго миллаталъул анцIила цо яс,
Цоцазул гъуждузда тIасан ралагьун,
Юсуп лъикI вихьизе, гарбалги рорхун,
Гордухъе руссана, гургурал гIадин,
Ва гара-чIварана, ордекал гIадин:
«Ася, мун макьилъдай гъосда йихьарай?»
«Ася, макьугицин щвечIогодай гъов?»
«Вай пакъир, вай пулан, бакъ борчIилалде,
Дуй ворчIами кьезе вачIун ватила»...
Дихъ кIочон тараб жо гъосулги гьечIин,
Гьав вачIарав щаян йикIана Ася...

Духъ кIочон тун гьасул гьинал ракI буго,
Гьелде тIаде цоги ургъелги буго.
Кинаб ургъел? Жакъа Асиятие
Ахираб зкзамен буго гьабсагIат.
Гьелъул пикрабазда, щибдай ккелебан,
Канлъи лъалеб мехалъ вачIана Юсуп.
Мех-мехалъ гьай йигеб гордухъе вуссун,
Свердулев вуго гьав дове-гьаниве...
ГIалиева Ася, босе билетан,
Профессорасул рагIана гьаракь.
КIул ххолеб картIихъан гьасда бихьана
Гьалъ билет босулеб, – гьав сородана.
Хадуб хал гьабидал, гьасда бихьула:
Гьай мокърукье юссун, къватIиб хал гьабун, –
Гьалъул бераз кумек гьарулеб буго,
Суалазе жаваб цIехолеб буго.
Я мохърукь, я къеда жаваб батичIо,
Гьалъ билет батIияб босулеб буго...
Юсупил, гьеб бихьун, черх цIунцIрахана,
Гьас кIвараб куцалда килщал хIанчIана.
Ася Койсуялда лъедолей йиго, –
Кумекалъе инсан виччалев гьечIо.

Пайда щиб, гьабсагIат дирго Асяхъе
Босун шпаргалка щвезе гьабизе.
Пайда щиб щуризе, хIал кIолеб ани,

Щибаб суалалъе баянаб жаваб...
Белтал талихI гьечIел ккунищ дуй, Ася,
Юсуп данде чIванищ, дуй квалквал ккараб?
Ялъуни кинабго росулъ букIараб
РекIел къварилъийищ духъе бачIараб?
Дица жакъа жаваб кьезе гьечIилан,
Гьай кьурун йиссана, къватIий яхъана.
Щиб ккарабин абун вортана Юсуп, –
Гьееде кверги хьвагIун, гьай нахъе ана.
Общежитиялде жание щвейгун,
ЦIа гIадал беразда жаниб лъим ккана;
Чам бакIаб, къварилъи гьалда бихьараб, –
Гьадинаб захIматаб цониги ккечIо.
Кинан гьай юссиней гьанже росулъе,
Кин гьумер бихьилеб гьалмагъзабазда?
Щиб гьалда абилеб гьелъул школалъ,
Вера Васильевналъ, росдал гIадамаз?
Асял цIали хекко лъугIун рагIулин, –
Велъанхъулев ГIусман тIамуна цеве...
КIинусго миллион совет халкъалъул
Бищун къваридай дун йигин, – гIодана

Бищун къваридайги гьай ятиларо,
Амма букIаниги, гьудул цIалдохъан,
Гьалъул къисмат лъалев поэтасул ракI
Гьалда пашманлъана, гьалда гурхIана.
Унго, гьабгощинаб захIматги бихьун,
БецIал карачелал нахъехунеги тун,
ГIурул рагIалалде щун яхъунаго,
Нахъ юссине ккани, квеш букIинарищ?!
ГIодобе биги тIун, босараб сангар
Тезе ккани, кинан вукIунев солдат?!
Черхалъул гIетIги тIун, гIуцIараб мина,
ГIор щун ани, щиб жо гьабилеб ракIалъ?!
Гьадинаб къо бихьун хъвараб поэма,
Гьанже редакторас дир нахъчIванани,
Дие дирго заман ва дирго захIмат
БухIизе ракIалъе захIмалъиларищ?!

* * *

«Гьаб бюрократизм, хъурмица гIадин,
Хъарсилаан дида, хIал кIолеб ани»...
Цо-цо мандаталъул, документалъул

ХIурмат цIикIкIун буго, чиясул гьечIо.
Узбекалъ пардавалъ бахчула гьумер,
БатIияв чиясда бихьунгутIизе. –
Гьанже хъубал чагIаз жидерго гьумер
Печать чIварал кагътаз буго бахчулеб.
КIиябго чванта цIун хьвадула цIогьор. –
Цо чвантиниб буго бикъараб боцIи,
Цогияб чвантиниб вацIцIадав чиян,
БоцIуца босараб буго документ.
Цояв уна цеве цIутIун керенгун, –
Каранзул чвантиниб буго партбилет;
Цогияб чвантиниб, – лъабго лъадуе
Алименталги ккун, кодоб щвараб харж.
Цояс, щуго класс лъугIарав чияс,
Техникум лъугIанин бачIана кагъат, –
Гьеб кагъат босизе щварав гурони,
Кидаго щвечIо гьев техникумалде.
Чанги батрак цеве хIалтIарав ягъзин,
ХIажалъи кканиян буго гьес цIунун,
Живин батраказул комитеталда
Гьоркьов вукIанилан кьварун вакъварав;
Кьвагьараб гуллил сас рагIичIев вуго,
Жив партизан вугин, пенсия кьейин.
Кьурарал михъазул бихьинал руго,
Жал унтарал ругин, кагъталги росун.
Рарал сонал руго, сон бахъанагIан,
Бокьухъе хисулел документаца –
Бокьани, гьаз херал бахIар гьарула,
Бокьани, бахIарал херлъизарула;
Бокьани анцIила анкьго сон бачIей,
Яс росасе кьола, гIун йигин абун.
Бокьани, унтарал сахлъизарула,
Бокьани, унтичIел унтизарула;
Бокьани, гIурцIмадул барти гьабула,
Бокьани, чаргъадил хъиргъу гьабула,
Бокьани, хъвекалъул микки гьабула;
Бокьанани, нагагь къваригIанани,
Къинлъизабула гьез бихьинхIамаги...
Я нилъ бихьичIеца, я квартIа кквечIез
КвартIагин нилъ бугеб гербалъул сурат –
Совет улкаялъул хIурматаб печать
Чан гьересиялда, унго, тIад чIвараб!..
Гьел кагътазда тIаде гьезулъ букIуна:
(Гьел документалго гIадин хIажатаб)
ХIелхIеди, гьоболлъи, лъай-хъвай, гьерсал, рецц

Подписал гъоркь гьечIел гIарзазе гьунар.

«Гьаб бюракратизм, хъурмица гIадин,
Хъарсилаан дица бегьулеб ани»...
Цоязе гIадан, гьев вуго анкета, –
Гьунарги гIакълуги, гьелъ борцун буго.
Чанги гIабдал вуго улкаялъ хьихьун,
Анкеталда гIемер «гьечIо» – ян хъваялъ.
БакIалъул кадраян, канлъи-лъай гьечIеб,
ГIантаб чахъу буго чундул куцулеб.
Гьезда рикIкIад бугеб жо бихьулилан,
Жирафаби руго хIакимзабилъун.
КIалъазе лъалилан, хIалтIичIониги,
ХIорил къуркъби руго хъулухъалда тун.
Умумуз Рим хвасар гьабун бугилан,
Хъазихъе кьун буго кьабизе хъиргъу –
Гьунар бугел васал руго ахада,
Инсул, инсул эмен квешав вукIунин...
Ва канцеляралъул бюрократасе
Инсанасул къисмат, къварилъи, рохел, –
Гьелъул ургъел гьечIо. Гьес хIукмуялъе
ГIицIго документал тIалаб гьарула...
Щайзе къваригIараб бюрократазе
Асиятил къисмат ва къварилъи лъан?
Кинаб росулъа гьай, кинаб мацIалъул,
КигIан къоги бихьун гьай гьаний щварай?
Щайзе, ахирияб экзаменалда,
КIийилаб босараб, билет хисараб?
Щиб хадусеб гьалъул букIинесеб жо? –
Гьез гьеб гьикъуларо, гьезда лъаларо.
Гьезда цебе бугеб къокъаб тIанчида
ТIад хъван буго гьалъул биография;
Гьелда тIад чIван буго гьитIинаб сурат –
Гьинал рекIел унти гьезда лъаларо.
Гьезда лъала, ахир, экзаменалда
Гьалъ кIийилаб боси, – буго документ;
БатIияб жо гьезий къваригIунаро...
КъватIие яхъана Ася пашманго.
Ва амма, Асият, институталда
МугIрузул руччаби руго хIалтIулел.
Гьений директорлъун дунял бихьарай,
Чанги балагь лъарай йиго лъарагIай.
Гьей мунгун кIалъана кIиго сагIаталъ,
Сабабал ургъана, дур унтиялъе.
Къаси рокъой щвейгун, сардилъ гьелъухъе

Дур сурат бачIана беразда цебе.
Гьей жийго гIадатаз гIакъуба кьурай,
Кьурул рагIалдасан гIемер йилълъарай,
МацIги, цIалги, цIаги, биги бихьарай,
БецIлъукьа улкаялъ канлъуде цIарай, –
Гьелда мун йичIчIана, гьелда мун лъана,
Гьей дур ракIелъегун бадий яккана;
Гьелъ тIанчал гIадин дур, сонал регана, –
Гьай бюрократ гуро, коммунист йиго...
Дуе гIоло, Ася, гIалимзабазул
Совет данделъана институталда.
Дур хIал гIадахъ босун хIукму гьабуна,
ЦIидасан экзамен духъа, босизе.
ЦохIо анкьидасан институталде
ЦIализе росарал ясазда гьоркьоб
Дуца лъабцIул, ункъцIул «а» хIарпалдасан
«Алиева Ася» – абун цIалана.
ЦIумур кьабарабго, сентябралда
ТIоцебеееб дарсихъ мун гIенеккана;
ЦIияб гIорхъудасан гIатIидаб дунял,
Дун вохарав вуго, дуе рагьана.

* * *

Ралъдалъ цониги чи гьанже чвердани,
Мехтарав ахIмакъан, халкъ белъанхъула,
Ана лъадал хинлъи, бакъулал къоял,
Къана шагьаралъул ахикье каву.
Ралъдал гьури щола цо-цо кьурдизе,
Кьерилал тирараб площадалде.
МугIрузул накIкIаца гьабула свери,
Сонги бакъ къалъараб порталъул тIохда,
Общежитиялда студентаца
Улбузухъе кагътал ритIулел руго.
Жал квачалел ругин, пальто босизе,
Бегьилеб батани, мугьал ритIейин.
Улбуз мех-мехалда институталде
Посылкаби ритIун рачIунел руго,
Гьез хинаб рокьиялъ квасалъул самун
Квердаххелал руго, щватаби руго...
ЦIияб хъизаналъул институталда
Асиятил къоял руго чвахулел.
Гьаниб гьалда лъана яцлъи-гьудуллъи,
ЦIалул гьуинлъиги гьелъул захIматги.

Гьаниб шагьаралда гьалда батана
Тамахаб рокьиги боркьараб къасдги.
Щибаб къойил гьалда, гьале, дуравин,
Гордухъ Юсуп вихьун, релъана ясал.
КІалтІа Пушкин вугеб библиотека,
Гьалмагъзаби, ясал, общежития;
Махсараби, харбал, яцлъи-гьудуллъи,
Гьоркьо-гьоркьоб кино, цІияб театр;
Гьуинал макьаби, панаял къасдал,
Юсуп, росу, цІали, цІи-цІиял дарсал,
ЦІороберал рарал профессорал,
Гьезул саминарал, сихІирал тІахьал;
ТІолго мугІрул мацІаз ахІулел кучІдул,
Ва гьал мугІрул мацІаз цІалулел кагътал,
Ва амма киналго цолъизарулеб
Цо гІурус мацІалда гьабулеб кІалъай;
ГІурусалъ рагІаби абулеб мехалъ,
Ударениязулъ кколел гъалатІал;
Физкультуралъул зал, драмкружок,
Кагътал хъван рехизе гьай хьвадулеб поч;
Бищунго учузаб столовая,
Ясазулгин хисун ретІунеб партал –
Гьале Асял гІумру, гьале институт,
Гьалъул цІиял ригьзал, гьалъул рекІелгъей.
Гьай гьелдаса чІухІун, йохун йикІана,
Борхатаб гохІиде яхарай гІадин.
Гьеб рохелалъ гьалда ккараб къварилъи,
Кинабниги захІмат кІоченабуна,
КІудииб сапар тун щвараб мехалда,
Нухлул гІазаб рокъоб кІочонеб гІадин.

Амма, букІаниги, сардил макьабалъ
Макьу хвезабулел хиялалъ, къасдалъ,
Яги цойидасан дарсил заманалъ,
ЦеретІамулаан мех-мехалъ гьалда:
Пашманго гІодилей гІагарай эбел,
Унтараб ракІалъул хирияв эмен...
Гьалъий ургъел гьечІо гьерсал, мацІазул,
ГІусманил цциналъул ва цогиялъул.
Гьел къватІул харбазухъ хал гьабичІого,
Гьезулгун боркьараб кьал ахІула гьалъ.
Амма кьижилищ гьай, гьудул, паракъат,
ГІумру ккурал чагІи кьалда рукІаго?
КІвелищ кечІ ахІизе кепалда гьалда –
Керен кьурай гІадан гІодилейги тун?

Гьалда жиндир гIайиб лъалеб букIинчIо,
Улбуздеги гьалъул букIинчIо гIайиб:
Щиб жо доз гьабилеб, гьагал гIадатаз
ГIундул ккун квегъарал, керен мерхьарал;
Щиб жо доз гьабилеб, къуръан гуреяб
Къвалакь батIияб тIехь цониги кквечIел...

* * *

Гьеб ноябралда институталда,
Артисталги рачIун, вечер букIана.
КIудияб зал цIуна гIолилал ясаз, –
ГIолихъан, балагье, бахIарай йище!
Халкъияй артистка Бариятица
Гьал рохизарула, гIодизарула.
Халкъияй артистка РахIиматица
Микьго-ичIго мацIалъ кучIдул ахIула.
Индиялъул кьурди магIарул кверaз,
Кореялъул сарин лезги мацIалда,
Лезгиязул бакънал лъарагI рагIабаз, –
ЛъикIаб гьудуллъидул дандчIвай букIана.
Лаказул аргъанги, авар зурмаги,
Ленинградалъул пианинаги,
Пушкинги, Шиллерги, Стальскийги,
Улкаялъул гимнги – тIолго букIана.
МагIарул Джульетта, Таня, Золушка...
Асяй кеп букIинчIо гьел киназулго,
Гьезухъ хал гьабизе херлъарай эбел,
Пайда щиб, гьечIелъул гьанже аскIоян...
Гьелъул пикру гьабун, каранда бугеб
Квешаб ругъун гьалъул рагьана къаси, –
Рагъда лъукъ-лъукъарав солдатасулги
Цо-цо мехалъ гьедин рагьула ругъун.
БитIун вальс кьурдулел ясал рукIаго,
Гьай, нуцIаги къирун, къватIие ана;
Общежитиялда гIаданчи гьечIо,..
Гьалъ эбелалъухъе гьаб кагъат хъвана:

КАГЪАТ

«Дир хирияй эбел, Асиятица
Инсудегин дуце битIулеб буго
МугIрузда хер гIадин гIемераб салам,

ГIурдада тIегь гIадаб гьайбатаб салам.
Лъала, тIегь кинигин, гьел дур квераца,
Дица хъвараб кагъат босилареблъи,
Амма, букIаниги, ракI бугей эбел –
Элда жиндирго яс кIочон теларо.
Дир рахъалъан дуда хъубал чагIазул
Чанги бугьтан, рогьо рагIун батила.
Дие ургъел гьечIо гьезул харбазул,
Гьабихъги корохъги гаргар, мацIазул.
Дун паракъат, рикIкIад йиго гьездаса,
Дир рекIел бацIцIалъи дидаго лъала,
Дица, кий аниги инсул рокъоса,
Я къватIиб, я нухаб гьеб рехун течIо.
Дун талихIай йиго, чIухIарай йиго,
Гьаб чIаголъиялда разияй йиго;
Лъиданиги цее, цониги нухалъ,
БагIарлъун яхъине ккараб жо гьечIо;
Ва кидаго дица гьумерги берги,
Балагьеян абе, бахчизе гьечIо.
Дун рохалилъ йиго гьаб дунялалда, –
Дуда лъала, эбел, дун йохулеб куц...
АскIор ясал руго, зобгин ракьалда
Жал гьечIого дида чIезе кIоларел.
Амма букIаниги, къаси сардида
Дун юргъаналда гъоркь гIодула, эбел:
ГIодула гьитIинго, мун кватIарайго,
Кинидахъ гIодилей йикIарай гIадин;
Дун якъунги гуро, къечонги гуро,
Ва амма къасигин къад буго рекIелъ
Инсул чучи гьечIеб, чIалгIадисеб ццин
Ва дур лъугIи гьечIел гьел магIил гарал...
...Дихъе хъван бачIана, дун аралдаса
Нилъер тIохда бугеб хер бетIичIилан;
ТIохил тIалайдухъан хъахIил зобазул
НакIкIазухъе кIкIуял роржунел гьечIин.
Дихъе хъван бачIана, дун аралдаса
Иццухъе лъел цIезе мун ячIинчIилан;
МагIица бугин къеч хьвазе гьабулеб,
Къан нуцIбигун дуца босанин туснахъ;
МугIруздаса нахъе вуссунев эмен,
Росулъе щвечIого, эхеве анин...
МагIарул гьураца, гьанирегги щун,
Пашман танин нужан, бицана дида.
Ралъдал карачелаз, кида щваниги,
Ццидалъ вугин эмен, абула дида.

АскIор ругезухъе улбул рачIингун,
Эзухъан ругьелал, кагътал рачIингун,
Керен кьватIун унел, лугбал рекулел
Пикраби гьарула нужер хIакъалъулъ.
МахIачхъалаялде квач щолеб бугин, –
Квачалейцин гьечIищ, ракI щварай эбел?
Щиб дица гьабилеб мун хинлъиялъе,
Хиялаз гьалдолеб ракI бохиялъе?
Чанги рагIи буго дуда абизе,
Чанги ургъел буго дуде бикьизе,
Йокьулей дир эбел, дир талихIалъулъ
Дагьабго гIахьаллъи щай гьабулареб?
Гьей ГIусманил Супал гIумруялдайищ,
ГIагарай, унго мун бахиллъун йигей?
ГIаданлъун йикIун дун, лагълъун инчIого,
Гьебищ дур каранда кIвеш бихьараб жо?
Эменги семана, мунги гIодана,
Дунги къварилъана, къоялги ана, –
Къо щвечIищ нилъее гIакълу дандбазе,
ГIумруялъул пикру-хIисаб гьабизе?
Унго, кидаллъигIан, магIарул гIадан,
МагIица рорцинел дуца дур нухал?
ЙорчIа макьидаса, кьижарай эбел,
Рагье къараб гордо, къваридай эбел.
Балагье ясалъухъ, дур Асиятихъ,
Дун дуда квал базе къачIан чIун йигин.
Те дуда къочизе дурго лъимадуй,
ГьитIинаб мехалда къочарай гIадин.
Къасиги, радалги, даим кидаго
Дун дур жавабалъухъ балагьун йигин...»

Кагъат хъван лъугIана, гьеб конверталъуб,
Кверал соролаго, лъуна Асяца.
Гьеб кагътида цадахъ кагътил къвачIиниб
Каранзул ракI лъолеб букIана ясалъ.
Къо гьоркьоб арабго, гьетIарал нухаз
Почалъул машина мугIрузде щвана.
Поч босулев херас цинги хеккого
Хадижатил къараб каву бухана;
ГIемерал мацIаца буцIцIухIун чIараб
НуцIа рагьун, рагьтIе эбел яхъана.

* * *

Вай, эбелалъул ракI, эбелалъул ракI:
Бищун бахIарчияб, бищун хIинкъараб,
Бищунго хIеренаб, бищун къвакIараб,
Бищун манзил къокъаб, бищун сабураб.
Огь, эбелалъул ракI!.. Лъала дида гьеб,
Бищунго пашманаб, бищун бохараб:
БухIараб, рахIмуяб, гурхIел цIикIкIараб,
Рокьи, щцин, анищ, .хьул, къасдазул цIураб;
Лъукъараб миккилъун каранлъ пархолеб,
Баккараб цIва гIадин даим кенчIолеб;
ГIодулеб, семулеб, хьандон ахIдолеб,
РикIкIадесехъ угьдун, аскIосехъ кьалда.
Огь, эбелалъул ракI, эбелалъул ракI!..
Нужеда рагIунги батизе буго:
Цо мугIрул васасул цо гIолилалъухъ
ГIищкъу ккун рагIула живго хвеледухъ;
Амма чанкIкIарай яс, гьелъ абун буго,
Бахъун эбелалъул ракI кье жинхъеян;
Дихъе гьебги босун мун вачIинчIони,
Дун дуе кидаго ячIине гьечIин.
Рокьуца гIантлъарав, лъавуда гьечIев
Гьагав васас, сардилъ чи кьижаравго,
Чирахъул канлъухъе эбелалъул ракI,
Хахараб керен ссун, бахъун рагIула.
Сородилел квераз кодоб гьебги ккун,
Гьев, йокьулелъухъе вачIунеб мехалъ,
ГанчIилъ хIетIе тункун гIодов ккун вуго,
Керен ссун босараб ракI бортун, буго...

... Гирун унеб буго эбелалъул ракI,
Элъ гьикъулеб буго гьанже васасда:
«Вай, дир хирияв вас, цIакъ унтарабищ,
ТалихI кьун вохаяв, квеш тункаравищ?»
Гьагъале нужее эбелалъул ракI, –
ГIемер лъималазда гьеб лъалеб гьечIо.
Чанги гIамалкIодо вихьана дида,
КIочон эбелги тун, тира-сверулев.
МагIарул росабалъ дандчIвана дида,
Васал хвечIониги, чIегIераб ратIлилъ,
Гьездаса хьул къотIун, къварид хутIарал.
Гьезул харбал гьечIел херал руччаби.
Гьел гIолохъабазе нусго нагIана...
Гьезул гуро дица бицунеб бугеб.
Дица Хадижатил каранлъ гьалдолеб
КвергIанасеб рекIел буго бицунеб.

Жиндаго гIемераб семи рагIарай,
МугIрул чIужугIадан, яс гIураб мехалъ,
ГIайиб бугониги, гьечIонаниги,
Гьелде семулаан, гьеб лъикIилан ккун.
Семулей йикIана мех-мехалда гьай,
Жиндир гьелда бугеб ихтиярги лъан;
Семулей йикIана гIилла гьечIого,
ГIали, ГIусманида берцин йихьизе;
Ва бахчулаан гьалъ гьинал ракIалъул
Гьелдехун букIараб бухIараб рокьи.
Амма семун гьалда хъат балеб мехалъ,
Унтуларел бакIал ралагьулаан.
ЭхедегIан босун хьвагIананиги,
Хьалбалъ гъецI бигьаго балеб букIана.
ЗинкIкIулебан абун парталги кьурун,
Гьанада хIунсизе толеб букIинчIо.
Ва збелалъул ракI, эбелалъул ракI,
Асиятгун тIасан кIалалъ багъана,
Аллагьасдасати, росасдасаги,
Росабалъ ратарал гIадатакьаги
ХIинкъарай Хадижат ясгун кьаллъана,
ГIусманий инарин гьелъ абурабго.
Гьалъий гьаб букIана цIакъ захIматаб иш
Унти ккана гьалда гьелдаса хадуб.
Цогиги бакIлъана гьинал рекIеда,
(Гьанжеги гьелда гьеб кIочон толаро),
Цо-цо гьоркьо-гьоркьоб гъоркьан балагьун,
Биццатаб килищги хьвагIезе гьабун,
«Мун гьоркьой гьечIого гьаб иш ккечIо», – ян
Гьалъие ГIалица бухъараб питна.
ЩIцIе инчIеб бакIалъан унарин бурутI,
РукIкIен киб ххуниги, хадуб унин кун,
Хур бакьулъан дуца бачанин бече,
ИяхI дуда гьечIин гьабураб рагIи.
Киб зоб гъугъаниги, Гъуниб цIад бала, –
Гъарим, гьалде ккана кинабго гIайиб.
ТIолалъулго бетIер гьай йигин абун,
Гьалъие букIана бугеб нагIана.
МагIарде ГIали ун, яс къватIие ун,
Къараб рокъой жийго цо йигей эбел,
Биххараб бусада жибго хутIараб
Хераб гагуялда релълъун йикIана.
Гьалъул мина-ригьзал, батIалъи гьечIо,
Лъим бегараб гьобо, гьелда релълъуна.
Гьалда рагIизеян, гьаркьалги гьарун,

РукIана кьурдилел ГIусманил берталъ.
Ноябрь моцIалъул праздникалъги
Гьай къварид йикIана, къватIий яхъинчIо.
Гьалъул яс, гьеб мехалъ, площадалде,
АхIулаго кечIгун уней йикIана.

...МугIрул хер бакъвайгун, бакъ мукъсанлъигун,
Мокърукь бусен лъурал хIанчIи аралго;
Ва гьезул бакIалда гьалъул рагъида
Мех-мехалда гьураз бакънал рачингун;
ГъутIбузул тIогьилал тIанхал хъамизе,
Хъачагъал кинигин, гьел рачIаралго;
Гьалъ хIисаб гьабуна, гьаб дунялалда
Гьанже жий цо йигин, жий цоцин гьечIин;
Цо кий йикIуней жий, ракI бахъун арай,
Беразул бакIалда кIиго тIанкI тарай;
Ва гIодана гьадин: «ГIадалай дир яс
Ва гIасияв дир рос, кир нуж ругел!» – ан.
РекIелъа бахъараб рохалихъ гIадин,
Бадиса босараб нуралъухъ гIадин,
Даим квач цIикIкIунеб цIорораб гъасда
Асиятихъ йиго угьдилей эбел.
Къо байбихьулаан гьалъ угьдилаго,
Ва гьеб лъугIулаан гьалъ гьарделаго...

ГIазу балеб къоялъ, жибго бакъ гIадин,
БачIана гьалъухъе панаяб кагъат.
Поч босулев чияс рисалат кьедал,
Яс нахъе юссарай гIадин йохана.
– Щиб жо хъвалеб бугеб Асиятица?
Бисмиллаги бахъун, цIале, вац Къурбан,
Жакъа дун гIадинан дуниялалда.
Дур почалъ кидаго чи воханадай? –
ЦIоробералги ран, къвачIати рагьун,
Къурбаница лъабцIул цIалана кагъат;
Кутакал рагъазул заманаялда
Поч босун вуссунеб мех цебе чIана.

Вай дир меседилан, дир Асиятин,
АскIой гьей йигейлъун, кIалъана эбел.
ГIумру гьечIеб гъасда, гьале, цIидасан
ЦIа бакана кепаб, бежана махьа.
Гьалдана хьагинир чIахIиял хинкIал,
ТIолго хъизан рокъоб бугеб кинигин.
Цо мадугьаласул васги витIун гьалъ

Босун цебе лъуна хъахIаб сурахIи.
ХIарччинир ражидалъ рукIана хинкIал,
ХIоринир регарал ганщал кинигин.
ЧIунтараб лолониб чIван лъураб борохь –
Бакь рехана гьанже хинкIаде тIаде.
Гьелъ берал ххенана херав Къурбанил,
Хух бихьараб мехалъ бацIил кинигин.
БацIцIун кIалгун ана квана-гьекъон гьев,
Кепалда хутIаги, Хадижат, абун.

Вай эбелалъул ракI... Эбел хисана,
Херай бахIарлъарай гIадин лъугъана.
ГIеретIги босун гьай лъадай яхъана,
Лъикьаго нич-хIинкъи гьелъулъ букIинчIо.
Гьалъ рилълъин хисана, гIазул мугIрузде
ХIикматал хиялаз хал гьабун чIана.
Цоцада сокIкIарал росдал къватIахъан,
Болъодухъа тIаде гIадин, яхана.
Данде кколел рохун йорчIамийилан,
ЯчIине йигищан цIеха-рехана.
ЦIалулел ясалгун юссун ячIуней
Вера Васильевналъ гьалда къвал бана.
МоцIаз къватIий йикIун, гIураб росулъе
Юссун щварай гIадаб букIана асар.
Щайха гьай гьабсагIат иццул рагIалда
Цодагьай лъалхъарай, гIодой юссарай?
Иццуниб лъел цIолей ГIусманил лъади,
Супайнат ятана тохлъукье гьалда.
ТIутIурабго ретIел, чIинкъараб гIеретI
Ва гIодулел берал рихьана гьалда.
Супайнат кIалъана: «ЯчIа, Хадижат,
Хабар бугин дир цо дуе бицине:
Хирияй, гьарула, ясгун ягъуге,
Асият цIодорай йикIун йиго цIакъ.
Дун къадги къасиги ГIусманил къавулъ
Гьелда бахиллъула, гьелда урхъула,
Эркенал, тархъанал гьалмагъзабазухъ
ТалихI къарав туснахъ урхъуевв гIадин.
АнцIул къватIий гъуна, къоцIул юхана,
Черх хъахIиллъун буго гIемераб кьабун;
КIалъанани «юцIа», юцIани «кIалъай»,
«Елъуге», «гIодуге»... щибилеб дица?
Жив рос чIужуялъул чIолорхъо вугин,
Цо гали бахъизе биччалеб гьечIо.
ЦохIо гIус цIунани, зигардула нилъ, –

Дир киналго лугбал руго цIунулел.
Дица баччун бугеб бакIаб къварилъи,. –
Къел ракьанде юссун, йиго угьдилей.
Эбелалъ сабаб бан батана дие, –
Сабаб гьечIеб гIазаб щун буго дие...
Асият цIодорай яс йикIун йиго,
ЦIуне гьелъул талихI, дунни гIантлъанин», –
ГIодана Хадижал гъежда бетIер лъун,
Жибго лъимер гIадин, мискинай Супа.
Цогияб бицана Супал гьурмаца,
Гьелъул берда гъоркьа рахъарал гIужаз;
Ва Хадижатица хинал квераца,
КIваричIин, лъухьана бухараб бетIер.
Гьале, цойидасан гьазда рагIана
Мехтарав ГIусманил гIасияб гьаракь;
Къвалакь квералги чIван, кьурунги вуссун,
БетIерги кIичIун гьев вуго кIалъалев:
– ЦIа боссе ун цояй росасе арай, –
Иццде йитIарай мун, анийищ чIарай?
АхIмакъ, дур гьеб бетIер бежила дица,
Печалъул корониб, чахъдал кинигин.
– Дун харбида гьаний дагьалъ кватIана,
ГьабсатIат йилълъинин, – кIалъана Супа.
– Цо сордо базеян рещтIараб гьеду
ГъотIода гIумруялъ хутIун рагIула.
Гьединан хутIизе гурин мун иццда? –
Ургъалилъ вукIанин, – балагьана гьев...
– Ва! Ургъел бикьизе гьалмагъ щун йиго, –
Гьайги нечечIого къватIий яхъунищ?..

Здравствуй Хадижат, дур хъахIаб чодул
Чанги харбал руго, баркула дуда!
МахIачхъалаялъул гьудулзабаца.
Гьеб дур гъадил рахъалъ хъван бачIун буго:
Гьелъ кIичI-кIичIиялда кьиндалил сардал,
Кьурдилаго нухда регIулел ругин.
Горбода цер ккураб пальтоги ретIун,
БотIрода кIичIараб кубанкаги лъун,
Гьанже гьей ясалда релълъунарилан –
Бечедав росасул лъадиян кколин.
Рукъзал рохьиялъул ургъел гьабуге,
Гьелъул гьурмалъ бугаб пудра гIела дуй.
Вехьасул ясалда кьагIрил гьан чIалгIун,
Гьанже гьелъ болъонил гьан кунеб бугин.
Жийго, болъон гIадин, гIурус васалгун,

Намус тун, кверал ккун, свердулей йигин...
Цоги хъван бачIана, гьей киноялда.
Цо кинавалиго, медалал рарав,
Узданав, дугъдарав, гьумер берцинав,
Ясалда релълъарав цо васгун танин...
ЦIакъал харбал руго хеккого рачIун,
Хадуб балагьилин... – гьагьагьайилан,
Гьес велъанхъилаго михъал кьурана.
Хадижат гьесдехун гьадин кIалъана:
– ГIусман, дир дуй кьезе цо суал буго...
Цебего гьикъизе бокьун букIана,
Бице щайзе дуда михъал рижарал?
– Живго михъ гIадинав бихьинчи вукIун.
– Щайзе мун, бихьинчи, лъел цIезе арай
Лъадиялда хадув гьанив вачIарав?
Щайха мун, бихьинчи, дир ясалдасан
Гьел гьерсилал мацIал цIалкIулев вугев? –
Гьуриго гьечIого щай лал рехулеб,
Ихдалил тIогьода щайзе накIкI лъолеб?
Михъал раккаралги, тIагъур лъуралги –
ТIолалго бихьинал кколаро, ГIусман.
Михъал цIукатилги рукIуна, ГIусман.
ТIагъур лъечIого, кIаз чIвай, ГIусман, дуца.
ТIагъур кигIан лъикIаб тIад лъунаниги,
БотIрониб «сельсовет» гьелъ цIунуларо...
Руччабазда аскIов цIакъав бихьинчи,
Бихьинаэда аскIов цIукIа вукIуна;
Ва дир хIисабалда дуе михъазул,
КIутIби хинлъи гуреб, хайир лъаларо.
– Дир михъазул жаваб дицаго кьела!
– Дир ясалъул жаваб дицаги кьела!
Дадил ургьел гьабе гIоркь кккурас, ГIусман,
ГIиял тIалаб гьабе тIил ккурас, ГIусман,
Дир ясалъул дуца бицунге, ГIусман.
– Дий абун йикIарай яс йикIана гьей...
– Абурасе гуро ясал рукIунел,
Ясал рачарасе рукIуна, ГIусман!
Ячарай Супайнат пашманги гьаюн,
Ячине щвечIелъул гьабуге ургъел.
ИтаркIо ккурасе букIуна, ГIусман,
Барти рекIарасе букIуна, ГIусман.
– Мун бетIер сверунищ, щиб дуй лъугьараб?
Мун Хадижат гуро, мун ханжар йиго.
Унго, дуцагийищ гьанже бицинеб
Пашманлъиялъулгин къварилъиялъул?

Къварилъабаз кунеб хераб къаркъала,
Квешлъабаца чІвараб чІунтараб лага,
Мунищ дида гъадин гаргалей йигей,
Гьай дир лъадиялъул гІумрудул бицун?
АнцІила кІиго их араб мехалда,
БухичІищ дур бетІер вехьас – инсуца?
АнцІила щуго сон дуца тІубайгун,
ЩвечІищ дуе цІалал дур рос – вехьасул?
Къого сон барабго расал хъахІлъарай,
Лъеберго сон байгун гьеб гьод кІичІарай;
Гьурмада гІатІидал рукІкІалабаца,
ГІолохъанго, нус-нус мухъал рахъарай?
ГІолохъанлъи, херлъи лъазе кІоларей,
Берцинлъи-сурукълъи лъазе кІоларей;
Дурго гІумруялъул тІалаб гьабичІей,
Цогиязул тІалаб гьабулейищ мун? •
Цабзазул къедги къан, кидаго бахчун,
Дуе туснахъалъуб тей лъикІ мацІалъе.
Бокьарасул гІанкІу къвакъваде абе, –
Дуй, къулун гІодойгун, юцІухІун чІей лъикІ. –
Дун хекко гьаюна гьаб дунялалда,
Гьелъ кватІана дие рохелгун талихІ.
Амма цо хутІарай рохел йиго дир,
Дида гьеб бичІчІана – дир яс Асият.
Гьаб дица гІадинаб гІумру гьабизе
Гьаюн гьечІо дица хирияй Ася.
Гьадинаб чІаголъи гьелъулъ букІани,
ЧІван гІоруца ине бакьила дие.
Дур къасдищ букІараб, къвалакь кверги чІван,
ЧІухІун дир ясалъе ханлъи гьабизе?
КватІана гьелъие, гьанже къойил мун,
КъватІул мацІал ххалев вукІа, хІалихьат!
Гьеб пиша бихьула цІакъ рекъараб иш –
«Живго михъ гІадинав бихьинчиясда!»

«Михъ гІадав бихьинчи», жибго ци гІадин,
Ццидаххун лъугьана, гьеб кІалъай ккейгун:
Гъуждул кІичІкІичІана, кІутІби рукъана,
Цаби къиршадана, михъал хучана;
Гьумер багІарлъана, берал ххенана,
Габур халалъана, керен цІутІана,
Кверал сородана, кьунсрул рукІкІана,
КІалдисан къватІибе хІацІу бурана.
Жинца балагьилин цо нужехьилан,
БитІахъе гьей кІкІуней гІадин кІалъана.

ЦIакъ кIудияб талихI букIана гьасул,
ГьабсагIаталъ аскIой Супайнат йикIин, –
Сунда, лъида, къватIиб ццин бахъаниги,
Гьеб бецIула росас рокъоб лъадуца,
ГIадалав мочIохъес гIияда гIадин,
ГIадалав рекIарас чуялда гIадин.
(Дир канцеляралда иш квеш кканани,
Барщула дунгоцин дирго хъизангун;
Дун мекъи вихьигун, ПатIиматида
ГьетIун дир хIалтIаби рукIин бичIчIула).
Хадижал рагIабаз гIадал гьавурав
ГIусманица Супал гьурмалъ хъат бана.
«Гьале вихьулин мун, лъикIав бихьинчи!» –
Бадиб гьесдаги тун, Хадижат ана.
Гьав чури бухIараб бахIри кинигин,
Чохьол унти щвараб гIанкI кинигинан,
ГIинда борохь бараб гьве кинигинан,
Балагьун хутIана, хагазе гьавун.
МугIрузда гьеб мехалъ букIана гIазу,
Гьазул лъабазулго нухал рикьана:
Супайнат тIурана эбелалъухъе,
ТIокIай юссинарин жий ГIусманилъуй.
ГIусман ана нахъе михъалги далун,
Нахъ буссинабилин Хадижал ахту.
Хадижат разиго юссана рокъой,
Гьекъана, муцIи цIун, гьалъ цIорораб лъим.

* * *

Дун хIикмалъулев куц, Дагъистаналъул
Руччабазулъ бугеб пасихIлъиялда.
Къаламги кквечIого, кагъат гьечIого,
Гьез ургъула сарин бер къапилалде.
Къаси-къаси жалго хутIараб мехалъ,
Гъасда ахIула гьел керен чучизе.
РагIабазул рекъей, къимат, бегIерлъи, –
Къалам гIодоб лъола гьел рагIун дица.
МугIрул ручабазул ракIел жугьаби
Живго Толстояс хъвана кагътида.
Гьезул асаразухъ кин инагьдарав
«Амалатбекалъул» автор Бестужев!..
Буртинаялда гъорлъ, жеги гьитIинго,
Гьез асир гьавуна поэт Лермонтов.
Гьел цIалараб мехалъ, нилъалзукь квер лъун,

Гьаб щиб хIикматилан, вукIана Горький...
Цо-цо тIадмагIарул писателахъе
Дарсаллъун цIализе кьезе лъикIан гьел.
...МахIач хваралдаса Хадижатица
Жакъа тIоцебесеб сарин гьабуна.
Хадуб, Асиятил гьудулги ахIун,
Гьелда гьеб кагътида хъвазе гьабуна...
Рокъой жаний-къватIий свердулеб мехалъ,
Стальский гIадин, гьай щурщудана.
КочIол къагIидаялъ къадги къасиги
ГIагарай ясалъе жаваб ургъана.

ЖАВАБ

«РакI пашманай дир яс, ракI лъикIай дир яс,
РакIалде ккараб жо гьабулей дир яс, –
Дур кагъат бачIиндал, ракIалде ккана,
Кинидаги къулун, дуда къочанин.
Рисалат цIалидал, хIисаб гьабуна,
Дарсалги лъугIун, мун рокъой ячIанин.
Дун мунгун гIодана, мунгун елъана,
РикIкIада йигей мун аскIой йихьана.
Дунялги гIумруги гIагарай дир яс,
ГIагарлъи, гьалмагълъи хирияй дир яс,
Херлъи – гьвелъиийилан аби бугелъул, –
Херай эбелалда тIасалъугьа мун.
«ХIинчIалъул къотIараб бетIер бихьунин,
ТIанчIи цIодорлъарал» – рагIун батила.
Гьеб бичIчIунин, дир яс, къасиги къадги,
Бусенгун барщун дун, духъ урхъун йигей.
Зодихъ цIва бихьани, гьабула пикру,
Гьеб дуда бихьулеб бугодайилан;
Рохьил чан ахIдани, гьабула хIисаб
Гьелъул ахIдей дуда рагIуладаян.
ГIурдаде рехараб хъахIаб гьецIолъун,
МоцI бихьарабго, мун щола ракIалде.
Азбаралда гургур, гордада кIутI-кIутI –
Гьури бачIарабго ячIуна. дее.
Мун дир цIодорай яс, мун дир цIакъай яс,
Мун дир хIинкъи гьечIей, бахIарчияй яс, –
Цо дун тIуркIарай куц, нилъер тIохазде
ТIоцебесеб гIазу бараб мехалда.
Дирги гIайиб ккана, гьанже гIодула,
ГIурда хIатIилгIицIго мун ракIалде щун;

Дуе гьабунщинаб рекIел пашманлъи, –
Гьеб дие гьекъезе кьуна Аллагьас.
Гьанже мех-мехалда, дур харбал цIехон,
КвенчIелда чIимхалгун гаргадула дун.
ХъахIал, чIогIерал дир кIиялго чIумаз
Мун арал сардалгин къоял рикIкIуна...
Мун дир йокьулей,яс, дир макьу, талихI,
Дир хъергъу, дир микки, милъиршо, канлъи, –
Кидаго кIочонге, гьаб дунялалда,
Гьанже, мун гурони, дир щийго гьечIо.
ЦIуне дурго рохел ва дурго сахлъи,
ЦIалдоге гIемерай, берал унтулин;
Автомобиль гьениб гIемер рагIулин,
Гьез чIинтIизе гурин, цIодорго йикIа.
ГIусманилги жеги ццин буссун гьечIо,
Гьев, бадиб тун, дица тун вукIана сон.
Дица гьесда турал хIацIул тIираби
Чанго хIалихьатил гьурмада щвана.
Хирияй Асият, хераб цIудул тIинчI,
Дир халатаб кваркьи жемула дуда,
Жаниб ракI духъ бугеб дурго хъалалде,
Дуца кагъат битIе кидаго гьанже!
Барщун, рекъон хадуб ккараб гьудуллъи
Гьуинаб букIуна, лъикIаб букIуна.
Дица гьалда тана лъугIизе кагъат,
Дун кватIулей йиго боголил какде.
Дица гьаб как базе буго дуй гIоло,
ГIумру диралдаса дуй лъикIаб щвезе»...

Гьединан, кьаллъарал эбелги ясги,
Гьелъул кьогIлъи бихьун, цоцалъ рекъана.
Ясалъ эбелалде, алъ ясалъухъе
ХIасраталъул цIурал кагътал ритIана.
Хадуб Хадижатил къаданиб, къеда
Асиятил сурат седон букIана.
Цоги аскIор ругел гьалмагъзабигун
Гьай рамаялъусан елъулей йиго...
Ясалъухъ урхъарай Хадижатица
Цо нухалъ рогьалилъ хиял гьабуна,
Пихъ бачIизейилан гIиллаги батун,
ГIагарай Асият йихьизе ине.
Борхатаб кьурда тIад цIаялги ракун,
ЦIер-квач щолеб бугин лъазе гьабуна.
ЦIералъ, квачалъ ккелищ эбелалъул ракI? –
РикIкIаде сапаралъ къватIий яхъана.

Нахъа хъабало бан, хъатикь гIанса, ккун,
ХIинцаб хIамаялда кIиго гьегьги лъун,
ХъахIлъи гьанже-гьанже лъалеб букIана,
Гьалъул лъалкIаз чанги нух нахъа тана.
Ва хекко бахъунеб хIелкида лъачIо
Хадижат жиндаса цее йорчIараб.

* * *

Гьеб, гIазу кьарияб хасел букIана,
Гьеб, кьагIи хIалакъаб хасел букIана.
ГIалил тIингъида гъорлъ гъаримал хухал,
Херин ахIдолаго, холел рукIана.
Бакъараб, хIалакъаб гIи-боцIиялда
БацIал гьаб хасало кIочон рукIана, –
БецIазе квине жо гьезда букIинчIо,
Гьаби, рачIчIалги къан, къварид рукIана.
Вехьасул бухIараб бацIцIадаб магIу,
ЦIорол горо гIадин, гирун унаан...
Гьединаб къварилъи гIи-боцIиялда
ГIемер соназ лъачIо Дагъистаналда.
МугIрул улкаялъул кьагIазул гъади
РагIулеб букIана Кремлиялде.
Квине жоян абун, гIаздалъ кIал чIвараб
ГIиял гъади щолеб букIана кибго.
Гьеб квешаб харбица хъутаналдехун
Хъамулел рукIана бихьинал, цIуял.
Тана канцелярал коммунистаца,
Ана, рагъде гIадин, комсомолецал.
ЦIоролъ нух бахъана тракторaца,
Кубаналъул хергун щвана вагонал.
Щибаб рогьалида Москваялдасан
Самолетаз гьениб гьабуна тIавап.
«СогIаб хаселилан» ботIродаги лъун,
Бокьун букIана дий, халкъалъ гьеб соналъ
Гьабураб лебаллъи, гьезул гьудуллъи,
Хасаб поэмаялъ кIодо гьабизе.
Гьелъие гIоло дун гIухьбухъе ана,
Аксаялде щвана хIалтIухъабахъе;
Кинан гьез печрокъоб чахъай хьихьарал, –
Гьеб кинабго дица гьабуна лъазе,
Ва амма «Гьудуллъи» альманахалда
Гьеб бицун батIияс хъвана поэма.
ГIемерал цогидал асарал гIадин,

РекӀелъ хутӀана дир хъвачӀого гьеб кечӀ...

Доб согӀаб хаселалъ хвараб гӀи-боцӀи
ГӀухьбузул рагӀазда хутӀана гьедин;
Чахъабиги тӀагӀун, тӀилалги гъурун,
Руссана къваридго чангиял нахъе.
ЦӀер чӀварал михъалги гӀодоре далун,
ГӀаздалъ къазабураб тӀилиде къулун,
Къваридго вукӀарав ГӀалида цеве,
Цо хасалил къоялъ, вачӀана Юсуп:
Живин институталъ гьудулзабигун,
Гьанив кумекалъе витӀун вугилан.
Духъе хъизамалъул салам бугилан,
Духъе дур ясалъул кагъат бугилан.
ГӀалица абуна жиндир яс гьечӀин,
Ясалъ жив суризе гьавунин абун,
Гьелда хадуй арай Хадижат дица
ТӀокӀай хъизанилан рикӀкӀине гьечӀин.
Балагьал рачӀани, цадахъ рачӀуна,
ЦохӀо гӀи букӀанин рекӀел гъеялъе;
ГӀасияб хаселалъ, хал гьабейила,
Гьеб талихӀги жинхъа бахъулеб бугин.
Хадуб валагьана гьав лъикӀ Юсупихъ
Дур хабарги жинда рагӀарабилан;
Чуруде женжелеб бахӀри кинигин,
Кив мун свердулеван дида лъалилан...
Амма Юсупица, гьев рехунги тун,
Холеб чахъуилъе чед кьуна бахъун.
Гьавго щивдайилан, ракъарал гӀиял
ГӀажаибго гьасде чӀана балагьун...

Гьеб мехалъ Хадижат хинаб печрокъой,
МахӀачхъалаялда, институталъул
Общежитиялда Асяда аскӀой йикӀана,
ГӀашилтӀа Манташ кинигин;
Гьаниб жинца кини кӀикӀараб гӀадин,
ГӀумру гьаниб тӀолго тӀамулеб гӀадин;
Гьал «гъаравашазухъ» хал-шал гьабизе
«Ханас» тӀамун тарай бика кинигин;
Махсара-хочӀалда хӀал-ракӀги жубан,
ХӀанчӀаз балъаргъунеб хъарчигъа гӀадин, –
Киналго ясаца авар мацӀалда
Эбелан букӀана гьелда абулеб.
Гьелъул хъахӀаб бетӀер, тӀолалго лъугьун,
Цадахъ лъухьулаан, гьей къварилъани;

Гьей данде къалаан... гьелъул ракI гъезе,
Гьаз кечI ахIулаан, гьал кьурдулаан.
Гьал гьейгун иргадал унаан къватIир...
Къаси рицунаан гьелъие харбал.
ТIанчIигун свердулеб гIанкIу кинигин,
ЙикIунаан гIолил ясазда гьоркьой.
Гьай ясаз ячана ансамблиялде,
Исбатил кучIдузул концерт бихьизе.
Кин гьай хIикмалъарай цирк бихьарабго, –
Цо данде бачинчIо гьалъ гьакIкIараб кIал.
Амма кьижана гьай театралда,
Цо дир гъудуласул пьеса бихьигун.
Цин доре сверула, цин гьанир уна,
Гьаз гьабулеб жого щибилан абун.
Цоги Татамица радиоялда
Вай-гьай-гьайин абун гьаркьал гьаригун,
Гьав цIам хъурулев чи кисайин гьикъун,
Гьалъ киналго ясал рохизаруна.
Ясаца гьалъие ихтилаталъе
Гьегьал махсараби, кеп гьабулаан.
...ЦIоробералги ран, кодоб тIехьги кьун,
ТIад бищун кIичIараб шляпаги лъун,
Бищунго чIухIараб костюмги ретIун,
КъачIана но нухалъ ясаз Хадижат.
Киназго, течIого тIаделъун гьалда,
Пудрацин бахана хочIалъагоян:
Хадижат, мун нижер профессорин,
Жеги дирокторлъун тезе бегьулин.
МатIуялда жаниб, жирун ун кIалгун,
Жийго йихьарайго, йиххана кIодо, –
Унго, гьай жойищан, гьуя-мададин,
Гьаб щайтIан щиб абун, бухана кIаркьен.
Ясазул абуни, гIемер рохиялъ,
Чвахана бадисан лъим гIадин, магIу.
КъотI-къотIун рехарал гъутIби гIадинан,
ГIодор ккана кеп щун кроватазда.
КIиго ясалъ гьалъул сурат бахъана,
Цинги гьебги бихьун Асиятица:
Инсуе битIун лъикI гурищ, эбел, гьаб,
Гьав вохун вукIинин, кIалъай гьабуна.
Цо-цо мехалъ ясаз, гьай йохизеян,
Гьегьал бихьиназул къагIидаялда,
КъотIун хъахIаб кагътил михъал гьарула,
Гьарсан гьезухъего кьурди гьабула...
Гьедин махсарабалъ, хабар-кIалалда

ЙикІана Хадижат ракІ биччан гьаний;
Гьоркьоб мех арабго, гьалда жиндаго
БукІана лъалеб нух лъабго тукаде.
Гьай гьаний ругьунлъун, йохун йикІана,
Ва росулъ букІараб ракІалъул унти,
Гьаниб тохтирзабаз дару гьабигун,
Хеккого лъалаго лъикІлъун, къотІана.
Амма букІаниги мех-мехалда гьай
Араб гІумруялъухъ зигардулаан.
ГІолилал ясазе къаси цо-цо гьалъ
Пашманлъиялъ цІураб кечІ ахІулаан:
Гьеб жиндий эбелалъ ахІун букІанин,
Гьелъие кІодоца цІалун букІанин.
Ва бищун рохарал махсарабалъги
ХІинкъи бачІунаан гьалъул рекІелъе,
ГьадигІанго гІемер релъулел ругин,
БалагьалъегІаги ратичІониян.
Гъумекдерил АхІмад-Къади гІадинан,
Къойил базаралде хьвадулаан гьай:
Росу-агьлуялъул гьечІищ чияли,
Гьенисан хабар-жо щиб бугебали.
Мех-мехалъ, дарсазда ясал рукІаго,
ЦІалеб букІана ракІ росулъе гьалъул, –
(Паракъат чІоларо эбелалъул ракІ,
Алжан бакьулъ гІодой чІезаюниги).
Ва кванил рагьалда, котлетал чІалгІун,
Гьай гІатІал хинкІазде йикІана хьул лъун;
Хинлъилаго тІаде нисуги хъурун,
Росун ражидалъ ччун, гьел кІалдире лъезе.
Цинги бакъанида, къватІал чІван, эхей
Автомабилазул тІелал унелъул,
Алда рехъадаса боцІи буссунеб,
Росулъ йикІараб мех щола ракІалде.
Цин почалда цебе площадалда,
Гьелъухъ балагьун, гьалъ абуна гьадин:
Балагье, Асият, гьаб майданалъухъ,
Бугеб лъикІаб бакІин лал тІамизеян.
Макьил сагІаталда сардил пикрабалъ
Гьалда ГІали цеве тІамула ццидакь;
Цо нухалъ, чархида ханжар лъухьулев,
Хучун ГІусман вихьун, йорчІана тІуркІун.
ЦІакъго пашманлъана, Асиятица
Инсухъе битІараб панаяб кагъат,
Гьес гьеб босичІого, яс жиндир гурин,
Юсупида лъазе гьабун батигун.

Ясгин рекъарай жий рукъ тун айилан,
АзарцIул жинца цIар тIамизе бугин,
ТIилги гьаваялде хьвагIезе гьабун,
Гьес аскIор ругезда абун батигун.
БакIаб гьир гIечIелъуб къвачIа кинигин,
ЦIар тIамиги буго тIагIаяб гIадат.
Мехтун щиб, ццидакь щиб, лъабцIул цIар чIвани,
Лъади-рос ратIалъун – биххула хъизан.
ЧIужу йиччан тезе къасд ккун хадуса,
ГIилла хIажат гьечIо магIаруласе –
ЦохIо рагIи гIола, цохIо лълъар гIола,
Ццин бахъингун, къайи тейин абула.
Гьедин, нижер росулъ, гьоркьоб питна ккун,
Гьанже ракIги бухIун, буго цо хъизан.
Амма кигIан гъира, шавкъ букIаниги,
ШаргIалъ гьукъун буго рекъел гьезие:
Росас цIар тIамурай лъади, цин, цебе
Цоги батIиясе ине кколилан;
Гьесухъ цо дагьабго мех тIамичIого,
ТIад юссине гьельул ихтияр гьечIин...
Ццидакь риччан тарал руччабазул «рос», –
Гьел нахъ руссиналде рачунев «хIажи...»
(«ХIоло», – ян абула гьелда магIарухъ),
Руго цо-цо хасал чагIи росабалъ.
Гьезухъе руссуна росас риччарал,
Нахъеги рекъезе гьевгун къасд ккарал –
Бокьарал гьез ккола сонаца аскIор.
Бокьарал гьез ккола сатIтаца аскIор.
«ЛъикIаб хъулухъалъул» чагIи руго гьел,
Чанги кеп босана дунялалда гьез...

Лъидего юссинищ мискин Хадижат? –
Росас хераб мехалъ цIар тIамунилан;
ЦIунаги гьелдаса гьанже нилъилан,
Гьалъ Ася каранде жеги цIакъ къана.
Цоги, базаралда росулъа чияс
ГIусманил цциналъул бицана гьалъий;
Жегиги цо кIалалъ абуна гьалда,
Ццин боссе росулъа гьев къватIив анин.
Огь, эбелалъул ракI, эбелалъул ракI,
Ургъалида бугеб гIадада гуро!
Ясалда лъалареб, Юсуп кантIичIеб,
Цо жо ккелеб гIадин, йиго гьай хIинкъун.
НуцIби къиркъидани, къватIиб сас чIвани.
Асият кинигин къватIий яхъани,

Керен бухIулаан, ракI хIинкъулаан,
ХIал лъазе лъидаго биччачIониги...

* * *

Хасалил халалъи Дагъистаналда –
Бищун гIемераб жо гIазу букIана;
ГIодоре риччалел кьариял накIкIаз
Кьерхенги квачайги халат гьабуна.
(Жакъа, бакъул къоялъ, бухIулеб бугеб
МахIач-Хъалаялъе лъикIан гьеб дагьаб).
...ГIухъби, шоферзаби, щибав министр,
Школалде лъимал ритIулел улбул;
Каникулалги щун, росулъе щвезе,
Рес щвечIел, цIалулел ясалгин васал;
Гьал студентазухъ, гьал рачIинилан,
ЧIалгIун, балагьарал гIагарал чагIи;
Нухазул техникал, почтальонал...
Гьанже-гьанже гIищкъул къотIи гьабурал...
ПатIимат квачалин хIинкъарав шагIир –
Бакъухъги гьелъухъги рокьи ккарав дун,.. –
РукIана семулел ццидакь гIаздаде,
Чанахъабиги тIад релъанхъулаго:
Унго, бачIинадай исана ихан,
Аман, бихьиладай бакъул хинлъиян.
Февралалъул ахир... жеги хасалил
ХъахIал аскаразул пуртIи букIана,
Общежитиялъул гордал-нуцIбузда
Ясаз сверухъ кагъат седон букIана.
Амма цо-цониги гьитIинаб каратI
Гьорое щолаан жаниб тиризе.
Хадижатгин ясал гьеб базар къоялъ,
КъватIир рахъинчIого рукIана рокъор.
КIиго яс йикIана цIакъ хIисабалда
Шахматал гьарулел, гьездеги къулун.
Асият йикIана квербацIцIалда тIад
Куназ Чеховасул сурат букъулей.
Берцинал ясазул росу Мискинжа,
Гьениса йикIана Гюлжагьанин яс;
Блокил томикги каранда тIад лъун,
КучIдул ракIалдасан лъазе гьарулей.
ЛъарагIай Ажайил... киноартистал,
Эздехун букIана букIараб пикру.
Гьелъ газетаздасан гьезул суратал

Седолел рукIана альбомалда тIад.
Пушкинил, Байронил, Грециялъул
Бицун дагIбадулел рукIана ясал.
Доб мехалъ Афиналъ кьвагьи букIана,
Гьазда Испания ракIалде щвана.
Гьезул къец букIана Дагъистаналъул
Тарихалда тIасан, рагъавда тIасан:
Шамил хиянатчи вукIанин цоял,
Халкъалъул цевехъан вукIанин цоял...
Бицана МахIачил, ХIажимурадил,
МугIрул улкаялъул кочIохъабазул,
КучIдул МахIмудица хъваялъе гIилла,
Муихъ ккараб рокьи букIанин абун.
Гьеб мехалъ Хадижат, чIумалги рехун,
ЙикIана щурщулей цо щибалиго...
ХъахIаб гъадаралъуб ханал гIадинан
ГIазул авлахъалда рукIана хухал;
Хирияв росасул рекIел пашманлъи
БукIана пикрабалъ гьалъул гьабсагIат.
Гордухъан балагьун Асиятица,
Гьури сасанилан абураб мехалъ,
Бигьалъи лъугьана гьалъул ракIалъе,
Гьанже жий эхеде инилан абун.
Къо лъугIизе заман щолеб букIана,
Звар-звари бахъана телефоналъул;
ГIалиева Ася ахIулей йигин,
Коридоралъусан рагIана гьаракь.
ХалгIаталъул тIолго маргъалал рахан,
Гъалал ххалаго гьай къватIий яхъана.
Телефоналдасан гьалда Юсупил
ЧIалгIараб, гIагараб гьаракь рагIана:
– Дун гIенеккун йиго...
– Мунищ Асият? –
– У! Здравствуй, Юсуп!
 – Здравствуй, Ася!
Сахлъи, цIали, эбел, – кинан нуж ругел?
 – Квеш гьечIо, баркала, мунго кин вугев?
Мун хъутаналдаса вуссаралдаса,
Дагь ваккулев вуго, щиб ккараб, Юсуп?
Инсул кьунсруцайищ рекIекъ гьавурав?
Эбел гъоркьан балай бокьичIогойищ?
Ялъуни бальгояб, дида лъалареб,
Цо лъороб бахчараб гIиллайищ бугеб?
– Гьедин гуро, Ася, хадуб бицина,
Хабаралде рачIа, дун чIалгIун вугин!

Къасиялде лъарагI театралде
Дица кIиго билет босун бугоан.
Дуда цадахъ гьенив вахъине гIоло
Дица нус-нус гьалмагъ нахъе чIвалаан.
Дур санагIат гьечIищ, абе, Асият,
«Айгъази» бихьизе дунгун йилълъине?
– Беццулеб рагIана дида «Айгъази»,
Эбелгин ясазда гьикъилин дица...
Гьез разилъи кьуни ячIина, Юсуп.
– « Кидалха дун дуда хадув вачIинев?
– Хал гьабе, вачIунге, дунго ячIина,
СанагIат рекъани, къагIида ккани...
– СагIат анкьгоялде хIалтIулеб мехалъ,
«Сулейманил» ахил кIалтIа вукIина.
– Мун кватIуге, Юсуп!
– КватIулев киса
Жегиги сагIаталъ цеве вачIина.
Дуца жигар бахъе! Жакъа Асият,
Дудехун кIвар бугеб кIалъай бугин дир...

КIиябго батIияб институталъул
Общежитиязул коридоралъуб
Цоцаде кIалъалеб кIиго телефон
КIусана мокъида, гIанкIуял гIадин.
Амма кIиго каранлъ, кIиго гьинал ракI
КIетIелел рукIана, сагIтал кинигин,
Ялъуни хIанчIазул газал рогьалилъ
Гордазул цIеразда кIетIолел гIадин.

Юсуп вортун ана, Василий, живин,
Къаси Асиятгун дандчIвазе вугин.
ГьейгIан лъикIай гIадан, зоб-ракьалхIаги,
Ракьалда гьайичIин ва гьанже гьечIин.

Асият ахIдана, ясал, эбелин,
Юсунгун кIалъанин жий гьабсагIаталъ;
Гьес театралде ахIулей йигин, –
«Инищ, щиб гьабилеб, дир гьудулзаби?»

Гьедин абулелъул, гьудулзабазухъ
Гьимунги, елъунги балагьана гьай;
Амма эбелалъухъ хал гьабулелъул,
Гьурмада букIана батIияб дангъва.

* * *

Гьаб хасел щвелалде Юсупгин Ася,
Махсара гуреб жо, унго-унголъун,
ЛъикIал гьудулзаби лъугьун рукIана,
Гьелги цIехон, гIищкъу рещтIун букIана.
Гьал кIицIул-лъабцIуса барщун рукIана,
Цоцада бер чIвачIел гIумрудул къоял
Къваридго ва хIинцIго унел рукIана,
Эхеде раялда, къир-къириялда,
Къуват гьечIел оцаз цIалел гьакаллъун.
Таркиялъул мегIер, Каспидал рагIал,
Кверал ккун, кIиязго тирун букIана.
Ва кино «Темпалъул» контролералда
Кидаго гьал батIа рачIун рихьичIо.
Буйнакск къотIноб фотографасги
Гьазул, аскIорги чIун, бахъана сурат;
БакIида Асият, эхетун Юсуп –
Альбомазда руго гьал кIиязулго.
ЦIияб сонил вечер гьудулзабигун
Гьаз цадахъ тIамуна, багIарлъун рахъун.
Гьазул рахъалдасан талихI кьегиян
Тамадас гьекъана гьеб сордоялъ лълъар.
Гьазул талихIалъе кумек гьабизе
Кинабго гьалмагълъи букIана къачIан.
Барщарал къояз гьал рекъезаризе
Рукъ цIун гьоркьохъаби рукIана хIадур.

Огь, гьоркьохъабазул гьайбатаб хIалтIи,
Гьеб нилъеда лъала лъади щвезегIан.
Нилъ гьезухъе уна, гьелгун рукIуна,
Гьудулгун дандчIвалеб лахIзат щвезегIан.
ГIищкъул къварилъи ун, къвал базе щвейгун,
Нилъ гьоркьохъабазде мугъ кьун руссуна.
Гьел «рорчIами» абун тIаде рачIани,
Кьунсрул ритIичIого, нилъ данде чIвала.
Йокьулелъул гьудул йокьана дие, –
Лъадиялъул гьудул йокьичIо дие.
Дурги букIинадай гьединан, Юсуп,
Гьоркьохъаби дуда теладай кIочон?
Гьез жакъа Асяй дун веццулев вуго,
Гьез дуе Асият еццулей йиго;
Нуж берцин рукIине институталъул
Ясаз бахъулареб хIаракат гьечIо.

Гьединан рукӀана лъикӀаб куцалъ гьал,
Гьоркьов чи гьечӀого цоцазе абун.
БукӀинчӀо гьуинлъи гьазул балъгояб,
Гьеб лъалеб букӀана сверухълъиялда.
Ца таралъ, мегӀер тун, гьеб гӀищкъуялъул
ГӀусманихъе щвана мугӀрул росулъе.
Ва къаси бусада нусго нухалда
Хьибил хисана гьес, хонжрохъ балагьун.
Хъутаналда вугев ГӀалил гӀиналда
Щурана гьаб хабар, анцӀго тӀатӀал лъун.
ТӀаде Юсуп щвейгун, гьесде гӀиявехь,
ГӀужрукъ гӀадин, хучун балагьахъдана.
Хадижат, тӀоцеве Юсуп вачӀингун,
Гьесдехун берцинго кӀалъа-ралъана;
КӀиабилеб нухалъ гьев ваккаравго,
Гьай дагьай хӀинкъарай гӀадин лъугьана:
Лъабабилеб къоялъ гьев вихьаравго,
Гьай дагаьай хӀинкъарай гӀадин лъугьана:
Щибго жо гъечӀого гьаб букӀинарин,
Гьин батизе кколин ясалъе гьолеб.
Гьобол гӀемерлъидал, Асиятида
Эбелалъ гьикъана, гьаб щиб кколебан;
Кидаго нилъее «рорчӀами» кьезе
ВачӀине ккани, щив Юсуп кколеван...

Ясалъ эбелалда, ракӀалъул къвачӀа,
КъватӀибеги бахъун, рагьун бихьана,
Юсупилгун жиндир кинабго къиса,
Къасдалгин хӀисабал баян гьаруна:
– Абулел рагӀаби дур берцинлъаяй,
Рицунел хабарал дур гьуинлъаяй,
Гьанжегийищ, эбел, абе, дир рохел,
Дихъе квер кьечӀого, данде чӀелей мун?
Батулеб талихӀ тей – ахӀмакълъи гурищ,
Толеб ккведе лъугьин гӀадинго, эбел?
ГӀищкъуги рокьиги маян кьоларо,
Кьеян бокьарабго гьеб бачӀунаро.
Дий Юсуп вОкьула...
– Рокьи, Асият,
Дида бичӀчӀуларо, щиб жо гьебали...
Рокъоб кьечӀеб талихӀ къватӀиб кьоларин,
КъваригӀел гьечӀел жал гьаруге, дир яс.
Дун гӀадамаздаса хӀинкъун йикӀуна,
ГӀалиян эменги вугелъулха дур...
Мунго дуего гӀун гьедин бегьилищ,

Гьадал къватIул мацIал сасиналдего?..
Росулъ рос щвечIого, ун йигин абун,
Абила гIадамаз, гьеб рогьо буго.
Росу батIиясухъ балагьизегIан,
Росулъ яслъун херлъи лъикIаб букIина.
Хур квешаб бакIалъа чи вугин Юсуп,
Чанги дун цеехун щванин гьение.
– Щиб гьабилеб, эбел, нусцIул, азарцIул
Мун йитIарай гьечIей, бичIчIула дида.
Амма букIаниги, гьаб нухалъ дица
Дур адаб гьабила, мун гьобол йиго...
Ва нахъияб къоялъ Юсуп вачIингун,
Гьалъ гьесие дагьалъ «отпуска» кьуна;
КьогIаб, загьру гIадаб хабарги къулчIун,
Къваридго студент нахъе вуссана.
Гьоркьор анкьал ана, рокьи бергьарал
Макьида рукIана гIицIго дандчIвалел.
Жалго гьел гурелги, аскIор ругелги
РукIана пашманго гьезухъ ралагьун.
Ва аммаха рокьи, чIолорхъоги бан,
ЧIезабизе лъийго мутIигIлъуларо.
Рокьуе отпуска, выходной гьечIо,
Гьелда свак лъаларо, сабру лъаларо.
Рокьи улбуздаса бергьараб буго,
Пачазабаздаса къуватаб буго,
МацI-хабаралдаса, гIадатаздаса
ГIолилазул гIищкъу, йохъ, хIинкъуларо.
Гьелъин Юсупица Асиятиде
Жакъа телефоналъ кIалъай гьабураб.
Ва театралде, нужеда лъала,
Живгун йилълъайилан гьелда гьарараб.
Гьелъин Асиятги, Юсуп кIалъайгун,
Эбел йикIаниги, чIезе кIвечIого,
Гьесдехун гьуинго гара-чIварарай,
Ва жиндирго чIалгIен бицун кIалъарай.
Гьелъин гьабсагIат гьалъ эбелалдехун,
Урхъараб рокьиялъ гьелда къвалги бан,
Жий театралде ахIулей йигин,
«Изну кье», – ян абун кIалъай гьабураб.

...Гьединан Асият аскIой ячIингун,
Эбелалъ лъабцIуса хьвагIана бетIер.
Мун телефоналде ахIун арайго,
Ургъел ккун букIанин кIалъана гьелда:
– КигIан лъим тIуниги тIегь баккулареб,

ТIалу гIадаб ракIищ дур бугеб, Ася?
ЧанцIул хинкI кьуниги хадуб унареб,
КьагIрил гIамалищ дулъ бугеб, дир рижи?
– Гуро, гуро, эбел, дир тIолго керен,
ТIугьдузул цIун бугин, абуге гьедин...
Изну кье кьагIрие гIурдаде ине,
ГIурччинаб харде дун йигин недегьлъун.
– Щибизе гIурччинлъи ракIалде щолеб, –
ГIазу балеб бугин, балагье, дир яс...
БетIер бусеналда ригьда лъун хадуб,
Рогьиндал йохулин, хал гьабе, дир яс...

– Рокьуда щиб лъалеб кьиндалил цIорой?
Рокьуда щиб лъалеб кьурул борхалъи? –
Гьай квачазе гьечIин киналго ясал,
Эбел сверун лъугьун, гьардана гьелда.

– Дир яс, Юсупида дир дагIба гьечIо,
Дир ракIалъул хIинкъи бицинин дуе.
Дида базаралда Залму йихьана,
Гьелъ абуна ГIусман гьанив вугилан.
Гьанаца абулеб буго, Асият,
Гьес цо хIалихьалъи гьабизе бугин,
Гьесда дур инкарги, даб дир ахтуги
Даим киданиги кIочене гьечIо.
Кьуру биххичIого, хIур бахъунарин,
ХIинкъун йигин эбел, мун ургъун йихье!..
– ХIинкъуге, дир эбел,.. щайзе хIинкъулей? –
Дуда мугIрул хIанчIил кици рагIичIищ,
ЛъикIав бахIарчияс жиб чIвазе гьечIин,
Къадарасе чIвазе жибги чIеларин?..

Эбел юцIцIун чIана, ясал рахана –
Асият, къачIай мун тIокIалъ чIечIого!
Цоялъ гьалъул партал къватIиб бахъана,
Мадугьалалъ гьелда иту кьабуна,
Гьумер-бер бацIцIана, гъалал кьурана,
Гъаравашалъ бикал кинигин гьалъул;
Квасалъул шал чIвана, цебе батараб
Цо ясалъул пальто босун ретIана.
Ася, нагагь хIатIал квачазе гурин,
Гюльжагьаца рахъун ботаби кьуна.
Рорхатал туфлаби, театралде
Щваралго ретIине, кодор росана.
Заман щолеб бугин гьай къватIий ана,

Жибго пачаялъул рилълъинги гъабун,
Гъанже кватIичIого, квералги росун,
Юсупгин дандчIвалин гIаздалаб ахикь.

* * *

Юсуп къунцIа-кIутIун бетIерги къачIан,
БахинчIеб магжида нусалги рахъун,
МатIуялда цебе свериги гъабун,
СагIат анлъгоялде щвана ахикье.
Элъул кIалтIа тарав хъаравул гIадин,
Довехун тирана, гъанив свердана;
Гургуралъ кинигин, габурги борхун,
Гьей ячIунеб нухде хал гъабун чIана,
Ва амма гъай гьечIо, заман ун буго,
Киналго игIланал цIалун рахъана.
Хъорщода седараб «Дагъправдалъухъ»
Добе щун, гъаниб щун хал-шал гъабуна.
ЦIалулеб жо гьасда бичIчIулеб гьечIо, –
ЯчIунаро Ася, йихьуларо гьей;
Амма гьалда гьечIо ракIалъул гIайиб,
ГIиллаби ургъула жинцаго гьелъий.
СагIат микьгоялде бащдаб хIалтIана,
Байбихьизе заман щвана театр;
Гъанже хьулги къотIун, ццинги бахъун гьав,
Белталги рихъ-риххун нахъе вилълъана
Нахъе-нахъе вуссун цеве унаго,
Живго жиндидаго гаргадула гьав, –
Гьабураб къачIайги, букIараб къасдги,
КъотIараб хIукмуги хвана кинабго.
Къаси нахъалъагIан Домкадраялъул
Кавудахъ вукIана жен-жедилев гьав,
Квачалин хIинкъунищ ячIинчIей Ася,
Эбелалъ гьукъундай гьей чIарайилан.
Радал гьелъий ккараб жо лъараб мехалъ,
Лъай босарав гIадин, лъугьана Юсуп, –
Дудаги лъачIелъул гьелъий ккараб жо,
ГьабсагIат бицинин дица, цIалдохъан.

* * *

Огь, Хадижатил ракI ГIусманидаса
ГIадада гьадинго батичIо хIинкъун, –

Цееса аниги, Асиятиде
Гьев ццидакь вукIана, ци кинигинан.
Цингиги Супайнат ятIалъарайго,
БетIер чIвазе аскIов чи тIагIаравго,
Гьав тIагъал хъахIида квалквадулаан, –
Киналго руччаби чIвазе кколилан.
Канлъи босун ана гьасул беразул, –
Дуе ячIинчIого, чIухIун Асият
Юсупие уней рагIулин абун,
Росулъ цо гIаданалъ гIинда щуригун,
«Дир михъил расалъул багьаяв гьечIев
Гьев гIонкIкIол кIалалъе, катил беразе
Кидаго дица гьей йиччазе гьечIин», –
Борчун ханжаргун гьав къватIив вахъана.
Рохьдолъе биччараб бече кинигин,
Кибниги ячине цо чи щвечIого
ХутIизе гьайизе гьеи кIвечIонани,
Гьаб тIагъур лъеларин лъазе гьабуна.
Гьединал къасдалгун цо рогьалилъ гьав
Гьедун Анжиялде жанив лъугьана.
Асяе къойилан, къаси мех дийин,
Гьей йигеб къватI цIехон, гьенив тирана.
ЧIегIераб буртина бадибеги цIан,
Чакмабазда гьоркьоб нусги къазабун,
КъасигIаги кодой щвелародайин,
Щибаб ригь-ригьалда гьенив хьвадана.

…Гьедин къоял ана. Цо маркIачIуда,
Гьав институталъул бокIнилъе щвейгун,
РакIалда гьечIого, гьале, Асият,
Гьасда жийго цохIо уней йихьана.
Гьей ячIунеб нухда бугеб кавудахъ
Гьав кодоб гамачIгун чIана балагьун, –
«БацIиде аскIобе ургъел гьечIого,
Унеб бугин кьегIер, хал гьабилин духъ».
ХьачIун гIазу буго гIодобе балеб,
ГIазда къиркщи буго Асял хьитазул;
Къваридаб тIанкI гьечIо рекIелъ цониги,
Ургъалил лъалкI гьечIо гьурмада щибго;
Пикраби рукIана Юсупихъ тIолго,
Гьесухъе гIедегIун йикIана уней...

...Гьале цойидасан гьелъул beралда
БакIаб «зар» кьабана, гьай гIодой ккана,
Канлъи босун ана, бетIер сверана,

ГIусманица гьалъул кIалдиб хъат чIвана;
Кавудахъ бецIлъухъе ехъерхъун ячун,
Бихъун рехана гьас гверде каранлъа,
Гьалъул би бахараб кверaз нусги ккун,
Росун ракьандаса къотIана гъалал.
Дица дур Юсупий сайигъаталъе
Росулел ругилан, нахъе лъуна гьел, –
Гьанже яче абе гъос мун росасе,
РачI гьечIеб чу абун, гьикъана кIалал.
Кверал бахIарчияв, берал хIинкъарав,
БацIилги, гIанкIилги ракI босарав гьав,
Гьадин, бида ецIцIун, гIазда гьайги тун,
ГIадан вачIаниян нахъе унаго,
Нахъасан къан ккуна, гьаб щиб жойилан,
Гьенир тIаде щварал хIалтIухъабаца.
Гьав, кверaз лъаларин гIаламат гьабун,
Лъугьунев вукIана кIалъа-ралъазе;
Ва амма кверазда би бихьарабго,
БагIарлъун сорона хIинкъараб цIукIа.
Гьоркьоб сагIат ингун, унтабаз цIурай,
Берзул канлъи арай, кверда жан гьечIей,
ЦIолбол гъабу гIадал гъалал къотIарай
Асият йикIана больницаялда.
Гьебго сагIаталда, сородилаго,
Суалазе кьезе жаваб гьечIого,
Гьав нилъер «багьадур» ГIусман вукIана
Майорасда цеве милициялда.
ЦIорораб гIаздада жеги багIарлъун
БукIана хинаб би мугIрул хIинчIалъул
«Айгъази» абуни, гьеб заманаялъ
Абуралъул гордукь чагъанаги хъван,
Гьей чапун йиунел кучIдулги ахIун,
ВукIана кIудияб мурадалде щун.

...Гьеб халкъалъул цIураб театралда
ХутIана чIобого, гьедин, кIиго бакI.

* * *

МугIрул руччабазе инжитлъиялъе
УргъичIеб жо течIо бецIал гIадатаз:
Гьезул килщаздаса, баргъич бахъани,
Каранде даларал маржанал тIуни,
БотIродаса чохтIо-кIаз хъамунани,

Чвахулеб лъар гІадаб рас къотІанани,.. –
Намус тун, гьезда тІад рельанхъулаан,
КъватІи-рокъоре гьел риччалароан;
Росабаз гьездехун мугъ рехулаан,
Гъудулзаби гьезда кІалъалароан...
Гьел хьулал рукІана гьагав ГІусманил,
Асиятил гъалал къотІулеб мехалъ –
Ясаз, гъудулзабаз гьей рехун телин,
Юсупги гьелдехун кІалъазе гьечІин;
КІудияб рогьоги, инжитаб цІарги
Алъул лъалкІда хадуб даим букІинин;
Жинцайин абуни, гьеб ишалдалъун
Гьунаргин лебаллъи бихьизабилин...

Ле, бидулав ахІмакъ, мун мекъи вуго! –
Гьанже гьеб кинабго ккана гІаксалда:
Милицалъул кІалтІе щцин буго бачІун,
Больницалъул кІалтІе рокьи буго щун.
Гьенир рачІун руго Асиятихъе
Ясазул къокъаби, яцлъи-гурхІелгун.
Гьенив вачІун вуго Асиятихъе
Юсуп, хиси гьечІеб жиндир рокьигун.
ХъахІал халгІатазулъ тохтирзабиги,
Гьалде тІаде къулун, къваридго ру¯о;
Къо ккаралъуб даим щулалъун унин,
Унтарал ракІазул лъикІаб гъудуллъи.
Канцеляраздасан телефонаца
Буго гьалъул сахлъи къойил цІехолеб.
Къварилъиялъ чІвалеб Хадижатил бетІер,
Буго Юсупица каранде къалеб.
Профессор Булач, бетІерги хьвагІун,
Берахъ балагьана, гьес квер хІанчІана. –
Дару гьечІищ, тохтир?
– Дару гьабила,
Дирго канлъи кьунги лъикІлъизайила,
Амма дир каранда ракІ унтун буго:
Кин кІолеб гьаб бадиб гамачІ кьабизе?..
Кив вугев хІалихьат, цо балагьизе...
Гьесде бугеб щциналъ вугин дун гьадин...

ХІалихьатил сурав босулеб буго
Махсара лъаларел гъудулзабаца,
Гьесул дело сардилъ цІалулеб буго,
Судалде кьелалде, пракурорас.

* * *

Гьоркьоб мех бахъана, марталъул къояз,
Жиндир квешлъабазда ракI бухIунищан,
БухIун магIуги тIун, гIодана гIазу,
ГIодоцана ццидакь рачIунел гьурал;
Ва Асиятида, цо нухалъ радал,
Катан бераздаса босараб мехалъ,
Больницалъул ахикь, унго, гIаламат!.. –
ГIурччинлъи бихьана баккун бачIунеб.
Жеги гIазу тIубан биун букIинчIо,
Гьелда гIагарда цун буго гьеб бижун.
Цо унтулел лъимал лъикIлъулел гIадин,
Лъугьана гьебмехалъ ракIалъе асар.
Цогиги кIиго къо... Къо лъикI, больница,
ЛъикI таги, лебалал тохтирзаби, нуж!
Нужер рохьиялъухъ, устарлъиялъухъ,
Нахъ буссинабураб дир канлъиялъухъ,
Гьанже дун цIидасан цIалдезе ина,
ЦIумур кьабарабго, тIахьалги росун, –
ХъахIаб халгIаталъулъ хириял яццал,
ХвезагIан кидаго кIочон теларо!
Гьалъ ретIел ретIана, гьалъ бетIер ххана, –
Васазул гIанасеб буго рас хутIун.
Камиллъарабго моцI тIаса бекула, –
Гъалал камуниги йиго берцинго.
Ясаца къвал жемун, Юсупил квер ккун,
Институталдехун къватI чIван йилълъана
Гьалъ таксиялдаса инкар гьабуна,
Инарин гьелдайин, бокьилин лъелго.
Гьездаса бохун бакъ букIана гвангъун,
Бакъалдаса чIухIун гьайги йикIана...
Жакъа гьалъухъа бакъ бахъизе абун,
Хъатикь гамачIги ккун, гъоркьчIел гьабурав,
ГIумруялъ гьалъухъа канлъи босизе,
Кверал сорочIого, гьалда кьабарав;
Берал ругониги, гьеб бакъ гьечIого,
Гьев живго хутIана гьабсагIаталда.
Гьесда бихьуларо гьанже гьаб канлъи,
Ккуна гьев жинцаго гъураб гудраца.
Харил гIурччинлъиги, гIаздал биинги
ГIицIго цо нухалда бихьана гьесда:
Марковасул къотIноб, судалъул рокъов
Пуланаб бакIалъан вачун унелъул.

Амма гьеб мехалда гьесда сверухъан
Ццидалаб балагьи данде кколаан;
Кив гьев вуссаниги гьесда нахъасан:
– Цевехун хал гьабун, а! – ян абула.
Цевехун валагьун унищ хIалихьат? –
ХIатIаздеги къулун вуго гьав унев.
Нечонциндай? Гуро, киса гьарчий бер, –
Нич тIолеб гъадаро багьараб гьасул;
Намус лъолеб къвачIа бихъараб гьасул,
Гьав хIинкъиялъ вуго гIодове далун.
ГIурччинаб хералде регIун гьечIо гьав,
ГьабсагIат судалда цеве чIола гьав...
Судияй йиго яс Дагъистаналъул –
ХIусейнова Марьям Кубачиялъа.
(Гьелда ургъе! – цебе магIарулалъул
НугIлъицин диваналъ рикIкIунароан;
(ГодекIабахъ росу данделъанани,
Гьеб собраниязде риччалароан;
Ирс бикьулеб мехалъ гьоркьой толаан,
Гьелъул малалда квер росас лъолаан).
Гьале гьабсагIаталъ судалъул рокъоб,
Юрист ХIусейновалъ амруги гьабун,
Гьелда цеве тIепун вуго эхетун,
ТIаса тIагъур бакъун, гьав «михъал чIегIер».
Гьасул делоялда гьоркьоса росун,
Ясалъул къотIарал гъалал рихьана,
Би чуричIеб ретIел, къотI-къотIараб шал,
Гьаб дур хIалтIийищан цебе рехана.
Цинги къватIиб бахъун бачIана ханжар,
ХанжаргIан бегIераб букIана гамачI...
«Мун вукIкIуркIахъдуге, мун кьур-кьурдуге,
Кье жаваб судалъе, Салманов ГIусман».

ГIадалъ гамачI щвараб чахъу кинигин,
Цин-цияб рахъалде балагьана гьав.
Цинги чед бортараб таргьа кинигин,
«Михъ гIадав бихьинчи» далула гIодов.
РекIелъ щибго гьечIев, ракI бецав гьасул
Кьунсрукь берал ккола картIал ругилан, –
РукIкIабаца рикIун гьарурал гIадал
Гьезул чIаголъидул гIаламат гьечIо.
«Бергьаразухъе къо, къуразухъ сордо» –
Щайха сородулев, ГIусман, гьанже мун?
Щай дуца гьабулеб тIеренабго хьул,
ТIеркIолеб нилъалзул защитникасде?

Жеги прокурор вуго кIалъазе,
Мун гьесухъ гIенекке, гIайибазул гохI!
Суд лъугIулеб буго, гьабсагIаталда
Прокурор вуго кIалъай гьабулев...

Дие, поэтасе, гьудул цIалдохъан,
Гьаб дир цIа, дир асар лъугIулеб мехалъ,
Бокьун буго гьаниб гьинал ракI-ракIалъ,
Прокурор хисун, кIалъай гьабизе.
Гьаб «дело» гьесдаса дида лъикI лъала,
Гьалъ дир би гьалдана, дир ракI бухIана.
Дуца ккунигицин дида кIоларо,
Каранда тIад гурде бухIулеб буго.
Прокурорасул гьаракь рагIула
Судалъул залалда. – Дий гьеб гIоларо!
Пракурорасда рихьула гIицIго
Цере гIодор чIарал. – Дий гьел дагь руго
Гьаб диваналда гъорлъ дуниялалъул
Миллионал гIахьал гьаризе ккола.
Миллионал ракIал хIукму къотIизе
ХIалае нилъеца ахIизе ккола.
Поэт-прокурор... дида киналго
Пашманал руччаби рихьизе ккола.
Гьал дир рагIабаца, гьезул черхалъе
Тархъанлъи, бигьалъи гьабизе ккола.
Поэт пракурор, дир гьаракь кибго,
МугIрузде, гIалхазде рагIизе ккола.
Гьелъ гьагал гIадатаз зурулел ругел
Руччаби рорчIизе гьаризе ккола.
Жакъасеб дир калам рагIизе ккола
Киналго бокIназде мугIрул улкадул:
Гьидалъан, ГIандисан, ТIелекьан бачIун,
ТIолго росабалъе Дагъистаналъул.
Рагъида хIанчIилъун чIичIиде, дир кечI,
Гордухъ къварид ругел гIолил ясазе.
Рохалил хабарлъун боржа, дир калам,
Бадибе жо цIарал кьерилазухъе;
Рокъор росалги тун, харда хIамул тун,
ХIалтIизе гьарулел руччабазухъе,
(ЗахIматал рaччияз лъимал тIамурал
Лъудбузул россаби руго магIарухъ).
Гьездаги рагIизе ккола дир гьаракь.
Пракурор-поэт... гьесул рагIаби,
ТIолго гIаламалда рагIизе ккола.
Гьел рагIизе ккола Супайнатида, –

ТалихI балагьулей йиго дой жеги;
МагьаричагIазда, гIадатчагIазда –
ГIусманида цадахъ къуле абе гьел.
Гьел рагIизе ккола парторг Мусада,
Гьелда гъорлъ жиндир иш гьечIин вукIарав,
ГIиявехь ГIалида ва Салманида,
Жидерго ссиялде мугъчIван хьвадарал.
Гьел рагIизе ккола мугIрул улкадул
ТIолго коммунистал, комсомолазда,
Щибаб райкомалда, исполкомалда,
Министрзабазда, начальниказда. –
Руччабазде бугеб балагьиялъулъ
Нилъ киналго руго дагьал ягъзинал.
Ясазул съездал ахIи гурони,
Унго-унголъун иш гьабичIо соназ.
Дун гьалбадерикьа кигIан нечарав,
МугIрузул нухалъан унеб мехалда:
АнцI-анцI чIужу йиго чабах баччулей,
Гьезул бригадирлъун бихьинчи вуго.
Огь, бергьараб хIалтIи къваригIун буго,
Гьаб хIур рукъзабахъа къватIиб лъухьизе!
Нилъ коммунизмалде кватIизе руго,
Гьаб квешлъи танани Дагъистаналда!
Гьалмагъзаби, диван гьабулел чагIи,
Дида бице, ахир киб бугеб гьалъул?!
Гьелъул рахъалдасан гьаб жакъасеб суд
Цогиязе дарслъун букIине ккола.

Судалъул бакIида гIодов вукIарав
ГIусман гIаламалда вихьизе ккола:
ГIурччинаб гъотIода турараб гIаркьел –
Дица гьесде гIайиб гIунтIизабула:
Цебе унеб нилъер гIумрудул нухде
Басрияб ханжаргун хадув лъугьиндал;
Хал гьабе Асияхъ, мугIрул ясалъухъ –
Сунде гъос квер борхун бугеб бичIчIизе!..
ЧIужугIаданалда канлъи бикьизе
КигIан гIемер захIмат кьураб улкаялъ!..
Гьасилан абуни, босун гамачIгин,
(Гьезул канлъиялде квер борхун буго.
Жиндир бецлъиялъукъ ва бецIлъиялъухъ
РецIел босизе гьас къасд гьабун буго.
Гьалмагъзаби, диван гьабулел чагIи,
ХIукму гьабулелъул, гьеб гIадахъ босе!

МагIарул ясазул берцинлъиялъул
Чан бицен къисабалъ нилъеда лъалеб,
Гъалазул кьуригин кьунсрузул свери
Сариназулъ кигIан ахIун батараб!
ХIанчIаца тIанчIахъе кьолеб кинигин,
Улбуца ясаъе кьуна гьайбатлъи, –
БецIаб пардавалъги гьагаб цIадулъги
ЦIунун авлахъалде босана ясаз.
Гьасилан абуни, босун ханжаргун,
Гьеб берцинлъиялде квер борхун буго.
Дунял бухIаниги бухIизе гьечIеб,
Гьелъий наку чIвазе кколеб бакIалда,
Гьас, хъахIаб гIазда тIад гIодойги тIамун,
Поэтал гIащикъаб гъал къотIун буго.
Жиндир бегIукълъидахъ ва сурукълъидахъ
Къисас босизе гьас къасд гьабун буго.
Гьалмагъзаби, диван гьабулел чагIи,
ХIукму гьабулелъул, гьеб гIадахъ босе!

Жеги гIарабазул чабхъеналдасан,
ГIандалалъ Надир-Шагь гъураралдаса,
Парту ПатIиматил гьунар, лебаллъи
МагIарул руччабаз гIадахъ босана.
Букъараб кIал рагьун, кучIдул ахIарай,
БахIарчияй Марин лъида лъаларей?!
Бекаца хIинкъабалъ къвакIарал ракIал
МагIарул ясазул лъида лъаларел?
Жанисел рагъазда партизаназул
Лъудбузул, улбузул гьунар рагIичIищ?!
ГьитIинав васасе гъасда цIадухъ гьез,
ГIатIал хвалчен гьабун, чадал режана,
КIудияв гIуравго, чармил хвалченгун,
Хъубал тушбабигун вагъизе ине.
Къо ккараб бакIалда магIарулалъул
КъвакIигун лебаллъи лъала нилъеда;
Гьасилан абуни, къаси, нахъасан
Гьеб лебаллъиялде квер борхун буго.
Жиндир ягъзинлъидахъ ва хIинкъиялъухъ
Къисас босизе гьас къасд гьабун буго.
Гьалмагъзаби, диван гьабулел чагIи,
ХIукму гьабулелъул, гьаб гIадахъ босе!..

Гьас квер борхун буго нилъер ясалъул
Намус, рокьиялде, недегьлъиялде...
Намус гьечIев гьасии гьабулеб тамихI

Цогиязе дарслъун букIаян абе!
Хириял судиял, хIукму гъабизе
РакIазул кодексал кодоре росе!
Дагъистан тун къватIир рикIкIаде ракке:
Нужеда кIочонге узбекал, чукчал;
Таджиказул кишлак, киргизазул юрт,
Азербайжаназул хириял яцал...
Нилъер ватIаналъухъ урхъун гIодулел,
ГIорхъаби тун, къватIир руго руччаби;
Гьенир гьел ричула лагъзал кинигин,
Базаралде рачун, черх-куц хал гьабун.
ХIукму гьабулелъул, гьел кIочон тоге,
ТалихI къосарал гьел ракIалда рукIа,
Гьезул сардилъ угьди нужеда рагIа,
Рогьалида магIу нужеда бихьа!
Индия, Пакистан, Турция, Иран,
Гьегьал улкабазул колонияби... –
Биччан те киналго ракьазда лъазе
Нилъер руччабазе щвараб бергьенлъи.
Биччанте бичIчIизе совет законалъ
Эркенлъи цIунизе квер битIун букIин;
Кидаго руччаби хIакъир гьарулел
Бакъалда хинлъизе риччалареблъи...
Гьалмагъзаби, диван гьабулел чагIи,
Гьаб кинабго гIадахъ босе, гьарула!..

* * *

Суд лъугIана, хIукму цIалун бахъана –
ЦIалдохъан, гьелдаса мун рази гьечIищ?
Унев вуго ГIусман гIодовти къулун,
ГIадамазул цциналъ нухаги регIун.
«Рахарал ригьзабахъ» гьанже лъагIелаз
Жиндир «гьунаразул» пикру гьабе гьас;
Дида гьав чIалгIана, дица гьав тела,
Бахун къотIараб малъ толеб кинигин.
Кий йигей Асият? Уней йиго гьай
Эбелгун, ясалгун, Юсупгун цадахъ;
Щибаб тIегь букIана бохун гIодулеб,
Ах букIана жакъа тIоцебе рагьун.
Цо мехтарав чияс чвердолеб заман
Байбихьун букIана хъахIилаб ралъдалъ.
Маялде рохьулел рукIана ригьзал,
Лъухьулел рукIана къватIал-байдаби.

Бульваразда херал, гьале ихилан.
Пашманго рукIана гIодор ралагьун;
Лъималин абуни, гьале ихилан,
ЦIакъ рохун рукIана, эхеде руссун.
Эбелгун, Юсупгун, ясалгун цадахъ
Асият рокъое унеи йикIана...
Ихдалил бищунго цересел тIугьдул
Гьалъ кваcIаби гъарун росун рукIана.
Гьай институталда щолеб мехалда,
Хал гьабуна, вуго пашманав эмен,
Гьалъухъе вачIунев, къулун бетIергун,
Рагъда къун вуссарав рагъухъан гIадин.
Борхатаб къурда тIад хIотол гул гIадал,
ГIодор далун руго вехьасул михъал.
ХъахIаб ботIродаса, мугIрул тIогь гIадаб,
Гьас жиндирго тIагъур тIилида бана. –
ТIаса ъугьа, Ася, мун инсудаса,
Юсуп, гьалмагъзаби, нуж вехьасдаса...
ТIаса лъугьа...
                    – Дада, абуге гьедин... –
Асият гIодана, гьесдаги хурхун.
Гьезухъ хал гьабизе кIвечIого, ясал
Руссана цин-цияб рахъ-рахъалдехун.

Инсуца ясалъул бетIер лъухьана:
– Дир яс, мадар гьечIищ, мун лъикIлъарайищ
– Дир мадар лъугьана, дун лъикIлъун йиго,
Мун лъикIлъичIищ, дада, дур мадар гьечIищ?
Дир бадиб речIчIараб ганчIицагIаги,
Дуда, дир гIагарав, канлъи бихьичIищ?..

ГIали вуцIцIун чIана, гьесда бичIчIана
Жиндирго букIараб захIматаб унти.
Гьев, гIедегIахъдарав, гьанже вохичIо,
Гьев, вихха-хочарав, рази хутIичIо.
Гьев гьелдаса гьанже дагьав сахлъана, –
Кида нуж сахлъилел, гьев гIадал чагIи,
Гьагал гIадатазул, гIантаб яхIалъул,
ХъачIаб бецIлъиялъул унтиялдаса?!
Асиятил унти, гьелде данде ккун,
ГьитIинаб жо буго, дир гьудулзаби;
Гьеб унтудаса нуж эркен гьаризе,
Гьелъий гIоло хъвараб буго гьаб къиса...
Дица, дир героялъ – Асиятица
Инсуда гIадинан, гьикъулеб буго:

«ЛъикІлъулел ругищ нуж, мадарго гьечІищ,
МугІрузул гІадамал, дир гІагараб халкъ?!.»
Эменгун, эбелгун, Юсуп ясалгун
Асият юссана жиндирго рокъой.
Рохел-талихІ гьарун, гьалги жалго тун,
Гьанже дунги ина дирго рокъове.
ГІела, чанги нухалъ гьалгун вукІана,
Гьалгун велъанхъана, гьалгун гІодана.
Гьалдолеб цІа рекІелъ лъугІичІониги,
ЛъугІизе мех щвана гьаб къисаялъе.

## АХИР

Гьоркьор сонал ингун, исана ихдал,
Асият йикІараб росулъе щвана.
Миккидул каранда гьарурал гІадал,
ГІагарал минаби дида рихьана.
Росу рагІалалда, гІурдада, дида
ГІисин лъималазул къокъа батана,
Гьениб цо ясалъухъ хал гьабун дица,
Гьай кий йихьарайин хІисаб гьабуна.
ГьитІинаб ясикІо карандеги къан,
Гьелде юссун йинго, аскІор ругелгун.
ГІисинал, кІийиде рикьарал гьалал
Цолъизарун руго багІарал лентаз,
Гьай лъалилан кколей, лъазе кІоларей
Лъил ясдай ,игоян щакдарана дун...
Дица аскІов вилълъун алда цІехана:
– Дуда цІар щиб кколеб?
– Шагъри! – абуна.
– Чан сон дуца бараб? –
Гьел кверал цІурал
Киналниги килщал рихьизаруна.
– Лъил яс мун?
– Бабал яс!
– Баба кий йигей?
– Лъималазда дарсал малълъулей йиго.

Дун цинги кантІана, дица гьикъана,
Асялгун Юсупил яс гурищ гьайин?
Уян жаваб кьуна аскІор ругеца...
Цинги дица кодой ячана Шагьри.
Беразде жаниве балагьун дида,
Йихьана Асият, вихьана Юсуп.
РакІалде бачІана рехсараб къиса,

Рохелгун къварилъи, къеркьейгун цIали...
Шагьрида абуна гьеб мехалъ дица,
Дуца бабал босе берцинлъийилан,
Дуца бабал босе лебаллъийилан,
Дуца бабал босе намус-гIакълуян.
Дададасан щибха босилебилан,
Елъанхъилей йиго малъгIанасей жо.
– Дададасан босе, – абуна дица, –
Бабадехун адаб, гьелдехун рокьи.

Гьай гIенеккун чIана, гIакъил кинигин...
ГIурччинал хурдузда хабар-кIалалда,
Цин каранде ячун, цин квер ккун ячун,
Дун гьайгун тирана таманаб мехалъ.
БукIана дир рохел гьадаб ихдада,
ГьабсагIат гьаб къиса лъугIараб гIадаб.
ХвечIого хутIани, гьоркьоб мех ингун,
Гьай магIарулазул цIияй яс гIейгун,
Гьалъул гIищкъуялде, гьалъул къасдазде
Цойгиги кIудияб назму гьабила.
Гьеб мегалъ батIияб букIина дагIба,
РагIабиги цIиял ургъизе ккела...
Амма дица гьанже хъвалеб мехалда,
Гьадинан букIана ва гьалда тела.

**ЗАРЕМА**

1961

I

Дун гьитIинай мугIрул яс,
Дир цIар Зарема буго.
Дун гьаюраб марталда
Гьимана тIоцебе бакъ.

ТIуна магIу гIаздаца,
ГIодана цIер лъаралда.
ГIодана, гьаюрайго,
ГьитIинай дун кинигин.

Кидаго ракьалда чи
Велъулаго гьавичIо,
Щибаб чIагояб рижи

ЧIичIидулаго гIуна.

ЧIичIидула, жидерго
ГIагараб ригьги билун,
Цогиги ругьунлъичIеб
БакIалде ккарал гIадин;

Кибниги борхалъуда,
ТIохда расандулаго,
ТIохIги билун, чи гьечIеб
Гьорой рортарал гIадин;

ГIалхулаб гъветI-рохьалда
Хьвадулаго чанил тIинчI
Чанахъанасул гудраз
Тохлъукье ккураб гIадин. –

Цо лъалареб дуниял,
Цо лъаларел гIадамал...
Кинаб гIумру букIинеб? –
ГIодана гьайигун дун.

II

Гьаюна Европагин
Азиялъул гIорхъуда,
ТIолго гIаламго гIадин,
Дуниялалъул бакьулъ.

Гьаюна дун рорхатал
МугIрузул ахалъуда,
Хирияб Кавказалда,
Каспи ралъдал рагIалда;

КIудияб улкаялда,
ГьитIинаб шагьаралда,
КьагIрил бетIергIанасеб
Росдад магIарулазе.

Гьаюна гьезие дун,
ЩIияй дагъистанияй,
Бащдаб гIалам гьабурал
ГIадатиял минабахъ.

Нижер МахIачхъалаги

ТIубан гьениб гьабуна.
Гьениб зигар къотIараб
Къо-сордо букIунаро.

Гьенир рачIунел тIугьдул
РечIалеб лахIзат гьечIо,
Гьениб магIу гиричIел
Гургинал берал гьечIо.

Гьеб – гIумрудул лъарал ицц,
Берцинлъиялъул бусен,
Лебаллъиялъул гьулак,
Панаяб рокьул кини.

Гьенир чагIи кенчIола,
Чирахъал кинигинан,
Кавказалъул зобазда
Сардида цIваби гIадин.

Гьел рукъзабахъ киналго
Миллатазул лъималаз,
Лъица хъвараб лъалареб,
Цого бакъан бачуна.

Огь, улбузул гьудуллъи! –
Гьениб лъеберго мацIалъ
Лъудбуз росал какула,
Кинабго магIнаги кьун.

Амма мех гьоркьоб ингун,
Гьале дур ясин абун,
Дун йихьизе гьайигун,
Гьимарай куц дир эбел!

Гьимана тIолго дунял,
Белъанхъана тIабигIат;
ТIинкIана эбелалъул
Бищун бухIараб магIу.

Гьеб магIил горо гIадин,
ЙикIана гьитIинай дун.
Гьедин тIинкIаги магIу,
ТIолго руччаби, нужер!

III

Цебе, лъимер гьабигун,
МугIрул гIадат букIана
ГIаламалда бицунеб,
Мокърукь таманча речIчIун.

Дун гьаюнин рагIигун,
Цо магIарул поэтас
АнцI-анцI шиша кьвагьана
Беролеб щампаналъул.

Гьесул берал кенчIана,
Гьесул керен гьалдана,
Дица гьесие кьуна
Гьесда лъалареб асар.

Чан хIукму гьабуниги,
ДицагIан хIурматаб цIар,
ЦIвабзахъе воржаниги,
Гьесий кьезе букIинчIо.

МалъгIанай дун гьаюна, –
Гьев эменлъун лъугьана;
Указ, дица гурони,
Гьелъул рахъалъ бахъичIо.

Дун йихьизе кинигин,
Киданиги гIумруялъ
ГIолохъанав дир эмен
Щийго йихьизе инчIо.

ВачIун нуцIихъ жендана,
Жаниве виччайилан,
Жиндир месед бахчараб
Гъамас цохIо рагьеян.

Гьесда кколеб букIана,
Киялиго рикIкIада,
Китаялда йикIун, дун
ЯчIуней йигей гIадин.

Ахирги цо гордухъан,
Кумек гьечIей дун йихьун,
КочIохъан, гьакIкIан кIалгун,
Паналъарав кIалъачIо.

Дир гьаракь, гIади гIадин,
ГIумруялъ киданиги,
Кеп гьабураб музыка
Гьасда рагIун букIинчIо.

– Чанго рагIи абурав
МагIарулазул поэт,
Мун щай гIенеккун чIарав? –
Гьале дун, бице дир цIар?

Дун гьитIинай йигилан,
Гьедин мун балагьуге;
Бергьарай гIаданин дун, –
Дуда хехго бихьила.

Дица дур рукъзабазул
Низам хисизабила,
Дица дур хиялазул
Маржанал тIутIун рала.

ТIаде вахъинавила
КъваригIаравщинахъе,
КъватIал тезе гьарила,
Цере дуе хириял.

Аптеказде ртахъе,
Тукабазда женжеде, –
Теларо дуе рахIа.т,
Рогьалил макьил лазат.

Макьилъгицин ячIина
ВорчIилалде дун духъе, –
Яхъунаго – дий дахIа,
Егулаго – дий маргьа.

Дица вохизавила,
Ццидахине гьавила,
Мун даим хIелхIедила,
ХIеренаб мацI дий бицун.

Дур мугъзада рекIина,
Дур гъуждузда рещтIина;
Дур ботIрол кар цIа-цIала,
Кверал, килщал хIанчIила.

Мун ахIдезе тIамила,
ТIинчIаб хIелеко гIадин;
Вилълъанхъизе гьавила
Накабазда, квеup.

Дурги эбелалъулги
БукIанщинаб дагIба-къец
Дица къотIизабила, –
Дун йиго гьанже закон.

КучIдул рахъарал тIахьал
ТIутIун рала, рихъила;
Дие бокьараб тIагIел
ГIодоб речIчIун хъурила.

Вас вукIараванани
ЛъикIан ракIалде ккани,
Лъабго сагIаталъ йиччай, –
Мун нечезе гьавила.

РекIеда цIер батани,
Гьеб биине гьабила,
Бадир хьухьал ратани,
Гьел щущазе гьарила.

Дур пикрабалъ, асаралъ,
Сонал арал рукъзабахъ
Дица революция
Хекко ккезе гьабила.

Дун йикIина «культ личность»
Кидаго дур беразе,
Дица хIалтIизавила
БетIерти ккун гьанже мун.

Дун гьитIинай йигилан,
Гьелде мун балагьуге, –
ГьитIинаб ганчIида бан,
Бегула цо-цо гьоко.

ГьитIинаб цIадул хинлъи
ХутIула гIумруялъе.
ГьитIинабин букIунеб
Бищун къиматаб жавгьар.

ГьитIинаб гIаламаталъ
ГIемер жодал бицуна...
Бице, гьелъулъ гуребищ
Поэтасул устарлъи?

ГьитIинаб мугIрул халкъалъ
ГIатIидаб дунялалда
Рекъараб бакI кколарищ
Киналго гьунаразулъ?...

Гьел рагIаби цIалана,
МагIарул кочIохъанас
Дир кверазда, беразда,
Берцинаб гьумералда.

Гьев талихIав, вохарав,
Мехтарав гIадин ана.
Гьединан мехтаги нуж,
МагIарулал, киналго!

IV

Бихъараб тIанса гIадин,
Буго тIабигIат, дунял:
Биун тIагIунеб гIазу,
ТIугьдуз рорхулел бутIрул...

Дун, гьитIинаб рокъоса
ГьитIинай магIарулай,
Гьале, кIудияб нухде,
КъватIий яхъуней йиго.

Дун къватIие яхъана,
Къогояз тIойитIана,
Къогоял данде чIвана,
Нусгоял балагьана.

Къо-мех лъикI, гьаюраб ригь, –
Гьаб рагIичIеб ракьалде
ЯчIинахъе тIоцебе
РещтIараб гостиница.

Баркала гьоболлъидухъ,
Гьабураб тIалабалъухъ;

Гьанже дун иней йиго,
Дир ишал гIемер руго.

Дица гьаниб бана анкь,
БатIиясе кьела бакI.
ЛъикI рукIа, дир гьитIинал,
Гьанир хутIарал яцал.

Нужги хадур рачIина,
Цо анкьалъул дир вацал;
Цадахъ данде чIвала нилъ
ГIагараб шагьаралда.

Дун, гьитIинаб рокъоса
ГьитIинай магIарулай,
Гьале, кIудияб нухде,
КъватIий яхъуней йиго.

Дихъ балагьарал бераз,
Минабаз, гъутIбуз, тIугьдуз,
Нух битIагиййин абун,
Дун тIойитIулей йиго.

Балагьараб бакъуца,
Берон бачIунеб лъеца,
Нух битIагиййин абун,
Дун тIойитIулей йиго.

Рокьи, божи, анищалъ,
Аза-азар щаклъиялъ,
Нух битIагиййии абун,
Дун тIойитIулей йиго.

Хиялаца, рагIабаз,
МагIил тараз, квераца,
Нух битIатиййин абун,
Дун тIойитIулей йиго.

Нахъ таралъги, аралъги,
Азарго хIинкъиялъги,
Нух битIагиййин абун,
Дун тIойитIулей йиго.

Дун гьитIинаб ракъоса
ГьитIинай магIарулай,

Гьале, кIудияб нухде,
КъватIий яхъуней йиго.

Дун яккигун хутIараб
ГIазуги биун ана,
ГIурччинлъиялъ цIи-цIиял
Кьерал, мухъал рахъана..

Дун кодой ячаралъул
Каранда бакъ къочана;
Киб гьелъ хIетIе лъуниги,
Гьенисан цIа кунчIана.

Ралъдал рагIалде щвейгун,
Карачелал рукIана,
Ккун чIезе кIолараго,
Дихъе рачIине бокьун.

КигIанго гьукъаниги,
Гьороца къасд гьабуна,
Дида къочизе абун,
Бичун гьаб дир юргъангун.

Даим гIенеккун чIарал
Дагъистаналъул мугIрул
Дун йихьигун гьимана,
Гьа, ячIанищ, щванищан.

ЯчIуней йигин абун,
Ана дир рахъалъ телал, –
Данде чIвай дида шагьар.
Данде чIвай дида, ВатIан!

Дун гьитIинаб рокъоса
КъватIий ячIуней йиго;
Къабул гьас, дуниял,
ЦIияй дагъистанияй.

Дица гIаламалъе бакI
Къварид гьабизе гьечIо, –
Къабул гьае, зобгин ракь,
Цогиги цIияй гьобол.

Дица гIадамазул ракI
Къварид гьабизе гьечIо, –

Къабул гьае цIияй яс,
ЦIияй косманавт гIадин.

Дун цIвабзахъе йоржине
Кодое яче, улка,
Кидаго дурго лъимал
Дуца рачарал гIадин.

Яче эбелалъ гIадин,
Бакараб канлъи гIадин,
ГIагараб тIабигIаталъ
МахI гьуинаб тIагь гIадин.

Дун ячIана рачIунел
ГьитIиназе бакIги кьун, –
Кье гьитIинай дие бакI
Дунялалда, кIудиял...

Дуе баркала, улка,
Дур кьенсер-бер букIкIинчIо:
Гьадинан данде чIваги
Даим мун лъималазда!

V

«Гьай жийго цохIо арай.
Цадахъ щийгун юссуней»? –
Юссуней йиго баба
Берал хъахIилай дунгун.

Нижер машинаялъул
Шоферасухъ гIенекке:
ГIумруялъ дун гIадинай
Хазинагун инчIилан.

Эбелалъ кодоб ккураб
Лъимер гIадаб берцинлъи
Лъаларила, гьечIила,
БукIинчIила, рагIичIин.

Нижедехун балагьун,
Гьимулеб буго улка:
«Баркат бугей ятаги,
Кверахъе махщел щваги!

Бакъуца гІин цІа-цІаги,
ЦІадалъ маржанал раги,
ТалихІалъ къвал жемаги,
Къисмат кІудияб ккаги!».

Цересан унел руго
ГІисинал пионерал,
ГьитІинай яц, ячІаян,
Гьез рагьун шагьра кьуна.

Кьабун галиги босун,
Аскаразул часть ана, –
Часги ккун, магІал гІадин,
Дун инегІан гьел чІана.

ХъахІал лентазулъ руго
Матросал Каспиялда;
Капитаназ, салют кьун,
Диде салам гьабуна.

Унел руго поездал,
Роржуна самолетал, –
Цодагьаб мех арабго,
Мун жидеца ячинин.

АхІулаго сарингун,
ГІолилазул тІел щола, –
Дун тІад унеб машина
ТІогьол квацІабаз цІола.

КІиго милица вуго
Цо мехтарав чиги ккун, –
Киналго сас тун чІола,
Дица гьелъухъ гІин чІвала.

Цо къец-дагІба рагІула, –
ДаранчагІи ратила, –
Дун йихьигун, нечонищ,
Гьуинго гаргадула.

Горсоветалъул кІалтІа,
Дир гьаракь рагІарабго,
РагІула данде жаваб, –
Квартира гьечІилан.

Нухда кьо биххун буго, –
Кьураби гIадал чагIаз
Дун цоцахъе яхъула,
Цин-циязухъе кьола.

Прокурор гьимула,
Судияца цIункIула,
Цогиял гIадамазул
Бицинего ккеларо...

Дир шагьаралъул чагIи:
Щу-щу соназул лъимал,
ГIолохъанал, чIахIиял,
БахIарал ва хъахIлъарал;

КечI ахIулел, хIалтIулел,
Расандулел, цIалдолел,
РатIалъулел, дандчIвалел,
ДагIбадулел, къвал балел;

Циял гIадал ццидалал,
КьагIи гIадал недегьал:
ГIурусал, магIарулал,
ЛъарагIал, эрмениял;

Лак, лезгиял, даргиял –
Дагъистаниял тIолго:
ЧчугIихъаби, монтерал
Нефтяникал, поэтал;

Артистал, министрал,
СагIтазул устарзаби,
Цинги парикмахерал,
Гьудулзаби шоферал;

Порталда гамихъаби,
Базар-вокзалалъул халкъ...
Дун лъаларез, дун лъалез –
Рохун кверал хьвагIана.

Киназего баркала,
Шагьар цоял, нужее:
Фабрикал гьарулелги,
Поездал рачунелги,

Школазде унелги,
Клубахъ кьурдулелги...
Дун кьижила, йорчIила,
Елъанхъила, гIодила.

ГIемераб мех баларо,
Дун нужехъе ячIина.
Нужер гIумруялъул лъар
Дица къине теларо.

* * *

Гьав щив, цо бульваралда
Борхалъиялде вахун,
Балагьарав, херлъарав
Мармар гьецIоялъул чи?

Гьав дир кIудияв дада,
Дагъистаналъул поэт.
Дун кватIана гьасухъе, –
Киндай гъов вохилаан!

ГIемерал кучIдул руго,
Кини кIикIуги ахIулел.
Киналго гьел васазе
Гьаруна магIарулаз.

Ниж, ясал гьарурабго
Пашманаб кечI букIана,
Гьебги магIил гараца
РагIизе толароан.

Амма дир кIудадаца
Бищун берцинаб сарин
Васасе яс гьайигун,
Гьанже хъвазе букIана.

ГIемерал цIарал кьурав,
Гьос дие цIар кьелаан,
ЦIваби хъиргщун, тIегь бищун,
ТIахьаллъун сонал регун.

Гьосда лъачIо васасул
Поэт вахъунев вукIин, –
Гьанже дун йихьарайго,

Бихьилаан гъесда гъеб.

Огь, нижеца, лъималаз
КиналгIаги улбузул,
Машгьурал гьечIoниги,
КочIoхъаби гьаруна.

Кинида рущаразе
Кьижизе сарин хъвалев,
Кьижун ватана даим
Дир хирияв кIудада.

Лъица дие цIар кьелеб,
Лъица маргьа бицинеб?..
Гьадинал хIисабазда
Юссана инсул рокъой.

VI

Цоги цо цIияй гIадан,
ЦIияй дагъистанияй
ЦIулал бартиялда тIад
РекIинаюна гьале.

НакIкIал гIадал кIудиял
ТIаргъалги тIаса рахъун,
Диде тIаде къулана
Дир магIарул гIагарлъи:

Дир гьаркьихъе росулъан
Чуязда тIад рачIарал
Ункъачаби, дациял,
ДахIабаба... цогиял...

ВацгIалзабазул взвод,
ЦинагIалазул рота,
Цинги, гьудул-гьалмагълъи,
Гьадинго лъимал-чагIи.

Цояз накаби чIвана
Жидер канлъийин абун.
Цояз кодой ячана
Жидер цIвайилан абун.

Жеги, яс гьаюнилан

Пашман рукIаразулги
РакI бухIана гьелдаса,
ЦохIо дун йихьарайго;

ЦохIо дун гьимарайго,
ЦохIо дун кIалъарайго,
Цо гьуинаб, кIарчанаб
КIалъай дир рагIарабго.

Бракоделин абун
Дир инсуда кIалъарал,
ЦIакъ хехго мукIурлъана,
Жал мекъи рукIанилан.

Жеги михъал кьурарал
Кьварарал магIарулал,
КьегIер-бурутIин абун,
Гаргадана недегьго.

Цояз абулеб буго,
Инсул пархен бугилан.
Цогияца абула,
Эбел йигин яхъун лъун.

Лъабабилел гьедула, –
КIудияй эбелалъул
КъотIараб бетIер бугин,
БатIалъи щибго гьечIин.

МалъгIанасеб лъимер дун
Лъида релълъарай йигей,
Гьазда кисан гьеб лъалеб? –
Гьадинго гаргар буго.

Лъида релълъарай йигей –
Мех ингун хадуб лъалин,
Хехго, гIаданлъидал дун,
ГIинде къулун цIар абе!

VII

Къаси цIаял ракана,
Дун кодое ячана...
Цояб рокъоб къололги
Зурмилги гьаракь буго.

Панаял кучIдул руго,
Гьалдолеб кьурди буго,
Гьурра, гIию... дун щвана,
Кинабго хъуй тIагIана.

КIудиял тIаде щвейгун,
ТIаде рахъунел гIадин,
Рахъана гьал кIудиял, –
ГьитIинай дун ячIингун,

Зурма-къали къотIана,
ГIию, гьурра лъугIана;
Дун хъатакье ячана
ХъахIлъарав магIарулас.

Цояб хъатикь гьес ккуна
Гьекъелалъул цIураб лълъар;
БилбагIараб гьелда ччун,
Чед гьес гъадриниб лъуна.

Чагъиралда чедги хъван,
Абулеб рагIи буго
МагIарул гIадамазе
Гьаги, какги гIадинаб.

ГIемерал сонал рарав,
ХIалбихьарав херав чи...
Гьесул харбихъ гIенекке.
Гьес гьадинан абуна:

«Гьалмагъзаби, мугIрузде
Нилъер чагIи ахIана
Месед-гIарацалъ гуро! –
ГIащикъаб эркенлъиялъ.

Нилъер кIкIалабалъ гьулак
Чанги гьород кIикIана;
Гьениб кинидахъ бакънал
Чан Койсуялъ рачарал?!

Гьелъие гIоло чабхъад
Чан нухалда рахъарал,
Чарамул кьурабазде
КигIан гIемер би тIураб?!

Цо нухалда Иран-шагь,
Аза-азар боялгун,
Дагъистан босизеян,
КIкIуй кинигин вачIана.

Дагьал магIарулаца
ГIандалазул ракьалда
Бекьана Надир-шагьил
Яргъида гIуцIараб бо.

ЧIвана, асир гьаруна,
ХутIарал тIурун ана, –
ТIокIав, гIабдал гурев, шагь
Гьаб халкъгун вагъиларин...

Жидерго чадразухъе
Чарамул хвалчабигун
МагIарулал щваралго,
Щущахъ боял риххарав,

РакI хIинкъун сородулев
Надир-шагьас гьикъана,
Щив нужер цевехъанин,
ГIандалазул къокъаби.

Гьесда цее ячIана
ЧIухIарай магIарулай;
Гьелъ борхун кодоб ккуна
Керен хахулеб лъимер:

«Гьале нижер командир, –
Киналго гьужумалъги:
Гьав цевехъан, гьав байрахъ,
Гьав нижер пачагун шагь...

ГьечIо магIарулазе
ЛъимергIан гIагараб жо.
Лъа, гьезие гIало ниж
Хунги бергьине руго!»

Гьекъелин, гьудулзаби,
Командиралъул рахъалъ,
Дица кодой ккун йигей
Цеехъаналъул рахъалъ.

Гьалъ рагъизе тIамуна,
Гьалъ хIалтIизе тIамуна;
ТIегь бетIизе малълъана,
Хур лъилъизе куцана.

Гьей гIезе МахIачида
Маян чорхол би кьуна;
Кьурабалъ партизанал
Гьалагаб рагъда чIвана.

Гьалъухъ кIудияб улка
Урхъун балагьун буго.
Ильич гьалъие гIоло
ТIолго соназ къеркьана.

Гьалъин гьалмагъ Гагарин
Космосалде витIарав.
Гьалъул кверазин хъвараб
МоцIрода улкадул цIар.

Гьай нилъер маршалгун шагь,
Гьекъелин гьалъул рахъалъ!..»
– Гьекъелалде цIар бице
Гьеб цIваялъул нижеда! –

ЦIар гьечIел церехъаби
ГьечIин хъудана сверухъ.
ЦIар щибаб тIогьол бугин,
ТIаделъана гIадамал.

Херас жаваб гьабуна:
«ГIедагIуге, – ян абун, –
ГIолохъаби, рагьея
Нужеца тIолго гордал.

АхIе киналго цIваби,
ЦIар-цIар абун рокъоре;
ЦIар бищилин гьезда гъорлъ
Гьай ясалъе рекъараб».

БачIуна азарго цIва
Иргаялда рокъобе;
РещтIуна тIансабазда,
Свердола дора-гьанир.

Гьимгьидула, кенчIола,
РачIуна дида аакIой,
АхIула херав ,чияс
Загьраин абураб цIва.

Дир цояб гIинде къулун
ГIененкеян щурула,
Загъраъ бугин гвангъараб
ХIикматаб цIвайин абун.

Гьелдасаги гвангъараб,
Гьелдасаги хIикматаб,
ХIайранаб цIва бугилан
ЦIар Зарема кьурай яс.

Цогияб гIинде къулун
ГIенеккеян ахIула,
Загьраъ бугин гьайбатаб,
ТIадегIанаб цIвайилан.

Гьелдасаги гьайбатаб,
Гьелдасаги борхатаб,
ТIадегIанаб цIва бугин
ЦIар Зарема кьурай яс.

Гьединан босана цIар
Заремаян абураб.
Ана цIваби киналго
Жидерго зобалазде.

VIII

Дун гьитIинай мугIрул яс,
Дир цIар Зарема буго.
Гьеб цIар такрар гьабула
Бокалаца, цIурмаца;

ЦIункIулаго инсуца,
Угьдулаго кIодоца,
Релъиялъ, магIил гараз,
Макьилъ, сардилъ кидаго;

РикIкIадасан саламаз,
Сапаралъул чIалгIеназ,

ГІедегІарал телаца,
Телефоналъул гьаркьаз;

Тохтирзабаз, дир сахлъи
Сордо борчІун цІунулел,
Саринаца, поэтаз
Дир рахъалдасан хъвалел;

ХъахІаб кагътил тІанчида
ТІад гІодулеб щакъиялъ,
Кунаца тІансаялда,
ТІугьдуца гІурабазда;

ЩвантІихалъул гьаркьица,
Гьаказул къиркъириялъ,
Поездаз, самолетаз,
Дихъе чагІи рачунел.

Дир цІар такрар гьабуна
ЦІаялъ, цІадалъ, гьороца,
Пири, гъугъай, гІаздаца,
ГІурул, иххил чвахияз.

Дир цІар гІемераб абун,
Цоги цІарал кІочана
Гьаб дир кини кІикІулей
Дир кІияйго кІодода.

Гьез дие щибаб нухалъ,
Пашманаб гьаркьидалъун,
Панаяб кечІ ахІула
Жидерго гІумруялъул.

Дун гІенекІкарай гІадин,
Нужги гІенекке гьезухъ,
ГІемеразда гьоркьосан
Цояб нужей бицинин.

Гьеб кІиго къисматалъул
Къваридаб сарин буго.
Сордойил гьебги ахІун
Кьижизе гьаюла дун:

«Ниж хурзабахъ гьарурал,
Гьагьинир лъун рачарал,

Инсуца кодор кквечIел,
Кинидахъ кечI ахIичIел...
Духъ балагьун чIухIула,
Кьижа, нижер Зарема.

ГьитIинаб мех букIинчIел,
БахIараб заман лъачIел,
Бачазда цадахъ гIурал,
ГIиял чIваднир угьдарал...
Дур къисматалъул лъикIлъи,
Кьижа, нижер Зарема.

Ниж – дур кIудиял улбул,
Дунялалда кIочарал.
Ниж гьарунин рагIигун,
Пашманлъана гIагарлъи...
Дур мехалъул гьайбатлъи,
Кьижа, нижер Зарема.

Нижер берал рукIана
Беролел иццал гIадал;
Нижер тIелхал рукIана
Иццал гьекъолел чуял...
Дур ячIинго талихIаб,
Кьижа, нижер Зарема.

Дур ячIиналъ бохана
КинабгIаги гIагарлъи.
Дур гIумруялъ бохаги
КIудиял нухазул халкъ...
Хирияб нижер микки,
Мун кьижа, ахх, Зарема»...

Цояз кучIдул ахIана,
Цояз маргьа бицана,
Маршакица цIарги хъван,
Жиндирго тIехь бачIана.

ЦIвайилан кодой ккуна,
Канлъиян гIодой лъуна,
ГIемерал гьудулзаби
ГьитIинай дир ратана.

Цояз дий бурутI кьуна,
Цояз кьегIер бачIана,

Цогиялъ ганщил бече
Бачун, назру гьабуна.

ЯсикIаби, суркIаби,
ТIансаби, къандалъаби
Дир къайи къачIан буго
КъваригIани гьанжего.

IX

ЯсикIаби рачIана
Москвалъул цо васас,
Огь, нилъер шагьаралда
Щайзе гьадинал гьечIел?!

ЯсикIаби рачIана,
Гьездасаги берцинал,
Парижалдаса васас,
Лондоналдаса ясалъ.

ЯсикIаби рачIана
ЧIухIарал, хIайранлъулел
Берлиналдаса васас,
Бонналдаса цо ясалъ.

БитIун бицине ккани,
ГьитIиналда гьикъула...
Дица бицинищ нужей,
ЯсикIаби лъикIал лъил?

Нилъ моцIрохъе роржана,
Нилъ космосалде ана,
Амма ясикIабазул
Ракъалъ нилъ нахъа руго.

РагIичIого лъаларо,
УргъичIого лъаларо –
Лъимал рохизаризе
Махщел тIубан гIун гьечIо.

Бабайилан гIодизе
Ругьун гьарунаниги, –
Дун гIодула, ясикIо
Немцазул босейилан.

Нилъер гъайбатал гъаби
«Белкаги», «Стрелкаги»
Рахарал борхалъуде
Дозул гъалбацI бахинчIо.

Амма нилъер фабриказ
Гъарулел гъабзаздаса
Парижазул катица
Кеп гъабуна ракIалъе.

Дагъаб Запад беццунин
Дида гIайиб гъабуге, –
Политика лъаларей
Лъимерлъидал дун йигей.

Космополитин абун,
Воре, дида абуге, –
МагIарул кини бугин
Кидаго дун кIикIулеб.

КIудияца, щаяли,
Щибниги абуларо,
Амма дида кIоларо
КIалъачIого йикIине.

Щиб жо гъабунаниги,
Дие гъабулеб тамихI
ГьечIо дуниялалда,
Гьелъулъ буго дир талихI.

Дида лъала кIудияб
Гъаб нилъер улкаялда.
Ишалги гIемер руго,
Лъималги гIемер руго.

Дун гъаюраб сагIаталъ
Гъаб нилъер ВатIаналда
Гьаруна аза-азар
Дунго гIадинал лъимал:

Москва, Баку, Тбилиси
Ташкент, Ереваналда,
Киналго шагьаразда,
Нусго, азарго росулъ.

ЦохIо Дагъистаналда
Дун гьаюраб доб къоялъ
Гьаруна: Саша, Миша,
МухIамад, ХIажи, Шамил.

Щуго, анлъго Джамила,
АнцIгониги ПатIимат,
Цо чниго дир цIаргIахьал –
ГIемер руго ниж лъимал.

Нижер гIамалги буго,
Цоялъе босараб жо
Цогиялъул гьечIони,
ГIодичIого чIолареб.

Цогиги гIамал буго:
Босун бачIараб тIагIел,
ТIаде цогияб бокьун,
ЦIакъ хеккого чIалгIунеб.

ЧIобаголъидал щолеб...
Щибго барахщичIого,
Бекула, хвезабула,
Хадуб цIияб гьарула.

Нахъеги дида лъала,
Лъималаца кинигин,
КIудиязги росула
ЯсикIаби жидейго.

Машинабазда рала,
Ясалъул сурат гIадин;
Столалда рукIуна
Дир инсул ракI гъезе гьел.

Жалго эбел-инсуда
Нижей хIажатаб щинаб
ХIал кIоларо кидаго
Хадуб гъезе гьабизе.

КIудияб улка, дуде
Гьабизе гIайиб гьечIо,
ГIемерго гогьдаризе
Гьаруна гьадинги ниж.

Гъабураб жо гIолев чи
ХIатта вукIунарелъул,
ХIукуматалде нижер
КIудияб гьари буго:

ЧIобого гьариларо,
Гьеб букIунеб жо гуро,
Амма гьал ясикIаби
Цодагьал учуз гьаре.

Чанги умумул руго
Дагьабго харж босулел,
Васазда гьеб лъаларо,
Ясазда гьеб лъаларо.

Ма, босеян нижехъе
Сайигъат рехичIони,
Рохалида нижеца
Жиб-жиб рокъоб мал бала.

Цоги рахъалъ абила
Эбел-инсуда дица:
Дун цIакъ гогьай гьаюни,
Нужее квеш букIина..

КватIилалде, гьанжего
Лъазе гъабулеб буго:
Гьаранщинаб босани,
Дун чIухIдаризе йиго.

Месед-дахIайин абун,
Дида баун гIоларо;
Цо-цо гIундул кьурараб
ГIадлуги къваригIуна.

ГIарац, дарманин абун,
Кверал ккурал гIоларо;
Кколарелъуй регьани,
Гьел рухизеги ккола.

Гурони, гьитIинай дун,
КIудияй гIунаниги,
ГIумруялъго хутIила
ГьитIинай гогьма гIадин.

Хадуб семиялдаса
Цебехун рагъизе лъикI! –
Дица лъазе гьабулеб
Буго гьеб гьабсагIатго.

X

Дун гьитIинай мугIрул яс,
Дир цIар Зарема буго.
Дун улкадул кавудахь
Кодой ккун гьадин йиго.

Улка буго кIудияб,
Нухал руго гIемерал,
Амма дун гьитIин йиго,
Гьулак буго дир барти.

ГьечIо алфавиталда
Дир гьаракь хъвалел хIарпал,
ХIажил кочIол гIадинаб
БичIчIулареб буго мацI.

Гьединал кучIдул рагIун
Кинида кьижуларо;
Кьижаралги рорчIула,
ГанчIал речIчIарал гIадин.

КучIдузул рахъалъ дагIба
Дир гIемеразде буго,
ГIагарав инсудацин
Абизе рагIи буго.

ЦIализе тIехь босеян,
Дица Гьарараб мехалъ
Гьас лирика бачIуна, –
Дида гьеб бичIчIуларо.

Маршакги Михалковги
Киназего гIолевищ? –
ГIагараб мацIалъ гьечIо
Лъималазе асарал.

ТIахьал руго гIемерал,
ГIажаибал суратал
Цо-цо мехалъ, художник,

Хал гьабула дур хIалтIухъ.

Кинго хадуй гъоларо,
Дуца бахъараб сурат,
Сундул гьаб бугеяли:
Гьвейищ, бацIищ, чахъуйищ?

Дун гьитIинай йигелъул,
Гьикъула чIахIиязда,
Гьезги жаваб гьабула,
Жидеда лъаларилан.

Телевизораздасан
Картинаби рукIуна,
Кидаго, лъималазе
Бегьуларин, абула.

Бегьуларилан абун,
БалагьичIого чIелищ? –
Бихьула чIахIияб халкъ,
ЧIвалел, гъурулел цоцаз.

Гьабго кинаб гIасилъи,
ГIадамазул цоцалъ ццин?
Щибизе гьал рагъулел,
Щибизе гьал гъурулел?

МалъгIанасел лъимал ниж
Ракълид росун рукIуна, –
Рекъон чIезе кIоларел
КIудиял чагIи кинал?

ХIинкъадго данде къала
Дун хирияй эбелалъ.
АхIула гьелъ ракълил кечI,
Паракъат кьижула дун.

Нечоларищ, чIахIиял,
Щибизе нуж кьвагьдолел?
Кьижун руго ниж лъимал,
РорчIизе щай гьарулел?

Нижее кини кIикIун,
Азарго кечI ахIула;
Эзул щибалъулъ буго

Божи, рокьи, хьул, анищ;

Аза-азар хиялал,
Аза-азар ургъелал,
Амма сардилъ щай цо-цо
РагӀулеб хӀал къараб кечӀ?

Рагъул цӀаялъул хӀинкъи,
Хвалил унтидал хӀинкъи,
Атомалъул гьалагал
Гьел бомбабазул хӀинкъи...

КӀоларищ гьеб гьукъизе,
Щай рукъулел гьел зарал?
Ракълида цониги гӀел
ГӀезего багьуларищ?

Берлиналда солдатас
Хвасар гьабураб лъимер,
Гьанже кӀудияв гӀейгун,
Вагъизейищ лъугьинев?

Доба Хиросималда,
Каранде къункъраги къан,
Къаникь лъурал ясазул
РагӀад кӀочон тарабищ?

Освенцималда чӀварал
Лъималазул ясикӀай
Росе, ле, министрал,
Нужеца Женевалде!

Лидица росулъ руго
ГӀисинал ботинкаби,
Лъимал рухӀун хутӀарал, –
РитӀе Америкалде.

РитӀе гьел Парижалде,
Гьалагаб НАТО-ялде, –
Нотаби бакъназе те
Нужеца, хӀукуматал.

Нужеда гьоркьоб бугеб
Бидул тушманлъиго щиб?
Бидулал тушбабазцин

Цебе Дагъистаналда,

Тохлъукьего лъимадул
Гьаракь рагIун хадуса;
Гьезул гIоди рагIани,
Гьезул релъи рагIани,

Цоцазда кьабезейин
КъватIир рахъарал хунжрул,
Къвалалги цоцазда ран,
ГIодоре рекулаан.

Ниж, дунялалъул лъимал,
Нижер киналго улбул
АхIдолелгин гьарделел
Руго нужеде даим:

Нужерго лъимал ругел,
Нужерго лъимал рукIарал,
Ярагъ гIодобе рехе,
Лъимал кодоре раче!

Ярагъ бахъулеб мехалъ,
Гьеб нахъебе рехизе, –
Яргъида эбелалъул,
Лъималазул сурат чIвай!

Нижехъ гIучIал толарел,
Рукъалда цIа ккелилан, –
ЦIа бакуге кIудияб
Берцинаб дунялалда!

Унтудаса цIунарал,
Квачалдаса цIунарал,
ЦIуне ниж гьерсаздаса,
ЦIуне ниж мацIаздаса.

ЦIуне ниж цIадудаса,
ЦIуне циж носодаса,
ЦIуне ниж яргъидаса,
ЦIуне ниж рагъалдаса!

Нужехъа босун дунял
Жеги берцин гIуцIизе
ГIезе ккола ниж лъимал,

Вацал, яцал кинигин.

Ниж нужехъ гIенеккула,
ГIенекке нуж нижехъги, –
Огь чIахIиял, цIуне ниж
ЦIа гьалдолеб рагъдаса!

ЧIегIерал щал, хъахIал щал,
ТIогьилал щал гIадамал? –
ГIисинал лъималазе,
Нижей батIалъи гьечIо.

Нужеца щай гьабулеб
Цо-цо гьезул батIалъи? –
БитIун гьечIо, чIахIиял,
Нижер хIисабалда гьаб.

ГIурусав щив, жугьутI щив,
ГIарабав щив, лъарагI щив? –
Лъималазе нижее
Расги батIалъи гьечIо.

Нужеца щай гьабулеб
Цо-цо гьезул батIалъи? –
БитIун гьечIо, чIахIиял,
Нижер хIисабалда гьеб.

Мискинал, бечедал щал,
Руччаби, бихьинал щал,
Маршалал, солдатал щал? –
Нижей батIалъи гьечIо.

Нужеца щай гьабулеб
Цо-цо гьелъул батIалъи? –
БитIун гьечIо, чIахIиял,
Нижер хIисабалда гьеб.

Нижер классал гьечIо,
Кагегориял гьечIо,
Киназулго гIамалги
ГIелги бащадаб буго.

Нижеда мацI, гьереси,
ЖахIта, хIусуд лъаларо, –
Кин нужеда гьеб лъараб,

Гьалмагъзаби, чIахIиял?

Нижеда цIагь, хIелхIеди,
ХIалихьалъи лъаларо, –
Кин нужеда гьеб лъараб,
Гьалмагъзаби, чIахIиял?

Гьарула нижер рахъалъ, –
Ццидаде нуцIа къайин,
Цо-цо нижелъ бугебги
Нужеего босейин.

КIудияб дунялалда,
Берцинаб дунялалда
Берцинаб гьудуллъидал
Байрахъ борхун кквейилан!

Кутакалда гьарула
Нижеца, лъималаца,
Лъийниги бакI, лъилго ракI
Къварид гьабугейилан...

XI

Дун гьитIинай мугIрул яс,
Дир цIар Зарема буго.
КигIан захIмалъаниги,
ГIенекке нуж дир кочIохъ.

Цо-цо чIахIиязулги
Халат букIуна хабар, –
Халалъана дир гIоди,
Халалъана дир релъи.

Цо-цо чIахIиязулги
ЧIамучIлъула пикраби, –
Дир хурибги батила
ХутIун гIемераб сусур.

Диде гIайиб гьабуге,
ГьитIинлъи гIадахъ босе, –
ГIодизегин елъизе
Гуреб дида лъаларо.

Дун гьанже щийго гуро,

Профессия гьечIо.
Гьаб суал анкеталда
Дица чIобого тола.

Дун я хурухъан гуро,
Дун я хIалтIухъан гуро, –
Нужер хIалтIул гьин куней
Эксплуататагор йиго.

Гьезул класс нужеца
Гучал квераз рехана,
Дунги каранде ячун,
Кодор хвалчабиги ккун.

Дун я агроном гуро,
Дун я инженер гуро;
Хъвазе цIарцин лъаларо,
ЦIализе хIарп лъаларо.

Дун композитор гуро,
КечI, бакъан гIоди буго;
Космосалде яхинчIо,
Орден, медаль босичIо.

Дун Уланова гуро,
Дун Гаганова гуро,
Дун Гагарина гуро, –
Дун жеги гьитIин йиго.

Дун пионерка гуро,
Дун партиялда гьечIо,
Гьанже дун гIицIго ракълил
Къеркьохъабигун йиго.

Егун йиго гьадин дун,
Улкаялъул гIадамал,
Дир гIейги, дир гIумруги
Нужеда бараб буго.

Нужер бакъалъ якъвала,
Нужер цIадалъ йиччила,
Нужеца кье пикраби,
Гьезда рекъон хIалтIила.

Кье берцинлъи, кье чIухIи,

Кье, барахщуге, талихI;
Кьуркьуданищ, квешлъанищ, –
Гьабе рекъараб тамихI.

Кье рагIаби, малълъе кечI,
Малълъе гIемерал мацIал:
ГIурус, лъарагI, ингилис,
Испани, хинди, япон.

Амма дица абила
(Гьединан абунилан
Абуге дир рахъалъан
Миллатчийилан абун):

Азарго мацI лъаниги,
Рахьдал мацI лъачIонани,
Лъай бугей гIаданлъун дун
Кидаго йикIинаро.

Азарго кечI лъаниги,
Гьаб, кинидахъ эбелалъ
АхIараб кечI кIочани,
Дир гIадан яхъинаро.

Азарго бакI лъаниги,
Инсул гъасда бакараб
Канлъи дида лъачIони,
Дун квачала, цIорола.

ЦIвабзахъе яханиги,
ГIураб ракь бокьичIони,
Ракьалда дун гIадада
Гьадинго йижун йиго...

Кье кIудияб, гьалдолеб,
Гьайбатаб рокьи дие;
Гьариларо бигьалъи,
Кье нужер жигар, къуват.

Кье нилъер улкаялда
Рекъараб чилъи дие,
Дунялалда нужее
МустахIикъай йикIине.

Нужеща малълъараб нух,

Дир рохалил нух буго.
Баркала чIахIиязе,
ЧIахъаги бакъул дунял!

* * *

Дун гьитIинай мугIрул яс,
Дир цIар Зарема буго.
Дун цо Зарема гуро,
Ниж миллионал руго.

Европа, Азиялда
МугIрузда, ралъадазда
Нижер кверал-кваркьаби
Роржине къачIан руго.

Кье нижей бацIцIадаб зоб,
Кье роцIараб дуниял,
Кье гъваридал ралъадал,
Кье тIадегIанаб гIумру.

ГIела ниж, рачIина ниж,
ХIурматиял умумул,
Азарабго баркала
Нужейилан абизе.

Баркала кучIдузухъги,
Баркала гIумрудухъги,
Баркала гIажаибаб
Ракълилаб бакъалъухъги!..

Гъалда лъугIизе тана
ЛъугIел гьечIеб дир сарин;
Саламгин, баркалагин
ХIамзатова Зарема.

## КЪОГО СОН БАРАЗУЛ КЪО

1965

Цо баянлъи гьечIеб кечI
Буго дир каранлъ жаниб.
Кисандай байбихьилеб? –

Рахь буго сверухъ кибго.

Гьеб кечI дилъ унтун буго,
Угьдулев херав гIадин.
Гьеб кечI дилъ белъанхъула,
Елъун холей яс гIадин.

Гьелъул пикру рокъоса
КъватIиб гуро босараб.
КъватIиса гьебги босун,
Вуссана дун рокъове.

... РикIкIада Япониялъ
Январалъул цо къоялъ,
Къого хасел баразул
Байрамалде ккана дун.

Къого сон барал васал,
Къого сон барал ясал,
Императорасул парк, –
Партал кенчIелеб буго.

Кимано – ххамил рачел,
Хирияб гIолохъанлъи!
Цо кимано гьабизе
Гьал дир къвалазул лъикIан!

Къазе данде берцинлъи, –
БахIаразул гIемерлъи!
Тирула пластинка, –
Огь, гьайбатаб балугълъи!

Бакънал тирулел руго
Токио шагьаралда;
Токио шагьар буго
Дунгун твист кьурдулеб.

Жакъа къодал парччахIал
Къого сан барал руго,
Сверулеб буго дунял,
Улкаби, континентал.

Императорасул парк, –
Принцгун принцесса
Гьале рахунел руго

Цо борхатаб болъоде.

ЧIоло-квараз къачIарал
Пониял кинигинан,
Гьал рачIуна ругьунаб
Жидерго юргъаялда.

ГIолохъанав принцас
Дагьаб калам гьабуна
Авар кочIохъанасда
БичIчIулареб мацIалда.

Дица гьикъулеб буго,
Гьас бицунеб щибилан,
Гьаркьазул заводалъул .
ГIолахъанал ясазда.

Гьез жаваб кьолеб буго,
Жидеда гьанжелъагIан
Принцаз бицунеб мацI
Киданиги бичIчIичIин.

Жидее цIакъ гIадатал
РагIаби хIажат ругин,
РагIулеб гьечIин хабар
Харжалъул, чадил, кочIол.

Дун гьазухъ балагьана, –
Къого сон барал ясал...
Гьаб берцинаб ригьалъухъ
Ургъана дун цевего.

АнцIила анлъго рии, –
РикIкIада кIкIалал росулъ,
ТIоцеве къварилъана
Къого сон баразухъ дун.

Къоло анлъго хаслихълъи, –
Каспиялъул рагIалда
Каранзул ракI гьалдана
Къого сон баразухъ дир.

Лъебералда анлъго сон, –
Москваялъул фестиваль...
Гьел къоязги хисичIо

Къого сон баразе дун.

КиналгIаги бакIазда,
КиналгIаги саназда
Дир сариналъ букIана
Къого сонил берцинлъи.

КIикъого сонги бахун,
Эхей унеб дир гьоко,
Гьанжеги къварилъана
Къого сон барал рихьун.

Гьале дун гьелгун жакъа
Токио шагьаралда,
Тирулев вуго къватIахъ,
Къого сон дирго гIадин.

Гьале цо заводалъул
Байданлъиялъул бакъулъ
Гьаракь рагIула дида
Чвахулеб гIурул гIадаб.

ГIолилаздехун вуссун
Хабар бицунев вуго
Херлъарав японияв,
Принц гурев цогияв.

Дида лъана кочIохъан,
БичIчIана гIагараб ракI,
БичIчIулареб мацIалъул
НуцIби ана рагь-рагьун.

Дица гьесул саринал,
РагIаби лъачIониги,
Дир магIарул мацIалде
Руссинаруна тIуран.

Дун гьесул гьаракьалъул
Дандерижи вукIана,
Дида ккана, гьев гурин,
Дунго вугин кIалъалев.

Дун вугин жакъа принц, –
Дагъистаналъул поэт...
Дида сверухъ кенчIола

Къого сон барал берал:

Къого сон барал кверал,
Къого сон барал ракIал,
Къого сонил гIадатал,
Къого сонил хIажатал;

Къого сонил гIамалал,
Къого сонил гIадамал,
Къо-къо соназул рокьи,
Къого соназул макьу.

Дун кIалъала, гьеб кIалъай
ГIасруялъ лъугIиларо...
Цо лъугIичIеб кечI буго
Дир каранлъ жаниб даим.

Дица гьеб байбихьана
Доб къоялъ Японијалъ –
Гьанже, дир рагIад гIадин,
ГIумруялъ дунгун буго.

Дир ахIичIеб кечI гIадин,
Кидаго дунгун буго.
Пандрида чIваби гIадин,
БухIулеб рекIелъ буго.

Даим кIалъалев вуго
ГIолохъабаздехун дун.
Буго дир гIумруялъул
Дидаго бичIчIичIеб кечI:

«Господаби, саниял,
Синьорал, синьоринал!
Дунялалъул гIолилал,
ГIагарал гьудулзаби!

Нижер доба гьечIо къо
Къого сон тIубаразул.
Нижер сагIтида гьечIо
ГIадан балугълъулеб мех.

Сонаца гуро инсан,
Ишаз рикIкIуна нижер.
АнцI-анцI ригь жубан буго

Гьаб жакъасеб нижер къо.

Кавказалъул праздник –
Хасел бачIараб сордо.
Хириял кьурабазда
Азарго цIа бакараб.

Цинги ихдалил рогьел,
ГIаздалъан тIегь гьимараб;
ТIадмагIарул ицццаца
ЦIороберал рахъараб.

ТIоцебехъе пурцица
Гьорораб ракь бегараб;
ТIоцебехъе гьоцIабахъ
Гьороде лал рехараб.

Гьорое накку араб,
ГIака, баси бахараб;
Мугьаздасан чIагIдал махI
ЧIван хурухъан мехтараб.

МагIардасан гIиялгун
ГIухьби тIад руссараб къо.
Каспиялъул рагIалда
ЧчугIбигун кIалъалеб къо.

Чуял риччалел къоял,
Хъвехъари, багIлидал къо.
Белъе жагаялъ гьумер, –
Панаял бакъназул къо.

Чан ругел праздникал, –
Первый Май, тIугьдулъ къватIал.
ТIолго байрамалълъ байрам –
Анкьабилеб ноябрь.

Бергьенлъи босараб къо,
Васал нахъ руссараб къо.
Нусго анищ, нусго къасд
Къвалал ран цолъараб къо.

Гьел къоял хIадурлъулел
ХIалтIабалъ бахIарлъана.
ХIинкъи гьечIел рагъазулъ

Ругъназ гIолохъанлъана:

АнцIила анлъго барал,
АнцIила анкьго барал,
АнцIила микьго барал,
АнцIила ичIго барал;

Гьеб кIигогIанги барал –
Гьеб лъабгогIанги барал –
Лъимал гуро гIодулел,
Херал гуро угьдулел.

Ниж – нижер улкаялъул,
Камилал рагъухъаби,
Каранда цIа гьалдолел
Даимал гIолохъаби.

Ниж гьитIиналги гуро,
Ниж кIудиялги гуро, –
КIудиял гIурал руго
Бихьаралъги лъаралъги.

Лъала жаваб гьабизе
Гьикъулеб суалалъе, –
Суалал гIемер руго
ГIазизаб дунялалъул.

Дирго къаго сон гуро,
КIицIул къого сонги бан,
Свери байбихьун буго
Лъабабилеб гьабизе.

Лъаларо киб лъалхъилеб
ГIедагIараб дир барти, –
Дица цIал балеб буго,
ЦIа бахIарасул буго.

Буюр кье, кивго ина,
Дирги къого сон буго...
Господаби, санияд,
Синьорал, синьоринал!

Дунялалъул гIолилал,

ГIагарал гьудулзаби!
Нижер доба гьечIо къо
Къого сон тIубаразул.

Амма гьаб къо баркула
КочIохъанас нужеда.
Дица Япониялда
Жакъа абулеб буго:

Биччанте цIва гвангъизе,
Биччанте цIцIо бетизе.
Жага багIарлъизе те,
Мандарин – тIогьиллъизе.

ТIолго океаназда
Азарго гама хьваде,
Киналго зобалазда
ХIанчIи цоцахъе роржа.

Сибиралъул къункъраби
Япониялъе ине,
Аза-азар къункърабаз
Азарил мегIер бахе.

МагIарул милъиршаби
Щола Африкаялде,
Нилъерги руго куркьби, –
Кинабго бихьизе те!

Биччай даим букIине
ГIаздада Фудзияма,
Даим Волга дандчIвазе
Дир мугIрузул гIоралгун.

Жакъа къого сон бараз
Къого сон щуцIул баги;
ЩIиял къого сон барал
Санайил данде чIваги.

Бищунго чIухIараб ригь,
Бищунго ияхIаб ригь,
Дица нужер хIакъалъулъ
Жеги ахIила сарин»...

Гьединан кIалъана дун

Январалъул къоялда
Къого сон тIубаразул
Байрамалда Японалъ.

... Къаси заман бачIана,
Гостиницалде щвана.
– Щиб дуца бицунеб жо,
Дир пашманав мадугьал?

– Жакъа Хиросималда
Хвана жийго жинца чIван,
БитIун къого сон барай
Берцинай японияй.

Хвана!
          – Кинан, щай, бице?!.
Долъул байрамалъул къо.
Къваридаб къиса кинаб
Нилъер дуниялалъул?

– Гьаб къиса, къиса гуро,
Къисмат буго пашманаб.
Гьаб къисмат, къисмат гуро,
Къассаб буго гIумрудул.

Цин гIодизе виччан те
Гьаб хабар бициналде.
Хиросималъ гьаюна
Жакъа къого сон барай.

Августалъул рогьалилъ
Гьулак кIикIулеб мехалъ,
Гьелъул къого сон барай
Эбел бомбаялъ чIвана.

ЧIвана кинабго шагьар,
ЧIана киналго сагIтал.
Свана тIолго чирахъал,
КъотIана тIолго бакънал.

Къого сон барав летчик
Сапар гьабун вуссана
Жиндирго ясалъухъе,
Жиндирго васасухъе;

Атом рехарал квераз
Кодоре гьел рачана
РахIму-ияхIалдаса
Эркенаб дунялалда.

Гьес бесдал гьаюрай яс,
Гьес рукъзал рухIарай яс,
Гьас шагьар бихxарай яс,
Гьес рохел бикъарай яс,
Къоябго сон сверана,
Гьесда йихьулей гьечIо.

Приказалъул лагъасе
Намус къваригIун гьечIо, –
Гьелъул угьдулеб гьаракь
Гьесда рагIулеб гьечIо.

РегIун гьечIо летчикал,
Америка гьелде дур.

Атомалъул унтигун
Ана, хвана японай:
Релъи лъачIей, рос лъачIей.
Вас лъачIей, эбел лъачIей,

Уба лъачIей, рукъ лъачIей,
Бакъул август рихарай,
XIинкъабаца къакъарай,
Къварилъабаз квегъарай.

Къого соналъ лъидаго
Дадайилан абичIей,
Огь, мискинай бесдалай,
Нусазаразул цояй!..

КIкIуйдулъ Хиросималъул
Хабар рагIараб мехалъ,
Дур эмен самураяс
Ссуссуна жиндирго чехь.

Императорасул ригь, –
Гьелъул гордазда цебе,
ГанчIилаб байданалда
ЧIвана гIолохъанав гьев.

Гъосул божи букIинчIо
БукIунеб гIумруялда,
Божи гьечIо, хвана гъов,
Божи гьечIо, хвана мун.

Божи гьечIо, гьечIо нилъ,
ГьечIо гьунар, лабаллъи.
Божи гьечIо, гьеб мехалъ,
ГьечIо ракьалда гIумру.

Гьаб кинабго дуниял
Носоца самураяс
Ссуссулеб чехь кинигин,
Бихьулеб буго дида.

Ссуна, ссуна дуниял,
Ссуссулеб буго дунял. –
Дида рихьула гIащтIал
ГIадамазул бидул цIун.

Жеги гьеб бакъван гьечIо,
Бакъукь чул-чулеб буго, –
Кье дихъе гучаб гьаракь,
Гьал гIащтIичагIи холеб.

Кье дихъе цIияб бакъан,
ЦIоролъан тIегь баккулеб,
ТIадегIанаб яхIалда
БахIараб гIел божулеб.

Кье дихъе цо рагIаби,
Кирехунго рагIулел,
МагIнаялъул хIисабалъ
Дунял асир гьабулел...

Цо баянлъи гьечIеб кечI
Буго дир каранлъ жаниб;
КечIцин батиларо гьаб,
Ургъалил ругъун буго.

Даим регъолеб гьечIо,
Даим бигъулеб буго.
Даим сасунеб гьечIо,
Даим судулеб буго.

Сордо букIа, къо букIа,
НакIкIал рукIа, цIад букIа,
Даим цIунулеб буго,
Даим цIилъулеб буго.

РекIеда къазе катан
Кисаниги щоларо.
Щибаб нухалъ рагъула
Рогьел рукIкIине гьабун, –

Рохел бакьулъ рохел чIван,
Рокьи бакьулъ рокьи чIван,
Макьу бакьулъ макьу чIван,
РечIчIараб хIалцен гIадин.

Гьеб дир рекIеда щвана
РикIкIада улкаялда,
Байрамалъул къоялда
Къого сон тIубаразул.

Къаси дие гейшабаз
Канлъи сунел баразда
КечI ахIана бокьараб,
Дир гъажалда кверги лъун.

Квер букIана гьитIинаб,
КечI букIана хIикматаб, –
Керен, берал хIеренал,
Кьурди, свери хIайранал.

ХIалимаб кIал – кIалъай, мацI,
Недегьаб гIолохъанлъи,
ГIарцухъ бичулеб лага, –
Унтана дир доб ругъун.

Нилъер доя гьай гейша,
Халкъалъул артисткайин,
Кинабго улкаялъул
ИгIланалъ кенчIелаан.

Гьалъул гьимулеб сурат
ТIолго общежитияхъ
ГIолилаца къадада
КъотI-къотIун седелаан.

АхIулеб букIана кечI,
КIутIби цIутIун, гейшаялъ, –
Гирун инчIонаниги,
ТIелхал хулана магIид:

Хурдуца жидер хIубал
ХIоринир ччурал гIадин,
Лъадал хъабиде тIаде
ТIанхал рехарал гIадин...

Дида ясалъул бералъ
Балагь бахчун бихьана, –
Музыкхолалъул хIасрат,
Хиросима лъалареб.

Гъазул умумул щалдай,
Араб рагъулъ чIваралдай,
Яги чIаго ругелдай,
Гъазухъ балагьун ругел?

Хадув нахъ вуссунелъул
Сингапуралда чIана.
Сордо бащалъарабго, –
Кабареязул гьаракь.

Карандаса маргъалал
РичI-ричIун унел руго,
Мугъалдасан рахасал
Эхере цIалел руго.

Музыкаялъул гьаркьал, –
Партал гIодой бортуна:
ГъуцIарал гъуждуздаса,
Сороленб карандаса,
Цо-цо свериги бахъун,
Кинабго черхалдаса...

Хаслихъе тIанхал гъараб,
РицIил гъветI гIадаб гIицIаб,
ГIолохъанаб, тIеренаб
Лага кIечIелеб буго.

ГIумруялъул гьороде,
Къисматалъул гьороде
Къварилъи кьурдулеб куц,

Рогьо белъанхъулеб куц!

Цо-цо хьолбохъ цо-цо хъат
Цо магIарулас лъуни,
Цвилаан килщал данде
Чехьалъул цIва – цIиналде.

ЦIоролел руго лугбал,
Залаяда буго хьими.
Хьитал, ордекал гIадал,
Рахъ-рахъун нахъе уна.

Щиб жо тIад хутIараб жо –
БилбагIарал щватаби,
Гьел щватабазда цураб
Цогиги тIеренаб жо.

Гьелги тIаса рахъана,
ТIом гуреб жо хутIичIо;
ТIолго ххамалъ бахчараб
Хазина цебе лъуна.

Чирахъазул канлъиял
КенчIола балагьеян,
Кабареязда бугеб
БахIараб тохIолохIоч.

Ча-ча-ча, ча-ча-ча! –
ГIундул гъугъалей чIирхъи.
ЧIа-чIа-чIа, чIа-чIа-чIа! –
Каранлъ кьабулеб цIумур.

ЧIа, къого сон бараб гIел,
Гьабуге хвалил кьурди, –
Хиросима лъаларищ,
Освенцима лъаларищ?!

Кьурдулеб буго гIицIлъи,
ГIодулеб буго ияхI, –
Гьаниб рагIи абизе
Исай лъикIан ЦIадаса.

ЦIунулел руго ругънал,
Дир гIазизай йокьулей.
ГIодов чIун вуго дунгун

Техасалдаса матрос.

Цо-цо вискаги борхун,
Гьасул кьунсрул рукIкIуна.
Кьурдулезде гьунщула,
Гьаб жиндир тайпа гурин:

Гьаб гIицIлъи гIицIлъийищан,
Гьал ясал ясалищан,
Ясал ругин Сайгоналъ,
Ясал ругин Сеулалъ...

Сверулеб буго дунял
Техасалъул матросас, –
Дицаги гьеб тирана
Дирго ахIичIеб кечIгин.

КочIолъ даим йикIана
РикIкIада Япониялъ,
Гьаюраб къоялъ чIварай
Къого сон тIубарай яс.

Къаси сардал сверула,
Бащалъиялде щола,
Бахчанщинаб рагьула,
Рагьанщинаб бахчула.

ТIолго кабареязда
Курмул соролел руго;
Кинабго гIаламалда
ГIицIлъи кьурдулеб буго.

ГIолохъанал, гьайбатал,
Нужеца гьабулеб щиб?
Париж, Париж, хIасратаб
Мехтун тартадулеб мун?

Тирулеб буго дунял,
Бидул кьерал чирахъал...
Ча-ча-ча; ча-ча-ча, –
Бахъулеб буго партал:

Парижалъул ясаца,
Мадридалъул ясаца, –
Испания, тIубачIо

ТIадегIанаб дур рокьи.

Кьабулеб буго къали,
Кьабулеб буго дунял,
Кьурдулеб буго квешлъи,
Кьурдулеб буго балагь.

Бомбеялъул цо къотIнор
Къаси щибаб гордухъан
Къо-къониги яс йиго
Васазухъ балагьун чIун.

ГъотIода къудкул гIадин,
Руго къотIнар рагъида, –
Огь, инжитаб берцинлъи!
Огь, берцинаб инжитлъи!

Бидул лъарал гьелчола,
Пачалихъал сверула.
Сардилъ берал ххенола,
Лугбал цоцалъ хурхуна:

Сиднеялъул ясазул,
Сеулалъул ясазул, –
Санти-Ягоялдаги,
Ио-де-Жанейралъги;

Гонконгалда, Бонконгалъ, -
Бохдул дида рихьула,
Борхьал гIадин кIичI-кIичIун,
РачIуна къаркъалаби.

Борхьал кIичI-кIичIун уна,
КIичIарал картIал рукIун.
Ясал кIичI-кIичIун уна,
КIичIараб гIумру букIун.

Дир чIвазе гIайиб гьечIо,
Кьабулеб буго къали.
Кьурдулеб Америка
Сардилъ бихьана дида.

Паркъелел руго чекал,
АхIдолел руго банкал:
Улка жидехъ бугилан,

Бекун кунеб чед гIадин.

Гьимулеб буго доллар,
Жагьилав пача гIадин:
Жинда боссе кIолареб
Намус ракьалда гьечIин.

ХьвагIелел руго гьундул,
Гьезул борхалъиялда,
Тохлъукье накIкIилъ речIчIун,
ХIанчIи рортула гIодой.

ГIодоб, гъоба чIарбида
ГIицIлъи хъерщелеб буго:
Хъудула Америка,
Кьурдула Америка...

ГIолохъанал, гьайбатал,
Нужеца гьабулеб щиб?
Нужер умумал кинал,
Араб рагъда чIваралищ?
Яги ругищ хвечIого
Янгъизал гъаримзаби?
Гьезул чIваразейищ лъикI,
ЧIаго хутIаразейищ?

КIиязего лъикI гьечIо,
ГьедигIан цIакъ кьурдуге.
Кьвагьи кIочон тарабищ,
Хварал кIочон таралищ?
Хиросима кIочонищ,
Освенцима кIочанищ? –
Япониязул къункъра,
Къого сон барай хвана.

Намуслъиларищ, бице,
Гьундузул Америка,
Атомалъул чIунталил
ЧIегIераб къодал автор?!
ГьедигIан цIакъ кьурдуге,
Кьвагьи буго ракьалда,
Рокьи бакьулъ рокьи чIван,
Макьу бакьулъ макьу чIван.

Гьаб рахъалда бихъула,

Доб рахъалда тIутIула –
ТIолеб буго гIодой би
ГIадамаца цоцазул.

Питсбургалдаса летчик,
Техасалдаса матрос,..
Тирулеб буго дунял,
Бида босун хIинкъадго.

Вьетнамалда буго цIа,
Кореялъ букIана цIа;
ЦIунулеб лъица бугеб,
БухIулеб лъица бугеб?

Къого сон бараз руго
Къого сон барал чIвалел.
БахIарал васаз руго
Херал гIадамал чIвалел.

ГIолохъабаща руго
ГIисинал лъимал чIвалел
ЧIегIераб Африкалда,
Бакъараб Азиялда...

ХIинкъи сверулеб буго
Бомбабигун, газалгун,
РухIулел руго рукъзал,
БухIулеб буго рекъел...

Огь, кьурдуге, хъуялда,
Кьвагьдолеб бугин гIалам!
РетIе тIад партал, ясал,
РетIе тIад партал, васал, –
РетIе билараб намус,
Босе бортараб ияхI...

Рилълъа ракъаразухъе,
Рилълъа къваридазухъе,
Рилълъа унтаразухъе,
Дир асаразда цадахъ...

Цо дида бичIчIичIеб кечI
Буго дир каранлъ жаниб,
Катан, дараялъ гьумер
Бахчарай чIужу гIадин.

Дие пардав борхизе
Их тIаде бачIун буго,
ТIадмагIарул кьурдасан
Дунял бихьулеб буго.

Сон гIемераб гьекъеялъ
Жакъа бетIер унтараб,
Сон гIемераб квачаялъ
Жакъа магIарччин щвараб;

Жакъа хIалцада бугеб,
Жакъа хIинкъадго бугеб,
Унтарав чи кинигин,
Кумекилан ахIдолеб;

Мекъаз мекъаб гьабураб,
Рекъаз рекъаб гьабураб, –
Бакъвал гIемераб дунял,
Къасдал гIемераб дунял.

Бецаз бецаб гьабураб,
ГIинкъаз гIинкъаб гьабураб.
Гьаркьал гIемераб дунял,
Кьерал гIемераб дунял.

Гьунараца гвангъараб,
ГIакълуялъ къалъ-къалъараб,
Къаси ралъдалъ кенчIолеб
РухIчIаголъи гIадинаб...

Цо гургинаб логода
Бугеб гIемераб гьумер:
Цо тирулеб тартIида
Балеб бугеб щинаб мал!

БукIаниги божулеб,
БукIаниги хирияб,
Нилъеца, кодой босун,
Каранде данде къалеб:

Огь, дир унтараб ругъун,
Дир галадулаб дунял!
Гирулебищ мун бугеб,
Кьвагьулебищ мун бугеб?

Мун цIидасан рухI щолев
БахIаравищ бертада?
Яги бахIарго холей
Хиросималъул ясищ?

Мун хIасратаб, къуватаб
КъачIан сахлъулеб черхищ?
Яги нусалъ ссуссулеб
Самураясул чехьищ?

АхIулеб кечIги къотIун,
Къого сон барай сани,
Байрам къоялъ кинигин,
Камиладай гьаб гIалам?!

Дир рекIелъ ругъун буго,
Мунги ругъназулъ буго.
Цин дурал регъечIого,
Дирал регъезе гьечIо.

Дица щиб жо гьабилеб,
ГьечIо дир цо кечI гуреб.
Гьебги баянаб гьечIо,
Парсазда сухъмахъ гIадин.

Сверулеб буго дунял,
Дун мугIрул тIогьив вуго.
ТIолго ракьазул лъимал
Дида рихьулел руго.

РагIиладай дир кIалъай
КIудияб гIаламалда, –
Жакъа байрамалъул къо,
Къого сон тIубаразул.

«Господаби, саниял,
Синьорал, синьоринал!
Дунялъалъул гIолилал,
ГIагарал гьудулзаби!

Нуж квешал лъикI лъугьаял
Нуж лъикIал квешлъугеял,
Нуж унтарал сахлъаял,
Сахазе гIумру кьеял;

ХIинкъарал лебаллъаял,
ебаллъи даимлъаял,
Дунял цоцахъе цIаге, –
Гъеб киназулго буго.

Нуж ракъарал гIорцIаял,
ГIорцIарал ракъугеял,
Нуж квачарал хинлъаял,
Хинлъи тIаса унгеял;

Нуж къваридал рохаял,
Рохелалъ мехтугеял,
Нуж мехтарал ригьаял,
Ригьун гIалам гIуцIаял;

Цоцазул чед бахъуге,
Цоцазул чехь бихъуге, –
Бидулъ ччун гьеб кваналез
Кинабго гIумру чIвала.

Нуж сурукъал, къарумал,
Къвал берцинлъиялъ баял,
Нуж берцинал, гьайбатал,
Гьелда тIад хIур чIвагеял;

ХIалимлъиги, гурхIелги,
ЯхIги даим цIунаял,
Цоцазухъ гIищкъуги ккун,
ГIумруялъе цолъаял:

Цоцазе бикье рокьи,
Цоцазда рихьа макьилъ,
Цо къоялъ дандчIвачIони,
ЧIалгIун хутIаги цоцахъ.

Нуж цоцада дагь лъала,
Лъани рагъизе гьечIо.
ГьитIинаб буго дунял,
Данделъизин киналго;

Халкъал, бакънал, улкаби,
Киналго континентал,
Квералъ ккураб квер гIадин,
Къвалалъ ккураб къвал гIадин.

Зобазда цIваби гIадин,
Рохьазда гъутIби гIадин,
ГъутIбузда хIанчIи гIадин,
ХIанчIазда куркьбал гIадин.

Ццидалгун хъантIиялъул
Хъатал рухулелани,
Рохелалъе кибго бакI
ГIелаан дунялалда.

Бакъалъе гIолеб гIадин,
ЦIадазе гIолеб гIадин,
ЦIвабзазе гIолеб гIадин,
ХIанчIазе гIолеб гIадин.

Мугьазе тIоролъ гIадин,
ТIугьдузе харилъ гIадин,
ГIурул карачелазе
Океаназда гIадин.

Бакънaзе чIваби гIадин,
ГIищкъу ясазе гIадин,
Асаразе ракI гIадин,
Дие йокьулей гIадин.

Ва амма хъантIиялъул
Хъатал чIахIиял руго.
ХъачIаб гIасилъиялъе
Дару къанагIат буго.

Къварилъиги, балагьги,
Бомбабазул кьвагьиги,
Кьурдулеб чамгIаллъиги
Чулчулун унеб буго.

Бугеб щинаб ракъи-къеч,
Къаникь лъолев щинав чи:
Цояца цоял чIвала,
Живго жинцаго чIвала.

Гьал чIунтелазул хIинкъи,
Гьаб жужахIалъул хIинкъи,
Жакъа сверулеб буго
Балъгогоги, рагъунги...

Кинаб жулалъ лъухьилеб
Жакъа щущараб хъублъи?
Кинаб белалъ хъващтIилеб
Бугещинаб чамгIаллъи?

Кинал рукIкIбуз букъулеб
Жакъа тIутIураб дунял?
Кинаб пурцид бекьилеб
Ракьул гIаламалъул хур!

Щив тохтирас гьабилеб
Гьаб заманалъе дару? –
ЗахIматаб, хIалуцинаб,
ХIиллаяб, хIинкъи бугеб.

Господаби, саниял,
Синьорал, синьоринал!
Дунялалъул гIолилал,
ГIагарал гьудулзаби!

Гьикъулеб буго жакъа
Нужеда гьаб дунялалъ,
Дуниялалъ гуребги,
Цогиял планетаз:

Гьегьал марсаз, венераз,
Къирбалалъул цIвабзаца,
Къаси сордо рогьингун
Рехулеб багIарлъиялъ;

Чвахун балеб цIадаца,
Ихдал щварал гIораца,
ГIатIидал океанахъ
Аза-азарго кьералъ;

Дир магIарул кьурабаз,
Кьижарал лъималаца,
Лъималазул кинида
Керенцурал улбуца;

Индиялда ракъараз,
Вьетнамалда рагъулез,
Киналго магIил гараз,
Киналго гулбуз, ругъназ;

Кинабго гIун бачIунелъ,
Кинабго бечIан унелъ,
Киналго рокьул хIанчIаз,
Киналго рекIел чIвабзаз;

ЧIунтадаса бахъунеб
Къваридаб Хиросималъ,
Хварал миллионазул
Занаца, васиятаз;

Дир рекIеда къан йигей
Къого сон барай ясалъ,
Къаси сардилъ свердулеб
ГIолохъанаб гIицIлъиялъ;

ГIенекке, гIолохъаби,
Жаваб кье дунялалъе,
Нужеда гъорлъ гьечIелищ
Пушкинал, Лермонтовал?

Къого сон барав Шекспир
ЩвечIиш Америкалъе?
Аман вахъунаревищ
Нахъеги цIияв Гейне?

Гитлералищ рачIинел
ЦIидасан дунялалде?

ЦIумур лъица къабилеб
Кьижараб гIаламалъе?
Кьвагьи сасунеб бакъан
Бетховенил киб бугеб?

Гьикъулеб буго жакъа,
Жаваб кье, гIолохъанлъи?
ГIун вачIунев гимназист
ГьечIищ нужеда гьоркьов?

Жал батIияб нухдасан
Ине ругин гьедизе.
Гьаб дуниял хъатикь ккун,
КунчIун гвангъизабизе,

ГьечIищ нужеда гьоркьов

Гьалмагъ Ульянов Ленин? –
Цо гьединаб партия
Бугин пучалъ абизе.

КIудияб эркенлъидул
Инкъилабалъул чода
Чапаев, Фидель гIадин
ГIалам рекIинабизе.

Ракъи, бецIлъиялдаса,
ХIинкъи, балагьалдаса,
Бакъ гIадинан, цIва гIадин,
Дунял гвангъизабизе.

Байрамалъул къоялда,
Къого сон тIубарай яс,
Къанабакь тIупичIого,
ТIегь гIадин кодой кквезе.

Жаваб кье, бахIараб гIел,
ГIасрудал суалалъе –
ГIагарав Ильич вугищ?..
Вугин рагIула жаваб.

– Кив вугев?
                    – Кивго вуго
Гьале керен, гьале ракI,
РикIкIада, Африкалда,
Жибго Америкалда;

Унев вуго хвел гьечIев
Даим чIагояв Ленин,
ЧIахъаги дунялалъул
Инкъилабилан абун.

Ленин вуго. БорчIана,
ЧIинтIиларо гьаб божи.
ЧIахъаги гIолохъанлъи,
ЧIахъаги гIакълу, ияхI?

ТIолго океаназда
Гуми цоцахъе хьваде,
Киналго зобалазда
ХIанчIи цоцахъе рорха;

Киназего чед гIеги,
ГIаламалъул къеч хьваги,
Къоябго рахъалдасан
Гъалбал цоцахъе аги;

Жагаялъ релъе кIутIби, –
КIочонареб багIарлъи.
Мандарин тIогьиллъараб, –
ТIагIунгеги щибасе.

Огь, баянаб кечI буго
Гьанже бачIунеб дихъе.
Божула дунялалда,
Божула гIумруялда.

Божула инсанасда,
Божула намусалда;
Роржа, роржа, къункъраби,
Къвалал рагье, гIадамал

## КОНЦЕРТ

1987

I

Дир тIоцебесеб рохел –
Росдада цебе гIидра,
ГIалибегил МахIамад
Кодоб жергъенгун кьурда.

Кьур-кьурун, рукьабазда
РакIарун гурдил къвалал...
Цо хъируде рехараб,
Гьеб бахчараб хъабарча.

Кьурдаги мегъалдаги
Гьоркьоб магIарул росу,
МагIида далдаларараб
ДагIнил къулагIи гIадаб...

ТIабигIаталъ гьабураб
Почалъул чу гIадинаб,

ГӀунсузул кьурабазул
Кьолокь сасараб мегӀер –

Сверухълъиялъул парччахӀ,
Гьелъул ахада Гъойсу;
Росаби дора-гьанир,
Гьабихъ къучӀби кинигин;

Иццухъ гӀеретӀ, тӀарс гӀадин,
Гъасда кӀкӀуйдулъ хьа гӀадин,
ГӀалахал рецун, харил
ХарчӀазул мухъал гӀадин...

...Дир тӀоцебесеб рохел –
ГӀалибегил МахӀамад...
ЦӀадуде кьур-кьурзабун,
Кьурда жергъадул рагӀад.

АскӀосел аиязда тӀад,
ТӀаргьалги кӀичӀизарун
Гьасул кӀиго гӀурав вас,
ГӀужал гӀадин эхетун.

Цинги рокъоб рагъида,
Мусудуз сверунги ккун,
Салимат – МахӀ амадил
ХӀасрат бергьарай лъади.

Гьанив камун вукӀана
Концерт мухӀканлъиялъе
Гьазул лъабабилев вас, –
Гьев аскаралда вуго.

...Гьаз жергъада кьабана, –
Кьурабалъ дандерижи:
Гьанисан: далай, далай...
Добасан: дулай, дулай...

ТӀасан: «Вагьа, вагьагьа,
Воре, ма дуй, Салимат!».
Гъоркьан: «Маян кье нужей
Микьир гӀадай яс!» абун.

Эбел: хехго вуссинин,
Отпуска босун, солдат,

Рессун къотIулел ругин
БахIаралъе тIансаби.

ТIад буссун бачIун бугин
ХIанчIил кваркьиялда их;
Эмен  хваяб – далалай,
Эбел хваяб – далалай...

Дадаласул тIохазда,
ЦIоб тун, бухулеб къали,
ГIайиб гьечIев лагъасул
Мугъ нукарзабаз гIадин.

Ракьалда зигардулел,
Пулеб анкьабго зурма,
Кварида палугьаби,
Зобалазда гьардолел...

Нух битIагийин тIамур,
ТIад вуссагийин аргъан,
Цересел албаназул
Авар кечI, гIеккана ракI.

ХъинтIи-митIир, хъинтIи-митI...
Хъвалел руго чагурал...
Черхалда гъаргъар балеб
Чагъанабазул ахIи...

Авар кечI: ХъахIабросулъ
БухIулеб рекIел хIухьел;
ГIаздалъ тараб чанил тIинчI,
Чабхъад босун араб бис.

АваркечI: цIадулъ Хучбар,
ЦIоралде арал, чIварал;
ЧIохъдерил авлахъалда
Хъамулеб Шагьасул бо;

БетIер къотIарав Башир,
Къоринив ккарав ГIали,
Инхоса ГIалихIажил
«ХъахIаб рас». Имам Шамил.

Авар кечI: коммунарал,
Инкъилаб, Хунзахъ хъала;

Россиялъул Катюша,
Кахегия – Сулико:

«Йокьулелъул хоб батизе
ГІемер свердун, свакана дун.
Гьеб батизе кинго кІвечІо,
Кий йигей мун, дир Сулико».

Авар рорхалъабазда
Белоруссазул бакънал:
«Распрягайте, хлопцы, кони»,
«Будьте здоровы... сахлъи».

Доба Бресталдасан,
БакътІерхьул гІорхъадасан
ГІалибегил МахІамил
Васас хъван рачІана гьел....

Дида гьаб гІумруялда
ГІемер коуцертал лъана...
Гьел – дир гІищкъуд макьаби,
ГІемерал кІочон тана.

Кьурабиги парсалги –
Гьаркьазул микрофонал;
Доб мехалъул бакъназул
Бакъ дир рекІелъ хутІана.

...Дида гьаб гІумруялда
ГІемер концертал лъана,
Дунго артист вукІана
Авар театралъул.

Аслиял ролаздаса
РикІкІад хутІананиги,
Дир мегІер гІахьаллъана
ГІаммал сценабазда.

Отеллолгун Айгъазил
Роль хІазе гьукъаниги,
Гьоркьо-гьоркьоб цІияб кечІ
ЦІализе виччалаан.

Цо-цо, инсулин абун,
Дирабго рикІкІун батун,

Директор Магаевас
Выговорал кьолаан...

Дол декорацияби,
ГIурцIмада тIад раччулел,
ГIоралгун кьояздасан,
Кьурул сухъмахъаздасан.

Рагьун къалел пардавал,
Жеги гьечIел клубал,
Кавабахъ – сценаби,
ТIохазда – балагьарал.

Доб рагъда цебесеб их,
Ахирияб бакъулаб.
БачIуна Аваристан
Эллада гIадин цебе.

Игьалиса ГIумарги,
Нуцалил ПатIиматги,
Гьарадерихъ Шигьабги –
Нилъер «Гранд-опера».

ЧIалда ГъазимухIамад,
Гъира-шавкъалъул имам;
Гьес тIамур кIутIарабго,
ТIохаэда хунзгин чIахъал.

ЧIарадаса Поль Робсон –
Гьес кечI ахIулеб мехалъ,
Керен гордаздаги цун,
Цоцазде чIван мусудул.

ГIорутIа тIамурчагIи,
«Аршин малаланилан»;
МагIарул Шаляпиназ
Рачунел щобил бакънал.

ГIодоб курдузул концерт,
Зодоб цIвабзазул концерт,
ЦIунтIадерил Чаплинал,
Лъимал хIинкъилел хьитал.

Цебесеб Албания,
Аваразул назмаби –

«МухІамаги Хучбарги
Хабаралда рукІана»...

Ханжаргин чагуралъул
ЛъугІулареб къец буго,
Къвал кинийалда жемун,
Эбел гьардолей йиго...

Гьалмагъ Ленин, Кремль,
Дагъистанищ гьенир...
Даим улкаялъул цІар
ЦІунизе къачІадула...

Армия, гьаркьил магІал,
Кьер гьабун чІаразде кечІ,
Призывникал чода,
Чах-чах – нухазул назму:

«РукІниб бегун гъулгъудун,
ГъалбацІалъ чан чІваларо,
ЧІаралъуб кватІани, лъим
МахІцинчІого чІоларо...»

...Дида гьаб гІумруялда
ГІемер кучІдул рагІана...
ГІалибегил МахІамад,
Дур жергъен кІочонаро.

Гьеб – дур чІварав инсуца
Дуе тараб сайигъат,
Гьелда сурат букІана
Кьурул сиялда цІудул.

МугІрузул гІодой риччай,
ГІоразул азарго кечІ –
Гьаб консерватория,
Кидаго лъугІулареб.

Мун вукІана кидаго
Гьадин хутІагийилан,
Хадуселъул бицине
Цоги заман щвелилан.

Цоги анищ букІана
Дурги Салиматилги –

Белоруссалъ вугев вас
Росулъе вачIинилан.

Гъесул абурай гIадан
ГIеретIггун ищцухъ йиго, –
Авар Гъойсу, жаваб кье
Жамилал суалалъе;

Салиматил реххулеб
ИчIабго чIимихалъе,
Гъаб балаго хутIараб
Хирияб минаялъе.

Авар театралда
Инсул пьеса буго:
«Балагьалъул гъамасан» –
ЦIакъго некIсияб къиса.

Амма бищун гIасияб
Балагьалъул гъамас, гьеб
Бахчун, «Барбаросалъул»
КIулалги ран, батана.

ГIалибегил МахIамад,
Дурги Салиматилги
Цоги хиял букIана
ХутIарав кIигоясул.

Гьев цояв вукIинила
Фермаялъул бригадир,
Цогияс пединститут
Анжиялда лъугIилин;

Цоцалъ гьел дагIбадани,
Гьезие гIакълу кьезе
ГIадамал ругонани,
Жидерго бицинарин.

КIиялго цо соналъул
ЦохIого гъанситодул –
Цо гъадриниб кIиго гъуд
ХIасанилгун ХIусенил.

ЦохIо къоялъ гьабилин
Гьезий жидеца бертин,

Гьеб мехалда кинигин
Кидаго кьурдиларин.

«Гьая, тунке кьурда тIад
Кьуризабун цо хIетIе,
Цинги, кIкIалахъе кIанцIун,
КIиабилеб хIетIеги...»

Гьединан хIисабалда
Ясал рищун рукIана.
Босее-тезе ккалеб жо –
Щот рехулеб букIана.

Зурма-къали, чIвалеб хъат...
Хъалималъе гIоларо
ГIалибегил МахIамил
ЗагIипал захIматкъоял.

Гьелги председателас,
Гьагьал бригадираца,
Нилъ цого чагIийилан,
Цадахъ лъугьун хъусулел.

Рукъалъул рес рекълъани,
Бакъназул кеп дагь буго,
ЧIобогояб гъадриниб
Гъудазе кинигинан.

...Къан ккураб бетIералъе
Къояца баян кьуна,
Гьас кьурараб хъалиян
ЦIакъ хехго цIазе ккана.

Хохол тахта гIадинан
ГIурабазда бугеб хер...
ГIурччин букIина июнь
Итни, рузман, шаматалъ.

ГIалибегил МахIамад,
Запасалда вукIарав,
Зодихъ накIкIал ругилан,
Военкомас ахIана...

– Къо лъикI, гIаздалал тIогьал,
МагIарда гIазизаб тIегь;

Къо лъикI, гIурул гъулгъуди,
Гъваридаб кIкIалал иццал.

Къо лъикI, чIварал бертаби,
Бащдаб бецараб байдан;
Къо лъикI гьаричIел лъимал,
Гьаруралги, къо-мех лъикI.

Къо лъикI дуе, ахираб
Ихдалил лъукъараб къо;
ТIасалъугьа нуж, хIанчIи,
Нужер кочIой къо-мех лъикI.

Къо лъикI дуе, Салимат,
Дир саринал кIочонге,
Саназул кьодухъ буго
Бухулеб дица жергъен:

Росуйин, Дагъистанин,
Дир хирияб улкайин...
Огь, гьанже чучарасул
Чилъи бухIагийилан.

«РукIниб бегун гъулгъудун
ГъалбацIалъ чан чIваларо,
ЧIаралъуб кватIани, лъим
МахIцинчIого чIоларо...»

…Гьединан ахIана гьас
Ахираб концерталда,
Рии бачIун, их араб
Июналъул доб къоялъ.

Гьединан ахIана гьас,
Чода кьили лъолаго,
Лъадул квер босулаго,
Васал данде къалаго.

Гьебго бакъан бачана,
Гьебго назму ахIана
МахIамадил вас – солдат
СагIидица Бугалда.

Бугалде балагьараб
Бресталъул хъаладухъ

БукIана концерталъе
Репетиция унеб.

Доб гьалдолеб щамат къо,
Гарнизоналъул клуб...
Метер гьатIан къоялде
КъачIалеб гьаб музыка...

II

ХъахIилаб сиреналъул
Сверухъ цо татуяб махI,
Жасмингун акация –
Цо берцинаб хIикмалъи.

Брест – цохIо тIалаяб,
Щуго маххул нух бугеб,
Щуго чIва бараб цохIо
Гитара кинигинан.

БагIараб аскарулал
Кодоб ярагъгун руго, –
Бугалда гIорхъудехун
ГIодой биччараб хIинкъи.

Цо-цо хIанчIазул чIи-чIи,
Цо-цо поездалъул хъуй,
Хъаладухъ клубалда
Музыкаялъул гьаракь.

Цингиги шагьаралъул
Киноялъул залалда
Экраналда Чапаев
Чода, борхун хвалченгун.

Цогиялда – Чкалов.
Гьас кьода гъоркьан бачун,
Кьурдулеб, басандулеб
Буго гьавадул лачен.

...Жасмингун акация, –
Авар мацIалда бице
Азда лъураб цIар кинаб? –
Лъаларо СагIидида.

Гьес, гьебги цIехон, кагъат
Жамилахъе битIана,
Жаваб гьелъ хъвараб-хъвачIеб
Лъаларо, кодой щвечIо.

Концерт – немцазул рагIи,
Италиялъ бижараб,
Аваразул мугIрузде,
Векал рахун, бачIараб.

Бресталъул хъаладухъ
Полкалъул музыкантаз
Метер гьатIан къоялде
КъачIалеб буго концерт.

Польшагун Литваялъул
Костеллъун жиб букIараб
Гьаб хъалаялда буго
Къаси репетиция.

Комиссар Фомин живго
Гьаниве вачIун вуго,
Политрукал, худрукал
Гьанир хал гьабун руго.

Гьазул гIурччинал гурдал,
Гарбазда рарал ромбал,
Гьазул щурунтIаргъазда
Щуго гIаркьел бугеб цIва.

Майор Гаврилов вуго
Капитан Зубачевгин
Метер генерал Попов
Гьанив вачIине вугин.

Цогияца абула,
Метер гьанив вачIунин
Обкомалъул секретарь –
Гьалмагъ Тупицынилан.

КъачIалеб буго концерт,
Кирго чIварал игIланал,
Отпускаялде инчIел
Офицеразул лъудби.

Концерт лъугIулеб мехалъ
Ине хисарал белтал...
...Огь, метерисеб концерт
Кисаха азда лъалеб...

...Къаси репетиция...
Цин хроника кино –
Красная плащадь,
Лъалеб Маялъул парад.

Гьаниб Мавзолеялда
Михъазда бахъулеб квер,
КиназдагIаги лъалеб
Трубка, тамахьо, кIкIуй.

Хадуб сельхоз выставка,
Севералъул ритIучIал,
«Свинаркагун пастух»
Арбаталъул къватIазда.

ГIунсулъ Эльбрусалде
Рахунел альпинистал,
Орбели эрмитажгун,
Авлахъчуялгун Джамбул.

Михаил Шолоховас
«Тихий Дон» хъван лъугIулеб,
Уланова Галина –
ХIанкъва багIарал тIугьдулъ.

Россия, Украина –
Чархида харицелал;
Бихьана Грузия –
Гамаржоба, вац кIацо.

Абхазия лъаларо,
Азербайджан лъаларо.
Нусго сон барал чагIи
Чуял риччай гьарулел.

Узбеказул анцIила
Анкьго лъимадул збел,
Армиялде тIоцеве
Гьавурав тIовитIулей...

Немцазуд бомбабазукь
Британия, Лондон,
Берлиналъул парадал,
Фюрарас борхараб квер.

Американалъул флот
Унеб буго тIиналде,
ТIад зодихъ Япония –
Перл-Харборалъул база.

Дора Африкаялда.
Роммелил боял руго...
(Дида бихьана гьезул
Хабзал доба Мисриялъ).

...Гьале кино лъугIана, –
Дагъистан щай гьечIебин,
Гьалде къасд букIанилан, –
Къваридго вуго СагIид.

– Дагъистан – цоги нухалъ,
Гьанже концерт букIина,
Кинабго мугIрул тIалъи –
Дур жергъеналда жаниб...

... Армиялде унелъул
Жаргъен гьасул букIана,
Инсуца, кьурда цIудул
Суратги бахъун, кьураб.

Цогиги гьеб бухьараб
КвербацIцIалда букIана
Лъалел квераз букъараб
Накъищ цIолбол гъабудал.

Репетиция, концерт...
Жергъен, жергъен, же,
СагIид Салам битIе мугIрузде
БагIараб аскаралъул;

Бресталъул хъаладул,
Мухавецалъул лъадал,
Беловежалъул жиб-жиб
ГъветI, тIегь, хIоралъул рахъалъ...

...Огь, оркестр гъугъана:
Бух, бух – рухулел къалал...
Бахалгин Бетховенал
ГӀасрабазе рорчӀана.

Цинга резил трубаби,
Раз, два – байбихьана...
Шопенги Листги цадахъ
Цере, гьале, рачӀана:

Цоял – «Зелена Воля» –
Варшавалъул вас живин,
Цогияв – Венаялда
Жиндир кини кӀикӀанин;

КӀиялго ниж бакънаца
Парижалде рачанин,
Гьенир ниж иргаялда
Цоцазухъ гӀенекканин.

Цояб сардида цояв,
Цоги сардида цояв,
Цадахъ гьанже кӀиявго
Нужехъ гӀенеккун ругин.

Гордухъан кибениги
Канлъи кунчӀунгутӀизе
ЧӀван пардав букӀаниги,
Гьаниве щвана Верди.

Шамат къо букӀаниги,
КӀалдиб жо босичӀого,
КӀалтӀа эхетун вуго
Нух кьеян Мусоргский...

...Бресталъул парказда
Кибго лъалеб, машгьураб,
Пушкабазул залп гӀадаб
Бакъан музвзводалъул.

Гьезул бетӀер лейтенант
Николай Клыпаца
Квер борхарабго, ккола
Полкал гьужумалъ анин.

Гьез шагьарал росанин,
МугIрул, гIорал рахъанин,
«Тихий океаналда
Паход лъугIизабунин».

Трубаби, литаврал...
Цо орган камун буго.
Аве Марияйилан,
Цо матрос ахIана.

Белорусь, дур цимбалал,
Молдавазул швантIихал;
«Бокьулеб шагьар, кьижа»
Шофер медсанчасталъул.

Щуго-анлъго чагъана
Черх бухIуледухъ хъвалеб
«Москваялдаса кIварал
РагIаллъабазде щун».

МагIарул жергъен гьаниб,
Аргъан Воронежалъул,
Аман, чIварал рахъине
Авар зурма щай гьечIеб!

Ансамбль «Лявониха»,
Гьелъул кьурдаби, кучIдул,
«Калядкагин» «Щедровка» –
Белоруссазул ясал.

«Бульбагин» «янка», «полька»,
«Ленок» – кьер-кьерал лентал.
Гьел лъараллъун цолъани,
Цо ралъад букIинаан.

АхIулел руго кучIдул:
«Каховка», «Лъабго танкист»,
«Тачанка», «Гренада»,
«Гренада, мун дирин».

Ункъо ясгун, лъадигун
Капитан Шаблонский.
КечI ахIулеб буго гьаз:
«Белорусь, мун дирилан».

Жергъен чIван, СагIидица
Эмен ахIулев вуго,
Вацалги цадахъ рачун,
Цоги кучIдул ахIизе.

Цояб – авар мацIалда,
Цояб – гIурус мацIалда
ГIагараб ВатIаналде,
ГьитIинаб росуялде.

Жиндасаго кIудияб
ТуманкIгун, трубагун
ГьитIинав Петя вуго –
Полкалъул цIияв Гаврош.

«Радакь тIадеги вахъун,
Жив Бугалде инилан,
Гьениб ччугIа кквелилан», –
КечI ахIулеб буго гьас.

«Быть или не бытилан» –
Гарнизоналъул Гамлет,
Старшина Гузиков
«Вот в чем вопросин» вуго.

Гейне – немец мацIалда,
Цинги гIурус мацIалда,
Цинги эрмени мацIалъ
ЦIалулев Матевосян.

Рая Абакумова
Пушкин цIалулей ийго:
«Гьадаб хIикматаб лакIзат
Дида ракIалда буго».

Узбеказул кьурдаби,
ГIурусазулгун журан,
Жакъа вас гьавураб къо
Пулеметчик Иванил...

РагIи гьарулеб буго
ГIолохъанав поэтас,
Гьеб программаялда
Хъван вукIинчIев танкистас.

Дос цIалана лъабго кечI...
ТIоцебесеб букIана
Тенгинский полкалъул
Поручикасул рахъалъ,

Лермонтов чIваралдаса
Нусабго сон анищан,
Гьанже дуэлал гьечIин,
Дунялалъул рагъ бугин.

«Дун досул ригьда вуго
Советазул гIорхъуда,
ГIумру кье абе, ватIан,
Кьела дица дуе гьеб.

Гьелъие вачIана дун,
Гьавураб бакI, росу тун,
Гьанже рукъ дие буго
Бресталъул гарнизон.

Гьеб, ракьул гIурхъи гуреб,
Рокьулги гIурхъи буго.
Ленин, дур ритIухълъидуй,
БетIерги черхги кьела...»

ГIолохъанав поэтас
Жеги кIиго цIалана...
Дида гьел кIочон тана,
Гьаб букIана аслияб.

Гьес цIалараб кечIалъулъ
Цоги куплет букIана,
Дица гьоркьоб биччана
Гьениб Сталинил цIар.

Комиссар Фоминица
«Рагъулаб тIамачалда»
ТIасияб номералда
Гьеб бахъеян абуна...

Кьурдана факстроталгун
Тангоял, хасго вальсал.
Хадуб ГIалибегилас
ГIебеде квер битIана.

Гьая, тунке цо хIетIе
ХIоразул Белоруссалъ,
Цогияб – магI гIадин, чIа
МугIрул Дагъистаналда.

Цояб наку гIодоб чIвай
ГIагараб улкаялъе,
Цогиябги гIодоб чIвай –
БагIараб аскаралъе.

Борхилин щивас байрахъ
Гьужумалда букIараб
Гьелъул кьергин, гьелъул цIар
ЦIунилин, гьаб гIумру кьун...

...Гьале концерт лъугIулеб.
Кинацаго ахIана:«Метер рагъ бачIанани,
Тушбаби кIанцIанани...»

Гъугъадулеб оркестр,
Эхеде борхараб зал:
«Дида гьадинаб улка
Кибго бихьараб гуро».

Кинацаго, кверал ккун,
Цолъун ахIулеб буго
Интернационал гьаз:
«Гьаб ахираб рагъ буго...»

...«Ахираб хIасилаб рагъ»...
Комиссар Фомин гьале,
Кверал росулел руго
Гьас жив-жив артистасул.

Ефим Моисевичас,
Жиндийго кечI бокьулев,
КечI гьечIони, гьечIила
Армияйин абуна.

Гьанив цеве вачIана
Цо музыкант – трубач,
Товарный поездалда
Доб рахъалъан вачIарав.

ГIурус мацIги Пушкинги

Бищунго хириялин...
...Хех магIида, рагIуда
Божулел нилъер чагIи!

Гьас абуна, гьеб концерт
Жеги концерт гурилан,
Концерт букIине бугин
Метер, жеги букIинчIеб...

Метер букIунеб концерт
Жасусасда лъалаан...
Жакъа репетиция –
Гьеб гIададисеб буго...

– Майор Гаврилов, щайзе
Мун сас тун чIарав, бице?
– Бицине бегьулареб
Рагъул ургъалилъ вуго.

Амма гьас амру кьуна
Кьижизе солдатазе...
Сордоялъ хIадурулеб
Гьасдаги лъалароан.

Гьав тIикъва-магI гIадинал
Фортазул гордабахъан
Запад – бакътIерхьудехун
Балагьун вуго къасдалъ...

ХъахIилаб сиреналъул
Сверухъ цо бухIулеб махI,
Жасминцин акация
Улкадул гIорхъабазда.

ГIадаллъунищ гьал гьаби
ХIапдолел Бресталде? –
ХIинкъун хIихIилел чуял
Бугалъул рагIалалда...

Сардилъ чIахIиял цIваби
ГIодо-гIодой рачIунел,
ГIурулъе тIерхьун гIадин,
ТIагI-тIагIун унел ругел...

ТIадзодихъ – къанагIатал

Самолетазул хъуди,
Советазул лъаларо,
Чияразул лъаларо.

III

...Бищунго къокъаб сордо
Бищунго халалъараб,
Хвалилги гӀумрудулги
ГӀорхъуда сагӀтил кӀутӀи.

СагӀтил хъаравулазда
Ункъогин дагьал минтал...
Гитлер, Кейтель... – киналго
Кверде гьезухъ балагьун.

КӀитӀалаял койкаби,
Казармабахъ солдатал,
Кинаб макьу нужеда
Гьаб рогьалилъ бихьулеб?

ЧӀалда мохмохал гӀадин,
МагӀида щурунтӀаргъал,
Щибалда – цӀва улкадул,
Рагъухъабахъ балагьун.

КӀи-кӀи рекъон кьерда чӀун,
ЧӀабаралда чакмаби –
Чанги хӀурги бихьарал,
Чанги хӀарщги мерхьарал.

Гьале Клыпа вуго
СагӀидида гьардолев,
Гьудул, ворчӀа, Бугалде
ЧчугӀа, кквезе вилълъаян.

СагӀидица абула:
Те, дун ччугӀил чи гурин, –
Чодул кьолониб гӀунин
Кьурабазул Дагъистан.

Бищунго къокъаб сордо –
Щуго соналъ рогьинчӀеб...
Гьалмагъ Клыпа, дуца
КквечӀо Бугалда ччугӀа.

Гьенире лъим гьекъезе
Риччарал чуял, СагӀид,
ГӀоде, июналъул хер,
Холел руго иргадал.

Минскиялъул роддом,
Бомбабакь эбел-лъимал,
Эзда релълъунеб буго
ЧӀвалеб рогьел, рии, къо.

РакӀунарел чирахъал,
ХӀалтӀулареб телефон...
Товарный поездалда
РещтӀарал диверсантал...

...Метер рагъ букӀинилан
РачӀарал пленныял
Провокаторалин
Таразда щиб гьабилеб?

Формагин фамилия
Хисарал агентазул
Ургьиб къачӀалеб балагь
БихьичӀезда кӀалъан щай?

Бищунго къокъаб сордо
Саназул, гӀасрабазул...
Гьале сагӀат ункъогин
АнцӀила щуго минут...

...Байбихьана, гъугъана,
Гъугъадана, перхана,
Дортмундалъул сигналалъ
СагӀтал чӀезе гьаруна.

ЧӀвай, бухӀе, бухе, бихxе, –
Балагьасул гьаб концерт.
Барбароссил плангун
Берлиналда дирижер.

Досул буюрухъалъул
Къоло цойилаб номер, –
КъватӀиб бахъун, хъудана
Хъачагъаб блицкриг.

ХъантIараб бидулаб кIал
«Хальт», «Цурюкан» ахIдана...
Огь, хирияб дир улка,
Дуде рещтIараб тIупан!

ТIухьидул, чармил, хъазмил
Аздагьабахъ зобгин ракь.
Инсаният, дур яхI, цIар
ЦIадирабазда лъуна.

ЦIадулги кIкIуйдулги кечI,
Бомбабазул музыка...
Бресталъул фортазда
Гьанже боркьун бугеб кор.

Выходной тIокIаб гьечIо,
Отпуска букIинаро,
Буго бухулеб къали –
Хвелин цин, гIумруян цин.

ГIажалазул магIарда,
Жаназабазул гохIда
Руго германиязул
Генералзаби хъанчалъ.

Гьезул оркестралда
Аза-азар гIарада –
ГIодоб кьвагъун, зодоб кIкIуй,
Зодоб кьвагьун, гIодоб кIкIуй.

КкIкIуйдулъан – боял, боял...
Биял, биял – ганчIазда...
Руго мотоциклазул
Аккордал хIелго хвелан.

Хадур доб Бельгиялда
Гьарурал автоматал –
Гьезул «оратория»...
...Улка бухIулеб буго.

Дол «юнкерсал» – солистал,
Моторазул «контата»
«Кверал рорхе, Россия!» –
Ралел, ралел бомбаби.

Цингиги танказул «хор» –
Гудерианил «Тиграл».
Шагьаразул чIунтелал,
ЧIинтIулелгин мерхьунел.

Цебего хIадурараб
ИгIлан чIвачIеб гьаб концерт...
Каранда хъанчал, хъанчал...
Хъазмил каскабалъ бутIрул...

Каскабаца гьекъолеб
Бугалъул лъимги буго...
Байбихьана: «Бахъа мун,
КIудияб улка, тIаде»...

Их ана – рии гьечIо,
Рогьана – къо бачIинчIо, –
Къалал рухулел руго
Хвелго, хвелго, хвелилан...

Концерт – немцазул рагIи,
Италиялъ гьабураб, –
Гьанже сунде буссараб
Гьаб нилъер гIасру, гIасру?

Кантилгун Гётел улка,
Бахил, Бетхавенил ракь,
Дуца гьабулеб щиб жо,
Германия, Европа?

ГIадамазул рукьбийищ
Дур рокьул чагъанаби?
Бидул гуреб кечI гьечIищ
Рейхалъул аскаразул?

Мюнхеналъул пиво, дур
Подвалал щущан аги,
Гьундул чIунтизаризе
ЧIваби рекъезарураб.

Абула дов ефрейтор
Художник вукIанилан, –
Хал гьабе дунялалъул
Дос гьабураб цо сурат!

Досул кверазухъ бугеб
Кистги холстги бихьани,
Сикстинияй Мадонна,
Мун тӀуркӀизе йикӀана...

ХӀикмалъула: азарго
Музыкант вукӀанила
Маллерил оркестрал
«Фауст» хӀалеб мехалда.

Фюрерасул рукӀана
Миллион музыкантал...
«Майн кампфалъул» нотаби
Бухенвальдазул рахсал...

Гьал орга̀наз ахӀулеб
«Аве Мария» гьечӀо, –
«Айнс, цвай, драй, речӀчӀе!»
«Санта Мария» гьечӀо.

Фюрерасул литаврахъ
Мискинлъиялъул рохъо...
Рагъул театр буго
Гьанже Западгун Восток.

Балтикалдаса бахъун
ЧӀегӀераб ралъдахъе щун,
ЧӀана букӀараб гӀумру,
Байбихьана цогияб...

Сиренгун акация...
Авар мацӀалда гьезда
Киндай абулебилан,
Ургъалилъ вуго СагӀид.

Гьеб цӀехон, Ж.амилахъе
БитӀун араб кагътие,
КватӀана, жаваб щвечӀо,
Гьаб жужахӀ гьелегьана...

IV

Ярослав Мудриясул
Мехалда гьабураб порт,

Мухавецалъул лъадалъ
Лъедараб гургинаб моцI.

Брест цин янтаралъул
Литваялъул букIараб,
Гъалъие Польшаялъул
Паназ музыка хъвараб.

Цинги гIурус пачаяс
ГIорхъуда хъала бана.
Белорусь, дур цимбалаз
Гъанир бакънал рачана.

Амма немцал-арийцал,
ЭзулгIан къабихIаб лъалкI
ЛъачIо тIолго гIасрабаз,
Брест, дур кIалгIабазда.

Беловежалъул рохьалъ
Зубралда бихьанщинаб
Зулму лъачIо кидаго,
Африка, дур жунглазда.

...КIикъоялда щуйилаб
Немцазул дивизия –
АнцIила микьазарго
Хъазан бетIералда тIад.

Дур чакмабакь букIана
НакIкIукь, кIкIуйдукь Европа.
Парижгун Варшавалде
Мун маршалда бачIана.

Доб цебехун гьабураб
Дур пасалъи букIана
Россиялъе къачIараб
Къебелъуй цеберагIи.

Доба гьабураб щинаб, –
Гьеб «детский сад» буго,
Дуца дир улкаялъе
Ургъаралде данде ккун.

Доб – репетиция дур
Гьал нижер балагьазе...

Бушил, Моделил боял...
Белоруссия цIадулъ.

Брест цохIо тIалаяб,
ТIаде ралел бомбаби...
Гъугъадула, перхола...
Пиридалъ жаназаби.

Щущан унел вагонал,
ЧIунтулел казематал,
«Хэнде хох!» – кверде бачIа
Крепостилан топал.

Крепосталда вугев
Лъабазарго рагъухъан, –
Лъималги руччабиги
Гъваридал подвалазда.

Гъурарал лугби, рукьби,
Ракьалда бугеб унти,
Отпускаялде инчIел
Офицерал, солдатал.

Цебе концерт букIараб
Клубалда фашистал,
Гъазул кечI кинабгIаги
Цо «Гермавия» буго.

Гьелдаса тIадегIанаб
ТIокIаб щибго гьечIила,
«Кверде вачIа чIвалелде,
ГIурус майор Гаврилов.

Хъала сверун ккун буго,
Концерт «капут», гьеб гьечIо,
Капитан Зубачев, хех
Ярагъ гIодоб лъе дуца.

Комиссар Фоминие
Гьаниб цитаделалда.
Цо борхатаб гIер чIвала,
ГIаламалда бихьулеб.

«Хэнде хох!» – кверда бачIа,
Брестги Россияги...

Берлиналда факелал...
ГьечIо Белоруссия...

Нужер тIурулел боял
ТIокIал нахъ руссинаро, –
Москваялъул байдабахъ
Нижер боязул парад.

Большой театралда,
БукIунеб концерталъе
Белтал хIадурун руго
Рейх-канцлерил идараз.

БагIараб аскар гьечIо,
Гьеб, нуж рехун тун, ана, –
ЧIвай гьаб хъаладул тIохда
ХъахIаб байрахъ нужеца!»

...ХъахIаб байрахъ борхичIо, –
БагIараб парпадана;
Полказул батареяз
Тункараб жаваб кьуна.

Цитаделалда сверухъ
Немцазул кьвагьдохъаби
Рихьуларел бакIазда,
ГIункIкIал гIадин, рахчана.

ГIурусазул хучдуца
Хех гьабураб гьужумалъ
Гьезул чIварал анцI-анцIал
ЧIабаралда хутIана.

Ххарилги кIкIуйдулги махI...
ТIоцебе фашистазда
Гьаниб рагъ доба гIадаб
БукIунареб бичIчIана.

Бресталъул гарнизон
Тушмангун кин багъараб,
Тересполалъул кIалгIай,
КIалъай, нужеда лъала.

Гьелъул лебалаб къиса
ХъахIал гьундузда лъала:

Гьалдолеб июнь, июль,
КIикъоялда цойил сон.

Солдатас ганчIида тIад
Хочоца бикIун буго,
Хвелин, амма кидаго
Кверде инарин живан.

...Гьеб хъала цIунун буго
Лъабазарго рагъухъан;
Гьезул лъимал, хъизанал,
Хъазан-махк гьезде балеб.

Лъабазарго рагъухъан,
Киналго кварал тIурал,
ТIолго армиялдаса
РатIалъун жал хутIарал.

Лъабазарго рагъухъан, –
Абуна комиссарас,
Нилъер Крепосгь бугин
Крейсер «Варяг» гIадин.

...Лъабазарго рагъухъан
Пулеметазда нахъа,
Каранда гулбиги щун,
Шапулеб погран отряд.

Лъеберго сордо-къоялъ
Санитараз регъолел
Ругънал, цIадулъгин кIкIуйдулъ
Биялъ релъарал ганчIал.

Гавриловас абуна,
Хъала чIунтулеб бугин, –
Хъаладул къадаздаса
Нилъ къвакIарал рукIинин.

Фашистазул радио:
Нужер улбул ругила,
Эзие гIологIаги
Нуж кверде рачIайила...

Берлиналдаса амру:
Гьабго кинаб жойила,

Метералде хъаладухъ
Хъанч бараб байрахъ чIвайин.

Метер къоги бачIана,
Сезе къоги бачIана,
КъватIире подвалазул
БахIарзал рахъунаро.

Гулби тIагIараб мехалъ,
Гьел хучдуща рагъула,
Хучдул камураб мехалъ,
Газа-белалъ рагъула.

Концерталда жиндирго
ГIагараб кечI цIаларав
ГIолохъанав назмучи
Каранлъ ругъунгун вуго.

Бида вецIцIун унев гьес
КIутIбуз щурулеб буго, –
КIудияб улкаялъул
ГIурхъи жинца цIунанин.

Гьелъие вачIанин дун,
Гьавураб рукъ, росу тун, –
Гьанже нижер рукъ бугин
Бресталъул гарнизон.

Гьеб, ракьул гIурхъи гуреб,
Рокьулли гIурхъи бугин,
ГIумруялъ фашистазе
Гьаб бетIер къулиларин.

РитIухълъиги намусги,
Нус-цус качIолъ ахIараб,
Дица васазе телин,
Дица ясазе кьелин. –

«БагIараб аскар, дуца,
Унго, ниж кинан тарал?!
КватIиларо, хъанчил бо
Дуца хъамизе буго»...

...ГIолохъанав рагъухъан
КечI лъугIилалде хвана, .

Каштаназул къотIнов гьев
Къадал ракьанда чIвана.

Гьениб аскIаб букIана
«Белорусав» ресторан,
Цо лъалей яс Олеся –
Гьес гьелъул цIар ахIана.

Доба казармабазда
Казематазул рохъо,
Конюшняби, тукаби,
Складал рухIулел.

Руччабиги лъималги...
Лъим къунеб, квен лъугIулеб,
КиналгIаги гъутIбузда
Цо тIамах хутIун гьечIо.

ГIучIал гьечIо, цIам гьечIо,
ЦIазе хъалиян гьечIо...
Рая Абакумова:
Катанин лъукъаразе.

Гьебги лъугIулеб буго,
Дарабиги тIагIана,
Дараби гьарулелги –
Гьелги мигьлъулел руго...

Огь, Бресталъул рекъел,
Бицунаан цебе дур...
Немцазда, хвалил гуреб,
Хабар-мацI лъалеб гьечIо.

Гьаз, доб концерт букIараб
Клубалдеги рачIун,
Роялалъул киналго
Клавищал гъурана.

Гъурун чIинтIарал гьезде,
ТIубан «чIван» ратиларин,
КIиго автоматчияс
Иргаялда кьвагьана.

Музвзводалъул чанги
Рагъухъаби чIвай гIечIо,

Гьезул чагъанабазул
ЧIваби гьаз тIутIун рана.

ТIутIуниги, цосина
Гьел кIалъазе гурилан,
ГохI гьабун, цIадар лъуна
Штраусил вальсалги.

Хъаладул къадаздасан
Аргъаналги къалалги
Ана гиризе риччан
Бресталъул къватIахъе.

Гьел ахIдана, киналго
Советазул бакъназул
Мукъулукъги щекъерги
Жидеца къазе бугин.

«Киналго Шопеназул,
Киналго Глинказул
Ахирияб хвалил марш , –
ХутIараб Россиялъе».

Амма подвалалъусан
Петя Клыпа-Гаврош,
Гьас жиндирго труба
Бугеб рухIалда пуна.

Цинги лъукъарав СагIид,
Цадахъ босараб жергъен,
Жеян гьаракьги гьабун,
Гьале гьасги бухана.

Ахиралда хутIараз
ГIагараб кечI ахIана,
Киданиги гьеб чIвазе
Фашистазда кIоларо.

Гьединан тIубан мацIалъ
Хъала цIунун рагъана...
ХъахIаб байрахъ немцазда
Россиялда дандчIвачIо.

Гьаб лъугIи гьечIеб концерт
Хвалилги гIумрудулги;

ГIасрабазе хутIана
Лебалаб, къиса – Брест.

Къаси Тарханов вуго,
Балагье ккараб жойин,
Жиндир театралъул
ЧIвараб талихIин абун.

Гьав республикаялъул
Халкъияв артистасул
Хиялазда гъураб цIа –
ЦIадулъ буго театр.

Бресталъул къватIазда
Къоло кIиабилелда
Премьера букIинин
РукIана игIланал чIван.

Элъ гIодана, пашманал
ГIолохъанал артистал,
ГIагараб МХАТалъул
МахщелчIагIазул тIанчIи.

Гьаз гримал хисана,
Гьаз рукьаби турана:
«Германия, жегиги
Пардавал къазе гьечIо».

«Быть или не быть» абун
Гамлет хIарав артистас,
«Бытан» туманкI босана,
Россия – крепостин.

V

Гарнизоналъул лъимал –
Лъабго къокъа хутIана,
ЛъарагI хъумузалда тIад
ТIураб лъабго чIва гIадин,

Вуссунеб, вуссунареб,
Вуссунищан лъалареб –
Аваразул маргьудалъ
Лъабго нух кинигинан.

Цоял чIвана, къанщана, –
Къо лъикI, берцинал ясал, –
Мухавецалъул лъадалъ
ХутIана гIолохъанго.

Гьел гIемерал рукIана
Доб тIасияб риидал
Хъаладул ганчIазда нахъ
Гуллий сукIарал лугIби.

Цогиял, цабиги къан,
Къанабакьа рахъарал:
«Къабул гьаре, Белорусь,
Дур партизаналъе ниж.

Кье къисасалъе ярагъ
Ругъназ цIурал нижехъе,
Нижеда цIар, нижер цIва
Доб Бресталъул буго».

Лъабабилел рукIана
Бищунго талихI къарал –
Тушбабаца къотIарал
КъвекIал цIумазул куркьбал.

Кверал мугъалде кьурун,
Ругъназ цIурал, рухьарал, –
Огь, рахсазул музыка!
Огь, суравазул подвал!

Гьал доб концерт букIараб
Клубалде рачана,
Нужер кечI лъугIанилан,
Нижераб ахIейилан.

«Бищунго тIадегIанаб
Германия бугила» –
Кьабулеб гIощтIолгIанги
ГIасияб гьезул гьаракь.

Амма нилъер чагIаца
Чияр гимнал ахIичIо,
Гитлер, рачлида квергун,
Валагьун рукIаниги.

Клубалъул къадада
КъватIисел чабхъадулаз
КъунцIарал михъазул гъве –
Фюрерил сурат бана.

Гъев – къотIарал бутIрузул
ГохIда вугев дирижер,
Дунялалъул кинабго
Квешлъиялъуд режиссер.

Боял, Западалдасан
Доб Востокалде унел, –
Сардилъги къадги буго
Поездазул къир-къири.

Къварилъи Востокалъул –
Западалдехун унеб,
Асирлъарал ясазул
Вагоназул зурзуди.

Амма нилъер чагIаца
Чияр гимнал ахIичIо,
Гитлер Минскиялда
Вугилан кIалъаниги.

Цо니гי кIал рагьичIо
ГIорхъуда хъаравулаз,
Хъала биялъ белъарал
Гарнизоналъул васаз...

Амма гьав щив гьимулев,
Гьазухъ балагьун вугев?
О, гьазда лъалеб гьумер –
Гьав дов цо трубачи.

Гьас жиндирго труба,
Туна, гIодой рехана, –
Борхатаб лагаялда
Гестапоялъуд форма.

Пушкинил, Мицкевичил,
Гейнел рагIаби гуро, –
«Бищунго тIадегIанаб
Германия» «хорст вессал»...

Гъажалда бан автомат,
Алъул гIадаб музыка
Я Шопенил букIинчIин,
Я Шуманида лъачIин.

Гьав поездалъ вачIарав,
Гьудулилан гьедарав
Гьерсихъан, хиянатчи,
Хадув лъана щивали.

Рейхканцлерил офицер
Нилъер оркестралда,
Ас пураб куц, пураб куц,
Гьасул репетициял.

Гьерсица нах бахарал
БутIрузда щиб гьабилаб, –
Пайда щиб, музыкалъги
Цо-цо гуккулел руго.

Гьас доб лъалеб щаматалъ
Клубалда абуна:
Метер букIине бугин
Жеги букIинчIеб концерт.

Нилъ гьелда хадур гьечIо;
Гьас жегиги абуна:
Метер букIинин кино,
Киданиги бихьичIеб.

Бресталъул театр...
Тархановас ахIана
Оркестралъул васал
Премьера бихьизе.

Гьас абуна вачIинин
Бищунго цеве живин,
Метер рагьизе ругел
Пардавахъ валагьизе...

Гьаб метерисеб концерт,
Гьаб метерисеб кино,
Метер рагьулеб пардав
Гьанже сонисеб буго.

Концертал кIочон тола,
Киноял кIочон тола,
Театрал кIочана,
Амма гьаб кIочонаро.

Гьаб – нилъер гIумругин хвел,
Гьаб – гIасрудал хIалбихьи –
ХIинкъараб, бахIарчияб,
Балагьаб, жеги лъачIеб.

ГIаламго балагьараб
Балагьазул гьеб концерт, –
Брест – тIоцебесаб зар,
ТIарада буго хъала.

Кверал къотIананиги,
Килщал ратIалъуларо...
Клубалда фашистал:
Гьа-гьа, гьа-гьа, айнц, вайнцан.

Амма нилъер чагIаца
Чияр гимнал ахIичIо,
«Германия – хорст вессал» –
Гьазда лъалеб мацI гуро.

Лъукъ-лъукъарал асирал,
Лъукъарал бакънал, кучIдул,
Каранлъ судулел ругел
«Суликогин» ккатюша».

Домбраби, бандураби,
Бугеб гохI гитаразул;
РухIулел чагъанаби,
Чанги рокьул бицарал.

Хучдуз, нусаз чехь бихъун,
Нахъе рехулел къалал;
Къо лъикIан, тирун унел
ГанчIазда гьезул чвархъи.

Гъурун ралел цимбалал,
Белорусан щурщулел...
Щиб рикIкIадаб бакIалда
Бугеб БагIараб аскар?

ЧIегIараб роялалъул
Рекулел хъахIал килщал...
Кир ругел гьанже вальсал
Венаялъул рохьазул?!

Кир ругел гьанже васал,
Сон поездазда арал?
Кир ругел гьанже ясал,
Къаси гьанир рукIарал?

Аргъанал дандчIван ана, –
Дол кьурдаби лъугIана.
ГIодоб кьабулеб цо хIетI,
Зодой борхулеб цоги.

Автоматазул ирга,
ЧIвалел панаял бакънал...
«ЧIа, Бетховен, вуцIцIа, Бах,
Нух киб бугеб, Сусанин?»

Глинка, Рахманинов,
Гьанже нужей къо-мех лъикI,
Къаси щибулев вугев,
Шостакович, бице мун?..

Къо лъикI, согIал хъундахъаз
Гьумер бухулеб назму;
Къо лъикI, гьалагаб цциналъ
КIалал гьикъулеб рокьи.

Къо лъикI, гIагараб Брест...,
Буг гIоралъул гIорхъуда,
ГIалибегиласул вас,
Дур жергъен – фашистазухъ.

Гьелда цо кьурул сурат,
Кьурда тIад цIудул сурат...
Дуе кьун букIана эб
Аскаралде унелъул.

Гьеб хъатикь зваргъарабго,
Дагъистан цебе чIезе,
Дурго росдал бакъназул
Бакъуца мун хинлъизе.

Цинги гьаб Бресталда
Полкалъул художникас
Гьелда бахъана дуе
Жиндирго рахъалъ сурат.

Белорусалъул васас
Россиялъул махил гъветI
Дуе сайгъат гьабуна,
СагIид, гьале босеян.

Художник гьанже гьечIо.
ЧIварав гъосухъ угьдана,
Аварав, дур квераца
Каранде къараб жергъен.

Белорусазул росулъ
Гьесул бухIулеб хата,
Васго василан абун
Гьасул мискинай эбел...

Огь, гьасул суратазул
Рогьелалъул гьайбатлъи,
Гьанже гьеб чIегIерлъана –
ЧIвана къоги рииги.

ЧIвана Петрусь кудожник,
Зобгин ракь, рокьул гьудул, –
Гьанже цо фюрер гIелин
ГIаламалъе художник...

Фюрер, бицуна, цеве
Художник вукIанин гьев, –
Чанги холстал кистаца
ГIадада хвезарурав.

ГIолохъанал санаца
Гьесул цо-цо суратал,
Къадал сурукъ гьаризе,
Гьенир ралел рукIана...

Замана гьоркьоб ана,
Гьаб гIаламалда лъана
ГIащтIичиясул пиша, –
Щив художник гьавали.

Берлиналда рухIулел
ТIахьазул гохIал рихьун,
Гейне къварилъараб куц,
«Къо лъикI, Германия» – йин.

Парижалда гьав вихьун,
Сикстинияй Мадонна
籍ородана Луврaлда,
Каранде лъимерги къан.

Акрополалъул ганчIал,
Аза-азар сон барал, –
Гьадинал балагьазул
Режиссер вихьичIилан.

Испания, дур унти –
Германиялъул балагь;
Бидул кьер гIемерлъана
ГIагараб дунялалда.

Рукьбузул, гвангваразул
ГохIда вугев дирижер,
Гьав вохизе гьавула
Биххун унеб Варшавалъ.

Крематориязул
Корахъ вугев режиссер, –
Гьасул кеп – Бухенвальдги
Нуха чIварал лъималги.

Автомат кодоб ккуечIев
КочIохъан бегьуларев...
Щиб жо, унго, Мюнхеналъ
Чехиялъе гьабураб!

ГIалимзаби погоналъ,
Фельдмаршалал кинигин, –
Рукьалда хъанч бачIезе
ГьечIила гьаб искусство.

Киналго бакъналчагIи,
Гьеб халкъ жугьтIилаб миллат, –
ЖужахI гьечIин абулел
Освенцималде рилълъа!

Огь, Европа, Европа
Дуй гьабураб къебелъи
Фюрерил; суратазул
Выставкадул гІасилъи!

...Концерт – немцазул рагІи,
Рохалие ургъараб,
Унго, кинаб хвалилаб
Ахир дуе батараб?!

Гьелъул бицунеб буго
Бресталъул ганчІаца,
Гьездасан гирун унел
Рорлъ-рорлъарал къалаца.

Гьелъул бицунеб буго
Дир кІудияб ВатІаналъ,
КІиябго зар букъарай
Эбелалда релълъараб...

...Сверухъ бухІулеб, чІвалеб
РитІухълъигун гьайбатлъи.
Фашистазул офицер
АхІдола, велъанхъула:

«Дида гьадинаб улка
Кибго рагІараб гурин,
ГІадамаца хІеренго
ХІухьел жаниб босулеб.

Югалъул ралъадахъа
Добе Северalde щун,
Инсан бетІергьан вугин
Жиндирго ВатІаналъул»...

Гьав велъанхъулев вуго,
Гьав гІагІадулев вуго:
«ГІумру лъикІаб лъугьанин,
ГІумру кепаб лъугьанин».

Гьес абула: ахІейин
Гьанже «Катюшаде» кечІ, –
Гьей нижер Фрауе
Партал чурулей кигин.

«Полька», «Янка», «Лезгинка».
Кинан нуж кьурдуларел?
Концерт даим лъугIана
Гьел нужер миллатазул!

Концерт нижер букIина
«Большой театралда»,
Берлиналда гьанжего
Белтал хIадурун руго.

Бергьарал «СС» полказ
Кремлиялда цебе
ЧIухIараб парад гьабун,
Гьезул букIина назму...

«Кавказияв, щай дуца
Жергъен бухулеб гьечIеб?»
– Нижеца гьеб бухила,
Хабалъ нуж лъолеб мехалъ...

...Нужер кино бихьанин,
Петкаги Чапаевги...
Гьас ишара гьабуна,
Гьалъухъ балагьейилан.

Гьаб бугила хIакъикъат
Жакъасебгин метераб,
...Немцазул хроника
ХъахIаб къеда бигъана:

ЧIегIерчарал гурдазулъ
Гванзлъарал хъанчил боял,
Берлиналда факелал,
Фюрер хъатикь дунялгун.

Минск, гьасул самолет,
Гьимулел михъал, гьумер,
Гьав ваккула. – «Хайл» абун
ГIолохъанал эсэсал.

Украина, хатаби,
Гьенив тирулев Геринг,
Геббельс: «Россия гьечIин,
Гьелъул къоял лъугIанин».

Нилъер пленалъ унел
Аза-азар гъарималʼ...
Унел руго поездал
Востокгин Западалде.

...Огь, июлалъул къоял,
Огь, къваридал подвалал...
Гьикъараб щинаб гIазаб,
ГIорода рарал васал!

Гьале гьезул хутIарал,
Халкъалда рихьизеян,
Бресталъул къватIал чIван,
КъотIулел руго цере...

«Дида гьадинаб улка
Кибго рагIараб гуро,
ГIадамаца хIеренго
ХIухьел жаниб босулеб»...

...Шагьар тун, къватIибехун
Гъваридаб гванда буго,
Гъора чIварал гIемерал
ГIадамазул харчI буго.

Сверухъ автоматчагIи
Овчаркабигун цадахъ,
Цо гьезул цабигун кIал,
Цо-цоясул кIи-кIи гьеб.

АскIоб салиги белги,
Сордо рогьунеб заман,
Цеве вачIун немцазул
Офицерас абуна:

«Гьаб бугин нужер хобин,
Хвасарлъизе рес бугин,
Ралагье Западалде,
Ралагье Востокалде.

Ракьни щиб, зобги нижер,
Замана кьола нужей...»
...Амма нилъер чагIаца
Чияраб гимн ахIичIо...

Гьал рукIана ичIгоял:
Украинав, белорус,
Ункъо гIурусазул вас,
Гуржияв, эрменияв;

Аварав ГIалибегил
МахIамадил вас СагIид.
ГIагараб гьасул жергъен
Жеги немцазухъ буго.

Фашистазул хьул буго,
Киналго чIвараб мехалъ,
Кавказалъул лъималаз
Жидер къали бухилин...

Ва амма рагъухъабаз
Гьазий жаваб гьабула,
Жидер росу, рукъ бугин
Бресталъул хъалайин.

«Ниж киназулго гIурхъи
ГIагараб Буг бугила,
Цадахъ гIумру гьабурал
Цадахъ чIвазе риччан те».

Офицерас абуна:
Цонигияв чIвагеян,
ЧIаго рехе хабалъе,
Хвайилан абе гъора!..

...Цо рахсида рухьарал
Гьал хабалъе рехана...
Хирияб тIалъи гьазда
Цебе тIамулеб буго.

ТIаде рахъун, киназго
Катюшал кечI ахIана, –
Кверда рарал рахсазул
Ахирияб музыка.

АхIана кIвараб куцалъ,
ТIадегIанаб улкайин,
Мун тIаде бахъайилан
КIудияб гьаб рагъуе...

АхIана бугеб рухIалъ:
«Гьаб бугин ахираб кьал;
Рорхилин тIолго халкъал
Интернационалгун »...

СагIидица ахIана,
Эбел, лъикIго йикIайин,
Дир хирияй Жамила,
Жасмин бакъвалеб бугин.

Гьас ахIана: «ХъахIил хьухь,
Панаяб хIухьел босе,
Белорусь, лъикIго букIа,
Дагъистан, лъикIго букIа»....

Автоматазул ирга –
Иргадалги цадахъги...
«Россиялъул кечI, чIа!» – ян
ЧIвана гьал киналгIаги.

ЧIваразул харчI цIикIкIана...
Огь, гьеб хваразул концерт
Кинабго Европалда,
Кинабго дунялалда!

Хабалъ жанир ахIулел,
РухI босилалде, кучIдул,
Какги гьаги кинигин,
ХутIана гIасрабазе.

Гьаб букIана июль моцI,
Къоло микьабилеб къо,
МоцIалъ хъала цIунарал
ЦIумазул ахираб кечI.

ЦIа свараб Бресталда
Фашистазул комендант, –
Гьуиваб торт батичIин,
Бресталъул форт, мунин.

Гьасда рагIулеб буго,
Гьас чIвалев рагъухъанас
«ЧIегIерал бералилан»,
Бугеб рухIалъ ахIулеб...

Концерт – немцазул ракIи,
Италиялъул бижараб;
Мун гIемераб бихьана, –
Гьаб гIадинаб рагIичIо.

КигIан замана араб, –
Занахъе щвараб мехалъ,
Дир рекIелъ чIаголъула
Рагъда чIваразул бакънал.

Гьел дий рохьаз щурула,
Щобаз, гIораз ахIула.
ХъахIал къункърабзз зодихъ
Даим такрар гьарула.

Цо-цо мехалда ккола,
Нагагь дунги дир кечIги
Хабазул концерталда
Гуродай ругелилан.

Гвандиниб гурищ бугеб
ТIолабго гIаламилан, –
ГIазабазул рахсазул
Гуреб бугищ музыка.
ГIасилъи, балагьазул
Музей доб Лондоналда,
Веказ данде гьабураб, –
Дур гьитIинлъи цо гьанже!

VI

Дир тIоцебесеб рохел,
Росдада цебе гIуру,...
ГIалибегил МахIамад
Кодаб жергъенгун кьурда.

Кьуркьурун рукьабазда
РакIарун гурдил къвалал,
Цо хъируде рехараб,
Гьеб бахчараб буртина...

Дир бухулеб пашманлъи, –
Росдада цебе гIуру,
ГIалибегил МахIамад,
Мунги жергъенги гьечIеб.

АскIор ругел сиязги
Дир карен-ракI сукIула,
СагIидида кидаго
ТIокIал рихьизе гьечIин.

Дов ХIасанги ХIусенги
Гьанже рикIкIада руго,
Добасан почалдасан
Гьезул ругьел дагь буго.

Дир саназул къварилъи
Гьадабго гIуру буго, –
ГIалибегил МахIамил
Эбел йихьула кьурда.

Цогияб сиялда тIад –
Гьасул хирияй лъади.
ХутIаралда яц йиго,
Лъабайго эбел йиго.

Гьаниб росулъ рагъида
ГIучI гIадинай Жамила, –
ГIурччинхер чохъ чIалгIунин,
Дун духъ чIалгIинарищан.

Эбелалъ доба кьурда
Угьун хIухьел биччала,
Элда хадур сиязда
Цогиязги биччала:

Кир ругел нижер васал,
Бице, сардида цIваби?
Кир ругел нижер вацал,
Бице, рогьалил канлъи?

Кир ругел нижер росал,
Бице, хундерил иццал?
Бице, чIваралъищ ругел
Яги чIагоязулъищ!

Дагъистанги Кавказги,
Кир ругел нижер васал?
Зодихъ хIанчIи, рагIичIищ
Дозул магIарул кучIдул?

ГӀорхъаби цӀунулезул
Дурнаби кинигинан,
Думалъ нухде балагьун
Руго гьал нижер берал.

Рагьун-къан къиркъидулел
Каваби кинигинан,
Каранлъ – рахӀат чӀвараб ракӀ,
РекӀелъ – хӀалхьи гьечӀеб къасд.

Кинал Карпаталъ ругел,
Бице, нижер МахӀмудал?
Кинаб бухӀулеб цӀадулъ
Ругел нижер МахӀачал?

Тушбаби гьал мугӀрузде
ГӀагарлъулел рагӀула.
ГӀагараб росу, улка
АхӀулгохӀ бугин ккола.

Унго, шинелал гьечӀищ
Улбул, ясал, лъудбузе? –
Дол харил кӀкӀуй бетарал
Хандахъахъе рачӀине?

Ярагъ гьабуларебищ
Гьал нижер курхьабазул? –
Камилаб ВатӀаналъул
Васазда кьолбахъ чӀезе?!.

Кир ругел нижер васал,
Кир ругел нижер вацал,
Кир ругел нижер росал –
 Бице, сордо, бице, къо!

Дозда рихьулел ругищ
Зобалазда дол цӀваби?
Дозда рагӀулеб бугищ
МагӀарул рагӀи, бакъан?

Кир ругел бакънал, кучӀдул,
Киб бугеб аваданлъи?
Нижер иццазул кӀалтӀа
Ругел цо аздагьаби!»...

…Гьединан улкаялъул
Улбуз жидерго хIасрат
ХIинкъи гьечIел васахъе
Къасигун къад битIула.

Гьез, гучаб нагIанадул
Гургурарал кваралги
Горбада ран, тушбаби
Хваян, дугIа гьабула.

Аби буго, улбузул
НагIана гIужда щолин,
ГIумруялда гьеб гIадаб
Кутакаб щибго гьечIин.

Аби буго, улбузул
Гьаригун как тIубалин,
Гьез тIоритIарал васаз
Борхьил бетIер чIинтIулин.

Амма букIананиги,
РекIее бакьараб жо
Жеги рикIкIад букIана, –
 Балагь – кавудал кIалтIа.

Берлиналъул факелал,
Гьалдолеб хьаг – Европа;
Фельдмаршал Клейстил бо
Кавказалъул щобазда.

Немцазул альпинистал
Эльбрусалде унел;
Москваялда гIагарда
Гудерианил танкал. .

Горсверулъ ичIнусго къо, –
Къечараб Ленинград;
КъватIисезул дурнабакь:
Волга, Сталинград...

Гьезде къасиги къадги
Ралел топал, бомбаби,
Бункерллъув Паулюс,
Асирлъилев лъаларев.

Рейхалъул рагъухъаби,
Эсэсазул каскаби
Ясный Поляналдаса
Аварагасул рокъор...

Огь, гьаб халатаб сардо
Кида рогьунеяли
Балагьун йиго эбел,
Балагьун буго дунял;

Гьал хабалазул концерт
ГІумруялъ хисуларищ?..
Жасмингун акация,
Бице, тІегьазе гьечІищ?..

...«ТІаде бахъа хвалилаб
Рагъде, кІудияб ВатІан!» –
Киналго фронтазда,
Киналго хандакъазда.

«БачІун бугин гьанже къо
КъвакІи, лебаллъиялъул» –
Киналго шагьаразда,
Кинабго Россиялда.

«Тушбабаца букІанин
ГІагараб хатайилан», –
Солдатал, партизанал,
Рохьазда кІкІуйгун гьури.

Петрищев... ЧІвалей Таня,
Чеховги ракІалде щун,
«Чиясулъ кинабгІаги
Берцин букІине кколин».

Краснодон. Рагъулаб
«ГІолилаб гвардия» –
Ульяна Громова, –
Цо гали хвалда гьоркьоб:

«ХІарамаб ракьалда тІад
ТІавап гьабулеб бугин
Пашманаб илбисалъин», –
АхІун цІалулей йиго.

ХъахIилаб зодихъ таран
Гьабурав Талалихин...
Тетрадь батана досул,
Блокил кучIдул къвараб.

Москва, Большой театр,
Кьурдулей Уланова –
ХIориниб хъахIаб хIанкъва,
Хъат чIвалел рагъухъаби.

Квачараб Ленинград...
Кверде гьугьулев вуго
Дмитрий Шостакович,
Гъугъалеб Симфония.

Б,уго гIумрудул концерт,
Лебаллъияльул концерт –
КечI буго, Брест гIадин,
Крейсер «Варяг» гIадин.

Киналго акопазда
Аргъан хъвалел Теркинал,
Тухачевский – маршал,
Цо дур чагъана анищ...

РикIкIад Востокалдаса
РачIунел аскаразе
Цебехъанлъи гьабизе
Гьалмагъ Блюхер гьечIо.

МагIарул рекIаразул
Полказул эскадронал,
Муслим Атаев, вачIа,
Аваразул комбриг.

Кир ругел гьал? ХIинкъунищ?
ХIинкъи гьезда лъаларо;
ХIалихьатаб жахIта, щцин, –
Рагъдаса цере чIвана.

Живго Рокоссовский,
Туснахъалда вукIарав,
Тушбабаща ракIалде
Щвезавуна вождасда.

Жив вуссине вугила,
Ялагьун чIаян абун,
ЧIалгIарал адресазда
Солдатаз кагътал хъвана.

«ХъахIилаб кверлъинилан»
Клавдия Шульженко.
Кукрыниксыл суратал,
Шолоховсаул къиса.

Госпиталазда ругел
Ругъназ цIурал солдатал:
Сестра, «Темная ночь»
Цоги нухалъ ахIеян.

Къо-мех, лъикI, кьурул мугIрул, –
Кьалул цIаялъулъ ралъад,
ЦIорораб карачелалъ
МахIадерид капитан.

«Вукъе дун хвараб мехалъ
Хирияб Украйналда» –
Кобзарь такрар гьавула
Партизаназ рохьазда...

Америка, Поль Робсон:
«Россия, Россияйин»,
Бусраялъул къоринив
ХIикмет: «Москва, Москвайин».

Темзаялъухъ балагьун
ГьитIинаб лагаялъул
КIудияв Чаплин вуго
«Волга, Волгайин» абун.

Арагонгин Неруда
«Зоя», «Таняйин» абун...
Доб мехалъ живго Черчиль:
«Россия, хвасар гьаре!»

КучIдулъан солдатахъе
Лебаллъи унеб буго,
КочIолъе солдатазул
Лебаллъи бачIун буго.

Рагьун руго хвалилги
ГIумрудулги пардавал,
ГIипцкъулгин ццидал бакънал
Цонигиял чIван гьечIо.

Гьел – хучдузул тIогьазда,
Гьел – чуязуд кьалазда...
«Вахъа мун, Агъа-РахIим,
АхIи бай Кавказалде».

Гьел – тIолго фронтазда
Партизаназул цIадухъ:
«Гьудул, рачIа кIиязго
Цо-цо хъалиян цIалин».

«Дир хъатиниб дур хъатил
Лъалареб кверзул хинлъи».
Рохьил расалъиялда
Вальс кьурдулел саперал.

Бихьула солдатазда
Сиреназул чIоралъан,
Сардилъ прожектоаралъ
Паркъолел щобаздасан –

ГьитIинаб мех, гъансито,
Мискинай эбел, мина,
Сухъмахъ, росулъа унеб,
Сухъмахъ, росулъе унеб.

Дир эмен, тIохде вакун,
БакътIерхьуде валагьун,
Рахъа дида хадур нуж,
Харабазул тIелилан...

ЛъугIичIо, лъугIиларо
Дир улкаялъул концерт,
Улбуз нагIана кьолеб
Буго чабхъадулазе,

Аби буго, улбузул
НагIана гIужда щолин, –
ГIалам балагьун буго
Рагъул театралъухъ.

VII

Дир тIоцебесеб чIухIи –
Росдада цебе гIуру.
Гьанже росаби руго
Жибго Брест кинигин.

Росдал гIодго мина-ригь
Крейсер «Варяг» гIадин,
ГIагараб улка тIолго
Буго хъала кинигин:

Киналго росабазул,
Киналго шагьаразул,
Киналго фабриказул,
Киналго фермабазул...

Артист Тархановасул
Доб цо труппаялда,
ТIолго театразул
КиналгIаги бакъназда;

Бресталда кинигин,
Лъабго къокъа букIана,
Руссунел, руссунарел,
Руссинищан лъаларел.

ЛъарагI хъумусалда тIад
ТIураб-тIечIеб лъабго чIва.
ЧIегIерал роялазул
РукIарал клавищал.

МагIарул гIамалалъул
ГIурхъуда бугеб хъизан;
ГIалибегил МахIамил
Гъасда къанагIатаб цIа.

Ункъо Гъойсу хъудула
Дагъистаналъул къояхъ, –
Кьижулей гьечIо эбел:
Вай, васалин, вай, росин.

Ункъо къисмат букIана
БатIи-батIияб гьезул;

Гьел – гъулдузул нухазда
Гъурулел гьакиберал.

Ункъоял... Хадур саназ
Рокъосан арал гьазда
БихьичIеб щиб хутIараб –
Хвел, асирлъи, лагерал.

ТIоцевесев вас СагIид,
Хабар гьечIо, тIагIана.
Хобалъ бицун букIана,
Кодоб жергъенгун хвана.

КIиабилев вас ХIасан,
Аскаралде вачIарав,
Борхалъи хирияв гьав
Парашютист лъугьана.

Гьебгун гIодове кIанцIун,
ГIемер кьвагьдезе ккана,
Курскиялъул рохьалъ
ТIухьиялда ватана.

МагIарул жаназалде,
Жиндир солдат – василан,
Россия, махил гъутIби
ТIаде гьенолел руго.

ТIаде гьенолел руго
Гьурмаде, лагаялде, –
Гордал, пардавал гIадин,
Гьасул беразда тIелхал.

Курскиялъул булбул,
Дур бакъназулъ гъосул цIар
Гьаримлъарав инсуда
Даим рагIулеб буго.

Лъабабилав вас, ХIусен, –
Севастополь, дур ганчIал,
Дов авар матросасул
Гьалдолеб би чвахарал.

Гьенив ругъназ цIурав гьев
Пленазулъе ккана, –

Кинабго каскабазул
Германия нахъ тана.

Кверал рухь-рухьараб черх,
Роттердамалъул лагерь...
«ЧIегIер ралъад, Дагъистан,
Нуж дида тIасалъугьа.

Гьал маххул зазил къадал,
АнцIго гьвегун комендант...
Кверал рухьун руго дир,
ТIасалъугьа, росу, рукъ...

Союзниказул бояз
КватIун бахараб Ла-Манш...
ГIурччинал беретазулъ
Британиял щвана.

Рагьана гьал каваби,
Бегьилин рокъой ине,
Азбаралда май бугин,
Бергьенлъи кIалтIа бугин.

Огь, дир рохалил магIу,
Хехто ВатIан бихьанин,
Берлин кIкIуйдулъ нахъ тана.
Брест, рагIараб Брест.

Щибаб гамачI – кочIолал
ЧIунтелазул къисаби,
Къисмат хIикматаб хъала,
Брест, гIагараб Брест...»

ХIусенида СагIидил
Кагътал ракIалде щвана, –
Жасмингун акация:
«Кив вугев, Брест, дир вац?..»

Нахъ руссарал солдатал,
Хвасарлъарал асирал,
Хвелалъ гьоркьор риччарал,
Поезд чIана, рещтIана.

Бресталда тирана,
Доб хъаладухъе щвана,

Гьал доб концерт букIараб
Клубалде рачIана.

Бихх-биххараб къадада
ТIутIураб пардав бигъун,
Бох гьечIев механикас
Кино бихьизабуна.

Лентал тирулел руго,
Улкадул хроника, –
Хурхун буго цоцазулъ
Гьаб ццидалаб дуниял.

«ВатIан гIатIидаб бугин,
Амма нахъе нух гьечIин,
Нахъехун Москва бугин», –
Церехун унел полкал.

Горбода бараб квар тIун
Камилаб Ленинград,
«Капут, нижей капутин»,
Квер борхарад фрицал.

Яргъил цIаялъ рухIулел,
ЦIоролъ, гIаздалъ гIунулел,
ГIундузда чIварал хъатал,
ГIодор чIварал накаби...

Аикьица чIегIер бараб
Берлин пожараз цIураб.
Паулюсги боялги...
Босулеб буго сурав.

Сталинградалда
Васяе – солдатасе
Машаца вас гьавуна
Гьеб бергьенлъи баркизе.

Кавказалъул парсазда
Фон Клест къаникь лъолев, –
«Фрау, тIокIал васал
Россиялде ритIуге».

Гьединан киса-кибго...
Курскиялъул дуга, –

Доба букIараб концерт
Булбулазул кечI гуро.

Доб корохъе рехараб
Махх-чаран, кIиго къуват,
Къо щванин, балагьилин;
Бергьунев щив, къолев щив?

Балагьараб дуниял.
Данде речIчIулел бугъби, –
Байбихьуда букIараб
Бубу гьечIо рейхалъул.

Сталинил абуни,
Трубкаялда жаниб
Жеги тамахьо буго,
Гьес гьеб разиго цIала.

Гьасие гьаб музыка
РекIее гIолеб буго, –
ГIарадабазул салют
Лебалал корпусазе.

Росарал шагьаразе,
Рахъарал хъалаязе,
Рахарал гIурхъабазе,
Нахъа тарал гIоразе:

ГIадатияв рагъухъан
Василйй Теркиние,
Россиялъул полказул
Командующий Жуков, дуй.

Лентал тирулел руго...
Дунял сверулеб буго.
Тегеранги Ялтаги...
Сталин, Руэвельт, Черчиль...

Борхатаб лагаялъул,
Борхатаб тIагъуралъул,
Борхун квергун вачIунев
Вуго генерал де Голль.

Асаламу гIалайкум,
Хвасар гьабураб Париж...

Прагалда ихдалил
ТIугьдузулъ – нилъер танкал.

Партизаназул сухъмахъ
Сербиялъ, Чернагоралъ...
Белград, Маршал Тито
Трибуналде вахун.

Албаниязул мугIрул
Рихьана ХIусенида;
Гьав хIисабалъ вукIана,
Гьаб Дагъистан бугилан.

«Бокьула гъугъадизе,
Май байбихьулеб мехалъ» –
Берлиналда гIагарлъухъ
ГIарадабазул бакънал.

Шагьаралъул байдабахъ,
Нилъер форма ретIарай
Ясалъ квер борхарабго,
Рахас машинабазул.

Доб рахъалда лъалхъула,
Доб рахъалдехун уна...
Гьалмагъ Сталинил лълъар
ГIурус халкъалъул рахъалъ..

Лентал тирулел руго...
Мехал сверулел руго...
Сурат Украиналъул,
Сурат ЧIегIераб ралъдал.

Севастополь, Одесса,
Матросазул кьеразулъ
Живго ватилев гIадин,
Вуго ХIусен балагьун.

Лентал тиризе гьаре
Гьал васазе, механик,
Гьазда гIагараб улка
ГIемер мехалъ бихьичIо.

ГIагараздаса тIурав,
ГIагараб мацI рагIичIев

МагӀаруласда бице
Вац, эмен кин рагъарал?

Лентал тирулел руго...
О, Бергьенлъидул концерт! –
Азарго «Катюшаялъ»
КучӀдул ахӀулел руго.

Танкисталгун саперал
«Суликойилан» руго, –
Цо кьаби, кӀиго кьаби,
Лъабго, ункъо, щуйилаб.

Щуабилеб букӀана
ГӀагараб Белоруссалъ, –
Вуго Рокоссовский
СагӀаталъухъ валагьун.

Июнь, гьалдолеб июнь,
Цебехун Полесия;
Партизанал рохьазда,
«Багратионил гьужум».

Риххулел нухал, кьоял,
Щущан унел поездал,
Гьаб рельсазул рагъул код
«Концертилан» букӀана.

Гьеб ургъана солдатас,
Бресталда вукӀарав;
Гьесда ракӀалде щвана
РикӀкӀадисеб щамат къо.

Рагъда цебесеб сардилъ
Хъалаялъул доб клуб
Доб оркестр, цимбалал,
Цинги СагӀидил жергъен.

Гьесда ракӀалде щвана:
Щущарал къасда, рогьел,
Къвалакь кӀиябго квер чӀван,
КӀал гьикъулев диверсант:

АхӀейин «Катюшал» кечӀ,
АхӀейин «Суликол» кечӀ,

Аварав, киб бугебин
Дур жергъен гьанжейилан?

Неман сверулеб сверулъ
«Катюшал» цIадул сарин,
«Суликоялъ» бахунеб
Буго улкадул гIурхъи.

ГIумруялъул концертал
Кинабго Европа цIун,
Июль, ахирал къоял, –
Нилъер аскарахъ Брест.

КIикъоялда щуйилаб
Немцазул дивизия.
Дур яралаш бихьула
Белоруссазул кьуцIалъ...

Лентал сверулел руго...
Солдатаз-асираца,
Жидерго улка бихьун,
БухIараб магIу тIола.

ЦIакъго ракI гьелегьана
МагIарул матросасул, –
Гьасул цо сабру чIвараб
Цоги гIилла данд чIвана.

Партизаназул цIадухъ
Белоруссазул рохьалъ
Гьасда авар мацIалда
АхIулеб кечI рагIана.

Киноялда жиндирго
Эмен гьасда вихьана,
Кьолой, МагIарулалин,
БагIарал чуялилан.

Цинги гьеб магIнаялъул
РагIаби, украин мацI:
«Давайте запрягайте,
Хлоацы, кони» – эбун.

Хадуб белорусс мацIалъ,
Будьте здравыйилан,

Буго солдатацагин
Партизаназ ахIулеб.

ГIалибегил МахIамил
Бухулеб жергъен бихьун,
Живго маршал Жуковас
Молодецин абуна.

КIудияб рагъул дунял,
Цо-цо гьадинас хIикмат
Дур гьаказда тарихалъ
Тун буго наслабазе.

Доре-гьанире унел
Руго хехал поездал, –
Гьанже Германиялъул
Горда – хъахIал байрахъал.

Нилъерал чIаго руго, –
ЧIаго вугищ диверсант,
Доб цо гIурхъи бахарав,
Концерт биххизабурав? –

Роялазул киналго
Клавищал рукIарав,
КучIдул хабалъ ахIизе
Дол бахIарзал рачарав;

Бресталъул къватIазда
Къалал щущазарурав,
Полказул трубазда
Автоматал речIчIарав;

Аваразул вас СагIид
Хабалъ чIвараб мехалда,
Хадуб жергъен рехарав,
Нужер кечI лъугIанилан.

...АнцIазарго сон бараб
Сариназул улка, мун –
КочIохъабаз одаби
Дунялалъе кьураб ракь.

Къоабилеб векалда,
Цо мун гIасилъараб куц! –

Бресталъе жаваб кье,
Жасмин тIегъалеб буго.

ЧIваразул рукъабазда
СагIтал хIалтIулел руго.
Салулъ лъуразул кучIдул
Зодой рорIунел руго...

Щибаб гамачI кочIолал
ЧIунтелазул къисаби,
Къисмат хIикматаб хъала,
Брест, гIагарас Брест...

ХIусенида СагIидил
Кагътал ракIалде щвана;
Жасмингин акация:
«Кив вугев, Брест, дир вац?»

«...Дие билет кье, Брест,
Дагъистаналде ине...
Дир Каспйй, МахIачхъала,
Дир росу, эбел, эмен...

Унел руго поездал,
Роржунел самолетал,
ТIад руссунел солдатал,
Огь, цадахъ дунги ваче...»

## VIII

Лентал тирун хадуса,
Кино бихьун хадуса
Халатаб нухлулазул
ЦIакъго ракI гьелегьана.

Гьел свакан рукIаниги,
Сардида макьу щвечIо:
«Бокьулеб ВатIаналде
Хех раче ниж, поездал!

ГIелин къватIир рукIарал,
Гьанже нижер къо щвана...
КъваригIун бугин гьанже
Улкадул мегъ лъилъизе».

ХIусен: билет, билетин
Дагъистаналде ине;
Эмен хехго вихьилин,
Эбел данде чIвалилан.

Огь, поездазул гьаркьал
Гьанире-доре унел:
Пленалда рукIарал
Ахирги эркенлъанин.

Гьанже киналго чагIи
Кидаго лъикI рукIинин,
Лъаларин гIадамазда
ГIищкъу гуреб цогияб...

Огь, гIададисел къасдал,
Къисматалъ хIадурараб
ХIусенидаги лъачIо,
Цогияздаги лъачIо.

ХIусен: Дагъистанилан,
Гьав инсул рукъин, рукъин:
Амма рокъове ккечIо, –
ЦIакъ мекъаб сапар ккана.

Кавказ кваранаб рахъалъ
Хадуб балагьун тана, –
Хиянатчиян абун,
Гьав рикIкIаде витIана.

Гьадинги къо бихьарал
Къваридал рагъухъабаз
КъулчIана Колымалъул
Квачарал сардал, къоял.

...Нахъеги балеб гIазу,
Огь, лагеразул концерт...
Бериял туснахъалъур
Арал таманал сонал.

Гьав гьитIинав бураву
ВатIаналъе щибизе?
Огь, рахсазул музыка,
Бухулеб радакь цIумур!

КIудияб ракьаялда
Гьан тIеренаб Дагъистан;
Огь, рукьбузул зигарди,
Заз-лагеразул къадал!

Цинги Сталин хвана,
Амнистия гьабуна.
Асиразда тIад лъураб
Рогьо-бугьтан чурана.

ХIусен Дагъистаналде
Вуссана мегеж хъахIлъун.
Васасдаса бахIарав
ВукIана гьасул эмен.

Гьав вуссана цо марталъ...
ГанчIалъан баккараб мичI...
Гуро, судулеб буго
Чорхолъ тIолго букIараб.

Гьасда росу дандчIвана,
Гьасда эмен дандчIвана.
Эбел цIехараб мехалъ,
Хабзал рихьизаруна.

Вацал гьикъараб мехалъ,
Гьел руссинчIин абуна.
«Ирга дир букIанигиги,
Дун цо хутIанин» – эмен.

«Эбел, дун вачIинегIан
Щай чIечIей мун, дир пулан?..»
Гьелъуд гьитIинаб зани,
Зоноде къулун ХIусен...

Гьасда ккола мех-мехалъ,
Хасго сардил заманалъ,
Хабалъа яхъун хирад
Жийгун кIалъалей йигин:

«Вуссанищ, дир вас, ХIусен,
ХIасан, СагIид кир тарал?
Дозул жергъадул гьаракь
Дол рохьазда рагIичIищ?

Нужеда тIад цохIого
ЦIваби гурищ гвангъарал?
Гуро, нуж фронтазда
Цоцазда рихьичIелищ?»..

Гьедин ячIуна эбел:
ХIусен, ХIусен, василан,
Мун вукIарал бакIазда
Квач-цIорой букIанщцан?

– Дозулгин нилъер лагерь
Кинаб дуе захIматаб?

– Кибго, эбел, гъудузул
Гьаракьгин кьер цо буго, –
Дозулаб чорхой бакIаб,
Нилъераб рекIей бакIаб.

КIияздаго цого махI,
МахIги батIалъи гьечIо, –
Я хваразулъ вукIинчIо,
Я чIагоялъ вукIинчIо.

Я доба яги гьаниб
БичIчIулареб нилъер кечI.
Кодоб тIамур гьечIого
ТIамурал санал, санал...

Сарин, эбел, ахIана
Россиялъул васасул:
«Мун чIаго йигищ жеги,
Дир хирияй херайин»...

...Гьасул абурай гIадан
Ун йиго цогиясе,
ЦинагIалищ, мажикьищ,
Гьоркьоб гIагарлъи бугев.

Гьей, гIиял фермаялъул
Бригадирасул лъади,
Гьасда цо-цо дандчIвала,
ЧIарал магьгун ячIуней.

Гьалъ абуна, ХIусен, мун.
Жинда тIасалъугьайин,

Гьалъул риччарал тӀелхал,
Гьалъул нечараб гьумер.

ХӀусеница абуна:
«Щиб гьабилеб, ХӀабибат,
Рагъуца гӀасияб лъалкӀ
ЛъечӀеб бакӀ, ракӀцин гьечӀин».

Гьасда тӀохда йихьула
Балагьарай Жамила,
Жасмингун акация
Кида тӀегьалелилан.

Жасмингун акация
АнцӀго нухалъ тӀегьана...
ТӀинги бетӀун магъилъа
Лъимал рачӀунел руго.

Гьазул далай, далалай,
Дозул дулай, дулалай.
Дадаласул рагъида,
ЦӀоб тун, бухулеб къали.

ГӀумру далай батичӀо,
ГӀумру дулай батичӀо.
ГӀумру далалай гуро,
Гуро, буцӀцӀа мун, жергъен...

...Жергъаца жаваб кьуна,
Жиб жеги кӀалъалилан;
КӀвар бугеб бакъан бугин,
Нуж жеги гӀенеккеян;

Нуж гьечӀони, нуж ани,
Наслаби гӀенеккилин
ГӀумрудулги хвалилги
Халатаб концерталъухъ.

IX

Цо берцинаб байбихьи,
Цинги мухӀканаб ахир –
Бищунго разияб мех
Мина балев чиясул.

Гьединанго букIуна
Хур бекьулев чиясул,
Халатаб сапаралде
Вахъарав нухлуласул.

Гьединанго букIуна
КечI ахIулев чиясул;
Дунги Кобзон гурелъул,
Щвана лъугIизе заман.

Дир гIезегIан абизе
РагIаби рукIаниги,
РекIее бокьанщинаб,
Гьеб букIунеб жо гуро...

ХъинтIи-митIир, хъинтIа-митI...
Хъван бахъана дир тIамур.
ТIехьалъе бахъилалде
ГьалмагъзабиахIана:

Аваразул секция,
РачIа, дир критикал...
«Концерт» – гьаб дир поэма
Дица гьезий цIалана.

Цояца гьеб беццана,
Цогияз гьеб какана, –
КиналгIаги гIорцIизе
Дида гьаризе кIвечIо.

Цоял гIенеккун чIана,
Квешин, лъикIин абичIо,
ЛъабцIуса гьикъаниги,
Микъан рагIи борчIичIо.

Цинги Залов кIалъана,
Дида кIочон тун бугин
Берлиналда парпараб
Байрахъалъул бицине.

Хачаловас абуна,
Аскарал нахъ руссингун,
Бресталда букIараб
Концерталъул бицеян;

Доба бергьенлъидал кечI,
Дова Петя Клыпа,
Гьанже кIудияв гIурав,
КIвараль труба пулев;

Концертал Бресталда,
Концертал Берлиналда,
Концертал Москваялда
Нусго батIияб мацIалъ,

Гьабуна гучаб кIалъай
КIудияв МухIамица, –
ГIемер рагIаби ругин
МагIарул гурел гьанир;

Трубадул бакIалда
Зурма бегьуларищан;
Цимбалазул бакIалда
ЛъикI гурищ щвантIих, лалу?

МустIапаца абуна,
Дагьабги лъикI хъванани,
Жеги лъикIаб букIине
Бегьулин гьабгийилан.

ГIадалас «щобил бакъан»
Щай гьечIебин гьикъана.
Шагьас Дагъистаналъул
ТIамуралъул бицана.

Гъазимирзаев ХIажи,
ГIабасиласул гьудул, –
ГIемер жо ургъун бугин,
БукIараб жойищ гьебин?

ГIабасилав кIалъана,
Хех басмаялъе кьеян, –
Мусацаги жинцаги
Цадахъ протокол хъвалин;

Гьелъие рецензия
Сиражутдиница хъвай...
Жив хIадурав вугилан,
ХIайбулаев кIалъана.

Машидатгин Майсарат:
Ясал дагьго ругила,
Руччабаз кечI ахIичIеб
Концерт, гьеб концерт гурин;

Кинаб Большой театр,
Образцова гьечIони?
Останкино щиб жо гьеб,
Пугачева камураб?

МагIарул Нуцалова
Дуца рехсон гьечIила;
«Дурго гьайбатай Муил
Гьаракь бакъванищ бугеб?»

Рагъазда ругънал щварав
МухIамад Сулиманов...
Гьас лъабго танкистасул
Тарих бицана, дие...

МахIмуд ГIабдулкаликъов,
СунтIги сунтIун, хъегIана:
Дуца хъвараб гьаб къиса
КъачIа-кIатIан лъутIани,

Авар театралда
Лъезегицинн бегьилин,
ЛъарагIазул рахъалъан
Дица жо абиларин.

Дагановас абуна,
Жинда рекъон бихьулин
Гьениб гьоркьоб чIвазеян
ЧIарадисезул хорин;

«Гьелда цадахъ нилъеца
ТIаде рахъун ахIизе,
«ТIадегIанаб Дагъистан»
Дунял гъугъалеб куцалъ».

Жеги кIалъана Залов:
Рокьул рахъ дагьго бугин,
Рокьи гьечIеб, кьалул кечI
Кеп дагьаб жо бугилан.

Расулов ГІарип вуго,
Журналалда бахъизе
Жидее гьеб хек кьейин,
Юбилей щолеб бугин.

ГІисаевас абуна:
ГІурусалде буссине
ГІумар-ХІажигун рекъон
ЛъикІ гурищ мун, Расулин;

«Гьес буссине гьабуни,
Солоухинихъе кье,
Цинги дос иту чІвала,
ЧІалхараб бакІ букъила».

Авар газеталдаса
ГІисал-МухІамадица
ГІайиб чІвана, жиндие
БокьичІеб цо жо бугин:

«Немцазул лагералги
Гьал Совет лагералги
Цоцада цада-мадахъ
РикІкІунел руго дуца».

Цоги гьобол вукІана
Гьадинго гьанив ккарав,
Пенсиялда вугев чи
Секциялде вачІарав.

Гьес абуна, жиндир цо
Аслияб суал бугин,
Сталин щай дуцайин
Дагьав рехсон вугевин.

Досул цІаргун хурхараб
БукІинчІищ бергьенлъиян, –
Багьа къого миллион
Гьелъул букІаян абе...

Редактор Шамхаловас
Араб рагъалъул гуреб,
Гьанжесеб дунялалъул
Дагьаб бугин абуна;

ГӀумрудулги хвалилги
ЛъугӀичӀеб концерт бугин,
Килщал къотӀарал цо-цо
Пианистал рагӀулин;

Парижалда кьурдизе
Уланова йиччачӀеб,
Элъие виза кьечӀеб
Цо замана букӀанин...

...Аваразул секция,
ГӀагарал гьудулзаби,
ГӀакълуялъухъ баркала,
Нужер хӀукму – закон дий...

..Гьанжеги Европалда,
Гьанжеги Азиялда
АхӀулеб кечӀ гъанкъизе
КъачӀан чӀарал ракетал.

Культурияб инкъилаб...
Килщал гъурун пианист...
Формалистин какарав
Дмитрий Шостакович.

Доба Америкалда
Мамкартизмалъ тирулеб,
Толеб гьечӀо хӀалхьуда
ХӀайранаб гӀакълу, гьунар...

Пастернак болъонилан,
Ахматова борохьин,
Соссюра миллатчиян –
Митингал Союзалда...

Цинги космополитал...
Кинал цӀарал ургъичӀел?..
Рагъ лъугӀун хадусаги
ХвечӀо ццинги жахӀдаги.

Хисаралщинал кучӀдул,
Хисанщинал концертал
«Рок-н-рол», «буги-вуги»,
БачӀарабщинаб ансамбль:
«ГӀумруялъул гьокогун»

«Заманалъул машина»...

Амма рагъул мехалъул
ХутІарал кучІдул руго,
Жалго хучдул кинигин,
Кидаго кьаву чІвачІел...

Амма щибаб ишалъул
Анкьго ахир букІуна,
Дун вуссана росулъе
Дол гІагарал сияхъе...

ГІалибегил МахІамад,
ХъахІлъарав, дунял лъарав,
Дица досий цІалана
ЛъугІи гьечІеб гьаб къиса.

Дов цодагьалъ лъалхъана,
Цебего, цІакъ цебего
ЛъугІизе заман щвараб
ШигІру бугин дурилан...

«Амма, ахир бокьани,
Гьадале бекьулеб хур,
Доле хухал гІурдада,
Гьагъале ясал иццухъ.

Амма ахир бакьани,
Гьадале дол кьураби,
Кьурул сиялдеги ун,
АхІулел дол саринал.

Саназ бухулеб жергъен,
Нуказ кІутІулеб тІамур,
Волгаялда бихьараб,
Эльбаялда рагІараб.

Бресталъул хъаладухъ
СагІидин зигардараб,
Сонал, сонал кІкІуйдулал,
Цо гьечІо хъахІлъичІеб рас...

Амма, ахир бокьани, –
Дун щвана СагІидихъе,
Хабалъ щапарал кучІдул

РорчIизаруна гьесул.

Гьадаб хъахIилаб зодихъ,
Дол хъахIал къункърабазулъ
Дида къойил рихьула
Дирго васал – солдатал.

Дун СагIидихъе щвана
Досул хварай эбелгун...
Хиял букIана долъул:
РикIкIада хабазулъа

Хирияб магIарухъе
Досул рукьби росизе,
Гьаниб Дагъистаналда
Досул жаназа лъезе.

Амма ракьулъа рахъун,
КIудияб рокьул вацаз –
Досги цогияцаги
ЦохIо кIалалъ абуна:

Гьаб ракьгун жубан бугин
Жидер гьалдолеб биян,
Те ниж Белоруссиялъ,
Росу киб букIаниги...»

Гьединанго абуна
Белоруссазул рохьаз,
Бресталъул хъулбузул
КиналгIаги ганчIаца.

Гьединанго абуна
Роржун арал къункърабаз,
ТIокIкIарал иццацаги,
Берцинал тIугьдуцаги...

Дуе ахир бокьани,
Гьадале бекьулеб хур, –
Ахир рокьуе гьечIо,
Ахир гIумрудай гьечIо...

Ахир кечIалъе гьечIо,
Концерт – гIумру, гIадамал...
Хъван лъугIичIо гьаб тIамур,

АхIун бахъинчIо назму.

# ТIЕХЬАЛДА РУГО

## ПОЭМАБИ

1944 – 1987

СагIаду
Дун гьавураб сон
Дир рокьи
МагIарулай
Зарема
Къого сон баразул къо
Концерт